

З. МУТАЛИБОВ

ЧЕ[illegible]
[illegible]

Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь Сталинград ларъеш, гитлеровски фашисташна дуьхьал майра леташ хIаллакьхиллачу а, оцу луьрачу къийсамехь мостагIчунна тIехь толам а баьккхина, машаречу дахарехь хIинца турпал хьуьнарш гойтуш болчу а Нохч-ГIалгIайчоьнан тоьллачу кIенташна.

АВТОР

Ингушская центральная
республиканская
Инвентарный № БИБЛИОТЕКА



З. МУТАЛИБОВ

ЧЕВНАШ ЙИРЗИНА ЙОГІУ

повесть, дийцарш, очеркаш



Нохч-Гlалгlайн нийжни издательство
1970

С(чеч.).
М91

7-3-3
42.69

ХІАРА КНИЖНА ЕШАРХОШКА

ІШа санна яккхий халонаш адамашка кхачош а, церан доьналлий, ницкъашший зуьйш а, адамаллин исторехь и саннарг кхин ца хиллачу Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІамехь шаьш а, я шайн дахар а ца кхоош жигара дакъалаьцначу нахч-гІалгІайн тоьллачу кІентийн безамна, уьш халкъана цкъа а бицлург цахиларна тоьшаллина, церан турпалаллин хьуьнарш вайн халкъан тІаьхьенна мелла а довзийтархьама, хІара дагалецамаш дІаязба Іалашо хІоттийна ас сайна хьалха.

Коьрта долчу декъана, тІеман хьелашкахь сайна гинчу, зеделлачу, суо теш хиллачу гІуллакхех лаьцна яздина ас хІорш. Сан тидам тІе ца кхиъна а, я суна гинарш дицделла а меттигаш писъяла тарло. Цундела ас доьху дешархошка, Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІамехь дакъалаьцначаьрга, къаьсттана чІогІа Нохч-ГІалгІайн къаьсттана йолчу дошлойн 255-чу полкехь а, 61-чуй, 81-чуй разведывательни дошлойн подразделенешкахь а тІом беш дакъалаьцначу бІаьхошка, шайна хІокху книжки тІерачу дагалецамех хетарг а, тІейогІучу хенахь уьш тобаран, нисбаран хьокъехь болу шайн лаамаш а буьйцуш сайга яздар.

Оцу лаккахь цIераш яьхначу подразделенешкаххьий, полкеххьий хиллачу бIаьхоша и подразделенеш дIасаекъначул тIаьхьа а шаьш бинчу тIемех а, мостагIашна тIехь шаьш баьхначу толамех а, тIом чекх а баьлла, машаречу дахаре бухабирзинчул тIаьхьа шаьш белхаш муха бина, хIун кхиамаш баьхна дуьйцуш а сайга кехаташ яздийриг хиларх тешна хила лаьа суна. Цара супа гIодийр ду тIейогIучу хенахь язъеп йолчу книжкашна тIехь болх мелла а ийса, гIалаташ доцуш бан.

З. МУГАЛИЬОВ

ШЕН БІАЬРГАШНА ГИНАРГ

(Дешахьалхе)

Доккханиг генара дика го, олу. II бакъ а ду. 1941—1945-чуй шерашкахь хиллачу Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІамехь хилларш ханна гена мел девлш сирла го.

Амма замано шен болх бо. Адамашна цкъа дагахь лаьттинарг заманан йохалло кхоладо. Адамаш а, гинарш а, хезнарш а, лелийнарш а дицдо. Шераш дІаэхарца тохара цкъа цхьана хенахь хиллачун сурт бІаьргашна хьалха хІотто хала ду, дукхахьолахь тІекхуьучу адамийн исторехь сел деза а, сийлахь а иза доллушехь...

Мах бан а боцуш деза хета цу заман чохь баьхначу наха шаьшна гинчух, шаьш лайначух дина тоьшалла.

Цу даккхийчу гІуллакхийн дакъалаьцначо бинна дагалецамаш, цуо яздинарш дукха боккхачу меха ду адамийн тІекхуьучу къуонаду тІаьхьенна.

Нохчийн яздархочо З. Муталибовс дешархойн тидаме луш йолу хІара книжка оцу Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тІеман заманхочо шена гинчух, ша жигара дакъалаьцначух деш долу тоьшалла ду. ЧІогІа мехала ду и тоьшалла!

Гитлеровски нехан мехкан дIалецархошна дуьхьал советски халкъо толамца чекхбаьккхинчу Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIеман хьокъехь бакъдерг дуьйцуш язйинна дуккха а дика книжкаш ю вайн.

Царах лукхахъерш лакхарчу командираша, эскаран а, флотан а хьаькамаша, тIеман баккхийчу говзанчаша язйинна ю. Мемуарно-исторически литературах ларало уьш. Дукха хьолахь тIеман яккхий операцеш ю оцу книжкаш тIехь юьйцурш, хIинца истори лору гIуллакхаш. Оцу книжкаш тIехь чот йоцуш дукха юьйцу Советски эскарша луьрачу тIамехь гучуяьхна низаре майраллаш. Историкашна а, Iилманхошна а доккха маьIна долуш ю цара язйинна книгаш. Амма къаьсттана доккхачу маьIне ю уьш тIекхуьучу кегийрхойн чкъурана.

Вуьшта, фронтерачу могIарчу бIаьхойн хьунаршший, майраллашший юьйцуш произведенеш хIинца а тоамбалла яц вайн. Дагахьбаллам хиллал кIезиг ю уьш къаьмнийн республикашкахь.

Муталибов Зайндин хIара **«Чевнаш йирзина йогIу»** книжка оцу тайпанчу дийцарийн сборник ю. Нохч-ГIалгIайн махкахь Советски Iедал дIахIотточу деношкара дуьйна вайн хене кхаччалц болчу исторически боккхачу муьраи кескаш чулоьцу книжко.

Коьрта меттиг дIалоцу цу книжкин Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIом халчу киртиге кхаьчначу хенахь авторан бIаьхаллин накъосташа дина гIуллакхаш дийцаро, могIарчу тIемалочунна тIебохуьйту яздархочо тидам. Буьйцу цо майра тIемалой: разведчикаш, пуле-

метчикаш, автоматчикаш, бронебойщикаш, поварш, санинструкторш, дуьйцу цара дIахьош хилла буьрса денош, тIам тIехь бIаьхойн хиллачу халчу дахарх.

Денна гуш долу, дукха даккхий доцчех хIума язда хала ду, воккхачу турпалхочун хьуьнарех лаьцна яздечул. Авторан кхиам бу, тIам тIехь оцу денна лаьтташ хиллачу дахарна юккъехь турпалаллин буьртигаш карадар а, уьш книжкашъешархошна гайтар а.

Шайн амалшца, васташца, гIиллакхашца Муталибовн книжкин турпалхой бес-бесара бу: оьзда а, тIедиллинчу гIуллакхана дуьхьало ца еш а, эсала а, шайн амалшца адамалла йолуш а.

Массо а тIемалой вовшашца бертахь бу. Дегнаш цIена долчу цераи кийранаш майраллех, къонахаллех буьзна бу. Шайн догIмаш ца кхоадо цара Даймехкан а, советски халкъан а сий лардечохь.

Оцу дийцарийн турпалхой туьйранаш тIехь буьйцу, цхьамма шеггара дагалецна къонахий бац. Уьш бехаш а бу, леташ а, дан дезарг деш а бу. Шен турпалхой, ишта бу я вуьшта бу бохуш, хеста ца бо авторо. Уьш цераи гIуллакхашца ма-барра схьагойту.

ХIара книжка ешначунна моьттур ду, Желил, бодане, наха ца лоруш хилла, хIумма а ца хууш, цхьана эшшара ламанхо ву. Амма цуьнан амал гойту дийцаран цIаро — **«Дуьхьало ца ен Желил»**. Дийцар дешча гучудолу, дан хьалхахIоттийначу гIуллакхана дуьхьало ца еш хилар — цуьнан амалехь цхьа зил бен бацар. Баккъалла а аьлча, Желил вуьззина вайи заманан къонаха ву, майра дог а, оьзда гIил-

такх а долуш. Кьишхьегам чIогIа беза цунна, халонашна не ца бетта...

Ламанхошлахь, оьрсийн мотт шена кIеззиг беш ца хуъушехь, уггар хьалха шоферан болх Iамийра цо. И лелла бомбанаш, яккхийчу тобийн хIоьънаш, мостагIаша, догIа санна, тIедеттачу некъашкахула тIом беш долчу вайи эскарна тIеман гIирсашший, сурсаташший тIекхоьхьуш. Иза, кхиболу тIемалой санна, мостагIчунна атаке а ихпа.

ТIемалочун сий — уггар сирла Iалашо ю З. Муталибови дийцарийн турпалхойи. Цуьнан **«вийнарг а вужура, мостагIашна дуьхьалвирзина а волуш...»**

Книжки юкъахь долу дийцарш, ас лаккхахь ма-аллара, бес-бесара ду. Уьш цхьабоссачу пицкъаца яздина а дац. Амма книжка цхьана хотIаца язйина а, цу тIехь шен кеп йолуш а ю. Автор теша вайи адамийн дикаллех. Цунна шен мехкан Iалам тIех дукха дезаш хилар а, оцу башхачу Iаламан сурташ яздеш и воккха говзанча хилар а гуш ду.

З. Муталибов — Советски Эскаран запасехь волу гвардин майор ву. ТIом болчу хенахь шен книжкин турпалхошца фронтан хала некъаш ирх а, пурх а цистина цо ша а. ТIемалошца атаке а ихна, шен бIаьхаллин доттагIашца тIеман ерриге халонаш а лайна. Цундела, вайх хIоранна даге йовхо луш бакъйолу романтически произведени язъелла цуьнга.

Яздархочо ийса гойту тIеман къизалла, цуьнан халалла, къонахалла долуш болу бIаьхой. ТIамехь уьш бухатохалур боццуш хьалхатеIа, шаьш тIаьххьара а тоьларг хиларх дог тешна хиларна, мостагI мел луьра велахь а. Дешар-

хойн исторически хаарш кIаргдо авторо нохчий, гIалгIай гражданский тIом болуш кIанчу гIалгIазкхех летаран сурташ дахкарца.

Шен бIаьрга дайнарг дIаязднна ца Iа Зайнди. Гуш ду, автор ша тIеман дахаран дуккха а агIонаш гина, уьш дика евзаш хилар. Цуьнан шен ойланаш а ю книжки тIехь язйина. Ойланаш йо цо эскарна хьалхалаьттачу исторически гIуллакхийн, церан сийлаллин хъокъехь. Ойланаш йо тIемалошна хьалха хIуьттучу гIуллакхийн маьIнийн хьокъехь. Ерриг книга говза, майра, Советски Даймахкана доза доццуш муьтIахь волу тIемало кхиорна тIехьажийна ю.

Автор шен книжки тIехь кхойкху къаьмнашна юккъера вошалла, доттагIалла чIагIдаре. Книжко тIемалой Iамабо дегнаш чIагIда, тIахъаьлла хила, хьуьнарна хьалха хила. Коьрта дерг ду дешархошна Советски Даймохк беза цо Iамадар. ХIара книжка боккхачу тидамца ешало. Ала мегар ду, хIара книжка — вайнехан майрачу къонахойх лаьцна йолу поэма ю. КIорггера дозалла дойту цо вайн советски халкъах, цуьнан бIаьхойх.

Керла хаарш лун а, пайде а, сникъераме а йолу хIара книжка йоьшур ю эзарнаша кингашъешархоша. Цунах воккхавеш ву сосуо а. Уггар хьалха хIара книжка оьшу нохчгIалгIайн кегийрхошна.

П. П. БРИКЕЛЬ,
Советский Союзан Турпалхо,
Советски Эскаран запасехь волу инарла-майор.

ЛАЬМНАША ТОЬШАЛЛА ДО ЦУННА

Хилла хIума ду иза я цунах лаьцна дийцар ду? Мила ву суна жоп лундерг? Жимчу бераш бIаьргаш санна, марха йоцуш ю сийна стигал. ДIадаханарг цунна дагахь ца лаьтта. Ткъа, ламанан аххаш? Уьш шайн гIуллакхаш деш ду: кIуркIаманеш хьийзош, чопанаш туьйсуш, шаьш гатте хьийзочу тIулгийн бердашна сардамаш кхайкхош санна, яккхийчу гIовгIанашца жарзахдуьйлуш охьаоьхуш ламанийн аххаш. И хиш сов чехка охьаоьхуш хиларна, цаьрга хIумма а хоттийла дац. Оцу кортошна кIайн чалбанаш хьарчийна гIаролле хIиттина, хил дехьа лаьттачу башлаьмнаша?

Эзарнаш шерийн заманаш хийцалуш царна ма гина, халкъаша лайна халонаш, баланаш, толамаш, эшамаш ма гина царна. Амма шайн ницкъах, ондаллех, хьекъалах тоамбина долчу цара дуьйцур дуй техьа соьга шайна гуш лелларш?

Лекхачу берда йистехь лаьтта со. Суна гонахара дуьне кхаа басахь лепа. Генна бухахь, готта аса санна, чIугъетташ охьаоьхуш Орга ду, гIелин бос а лепош. Цунна тIера хьала бIаьрг кхарстийча, баьццара бос керча хьаннаш, аренаш ю бIаьрго ма лоцуу. Цигара ирах

хьаьжча, гуш сийначу стигалан йистIоцу есалла ю. Льтту а, аьрру а агIор хьаьжча, кIадделла садаIа севцца долуш санна, лаьтташ Iаламат даккхий лекха лаьмнаш ду.

Органан гIовгIа со лаьттачу метте хьалакхочу. Сайн кийра буьззина цIенчу хIаваах са а даьIна, хьанна хотеша баьццара дуьйхина лаьттачу лекхачу ламанна бIаьра а хьаьжна, ас мохь туьйхира:

— Бакъдерг дуй и суна схьагуш дерг?

— И хьуна тушдерг цIенна бакъдерг ду, — лаьмнашкара суна духа хеза гIийла аз.

Делахь хIета, и ншта дан а ду-кх.

И истори ас юьйцур ю шуна, баккхийчу нахера сайна ма-хаззара, кхин хIума тIе а ца тухуш.

Иза дара дуккха а шераш хьалха. Нохчийчохь тIеман кIур гIаьттира. Къилбседа-Кавказе деникински эскарш кхечира. Онда а, оьгIазе а вара и мостагI. Шаьлтанна дуьхьал топ яьккхинера, тоьпашна дуьхьал яккхий тоьпаш еттара цо.

Iаьржачу пицкъан леш хилла Iен на лаьара ламанхошна. Революци хилале хьалхарчу шерашкахь а паччахьан Iедална суждане ца нхна уьш. Кавказан лаьмнашкахь Деникинан бакъдолчун нур лепа даьллачу хенахь Деникинан инарлашна корта тоха муха гIур бара! ХIан-хIа, сий дайна вахарал, сийлахь валар тоьлашха ду. Оьхур бац уьш Деникинан пицкъашна хьалха суждане!

Iожаллин кхерам тергал ца беш, дарц санна, деттачу дошан догIанна уьш дуьхьалбуьйлура. Молланаша кхайкхо гIазот дацара уьш тIаме

гIиттош дерг. ХIан-хIа, церан дегнашкахь кхин оплана ш яра...

Хьалха заманахь ламанхоша мостагIех лардеш дерг вархIи а дайн хьацаро хьандина шайн ардаш, кхаш дара, дедайша дина отеш дара. ХIинца а цара лардеш, сийлахь леладора шайн дайшкара схьадогIуш долу оьзда гIиллакхаш, доьзалийн хIусамаш, латтанаш, ярташ.

Масех шо даьлча, дахар хинцалуш дара. Ламанхойн къамелашна юккъе керла дешнаш даьхкира: революци, интернационализм, Ленин... Керлачу дикане пара сатуьйсура. Ленин а, цуьнан накъостий а бара къечу, хIор мискачу стаггана рицкъа а, ирс а, маршо а яккха гIепкъан. Цул деза, доккханиг хIун хир ду дуьненчкь?

Цуьллакх къуьйсуш тIом бан а мегар ду. Оцу тIаме хIуьттуш кхерам ца бевзира ламанхоша кIенташна. Цхьабарт болуш гIевттира уьш Деникинна дуьхьал. Долакха-юьртахь а, Месказавлахь а, Владикавказан, Грозинн урамашкахь а кхехкара деникинцашна дуьхьал гIаьттинчу халкъан доьналла.

Ламанхой лолле берзо гIиртинчарна дуьхьал латтинчу луьрачу тIемашкахь майралла, къонахаллица шайн сий лакхадаьккхинчу дуккха а турпалхойн цIераш ю вайн дагахь гуттаренна а йисина.

Ленинан бакъ дашах тешна хиларо хIор ламанхочух турпалхо вора.

ТIамехь йина чевнаш доьхкаршца йоьхкура. Тоьпан даьндарг кхеттачухула дIадетта цIий горгамашца сецадора. Мела цIий оьхуш, Iожалло лаьцна Iуьллуш верг а, мостагI гучу-

ваьлча, шаьлтанах катухий, тIаьххьарчу пицкъаца чу-кара воьдура. Эххар ша пицкъ эшна вужучу хенахь а, мостагIчунна дуьхьал а воьрзий вужура. ТIаьххьара садоIуш вайн хьоме латта цо шен мара къовлура. ХIаллакьхиллачу церан декъех а кхобурра мостагIий. Церан юьхь-сибат, буьрса аматаш тоьшалла деш дара, шайн паргIато къийса ойла чIагIъелла уьш хиларан хьокъехь.

Деникин тIелеташ вара. Нохчийн лаьтта тIехула дIаяьккхина цуьнан хIор гIулч ламанан кIентийн кешнийн гIовлешка дегIначу гIайраккан чартанца, хIолламашца, гIаланашкарму белхалойн цIийн татолашца, ягийначу яртийн чимашца билгалйолуш яра...

ЦIеэскархой а, партизанаш а эшо шайн ка на яьлча, броневикаш хьалхалохкура, хIаваэ самолеташ гIовттадора дешкинцаша.

Дедайх писпна мокхаза топ бен карахь кхин герз доцчу стаге хIун далур дара болатан гIагI дуьйхийчу антантан машинашна дуьхьал, хIаваэхь лелачу кеманашна дуьхьал?

Ламанхой бухабовлура шайл лакхара онда пицкъ шаьшна дуьхьалбаьлча. Пштта метиг шайна тIехIоьттича, къоьжачу лаьмнашкахь, хьаннашкахь, хотешкахь, боьранашкахь уьш дIахьуллора...

Нохчийн партизанийн цхьа жима отряд ламанийн цхьана чIажахь дIахьулъеллера. Уьш керриг а пхиъ вара. Царех а тIамехь чов ца хуьлуш виснарг шиъ бен вацара. И шиъ вара Ахьмаддий, Мусий. Ткъа, Анзоран аьтто боьхнера. Шедан кхаж санна, олладелла кхозуш ду цуьнан аьтту куьг. СаьIндана белшах топ кхетта, Мохьмадан гIуллакх пуно ледара дара.

МостагIийн йоккхачу тоьпан хIоъ ккхийчохь гериг кхетта, гайх йоккха чов хиллера цунна...

Чевнаш хилла берш пенийн Iиндагlашкахь охьабехкинера, хьуьнан гlашна тlехь кIеда мотт биллина, лаьмнийн шовданийн шийла хи а маладора царна. Отрядехь воккхахволу Анзор дукха миноташ йовлале лекхачу дукъа тIе велира. Иу тIера дIахьаьжча, хьалха дIаIуьллуш йолу меттиг генара дуьйна гуш яра. ТIаьххьарчу тIамехь вийначу эпсарера яьккхийчу турмала хьожжура иза. Оцу дукъа тIера охьа а воьссина, Ахьмадди, Мусий юьстах а ваьккхина, цу пийнех дагавелира иза.

— Вай дагадовла дезаш гIуллакх ду кху сохьта, — элира цо. — Деникинцаш бу вайна тIегIерташ. Нагахь вай уьш совца ца бахь, кхин ши сахьт далале цара дIалоцур ю ЭгIаштIа а, Тевзина а, МахкатIе а, Хоттане а...

— ТIом бийр бу! — сецца жоп делира Мусас.

— Патармаш кIезиг-м ду, — элира Ахьмада. — Яккхий тоьпаш юй техьа цаьргах?

МостагIийн колоннехь шиъ йоккха топ гинера Анзорана. Амма цу хьокъехь накъосташка цо хIума ца элира. МостагIийн пицкъ багарбарх хуьлуш берг хIун пайда бу? Церан пицкъаш мел алсам хилча а, царна дуьхьал тIом ца бича болуш бацара.

Партизанийн гIоьнчаш хилла лаьттара мокхазан лаьмнаш.

— Муса, хьо аьрру агIор гIуо. Ахьмад аьттру агIор гIур ву,— элира Анзора. —Ткъех сажен дукъа тIе хьала а довле, аш цигара дIа тIом болабе. Ткъа со, кхузахь, лахахь Iийр ву...

Вайи декъашна тIехула а бевллий бен вайи ярташка гIур бац мостагIий!..

Иштта цаьрга вист а хилла, коча тесна топ, схьа а яьккхина, кара ийцира цо.

Партизанаш шайн-шайн меттигашка дIасаписбелира. Цхьа сахьт далале мостагIийн колоннаш оцу Бесан берде кхечира. Яккхийчу тоьпийн чкъургийн татанаш дуьйлура, кхечу маттахь деш къамелаш а дара къаьстан хезаш...

Цхьана майданахь эпсар гучувелира. Цунна тIаьхьабогIуш салтийн могIа а гора. ТIаккха Анзора, тоьпан бух белшах а гIортийна, лаг ийза долийра...

Лаьмнаш тешаш дара. Лаьмнашна гуш дара, партизанийн тоьпаша эпсар вожор: Ахьмадий, Мусассий мостагIийн эскарна тIе буьрса тIом болор, мостагIийн гIеранна юккъе СаьIда бомба тохар. Шен гай тIехь хилла чов доьхкарца а къуьйлуш, Мохьмада шаьлтанах каеттара...

Лаьмнашна и дерриг гуш дара. Царна гуш дара, мостагIийн хьалхара могIа партизанийн гольпаша эгош, царна тIаьхьа хIетталц ийпса схьайогIуш хилла мостагIийн колонна юхуш, сий метте топ кхетта СаьIд охьавужуш, шен борриг пицкъ тIебахийтина хьала а айбина, Ахьмада басах чу боккха чхар хоккуш...

Молханан кIуьро дукъ дIалаьцнера. Еттачу тоьпаша, мостагIийн маьхьарша, ламанан басешкара чухоьхкучу чхераша меттахъяьхначу гIулгийн токхамаша къематде хIоттийнера оцу чIожан бердехь.

Лаьмнашна гуш дара, оцу тIулгийн токхамаша денкхийнийн колонна йохор, чкъургаш

Инская школьная библиотека
Издательский

некъан хоршара а евлла, и йоккха топ бердах яхар, уьдучу салтийн порядок юхаметтахIотто гIерташ, коьртал лакхаяькхина айбина маузер а йолуш, цIен юьхь йолу эпсар хьалаэадар, лом санна, тIетасавеллачу Мохьмада цунна шаьлта тохар...

КIайнчаьрга тIом ла ца белира. Ламанхоша яккхий дуьхьалонаш яро эшийна уьш, боха а боьхна, юхабевлира. Хаьарий техьа деникинцашна нохчийн лаьмнашка шаьш хьон некъ бохош дуьхьа.ю еш лаьтташ верг верриге а масех стаг беш хилла цахилар?

Хетарехь, деникинцашна моттаделлера, оцу бердехь, некъ чIогIа гатлучу меттехь, шайна дуьхьалдаьлларг, майра Асланбек Шерипов а коьртехь, нохчийн дерриг цIен Эскар ду.

ТIеман кIур цигара дIабекъабелира. Бевддачу мостагIийн когийн татанаш а дIатийра. Хьала а гIаьттина, Анзора мохь туьйхира:

— Вай толам баькхина!..

Амма СаьIиданий, Мохьмаданий, Мусаний цо и мохь тухуш ца хезира. Церан дегнаш детталучуьра тоххарехь севцнера. Цхьана Ахьмада жоп делира Анзорана:

— Вай толам баькхина!..

Цул тIаьхьа Анзор, тIулга тIе охьа а лахвелла, кисанара къолам, кехат схьа а даькхина, тIамехь эша а вина, мостагI вухаваккхаран хьокъехь хаам беш, Шерипов Асланбеке кехат язда волавелира:

«Нохчийн цIечу Эскаран командующи волчу Шерипов Асланбеке. Шайн ярташ мостагIех ларъеш болчу нохчийн партизанаша ЛахаЭгIаштIа юьртана уллорчу Бесан бердехь кIело йира деникинцашна. КIайгвардейцийн ко-

лошнехь лаххара а ши бIе дошло вара, шиъ йоккха топ а йолуш ТIом цхьана сохьтехь бахбелира. Вохийна мостагI вухавелира. МостагIчунна хилла зенаш: вийнарг ткъе бархI стаг ву. Тхох кхоъ вийна. **Партизаннйн группан командир Цехкиров Анзор».**

IIигга тIадам а тоьхна, хаттар даран кепара Ахьмаде хьаьжира Анзор. Дерриге а шийса яздинийй техьа? Яздаза дуьсуш хIумма а дуй техьа, бохура цуьнан хаттаре хьежаро. Шаьш пхеаммо ши бIе стаг тIамца эшийна вухаваькхина бохучух, мегарг ша а ца тешара Анзор. И муха хилира? Мила вара техьа партизанашна гIо динарг?

Анзора ойла йира. ТIаккха, сихха тIе къолам хьаькхна, тIетуьйхира: «Оха толам баккхаран бахьана дара, тхоьца, тхан ойланашкахь, тхан дагахь Ленин хилла хилар!..»

Хилла бакъдерг ду и я дийцар ду, хаттийша и цу лаьмнашка. Цара дуьйцур ду шуна.

ЛЕНИНЕ МАРШАЛЛА

Ма дукха хуьлу-кх дуьненахь тамашена гІуллакхаш! Дикка шераш хьалха ншттачех цхьаъ вайн махкахочуьнца а деара. «Адам шен доглаьттачу кхачало», — бохург чІагІда санна нисделира иза.

Нохчийн ширачу лаьмнийн гІиллачу юьртара къечу ахархойх цхьаъ Москохахь Ленинах кхийтира. Владимир Ильича цуьнга маршалла а делира, кІеда-мерза вист а хилира. Оцу ламанхочун цІе Идрис яра.

Кхузахь со жимма сихвелла моьтту суна. Схьахетарехь, дерриге а, юьххьера дуьйна, хилла ма-дарра, дийца деза иза, тІехьарниг хьалха а ца доккхуш.

Къилбседан Кавказера Деникинан кІайн эскарш вайн ЦІечу Эскаро дохиний, хІаллакдиний цІенна дІадехира 1920-чу шераш апрелехь. Къехоша шега бІешерашкахь сатийсина нийсонан Іедал дІахІоьттира вайн махкахь. Лай, элий воцуш, массо а цхьабосса вовшашка нисбира керлачу Іедало. Амма Идрис вийчу, цуьнан доьзал бехачу юьртахь хІинца а кІезиг хаалуш дара иза.

Деношна тІаьхьа денош а уьдуш, сиха дІайоьдура зама. Іаьнан набарха долучу диттан чкъура бухахула бІаьстенан мутт санна, мел-

лаша, амма сацам боллуш, лаьмнийн ярташкахулий, кIотаршкахулий, боьранашкахулий дIасадаьржара керлачу заманан цIена хIуо.

ТIам тIера цIа вирзира салти хиллаволу Керимов СаьIид. Майра тIемало цуьрриг шегара ледарлой, гIалаттий далийтина ца ваийтинера эскарера цIа. Цунна чIогIа чевнаш йинера, бIаьрг а баькхинера мостагIчун бомбанан жимачу гаьрго. Цундела леладора цо аьрру бIаьрга тIе лаьцна IаьржачутIаьрсиган цуьрг.

Амма цхьа а хIума дацара Советски Iедал доггах хестош кIинхьегамхошна хьалха къамелаш, докладаш ярал цунна чIогIа дезаш.

СаьIид кестта юьртан Советан председатель хаьржира. ХIетахь цунах юьртда олура. Юьртара къехой цунна гонах ваьштатаьIира. Идрис массарел хьалха всара СаьIидан жигархошна юкъа.

Кест-кеста гуллора уьш тIекхеттайохкучу СаьIидан цIенойн лангIанийн тхов кIел. ГIуллакхийн хьокъехь дуьйцура, вовшашка забарш кхуьйсура, тIаьххьара а кицанашкий, хIетал-металшкий бовлура. Доллучул а чIогIа дуьйцура миска нах къоьллех хьалхабахараи некъийн хьокъехь. Царна, къехошна, даа хIума а, беркъа духар хийца кIади а оьшура, къаьсттана дерзана лелачу берашна бедарш ян. Амма кIади дацара. II лаха ницкъ а я корматалла а яцара цераи. Ткъа, хьолахошна хьалха, паччахьан заманахь санна, горхIоьттина ва́ха хIинца цхьанна а ма ца лаьара!

Ехха ойланаш йира СаьIида цу белхан. Дамма доьшура керла газеташ, дагавуьйлура юьртарчу кхетамхойх. Хьаьнга кхехьийтахь а

кест-кеста кехаташ кхоьхьуьйтура мокхачу конверташна чохь. Схьахетарехь, дехьа-сехьа ярташкарчу цхьаболчу хьекъалан дайх дагавуьйлура иза, хIуъа делахь а, цхьаъ-м хаа лаьара цунна.

Цкъа цхьана Iуьйранна гIалитIа ваха кечлуш вара СаьIид. Гуобаькккина бIаьргтоьхча, олуш ма-хиллара, тоьхча топ на летачу къоьллочу хьаьшний, тIамо йохош тIе-кIелйнттиний лаьтта гIишлошший бен хIума дацара гуш. Оцу буточу боданна юккъехула а ваьлла ша воьддушехь, СаьIид тешара керлачу Iедало, гIаларчу белхалоша, мискачу ламанхошна муьлххачу кепара а цхьа гIо дийриг хиларх. Ма-дарра аьлча, СаьIид шен юьртахошна гIо деха воьдура гIалитIа.

Цхьаберш СаьIид гIалитIа вахарна дуьхьал бара. «Нагахь хьуна цигара цхьа а тайпа гIо на хилахь, тIаккха муха хьажа воллу хьо адамийн бIаьра? — бохура юьртахоша. — Къехоша-м хьуна цатам а, Iедална вас ерг а дийр ма даций, царна дика ма хаьа хIара ерриге йоккха Росси юзой, юхий дуккха а рицкъа оьшийла. Вуьшта кулакашний, кхидолчу цIубдаршний доккха хазахетар дер ду-кх, нагахь хьо гIалитIара ваьсса вухаверзахь, кхайкхаза даханарг — доттаза деана, бохург хьуна хилахь, и сапарш-м хIинцале а маьхьарий детташ ма дуй-ц: «Дукха на лаьтташ, бух халийна пон саина, хIаллакьхилла дужур долуш ду, керла, Советийн Iедал», — бохуш — Къехой теша, — дуьшу цара, — дерриге а леш верг Ленин ву бохучух, иза хьекъалан да ву, бахарх. Ма-дарра аьлча, — чIагIдо цара, — цхьа а Ленин вац, иза еккъа цхьа моттаргIа

бен яц. Ткъа иза адамашна ма-хиъшехь — керла Iедал доьхна дIадер ду»...

Дика ладуьйгIира СаьIида доттагIаша дуьйцучуьнга. ЛадуьйгIира мостагIаша чIагIдечуьнга а. Амма ша юьхьарлаьцначунна тIера ца велира иза. Къонахчо чекхбоккхуш тов ша юьхьарлаьцна некъ!

Новкъавала ша араволуш элира цо:

— Ялтий, кIадий дан сайи аьтто хир бу-бац-м хаац суна. Цунах дерг хецца ала хала ду Амма цхьаъ ду бакъ: сайи ницкъ а кхочуш Ильичан сурт доцуш-м вогIур вац шуна со кху эвла юха...

Масех де даьккхира Соьлжа-ГIалахь СаьIида. ЦIехххьашха Керкан-Дукъан басах чуйогIуш йиъ хIургон гира юьртахошна, уьш ялош берш оьрсий а бара.

Муьлш бу техьа уьш? Я хIун обоз ю техьа иза?

Леррана хьаьвсича юьртахошна вевзира уггар тIаьхьарчу хIургона хьалха Iачунна юхха хиъна вогIург. И СаьIид вара — кхеран юьртахо.

— Ассалам Iалайкум, сан хьоме юьртахой!— кхоьссира цуо, хIургонара охьа а вуссуш.

— Ва Iалейкум салам! Марша вогIийла, СаьIид, — прахIиттира суьйренан цхьоьханахь хевшина Iийраш.

— ДIаэца, доттагIий, вайи хьомечу баьччас Владимир Ильич Ленина данйтина совгIат!— хIургонашкахьа куьг тесира верриг векхавеллачу СаьIида.

Дукха хан ялале ерриг юрт схьагулъелира. Хlор а СаьIидана тIекхача лууш вара. Хетарш лелхара:

— ХIун еана ахь?

— Ялта а, кIади а!

— Дуккха а деанний ахь? Хьанна лур ду?

—Массо а къечу доьзална кхочур ду. Уггар хьалха дерзина лелачу берашна лур ду кIади.

— II Iаламат нийса ду! — чIагIдора маьхьарша.

— Баккъалла а Ленина ша данйтинний хIара совгIаташ вайна? — хоьттура вукхо.

Хабарш ца совцура. Юьртахоша дечу тайптайпанчу хеттарша, гена йоццуш лаьттачу цхьана хIургонна тIе а ваьлла, къамел дан дезийтира СаьIндан.

— ГIалитIа дIакхечира со, хьоме юьртахой. Вани хьаштех лаьцна хазанеха санна дийца долийра ас. Цигарчу белхалошкахь а дац, пакъостий, хIумма а вайгахьчул тоьлашха долу хьал. Амма, хIетте а, ревкомерчу нийсонан дайша сацийра, шаьшна эшам бина а, ницкъ ма-кхоччу, вайна гIо дан. Шуна ма-гарра, ас цхьа хIургон йоьттина кIади а, шина хIургонахь ялта а деана. II шадерг, хIума буха ца дуьтуш, къехошна дIадоькъур ду вай. — СаьIнда, шен аьтту куьг лакха хьала а айдеш, мохь тоьхна элира: — Нохчийчу ялта а, кIади а Ленинан гайтамца данйтина. Цунна дика хаьа вай къоьллехь дохкуш хилар...

— Дуккхавехийла, могаш лелийла иза къехойн ирсана, нийсонан дуьхьа! — мохь туьйхира цхьаммо пхьоьхьанна юккъера схьа.

Зен-зулам доцуш СаьIнд цIакхачар къаьстгана хазахеттера цуьнан доттагIашна- къехошна. Уьш баккхийберан бахьана кхуо деанчу цхьана совгIатех даьллина ца Iара. Коьрта-

инг — кулакийи букъ буор дара кхузахь. Мел дог этIара церан къехошна и там хилар ца лалуш... БIешерашкахь шаьш ламанхой, леш санна, бацош хьолахойх цхьаммо а къехочунна хьажкIийи сахь а, я басмин аьрша а ца деллера. Ткъа хIинца Советан Iедало къехойн хIоккхул доккха гIо лацар хьолахойн садууш гIуллакх дара. Бакъду, чIогIа комаьрша хилира керла Iедал къехошца.

Къечу нехан самукъадалар цаладалар тIехь къаьсттана коьртахваьллера хьолахо Мустаев Iимран. Цуьнан бIаьргаш оьгIазе, цабезаме цIийделлера, хьердаьллачу жIаьлин санна. Шен ницкъ кхаьчча, цо и дерриге а адам, барзо жа санна, цоьстур дара, хьакхийна дIадоккхур дара, ткъа цхьаъ бен бIаьрг боцу СаьIиддий, тIеюьйхиларш тIелхиташ бен яцахь а, чIогIа сакъераделла болу цуьнан доттагIий-м, цо, шен аьлларг хилча, элстанжойн ахкан бердах чукхуьйсур ма барий!

Амма хIинца и далур дац. Кху заманахь таро яц хьолахойн шешан дегнашна луъург а лелош, гIийланаш хьийзо. Мокхазан берд санна чIагIлуш а, хазлуш а, пахана марзлуш а догIучу керлачу Iедалх кхоьрура наргIатонан мостагIий шешан Iаьржа ойланаш кхочушъяц. Цундела къийла а луш, амма оьгIазе хьоьжуш, СаьIиде элира Iимрана:

— Вай, ламанхой, дегнаш дика долуш а, комаьрша а адамаш ду. Вайна дика нах дукха беза. Дика ду ахь ялта а, кIади а деана. Вуьшта со аьттехьа а тешаш и совгIат Ленина лаийтина бохучу туьйранах... Хьуна хьайи бIаьргашна гиний, СаьIид, Ленин?

— ХIан-хIа, — оьгIазвахана кхохкийна

а волуш, жоп делира СаьІида. — Амма, соьгахь цуьнан сурт ду. Хьажал кхуьига! Муха хета хьуна тхан Ильич? — куралла ярца дІадЄтира цо цатешачуьига и, четара схьа а даькккина.

Мустаев юьхьанца воьхна хилира хаъал.

— Сурт-м стеннан а дуьллу хуучо, — элира цо догъІаьржа. — Тхуна дика хаьа цхьа а Ленин вацар. Иманехь доцчу гІемаша долийна эладита ду Ленин ву бохург, Іовдал адамаш Іехо, шайгахьа даха лелош бозбуанчаллаш ду уьш.

ХІумма а ца элира СаьІида харцлуьйчу кулаке. Ленин шена гира олийла яцара гІалитІа вахана вСанчун. Цунна ша-шех эхьхетар дара баьччех лаьцна аьшпаш ботта. Вуьшта, Іаламат халахетара цунна цхьадолу адамаш Ленинан суртах цатешар...

— ХІумма а дац, тІаьххьара а вайна тІебоьрзур бу берриге а, — тешабора шен накъостий СаьІида. — Теркан ревкомо сацам бина дерриге а латта пачхьалкхан долалле даккхаран хьокъехь Советийн II-чу съездо тІеэцна декрет дахарехь кхочушда... Кулакийн даьхни а иштта пачхьалкхан долалле дер ду... ТІаккха адамаш вайгахьа девр ду, хуур ду, шайна керлачу Іедалан мостагІаша тардийриг бакъ доцийла. Доккха орца дац ялта а, кІади а долачу гІаларчу ревкомера вайна кхаьчнарг? МогІара нах тешар бу керла Іедал шаьшкахьа хилархх. Амма, шен чаьмзачу Іаьнарца Мустаев Іимрана догдатІийчхьана цхьана сатийсамо собар дайина сан: хІуъа дина а Ленин сайна сайн бІаьрга ган лаьа! .

Каг ца долуьйтуш, лерина то а деш, стоьла

тІе охьадиллира цо Ленинан сурт. — Ладогlийша, хІай адамаш, Іимран бохучу оцу оьпано дуьйцучуьнга — «сурт ду и диллина!»

Малхо Іаржвеш, вагlийна Мохьмад, дуткъий, таьІна чуэгна бІаьргаш долу Халид, шуьйра белшаш полу, попан гІад санна, чІогІа Іабдулла, иштта Идрис — уьш берриш а Владимир Ильичан сурта тІе горгбелира. Мел дукха хьийсарх кІорда ца дора царна цуьнан безамечу аматашка хьежа, чІагІлора цунах болу тешам. Тешара—Ленин — адамаш Іехо дагалаьцна диллина сурт доцуш, бакъволу къонаха а, ийсонан да а хиларх.

— Хьовсийша, — воккхавеш бохура Мохьмада, — ма хьекъале бІаьргаш ду-кх Ильичан!

— Дера ду, дукха сирлачу хьекъалан бІаьргаш-м уьш, — элира юьртахь тоьлла иччархо ларалучу Халида а.

— Доккха хьаж, айелла хьоюкъ, — чІагІдеш, тІетуьйхира Іабдуллас. — Гуш ду и хьекъалах буьзна корта хилар. Тхан ден а яра шуьйра, лекха хьажаюкъ. Амма и кхуьнга-м ца кхочура, аьттехьа а.

— Ма дика хир дара-кх Ленин цкъа гича! — элира Идриса. — Вайн мотт хаьий техьа цунна?

— Ткъа, хьуна хІун моьтту? — цуьрриг шек а воцуш, юкъаиккхира Іабдулла. — Сан дена а хаьара Іаьрбини мотт. Ленинан коьртехь долччул хьекъал хилча, иохчийн мотт муха хуур бацара.

Доттагlий дІа ца буьйхира буьиса аттачу яллалц.

Идрисе дсана цхьа кехат бен кхин дуьйцуш

хIума дацара шоллагIчу диннахь юьртан массо а маьIехь.

Генарчу Сибрехара, Тобольск-гIалара, цуьнан дегара деана кехат дара иза.

Идрисан да, воккха стаг Бадрудди, дуьненаюкъара хьалхара тIом а эккхале вахийтинера Сибрех. Иза бехке винера, паччахьан суьдан кхиэла тIехь яздина ма-хиллара, «вайнах округан хьаькамана дуьхьалбаха гIертарна, Iедало бохучарна дуьхьалонаш ярна». Ялх шарахь ша мичахь ву а ца хоуьйтуш Iийнера иза, ткъа хIинца, гучу а ваьлла, кехат данйтина.

И кехат дара оьрсийн маттахь яздина. Схьакетарехь, цхьана оьрсийн доттагIчо цунна яздина дара и. Цу тIехь бохура къанвелла Бадрудди кIелвиссина цомгуш ву, ша цIапалахь тамаша а боллуш. Воккхахволчу кIентан шена тIаьхьавогIийла хир дарий техьа, хоьттура цо кехата тIехь.

Идрисал къен стаг вацара юьртахь Цу гена, бехачу некъана ахча лахар хIумма а аттачех гIуллакх дацара. Амма гергарчара гIолецира Идрисан цу тIехь.

Кара лаьцна зударийн тускар а долуш, Ведана кхечира Тобольске ваха йовкъаваьлларгIа Цигара, Шелахула чекх а ваьлла, Соьлжа-гIалитIа, тIаккха...

ХIинца, новкъа ваьлчий бен тидам ца хиллера цуьнан тIамо бохийначу бахаман, и юхаметтахIотто керлачу Iедална мел хала хирг хиларан. Дукха хан йоццуш лаьттанчу тIемийн ирча лар яра гуобаькккина схьагуш, къаьсттана гIалахь, цIерпоштнекъан станцехь. Уггар хьалха Идрисан бIаьрг сецира йохийна лаьт-

гачу водокачкина тIехь. Сеттош, хьийзийна дохийна цIерпоштан некъаш, яккхийчу тоьпийн хIоьънаша дера «чевнаш пина» вагонашна, паровозашна...

ТIулган кIора ца хиллера станцехь. Комендантана гуобиннера адамаша.

— ЦIерпошт ваьштта хIокху шина дийнахь цхьана меттехь лаьтташ хIунда ю? — оьгIазе хоьттура цхьаммо.

— Маца йолалур ю цIерпошт дIа? — чуьравуьйлура кхин.

— Билеташ доьхкийий аш, тхо дIадига тIаккха! — чугIертара, цIен юьхь-сибат долу, лохочу дегIахь полу къонаха. Цунна тIехь, Iаьржачу бархатан кач болу, стиглан басахь пальто яра.

— Господинаш-м карийнера, цIерпошт дIайолалуш яц-кх!..

— ХIей, хьо! Яй карахь берг... ахь хьайн кхимар сацаелахь! — кхерам тасаре хьаьжира цуьнга комендант. — ХIай, адамаш, накъостий! — элира, юха а вирзина, цо Идрисе.— КIора бац паровоз лато. Пагахь кIора хилча а, вайн дIадуьйладала йиш а яц: цIерпоштан некъ йочанаша чIогIа талхийна. Жимма яхь а, шен кийрахь дог а дерг, некъаш тодеш болчу цIерпоштнекъахойн дIажхета веза. Кхана некъ тобина а балийтина, мох санна, дIахохкур ю вай вешан борзанан бекъа...

— И ма дара хьуна хIинца тхан коча даза дисинарг, — аьлла, лаллавелла дIавахара, верстана, горга юьхь-сибат долу стаг.

— ТIулган кIора мичара бер бу вайна? — хаьттира цIеэскархочун тиша шлем коьртахь йолчу жимчу стага.

— Сахилча цхьанахьара дечиг лохур ду вай, — жоп делира коменданта, цул тІаьхьа Идрисехьа а вирзина, забарна доцуш хаьттира: — Хьо гІур вуй, доттагІ, цІерпоштнекъахошна гІо дан?

— ГІур ву, дера, дукха чехка-м, — жоп делира цо. — Схьадийцал, хІун дан деза ас?

Ткъех стаг гулвелира некъ тобан, дукхахберш оьрсий а болуш.

Идрис, шен цІе Павел яьккхиччу, кІежделла мекхаш долчу, озачу оьрсечунна улло нисвелира балхахь. Цхьа носилкий, ши баьхьий белира царшинга. ЦІерпоштнекъа тІера ерриг гІум а, кхийолу нехаш а генна юьстах дІакхоьхьура кху шимма.

Идрисан накъоста, къамел а ца деш, сихха болх бора. Я кІад а ца лора иза. Делкъахан хиллалц дІакхехьначу гІамара кІелхьара жимма гучубелира цІерпоштнекъ. Оцу хенахь, масех минотана саца а сецна, цигаьрка оза хІоьттира Павел.

— Ахь узий цигаьрка?

— Со узуш вац, — жоп делира Идриса.

— Мичара ву хьо?

Идриса дІайийцира лаьмнашна юккъера шен юрт.

— Цигахь Іер-дахар муха ду шун?

— Бес-бесара ду: кулакаш даьттаналахь луьйчуш, атлазаш а дуьйхина, дарин юргІанаш кІел беха. Ткъа, къехой, хууш ма-дарра, екха сискал халла нислуш, хІусамаш кьоьллийи махо а лоькхуш бохку!

— Хьо, суна хетарехь, кхеташ стаг ву! — хастийра Идрис шен накъоста. — И чІогІа дика ду, Іаламат товш гІуллакх ду: хьо, хьайи

лаамехь ван а веана, вархIи а дайшкахь дуьйна мостагIалла хиллачу гIалгIазакхечун белшах белш а тоьхна, болх беш ву! Нагахь тохара округан атаман я эвлахь староста хиллачунна вай хIинца гича, — хIокху ваш доттагIаллех цхьа а тешар вацара... Хьалхалерачу заманашкахь хилла а, хир ду аьлча теша амал долуш а хIума дац хIара..

Идрис велакъежира.

— Стенна воьлу хьо? Ас харцдерг дуьйцу моьтту хьуна?

— ХIан-хIа, мичара моьтту суна ахь харцдерг дуьйцу, мелхуо а...

Павел волччохь яьккхира Идриса буьйса. ГIалгIазкхечунна ца лиира шен похчийн доттагI вокзалехь вуьтуьйла. Цхьана тишачу цIийнан готтачу чохь Iаш шаьш дуккха а хиллехь а, хьешана вижа уггар тоьлашха йолу меттиг хилийтира Павела.

Шолгlачу дийнахь Идрис новкъавелира. ШIерпоштан массо а вагона чохь, зингатийн туьйлиг санна, дIасалелаш дукха адам дара. Церан хьацаран хьожа йогIуш, садукъош чIогIа йовха яра вагонашна чохь. Амма Идрисана меттиг корехьа нисъелира. И цуьнан аьтто беш а дара.

ЗIа-у-у-у, зIа-у-у-у, аьлла, горгали бекийра станцин дежурнис. Йокъа хIоьттинчу хенахь хи диллина хьаьжкIийн патарш санна, серладевлира Идрисан бIаьргаш. Цунна хазахийтира шIерпошт дIайолалуш. Юьхьанца теттина хотталара йоккху дечган варда санна, меллаша йолаеллехь а, ломан басах чухецна чхар санна, тIаьхь-тIаьхьа чехкайолуш, малхбалехьа хьаьдира шIерпошта. Корехула арахьоь-

жучу Идрисана бIагор боуьйтуш, юханехьа уьдуш санна, бIаьргашна хьалха лепара шозлагIчу некъан рельсаш. Некъ хIинца маьрша бара. И цIанбеш ша дакъалаьцна хиларх гIехьа дозалла дора цо дагахь.

Церпошта сацо езаш меттигаш кест-кеста хIуьттура. ХIораззе а Идриса дакъалоцура дечиг вагона тIе дуттуш а, кочегарки чу кIора кхоьхьуш а, нэшча — некъ цIанбеш а, тIай тодеш а.

ХIинца хинра Идрисана мел боккха бу Россин мохк, мел шуьйра а. бIаьрго лоцур йоцуш а ю цуьнан токхечу лаьттан аренаш. Цуьнца юьстича, Нохчийчоь, зоьрталчу дегIа тIехь жима тIеда санна, жима хеталора. Нагахь оцуьл боккхачу мехкан сурт хийца, халкъ бIешерийн набарха даккха Ленинан пицкъ кхаьччехь, хIун хир ду оцу наьртахочуьнга далур доцуш!

Идриса ша новкъаволуш тIоьрмига йиллина мохь тоьхна скскал, и дIакхочуш якъаелла, эчиг санна, чIагIъеллера. Довхачу хи чохь ехха яшо дийзира иза, яа мегачу хьоле яло тIерташ.

Церпоштан некъ чекхбаьлча, Тобольске кхаччалц юьртара юьрта говрашкахь вахара Идрис. Ткъа эххара и дийна волуш ша гаре чIогIа сатийсина волу да веллачу кхечира кIант.

Бусалба нохан гIиллакхехь дIаверзийна хиллера иза, паччахьан Iедало Сибрех вахийттарх оьрсийн зуда а ялийна, гуттаренна цигахь сецначу казански гIезалочо НиIмата.

Ден коша тIе вахара Идрис сатоссучу хенахь. Нийсса ирх ихначу Сибрехан хазчу дечи-

гийн хьуьна йистехь, дог1ано т1ада а бина, гора лаьттан жима барз. Бусалба нехан велла стаг д1аволларан бакъенаш ларъеш Пи1мата оцу кошан коьрте х1оттийнера кхо са болу ира, лекха т1улган чурт.

До1а дан дезара коша юххехь. Идрис ша динах тешаш вацара, ткъа, до1а дан-м муххале а ца хаьара Амма оцу минотехь цуьнан ойла хьаьвзира. «Хууш делара-кх цхьа до1а мукъана. Х1ун хало хир яра дагахь и доьшучу цхьана минотехь».. До1а дан лиира цунна, т1ешеанарг кошарчунна ган а го, цо ден до1а а хеза, бохуш динан 1адато хьоьхурш ц1ехьхьана дагадаьхкинчу шен дагна там бархьама.

Ден кошан борза юххе а х1оьттина, сингаттаман к1орга оплапаш еш, корта а оллийна, лаьттара Идрис. Бадруддинан сурт шен дагахь карладаккха г1ертара ниа. Т1аккха шена атта хила мегаш хетара цунна, 1аьрбийн маттахь дечу до1ийн меттана, нохчийн маттахь: «Парг1ат 1илла хьо, дада. Ахь схьабеанчу новкъа д1а, халонех ца ш1залуш, хьан бераш а г1ур ду», — ала. Амма ден юьхь-сибат ца дог1ура хьалха. Дуьхьалтуьйсура цуьнан даккхий, дуккха а бинчу халачу белхаша мазакъдолийна, шагдина къинхьегаман куьйгаш, царна т1ера белшашкахьа оьху, кемсийн таьллигаш санна долу, сийна пхенаш...

Дукха ца 1евелира Идрис да веллачу юьртахь. Хьан самукъадоккхур дара цуьнан да лаьттах ваханчу шийлачу махкахь?

Оццу дийнахь, сарахь юхавирзира Идрис да веллачуьра.

Тобольске д1авоьдуш, цомгушчу дена цхьа сахьт а хьалха т1екхача лууш, Идриса Москох

цхьана вокзалера вукху вокзале вахар бен совнаха хан ца яйира. Ткъа хIинца юхавогIуш цунна кIеззиг Москох саца лийра.

Шега мел доккха вон деанехь а, Идрисана дан лууш цхьа хIума дара: цуьнан даг чу дижинера шен бIаьрга Ленин ган везар.

Вуьшта муха гур ву и? Муьлхачу чохь ву хьовха Ильич болх беш я вехаш? Нагахь и хиъча а, могIара ламанхо вуьтур а вуй-те цунна тIе? — ойланаша корта хьийзош, хиъна Iара Идрис хIинца Москван цхьана вокзалехь.

Оцу хеттаршна жоьпаш дала хуудерг каро лаьара цунна шена юххехь хевшаний, садоIуш, агIорбевллий болчу нахалахь. Амма хатта эхь хетара, хIара хIун Iовдал ву, аьлла царна хетарна кхоьруш.

Чуьра аравелира Идрис, карахь шен тIоьрмиг а болуш. Йоккха майда хиллера оцу вокзала юххехь. Iалелай цигара адамаш!

Чохчуре Iеначу айми чохь чамхалгаш санна, массо а маьIехула дIасалелаш дара адам. ХIоранан а хир дара шен-шен гIуллакх... Схьахетарехь, хIокху цхьана майданахь долу адамаш дийина Нохчийчохь долчул дукхаха хила ма мега! Массо а сиха ву, цхьаберш уьдуш а лела...

Ткъа, и дIо-о йогIург хIун аьчган варда ю? Цунах тарамбил олу, моьтту суна. Ма тамашена бетта цо горгали! Мегарг цуьнан тата а ца хозуьйту адамаша ечу гIовгIанаша...

Оф-вай, кегийра варданаш нйзош: «Ларлолаш! ДIасатаIалаш!» бохурш ма дукха бу...

Оцу адамашна юккъехула дIасаваха хала хир дара. Идрис, адаман леламо охьа а тоьхна, ша когаш кIел вахийтарна кхоьрура.

Цхьана готтачу урамехула дІахьаьвзира хІара. Гена доццуш гуш долчу полхазза тІекІелдинчу цІенош буьххье а хьоьжуш, сихха когаш бохура Идриса.

Мичахьа вехаш ву техьа кхузахь Ленин?..

Ма дагахьбаллам хир бу-кх Идрисана, Ленин кара ца вахь! Шен ДегІастанахь-м массо а маьІиг йовзара цунна, пуьшта кхузахь... кхузахь реманах хаьдда эмалк санна, лела ламанхо.

Урамновкъа хІара дІавоьдуш цхьана лохачу цІенойн тишачу кех аравелира цхьа хьаьрса месаш йолу вокхха стаг.

Идрисах шен бІаьрг кхетташехь, юха кел чоьхьавелира иза. ЦІехьхьана юха а кетІа велира хьаьрса месаш ерг. Цхьана ирачу, дуткъачу озаца, схьахетарехь ца вешаш, хоьттура цо:

— Туьрк, стом хІума юй хьоьгахь? Апельсинаш?...

Идриса, корта ласторца, ханйтира ша стоьмашца йохка-эцар лелош волу стаг цахилар.

— Ткъа, хьо хІун лоьхуш лела урамехула волавелла? — цабезаме хаьттира цо.

— Ленин лоьху ас, — жоп делира Идриса.

— Ас гонтур ву хьуна Ленин, — оьгІазе Іоттар пира хьаьрса корта болчо. Амма цо хІумма а ца гайтира, иза юха а меллаша шешан кех чу вакара, цхьа гІам-гІим а деш.

Пхьаьрсех цІен цуьргаш дихкина, тоьпаш карахь ши жима стаг вайра цунна дехьуо дІаваьлча ураман цхьана йистехь. Шена кьастагІа Соьлжа-ГІалахь гина ншта салтий дагабаьхкира Идрисана: цІегвардейцаш! Хазахйтира. Цунна хетара, оцу цІегвардейцаша-х

дуьйцур ма дай, Ленин муха карор ву. Оцу бІаьхошна тІевахана маршалла а делла, Идриса хаьттира:

—Накъост Ленин муха, мичахь гур вара техьа суна?

— ХІун до ахь Ленинах? — хаьттира царех цхьаммо.

— Оьшу суна. Цунна тІе гІуллакхаш дахьаш ца веана, амма сайн бІаьргашна и ган лаьа. ГІуллакхана оьшуш ду иза. Тхан эвларчу кулакаша чІагІдо, цхьа а Ленин ваш, иза шайггара кхоьллина сурт ду, бохуш.

Ши бІаьхо гІадваххана велавелира.

— Шайггара ваьккхина ву бохинца кхара Ленин? Ткъа берриге а хьолахой цхьана харий чу берзийнарг мила ву, тов?

Жимма хан елира цхьа а вист ца хуьлуш, тІаккха цу шиннах цхьаммо, леррана Идрисе а хьаьжна, хаьттира:

— Бакъдерг дийцалахь, доттагІ, хьо тахана хІума йиъна вуй?

— Йиъна ву со-м...

Ца тийшира салти цо деллачу жоьпах. Жимма ойла а йина, юха а Идрисана тІевирзира.

— Ткъа, Ленина ша хьайга и хаттахь, хІун эр ду ахь?

Ма холчахІоттийнера-кх оцу хаттаро Кавказан ламанхоІ Цхьана агІор цунна ца лаьара, шена бевзаш боцчу нахе юучунна шен бага гІаттаза шолгІа де дузуш хилар ханйта. Цундела делира цо цІегвардейцана нийса доцу жоп а... Ткъа, вукху агІор, нагахь гойла а хилла, Владимир Ильича ша и хаттар

дахь? — цуьнга-м бакъдерг дийца ойла сецца вара Идрис.

— Дийцахьа, хIун эр дара ахь Ленине?— тIевирзинчуьра дIа ца волура салти.

— Яаза ву, — дегаза, типпачу озаца хазийра Идриса.

— ДIаэца ткъа, — дIакховдийра салтичо цавсвзачу некъахочуьнга мекхан баьпкан юьхк.

— Хьашт дац, — лаьттан бIаьра а хьоьжуш, элира Идриса.

— И бохург хIун ду? — дегабааме хаьттира цIегвардейцо.

— Хьо хIаваах вежаш-м вац? Хьоладас ехийта кховдийначунна куралла яр, нийса ду. Цигахь кийра буьззина яхь хила еза. Вуьшта, къехо къехочун, белхало—могIарчу ахархочун бала болуш а, дика-воне ладугIуш а, вовшашна гIо деш а хилла даима. Ваи вовшех ийзадала ца оьшу. Суна ишгта хета...

— Кхийти со, ахь бохучух.

Идриса, меллаша схьа а эцна, кисана дилларa бепиг. Дикка лаьттира и, кисанара куьг хьала ца доккхуш, и хьаладаьккхича цу чуьра бепиг араэккхарна кхоьруш санна.

— Бакълоь хьо, оьрсийн накъост, — велакъежира Идрис. — Со кхузахула схьавогIуш цхьана кертара ураме велира цхьа хьаьрса корта болу стаг. Хоьттура цо: юхкуш туьркаш, Iежаш дуй хьоьгахь, бохуш. Схьахетарехь, адамийн цIий муьйлу къийзориг яра иза.

— Мичхьа яра и къийзориг? Цуьнан керт схьагайтахьа тхуна, — дийхира вукху цIегвардейцо.

Идриса гаштира хьаьрсачу «цхьогалан» ков-

керт. ЦIегвардейцаша сиха дийцира, Ленин Кремлехь болх беш хилар·а, цига муха ваха веза а.

Чехкачу боларахь, шуьйра гIулчаш а йохуш, вахара Идрис Кремлехьа.

Кестта дIакхечира хьажош лаьтта биллина, еттина кибарчиг санна, цхьабосса тIулг болчу метте. ЦIен майда яра иза. КIордор дацара Идрисана оцу майданахь долчу музейн хазчу цIеношка а, цигахула дIасауьдучу машинашка а хьежа, йиш хиллехь. Амма хьем бойла йолуш дацара гIуллакх.

ХIинца коьртаниг кхин дара. Ленин шена тахана гург хиларх тешийла каро лаьара Идрисана. Кхечу хIуманан ойла ян дага а ца догIура цунна.

Шега леррана ойла еш хьаьжча, хьуьнан хьех дагайоуьйтуш долчу цхьана кевнна тIекхечира Идрис. Оцу кех а волий, воьдура Кремла чу. Оцу кетIахь лаьтташ гIаролхо вара. Юххе кхаччалц цунна тIевахара Идрис, амма цуьнга хаттар деш вист ца хилавелира хIара. Эхь хетара... Юххехула тIехволучуьнга, шена ца хуучу оьрсийн маттаца нуьцкъаш хаьттира:

— Воккха стаг, дийцахьа, муха гур вара техьа суна Ленин?

— Тхо массо а вара Ильич ган лууш-м, — элира цо. — Гой хьуна дIо-о топ а карахь лаьттарг? Цо муьлх-муьлха а ца вуьту Кремла чу. Ленинан болх дукха а, сиха а бу, бохуш, — кIадвелла хеталора воккхачу стеган луьйчура сацар.

Идрисан хаъал пишъюьйхира. Ленин гойла ца нисдаларна кхоьруш цо гатдина са эрна

хила гIертара. Амма, цхьана дагахь доцчу диканах дог ца дуьллура Идриса, Владимир Ильичан болх мел сихий, дуккий белахь а.

Юьртахь хиллачу собранехь Мустаев Iмрана дийцинарш дагадаьхкира кхунна хIинца. Уьш, и дешнаш, ша-шега юха а хезаш ала догхилира цуьнан. Амма ца олуш сецира. ХIан-хIа, кулакийн эладитанашка ладегIа а, я царех теша а ца веза. Ленин волуш хиларан шеко, бакъдолчух теша луучийн цкъа а ца хилла. Сурт стенна тIера доккхур дара цуьнан? ХIара деш, хуьлуш лаьтта гIуллакхаш хьенан лаамца ду...

Ленин ган веза. ХIуъа дина а, и ца гуш дIаваха мегар дац!

Лаьтташ, лелаш долчу адамашна юкъахь тайп-тайпана къамелаш хеза. Мокха йовлакх коьртахь, эгIаза лекхачу зудчо дуьйцу:

— Владимир Ильич хIор денна, болх чекхбаьлча, хIокху кех а волий, воьду садаIа дIа. Нагахь адамаша шега соцунгIа хилар дехча, иза цаьрца къамеле волуш меттигаш а йогIу.

— И иштта делахь, — элира Идриса ша-шега, — со хьаха ву и аравалорс хьожур, буьйса юккъе яххалц Iийна а.

Идрисана юххехь лаьттачу стеган бIаьрг оцу кевна тIера минотана а дIа ца болура. Салти вацара и, тIера бедар цуьнчух тера елахь а. КетIахьа теIачу адамо и стаг Идрис волчухьа туьттура.

Кевна тIера бIаьрг а ца боккхуш, дай-й хаьттира цо Идрисе:

— Дукха хан юй хьо кхузахь лаьтта?

— Пхи-ялх сахьт хир ду.

— Ленин ган лууш лаьтта хир ву хьо?

— Лаьтта-те. Ахь хIун лардо ткъа?

— Цуьнга сатуьйсу-кх ас а. — Идрисан лере а таьIна, иштта внетхилира иза: — «Тхо Печорера ду. Муьжгаша дахкийтина тхо. Ленин тхешан бIаьрташна гуо, аьлла цара тхоьга. Цхьа харц хабарш даьржинера Ленинах лаьцна тхан ярташкахула. Эхь а ца хеташ, цара (хьоладай буьйцу ас) маьхьарий детта: «Цхьа а Ленин вац. И ву бохург — Iовдал нах Iехо большевикаша даькккхина туьйра ду!»

— Билггал ишта олуш хьуна-хьайна хезий, доттагI? Мила вара и хабар дуьйцург?

— ХIокху сайн лергашна-м, дера, хезна и дIаьвше мотт луьй. Тохара, паччахьан заманахь, акхаройн цIокарчий юккуш вара и йоккхачу туьканахь. Ткъа хIинца — спринкашший, сабий, мехкадаьттий дуккуш ву. Лаьхьа бу-кх... адаман суьртахь лаьхьа.

— Лаьхьа хилла а ца Iа, цIена мостагI ву... — меллаша, амма чIагIдеш элира Идриса. — Тхан юьртахь а вара ишта цхьаъ — Мустаев. Цо а дуьйцура Ленинах лаьцна изза. Схьагарехь, бух цхьаъ бу цу хабарийн. Со цкъа а ца теша оцу боьхачу хIуманаша юьйцучех.

— Со а ву ишта хеташ, — чIагIдира муьжгичо. — Амма Ленин сайн бIаьрга ган лаьаркха.

Кремлан кетIахьа берш меттахъхьайра. ГIовгIанаш евлира. Цхьаммо-м чIоггIа мохь туьйхира:

— Ленин вогIу! Ленин вогIу!

Массара а хазахетарца чIагIдора:

— Ван а ву!

— Ленин!

— Ильич вогIу!

Шен берриге а пицкъ тIетаIош, гIоьртина, массарел хьалхавелира Идрис.

Машина юххе схьакхечира. Чохь хиъна Iара Ленин. Ов-вай, ма тера вара-кх и районера СаьIида деанчу суьртах.

ХIан-хIа, и, шайггара ваькккхина стаг воцуш, Iаламо кхоьллина, бакъволу къонаха хилла!

— Ассалам Iалейкум, Ленин, — мохь туьйхира Идриса, ша мел чIогIа туху а ца хаалуш. Дайн Iедалехь и нийса ца леринехь а, дукха хазахетарна, ша хIун до а ца хууш, цо, схьа а баькккхина, лаккха ирахкхоьссира шен куй.

Ленина машина сацаяйтира шофере. Машинара каде охьа а ваьлла, цхьана меттехь соцунгIа а хилла, дегI жимма хьалхахьа а таIош, вистхилира тхьамда гулделлачу адаме:

— Суьйре дика хуьлда шун, накъостий! Маршалла хуьлда шуна! — ЧIогIа ца лехь а, къаьсташ, доггах, кIеда-мерза дара цуьнан хIора дош.

Шен нисбеллачу некъах воккхавеш, чехкка тIевогIу Идрис Ильичана жимма воьхна-а хетавелира. ТIаккха хецца, цуьнгахьа гIулч а яьккхина, герггара вевзачу, амма ганза дукха а хан яьллачу, дукхавезачу доттагIчуьнга санна, догах маршалла хаттарца вистхилира Владимир Ильич месала куй болчу ламанхойн кIанте.

Ленинан маршаллин дешнаш — уьш башха чIогIа аьлла ца хиллехь а — шадолчу адамана хезира.

— Маршалла хуьлда хьуна, Ленин!.. — и

шайн цхьаьнакхетар гIенах доцуш, самах хиларх тамаша бина а ца Iеш, жоп делира Идриса, бIаргаш Ильичана тIера дIа а ца бохуш.

— Хьо, хетарехь, Кавказера ву моьтту сона? — мерзачу Iаьнарца хаьттира Ленина.

— Со нохчо ву.

— Москох цхьа гIуллакх хилла веана хир ву-кх хьо? — хьошаллин дара тхьамдин хаттар.

— ГIуллакх хилла веана, — элира Идриса. — Хьо гархьама. Хьо вац боху мостагIий къарба. Ленин, сурт доцуш, бакъволу тхьамда вуйла тхайн эвлахь ханйта...

Владимир Ильич цIеххьана гIадваххана велавелира.

— Сурто, маршалла а хоттуш, куьг лоцур доцийла ханйта ахь контрана.

— Дика ду, Владимир Ильич! Ахь санна хаза маршалла хоттуш суна цхьа а ца гина. Тхан эвларчу аьчганхьеро Iабдуллас хотту маршалла ншттa чIогIа.

— И товш ду. Марша гойла вайна, накъостий! — Идрисе а, кхечаьрга а куьг ластош Iодика а йина, машина хиъна Ленин дIавахара...

Адамаш кестта дIасадахара, ткъа, Идрис Кремлан кетIахь лаьттира вехха, Iадийча санна, хиллачух тешний, воккхавний ца волуш. Ильичан хIор дош, болар, цуьнан тамехь дIасахьовзар, адамийн бIаьра хьажар, хабаран аз, цо куьйгаш лелор — дерриге а юхюха ойланехь карладаха лаьара. Дог детталора, кийрара схьадала санна. Коьрта чохь бесбесара хеттарш, лаарш, ойланаш гIуьттура. ХIунда дуьйцура ас Ленине Iабдуллех лаьц-

на? Сонта хIума дарий техьа цигахь? ХIун хийтира техьа тхьамдина ас дийцинчех?

Цунна мелхо а тайна хила мега ас дийцинарш! ХIунда аьлча, юьхьа тIехь чIогIа векхавелла вара Ильич. ТIаккха совнаха хIума ца деана сан хабарехь.

Тхьамда гаро таме карзахваьккхинчу Идрисан дог, жим-жимма долуш, паргIатделира уьш дагадаьхкича.

Кавказан лаьмнийн воI цIерпоштнекъан вокзале ваха сихвелира. Билет а эцна, оцу дийнахьехь новкъа велира и.

Кхаъ биллича санна, къилбехьа хьаьдира цIерпошт, наггахь аьчган некъаш хитталучохь, Шотойн лаьмнийн чIожахь мокхазан бердех накха бетташ, дато суйнаш туйсу Орга санна, вагонаш буьрса кхийса а луш. Юьрте боккха кхаъ баккха сихачу Идрисан даге хьаьжжина, чехкадуьйлура цIерпоштан буолар. Набъозийра ламанхочунна. Исбаьхьа гIенаш дайра цунна. Гира кхунна ша арабаьккхинчу оцу бехачу халачу некъан гIо лаьцна гергара адамаш, хьуьнаре гIалгIазакхий Павел, кхуьнца шайн баьпкан юьхк екъна ши цIегвардеец. Цхьаммо а ваьккхина воцуш, суьрта тIехь хилла ца Iаш, шена ша ма-варра гина, кхеран юьртахочун аьчгапхьеран Iабдуллин санна, куьйгашкахь чIогIа ницкъ болуш волу, дийна Ленин-м, цкъа а хьалхара дIа ца вала, гуттаренна а Идрисан даг чу вижинера.

ТУРПАЛЧУ НЕКЪАН ЮЬХЬ

Халкъан бакъ къийсинчу граждански тIам тIехь
Молхано духар тIе йис тоьхна дада,
Стогаллин, сийлаллин хьехар дай, тIам тIе
Воl новкъа ваккхалахь, мехкан сий ларда!
Нохчочун, гIалгIачун яхь йолу нана,
Хьайн доьзал хазбинчу мехкан сий ларда,
Ца юхуш, тIаме воl кечвелахь тахна,
Вайн мостагI вохорг кхойкхуш ву тхамда!

(I. Мамакаев. «Даймехан тIам тIе»).

Иза дара 1942-чу шеран май беттан хьалхарчу деношкахь, Краснодар гIалина йистерчу Пашковски станицехь. Тешнабехкан ямартлонца вайн Даймахкана тIелеттачу немецко-фашистски йовссаршна тIамца дуьхьало ян кечлуш яра кхузахь Нохч-ГIалгIайн къаьсттана йолу 255-гIа дошлойн полк.

Еххачу заманчохь лерина болх беш художнико диллина сурт а хир дацара оцу дийнахь гондахьа гуш хиллачу Iаламал хаза: генна къилбехьа гуш дара бес-бесара духаршца могIанаш дахдина Iохку Кавказан данна къона, исбаьхьа лаьмнаш. Церан ирачу, акхачу бах-

хьашкахь, бамба санна, Іуьллу кІайн ло, тов хІоттош хьоьжучу аьхкенан Къилбен малхо, дети санна, къегадора, шайга хьаьжчи бІаьргаш чу хиш а хІиттош. Царел жимма охьанехьа, юххехь долу лаьмнаш, шайна тІехь цхьа а дечиг йоцуш, похчийн зудчо поппаран са боккхуш нисдина цІенойн пенаш санна, шера басеш а йолуш, бархат санна, сийначу бецан кузо хаздина гора.

Ткъа церан лахенашкара лекхачу пеппийн, баганан, къаьхьачу стевнийн луьста хьаннаш, цІехьашха хьаьжча, дукъа, хаза хьаьвзина даьллачу бухарийн доккхачу холхазах тера хеталора.

Эзарнаш шерашкахь оцу баххьашка диттинчу догІаннйх хиллачу Іовраша лаьмнийн когашка охьа уьдуш даьхначу боьранаша, бакъо боруш дуьмнна дина уьрсан тачанаш дагадахкийтора. Оцу тайпанчу боьранийн моханаш лаьмнийн лакхенашкара охьауьдуш дукха яра. КІорггера ойла йинча, хеталора: «Цкъа гинчунна цкъа а шу дицдала тарлой техьа, тхан хьоме Кавказан лаьмнаш?»

Оцу хазачу лаьмнийн когашкара дуьйна схьа, шуьйра тІамарш яржийна, Іохкура хьийкъинчу ялташа язйинна колхозийн аренаш, яй-й тулгІенаш а стташ.

Цхьаннахьа а гуш марха йоцчу оцу декхначу дийнахь малхо Іеночу зІаьнарша къаьсттана там бора сийсара сахиллалц, мостагІчунна тІе буьйсанна штурм муха ян еза Іамош йинчу тактически занятешкахь набъяйна а, дегІ кІадделла меженаш лацаелла а волчу, цул совнаха берриг и шен бІаьхаллин накъостий ара

занятешка бахарна, вистхуьлуш юххехь стаг а воцуш, цхьацца хІуманаш дагаэхаро цхьа вон сингаттам а латтош, бІаьргашна мерзачу набаран тар а туьйсуш, подразделенин казармин пеІарехь Іечу Зелимханан дегІана.

Цкъа лаьмнашкахьа хьожуш, тІаккха шена гобаькккхина йолчу стоьмийн бошмашкахь бесбесара депачу зезагашка хьожуш, дог хьоьстуш, ойланашка а вуьйлуш Іечу Зелимханна хетара: «Беркат яІ, хьо буц... Дуьне ца доура, пижа йиш а хилла, оцу Іожа кІел, массо меже шена ма хетта дІа а хецна, паргІат, цхьанашина сохьтехь набарна ца вижича... Ма зама йойур яцара ас эткаш дІайохуш, юкъхара доьхка малдеш, кучан кочера нодарчий дІайохуш». Бакъду, Зелимхана безамца бІаьрг беттачу бешан Іалам дан а дара хаза бохбелла гІушлакхе маьлхан зІаьнарш лаьтта ца кхочуьйтуш, лекхачу стоьмаша Іниданіа латтадора бешахь. Лаьттахь, бай-й хьоькхучу аьхкенан мелчу мохо, меттахъхьеешу, сгайора цІена, ховха буц. Дагна там беш хезара олхазарша лоькху зевне эшарш. Ткъа, хІаваъ, дийца ца оьшуш, вайна массарна а девзуш ду — вайн башха, кавказски могуш хІаваъ. Кийра буьззина ахь иза чуозарх, дог Іабац цунах.

Набарха исбаьхьа гІенаш а дайна, цІеххьана самаваьлча шена гинарш самах цахиларна, дагахьбалламе хуьлу стаг санна, шен коьрта чу оьху, кхочушъян йиш йоцу мерза ойланаш даггара юха туьттуш Іечу Зелимханан дагахь дара: «Вуьжий, садоІий зама яц хІара. Луьрачу тІеман деноШ... Даймахкана мостагІчо туьйсу кхерамаш... Бакъонан тІам тІехь толаме кхаччалц къийса, лета гІевттина советски дер-

риг халкъаш. Синкъераманнин, садаIаранний ойланаш дIаяха еза коьртера, вайн латта фашистийн боьхачу когаша хьоьшуш мел ду. СадаIа зама яккха еза цу акхарошкара буьрсачу тIамца...»

ЦIеххьана шен коьртера и ойланаш луьстуш Iачу Зелимханна аьтту агIорхьа адаман когийн тата хезира. ВогIуш верг полкан командир вара.

— Эскадрон, смирно! — аьлла, буьйр а дина, цунна дуьхьалхьаьдира Зелимхан.—Накъост майор, хьох тешийна йолчу 255-чу похчIалгIайн полкан кхозлагIа эскадрон тIеман дошлойн атака Iамош, занятехь ю! Эскадронехь бохаме хилла хIума дац! Эскадронан дневальни — могIара салти Муртаев!—II рапорт а делла, чехкка, Iемийчу бIаьхочун гIулч тесна, майорана некъ буьтуш, цунна аьрру агIор хIоьттира Зелимхан.

— ПаргIат хила! — аьлла, полкан командира дина буьйр карла а даьккхина, жимма тIехьуо озалуш юххехIоьттира дневальни, чехкка гIулчаш йохуш, подразделенийн казарме вогIучу майорна.

ТIехуленца тергам бича подразделенин кертахь а, цуьнан казармехь а дика порядок яра: горгамаш а хьаькхна, цIанйина яра чоьнаш, салтийн маьшгеш могIара лаьттина ца Iеш, царна тIера гIайбеш, гIайбешна хьалха, кхомаьIиг йолу салтийн письмош санна, цхьабосса Iохку юьхьах хьокху гатанаш а, тай тоьхча санна, цхьатера нисдина а, тодина а дара; казармехь дитина тIеман герзаш пирамидаш тIехь цIеналла къегара; чIогIа цIена яра подразделенин уьйтIе а, керт а.

Ша дика дIахьош долчу дежурствана командиро баркалла эриг хиларх чIогIа дог тешна вара, майор ваьл-ваьллачу вуьйлуш, цо олучуьнга ладоьгIуш, тIаьхьахIоьттина лела Зелимхан.

Эскарехь итт шарахь гIуллакх дина волчу майорана дика хаьара, дукха хан йоцуш эскаре баьхкинчу салтийн ледарлонаш муха, муьлхачу меттехь хила тарло. Цо, ша воьддушехь казармн чуьрчу пеша хьалха а вахана, цуьнан неI схьайиллира. Пеша чуьра кехаташ а, нехаш а, уьн тIе хаьхкина кхоьш санна, схьахьаькхира. Майор, вист ца хуьлуш, шен дегIаца вула а велла, буьрсса хьаьжира дневальнига. Цунна гира цуьнан дагахь дерг.

ТIаккха герзийн пирамидашна тIевахара майор. Царна тIерачу пхеа тоьпах цхьаъ схьа а эцна, кхин цуьнан тIехуленан тидам ца беш, чехкка охьатоьхна, шен бенчуьра чапха схьа а яьккхина, хьаьжча: патармийн пистон оьккхуьйтучу зIакаран юьхьигана гонах тесна мекха яйча, майор юха а дневальнега хьаьжира.

— Тагирови топ!.. — дневальнис аьлча а, кхин вист ца хуьлуш, амма шен буьрса хьежар мал ца деш лаьттара майор.

— Хьажа а хьожуш, эца деззачу кепара герзаш хьалхарчу сменера дика схьа ца эцарна, бехке ву со, накъост майор, — элира дневальнис юха а оцу ледарлонашна догдаьттIа, шен Iаьржачу бIаьргаш тIехула хьажаюккъе боккха шад а хIуттуш. Кхин а масех ледарло карийра Висаитовна Зелимханан дежурствехь Iадийча санна лаьттачу цуьнан юьхьа тIера бос кест-кеста хийцалора: юьхь цкъа цIийеш,

кхохкош, тІаккха, дукха цІий дІанхначу, чов хиллачу бІаьхочун санна, иза беса еш, уьдура цуьнан дегІехь цІий.

ТІаьххьара а ша араволуш, чІурам санна, вулалуш ниг а велла, юкъ къевллина дихкинчу доьхкара кІел шалха яхана коч а тоеш, дІахІоьттинчу диевальнега хьаьжира майор. Майоран бІаьрг кхийтира диевальнин куча тІерачу дешеха къегачу подарчех. Дечиган прибора тІехь, цергаш цІанъеи порошок а хьоькхуш, лерана цІанйиера цо уьш, ша диевальи ваха кечлуш.

— ТІехула, гуш полчохь къегаш порядок ю хьан, амма ца гучохь — вочу хІусамненан маьнги кІел санна, нехаш карайо, — элира майора, пешхьа пІелг а хьажош. — Кьонаха даг чуьра дуьйна хила веза оьзда а, цІена а.

Шена дагахь а доцу кхачамбацарш майорана дуккха а карорна бехкала вахана а, цунна хьалха бехказа вийла гІертарна эхь хетта а, дерриг дегІ, тхьуздоьлча санна, зийзара Зелимханан. Оцу минотехь цхьа а дош ца делира цуьнан багах, амма цІехьхьана дагатесира шайн напас, беран хенахь дуьйна, шен йижаршна ша Іечохь цІенгй, оьздий Іеи везарх лаьцна хийла дина хьехарш.

Дуккха а шерашкахь Советски Эскаран могІарехь гІуллакх дарна бІаьхаллин низам а, Даймахкана доза доццуш муьтІахь хилар а тІамарх доьлла волчу майорна а даьхкира оцу секундехь дуккха а хІуманаш дага.

Полкерачу хІор салтечо, сержанто я эпсаро Снйлахь-Боккхачу Даймехкан тІамна кечлуш деш долу гІуллакх, иза мел жима делахь а, нохчийн, гІалгІайн халкъан дІаяханчу заманан

сийлахьчу историна, цуьнан турпалчу гIуллакхашца дузура цо.

«Пайчахьан заманан къизчу Iазапашна дуьхьал майра леттачу халкъо шен иллешкахь хесточу, кхералур боцуш хиллачу къопахойн: Мадин Жаьммарзин, Iахийн Темаркъийн, Адин Сурхон, Харачойн Зеламханан тIаьхье, Кьилбседа Кавказехь Советан Iедал дIахIотточчу хенан гражданскн тIеман луьрачу муьрехь Октябрьски революцин майра мурд хиллачу, нохчийн халкъан турпалчу кIентан Шеринов Асланбекан, революционерах гIалгIайн майрачу кIентан Ахриев ГIапуран бераш, — сан хьомечу халкъан оьзда кIентий, хIинца вайна тIе ма-хIоьттина йоккхачу сийлалларг — вешан къоман а, советски дерриге халкъийн а сий, вайн башхачу Советски Даймехкан пресий, цуьнан бозуш цахилларрий лардар!» — бохуш ойланаш гIуьттура майоран коьртехь.

— Советски Эскар, — хезаш элира, Зелимханехьа юха а вирзина, полкан командира,— кху дуьненахь мел долчу эскарел майранний, оьзданний, бIаьхаллин лаккхара низам долушший, кхечу эскаршна масалла дало мегар долушший эскар ду. Вайн эскаран салтий тIехуленца къегина хилла ца Iеш, шайн дегIан даьIахкийн тIамара тIера дуьйна схьа цIенанний, баккъий хиларца а, моттаргIанаш цалелорца а къаьстина гуш бу кху деношкахь дерриге а дуьненна. Дуьненан халкъаша доккха сий до хьан хеннара болчу вайн кегийрхоша халонех а, гуш йолчу Iожаллех а ца кхоьруш, советски Даймехкан, халкъан сий стогаллица лардеш, эшначохь шайн къона дахар дIа а луш, кху

къизачу тIам тIехь гойтучу турпалаллин.

Лаьррана Зелимхане а хьоьжуш, соцунгIа хилира Мовлад. «Правда» газета буьйнара куьг дегIаца охьа а хецна, юха а вистхилира иза:

— Дагалацал ахь оьрсичун йоьIан Космодемьянская Зоин, украинцан Чекалин Сашин, белоруссан Гастелло Николайн, нохчийн майрачу танкистан Мазаев Маташан, хIиричун Мильдзикови, дегIастанан къоман турпалхочун Гаджиев Мухьмадан тIеман хьуьнарш а, церан турпала гIуллакхаш а. Цу къонахошна юккъехь, малх санна, къаьсташ ву нохчийн турпалхо Нурадилов Хаппаша а. Иза хIинца а тIом беш ву. Иштта майрачу эскаран бIаьхойх цхьаъ ву хьо а. Тахана подразделенехь хьан йоцчу порядко, кхана вай тIам тIе хIиттича, хьо, уьш санна, майра летар ву ала бакъо ца ло суна. Мел доккха а, мел сийлахь а гIуллакх жимачунна тIера дIадолало. И хаа дехкар ду вайн полкан массо бIаьхочун. ТIамна бечу кечамехь кIезиг хIума дан а дац, хила а дагIац!

КIеззиг бен йоцу ледарлонаш чIогIа билгалъяхар шен куьйгалли кIел болчарна куралла дагаярна кхоьруш а, гуш болчу кхнамех ша тоам беш цахилар а дара майоран. Амма йолуш йолу порядок ца гуш а, шен дагахь цунах воккха ца веш а, тIаме хIиттичи нохчийн, гIалгIайн кIентий мостагIех майра летарг хиларх мискъалан зарратал шек волуш а вацара иза.

— Ткъа минот зама ю хьуна и хьайгара девлла гIалаташ дIадаьхна аьлла, шайн эс-

кадронан дежурнега рапорт дала. Кхочушде!

— Кхочушдина хир ду! — жоп делира Зелимхана.

Гена ваьлла дIавоьдучу майорана тIаьхьа а хьоьжуш, Зелимхас ойла йора: «Хьо бакъву, накъост... Амма дагахь ма-дарра цкъа лелаш а гур ву хьуна со, ахь бийцинчу оцу халачу гIам тIехь. Цигахь ахь хадор бу сан гIуллакхийн ницца мах а».

ГIхийтта минот яьлла а хир яцара майора билгалдаьхна кхачамбацарш дIадахаран хьокъехь эскадронан дежурнега рапорт дIа а делла, уьйтIа ваьллачу Зелимханна, гена йоццучу майданахь эскадронийн, взводнийн командирашца «Дошлойн атака» Iамор дIахьош волчу майоран аз хезча.

— Гур, ншта белш хьалхахь лаьтташ хила деза, — хезара, — ткъа, мостагIчунна тIаьхьа а кхиъна, цунна тур тухуш когнин голаш, дегI муха лело деза ас хIинца гойтур ду шуна.

Командирийн тобанна хьалхахь цкъа дIахьаьвзаш, гIаккха схьахьаьвзаш, юха тIаьхьарчу когаш тIе ира хIуьттуш, багара чопаш а Iенош, дIаэккха гIерташ, чIогIа синтем боцуш лаьттачу лекхачу, сирачу динахь волчу майорах бIаьргкхийтира Зелимханан. Хьалхахь кисанаш долчу мокхачу дагоналан куча тIехула дихкина эпсаран шуьйра доьхка а, кегий галифеш йолу сийначу исхаран хеча а, аьтту агIор хаьн тIехь кхозуш детица кхелинчу дечиган хумпIара чохь иттаззайолу тапча а, аьрру агIорчу хаьн тIехь кхозуш секхаIодах терра ахсеттина гIама а йолуш, говрахь, цунна тIе воьгIча санна, товш хиъна гуора Мовлад. КIайчу юьхь-сибатца къаьсттана товш долу шен

таьIана сийна бIаьргаш, лерана хьалха хьежош, «мостагIашна» тIедоьгIнера цо.

ДоIахан басахьчу бухарийн холхазан лоха куй-кубанка аьрру куьйга шен коьрта тIе охьа а таIийна, чоьже шпораш ца таIош, мелламаша говран урх малйира цо.

Ижуша тIекхоссалу цIоькъалом санна, дIахьаьдира сира дин. Доккхачу татанца еттачу бергашца цо схьайоху лаьттан коржамаш гейна ирхъоьхура. МостагIий-гIаккхарш: аьтту а, аьрру а агIор боьгIна барх-барх сара бара Iода кхоьссина тIулг санна, тоьпо а лоцур барий техьа и аьлла, чехка хьаьдира дин, тIера бере сет-сеттинчу агIор а таьIаш. Луьйтанаш чуьрчу когаш тIехь ира а хIуттий майоро «мостагIчуша» ласточу туьро шакарца бокхкура гуо, ткъа цуьнан, малхо а къегош, сиха хьовзаро, стигал а къекъаш, чIогIа догIа догIуш туху стелахаьштиг дагаданйтора. Дин мел чехка хьаьдда хиллехь а, «мостагIий» мел луьста хиллехь а, майоро лесточу туьро гIалатло ца йора: дIакхетташехь, тукаро кехат санна, юккъех шиъ вешш, хадавой охьавожапора цо «мостагI». Иттех секунд ялале, дехьа а, сехьа а лаьттина ялхийтта «мостагI» лаьттахь Iуьллура.

«Иштта шега ца детталахь, хаьи тIе а тесна гур лело а, я дошло ву ша бохуш, гIашлошна хьалхахь дозаллаш дан а ца деза-кх»,—ойла йора Зелимхана, полкан командире а хьожуш.

ДIаоьхура денош. Нохч-ГIалгIайн дошлойн полк шен тIеман хаарш совдохуш, мостагIчуша дуьхьалъяла кечлуш яра. Оцу коьртачу

Iалашонна дIаделла дара, могIарчу салтечуна тIера, полкан командирана тIекхаччалц волчу массо а бIаьхочун хаарш а, лаамаш а, ницкъаш а

Массо хенахь синтем боцуш велахь а, полкан командир тешара мел луьрачу тIам тIехь а иохчийн, гIалгIайн бIаьхоша ша юьхьIаьржа хIотторинг цахиларх, халкъан лааммий, тешаммий кхочушбеш царех муьлххарг вала а кийча хиларх. Амма, цхьа бийца ницкъ боцу, ша тайна сингаттам лаьттара майоран кийрахь. «Iедалой, халкъой сох тешийна дуккха а адамийн дахар, – ойланаш йора цо буьйсанна садаIа ша дIавижинчи а. — Ткъа, адамал деза хIун ду! Сан куьйгаллина кIел болчу бIаьхошна юккъехь масане жима стаг хир ву дуьххьара йоIе баханчу безамо кийра баггийначохь, адаман дахаран оцу хазачу бIаьстенна хIокху тIамо гена ваьккхина? Масане доьзалш хир бу, толамца тIом чекх а баьккхина, шайн дуккхабеза дай цIакхачаре сатуьйсуш? Буьйсанна синтем боцуш, дийнахь маьлхан серло ца гуш масане наной а, зударий а хир бу шайн кIенташна, марошна сагатдеш? Кхана тIаме хIоьттича ас тIеоьцу болчу сацамех, цераш шийсаллех, оцу тIамна ас бIаьхой дика кечбина хиларх — ас леш долчу гIуллакхех дозуш хир ду адамийн дахар, юкъарчу гIуллакхан кхиам, царна луурш, цара сатуьйсурш кхочушхилар»...

Коьртехь кхин а, кхин а дуккха а ойланаш ийалора. Дийнахь-бусий 18-19 сохьтехь тIетаьIинна болх барна, дегI кIадлуш хиллехь а, оцу башхачу командиран коьртан хье иза набарна дIавижинчул тIаьхьа а, хийла хан яллалц, наб а кхетийтина, садоIуш бацара. Дан деза-

чу гIуллакхийн, хьалхалаьттачу декхарийн ойланаш жимма листина ша ваьлча, дагахь, ша-шега хеттарш дан волалора иза: «Хьалхалаьттачу декхарех уггаре а коьртанниг хIун ду техьа? Иза дика кхочуш муха далур дара техьа?» Хьем ца беш жоп а лора ша: «Коьртанниг — ницкъ ма-кхоччу чIогIа бIаьхой зенех а ларбеш, мостагIашна тIехь сихха толам баккхар ду. МостагIий тIеман зеделларг долуш, тIеман гIирсаш дика болуш, шаьш схьалецначу европейски пачхьалкхийн ницкъаш вовшах а тоьхна, вайна чубаьржинехь а, вай, вешан Даймохк ларбеш, бакъонан сийлахьбоккха тIом беш ду. Эшалур доцуш ду вайн халкъ а, цуьнан турпала эскар а. Толам вайн хир бу. Вуьшта, хьалхалаьтта кхийсам — хала а, боккха а хир бу. Цунна полк кечьяа еза дийнахь а, буса а. ТIе тидам ца бохуьйтуш йита мегар дац мел жима и елахь а цхьа а ледарло. ТIом, тIам тIехь толам баккхар — уьш даккхий гIуллакхаш ду, ткъа «доккхачу гIуллакха тIехь, — хьехна В. И. Ленина, — кегийра хIуманаш ца хуьлу». ТIеман хаарш, говзаллаш уьйуш бIаьхошкара бечу лехамашна мало яи ца еза...».

Буьйса юкъал тIех сахьт (дукхахьолахь шиъ) ца даьлча наб ца кхетара цунна; тIаккха а еш йолу ойланаш кхачийий, синтем хуьлий а ца кхетара.

Iуьйранна пхи сахьт даьлча подразделенешкахула талламаш беш хуьлура Мовлад, буьйсанна вижа а вижий техьа и, олий хоьтуьйтуш. Шен бIаьхойн, церан куьйгалхойн-эпсарийн хьашташ цкъа а мел ца лучу шен тидамехь латтадора, царех хIоранна бIаьра, шен

цхьаъ бен воцчу кIанте да санна, догах хьожура иза. Говрашна хаддаза баа хIоъ, полкана оьшшучул герзаш, тIеман гIирсаш, бIаьхошна юург, юхург хилийтар, хIор салтечун догойла хаар, штабан балхана тIехь дан дезачу куьйгаллин... — оцу дерригенан а гIайгIа бан безара, уьш дерриге а, куьзганахь сурт санна, гуш хила лаьара цунна. Кьаьсттанчу тидамна кIел латтабора но полкан подразделенешна юккъехь а, луларчу эскарийн кхечу дакъошца а йолчу зIенан, разведкин белхаш.

Эпсаршца ша дIахьочу кхеташонашкахь а, лахарчу командирашцин, салташцин дечу къамелашкахь а кIад ца луш, кIорда ца деш хьоьхура Мовлада «...зIе — иза эскаран синпхенаш», ткъа «... разведка — эскаран бIаьргаш а, лергаш а» хилар. Оцу гIуллакхийн хьокъехь тоъал дукха дийцинера подразделенийн партийний, комсомольский собранешкахь а, политбелхахоша хIор денна хуьлучу шайн политинформацешкахь а.

Полк тIамна кечъеш эпсарша а, полкан штабо а дукха гIуллакхаш динера. Вуьшта, тIеман кханалерчу дийно хIун гойтур ца хуучу Мовладана динарш кIезиг хетара, синтем бацарна. Оцу вуьззинчу къонахчун дог карзахе детталора.

ТIамна кечбечу занятешкахь дийллачу хьацарийн кIайн хьоькхнаш яра хIоранан а кучан букъа тIехь. «Iамочохь хала — тIом бечохь атта» — аьллачу оьрсийн сийлахь-вокхачу полководцан Александр Васильевич Суворови дешнаш даима а дара Мовладан дагахь. Цул совнаха, цунна дика хаьара, коммунисто, юьхьенцарчу кхиамех тоам бина, ку-

ралла дагаянйтар чIогIа зуламе лоруш дуйла а.

Дийнахь а, буса а кIад ца луш тIеман гIуллакхашна кечйора цо а, штабан начальника капитана Алханове а полкан штаб а, цуьнан отделаш а, подразделенийн эпсарш а.

Набарна бIо ца къажош, буса сахила доллалц Iара Алханов, кхана хийолчу занятеша на чолхечу тIеман гIуллакхаш топографически карташна тIе дохуш, полкан подразделенийн командирашна кхана хьалха хIитто тайп-тайпана декхарш Iамош

Массо а кепара шайн тIеман хаарш совдохуш, салташний, сержанташний уьш мало ца еш хьоьхуш бара полкан подразделенийн командираш: тIамо хIинцале туьйсина хIири Цопанов Султан, нохчо Эскиев Мохьмад, даргинец Далгатов Мохьмад-Зафир, чIогIа забаре хиларна «Мол-Несарт» аьлла цIе яхана лейтенант Хасанов Iабдурешид, къамелана бIаьрмениг, амма дечу гIуллакхана тIера волу лейтенант Исмаилов Iабдул-ВахIаб, ишшта Айдамиров Ваха, Тангиев Зелимха, Льянов Мухтар, хийла кхиберш. Партийн бакъдолу дешнаш бIаьхойн лере кхачош, церан дог-ойла ойуш, фашисташна тIехь толам баккхархьама Даймахкой, партиссий хьоьхург кхетош дуьйцура политбелхахоша: Дугаев Хьумидий, Межидов Зелимхассий, Денилов Хьамидий, Сапаев Билассий, Хакишев Шалаудлиссий!

XIетте а хIинцалц схьа тIеман хьожа а ца кхеттачу, къуоначу яххьаш тIера беран бесташ а даза болчу кегийчу салташка хьаьжча, цхьа къайллах хеттарш хIуьттура полкан командирана хьалха:

«Латталур буй техьа хIорш кху заманан тIеман гIирсийн пуьцкъала гIагI дуьйхинчу мостагIчунна хьалха?

Дан оьшурш дерриге а дийин техьа тIамна дуьхьало ян а, цул гIаьхьа мостагIчунна тIехь толам баккха а кечам беш?

ХIун гонтур техьа луьрачу кханено?»

1942-чу шеран июнь беттан хьалхарчу деношкахь Нохч-ГIалгIайн дошлойн полк тIамна кийча хиларе а, цуьнан бIаьхойн, командованин хIун хьашташ ду а хьажа тхо долчу Краснодаре веанчу Советски Союзан Маршалан накъ. С. М. Буденныйн омра кхочушдеш, «ТIеман орца» даьккхира полке Буьззинчу тIеман гIирсашца схьагульелла дIахIоьттира полк. Пулеметни эскадронна хьалхахь лаьттачу цуьнан командирашна Бузуртанов Ахьмадний, Хакишев Шалаудднний ша юххе нислушшехь бIаьхошна тIе а вирзина: «Маршалла ду шуьга, сийлахь пулеметчикаш!» — элира Маршала, дегI а нисдеш. Цунна жоп луш «Маршалла хуьлда, накъост Советски Союзан Маршал!» — цхьабосса бIеннаш аьзнаш дийкира чIогIа. Яккхийчу тоьпийн, минометийн подразделенешна юххе кхаьчча: «Маршалла ду «тIеман дела» ларалучу артиллерин бIаьхошкий, командирашкий!» — мохь туьйхира Маршала. Цунна маршаллин тIех дика жоп делира артиллеристаша Семен Михайловична. Ишта маршалла хоттуш, массо а подразделенига хьожуш чекхваьллачу цо, доцца къамел дира полкана хьалхалаьтта тIеман декхарш дуьйцуш. Полк тIамна кечлуш эпсарша а, сержанташа а, салташа а баьхна-

чу кхнамийн лаккхара мах хадийначул тIаьхьа Буденныйс элира:

...«Кънлбседан-Кавказехь Советан Iедал хIоттош 1918-1920-чуй шерашкахь гражданскн тIамехь майраллий, тешамаллий, оьздангаллий полуш тхуна бевзинчу шайн дайн сий кху Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь аш кхин а лакха ойург хиларх тешна ю Советски Союзан TIеман Нацкъийн Коьртакомандован».

Накъ. С. М. Буденныйс даггара диичу довхачу кьамело тхан хIоранна а дог-ойла, чIогIа хьостуш, гIаттийра.

Къаьсттана хазахетта боьлура Зелимханан дукъачу, Iаьржачу цIоцкъамашна кIелхьара схьахьоьжу, коканаш санна Iаьржа ши бIаьрг. Цунна дагадаьккира гражданскн тIам тIехь жигара дакъалоцуш чевнаш хиллачу шен дас Iабдул-Керима шаьш биичу тIамах дукхазза дийцина къонахчун хабарш а, дина сийлаллин хьехарш а.

Меттах а ца хьовш лаьттачу Зелимханан коьрта чу оьхура шена дукхавезачу нохчийн поэта Мамакаев Iарбис оцу хенах лаьцна язлина дешнаш:

Дарцехь дошан,
Гаррийн хьаннашкахь леттарш,
БIаьстенехьа къуьйсуш,
TIам тIехь охьаэгIарш
БогIий дага,
Хьегна Iазап шаьш дуьйцуш.
Iара и бIаьрга хиш а гуллой,
Ойла еш.
— Къа ду, сан кIант,
БIаьстен юьххьехь беллачийн,
Ша-шах сына яц пархIато,
Хиннцачийн

Деза и еза.
Ларъян дийнахххьий, бусий,
ХIинцаъ тенза, — олур дас, —
бу мостагIий»

Маршал Буденный полке хьожуьйтуш цунна юххе ваьллачу полкан командирах бIаьргкхетча, Муртаев Зелимханна цIехьашха дагадаьхкира, масех кIира хьалха цкъа эскадронехь дневальни волуш, ша йийлийтинчу лердарлонашна шех бехк баккхар а, цул тIаьхьа дежурство дика дIадахьарна, оццу майора полкехула долчу приказца шена шозза баркалла алар а, эскаре вогIучу дийнахь ша Iодика йича, къеначу нанна бIаьргех хьаьдда хи а, шена дукха езаш хиллачу йоIстага Кужана толам а баьккхина цIа валац ша кхуьнга хьожуш Iийриг хиларх тешош дина оьзда къамел а, дуккха а кхин а...

ТIаккха сурт даккха санна, хьаьжира Зелимхан шена жимчохь дуьйна дезаделлачу Кавказан лаьмнашка.

«Со дийна висахь, кху халачу хенан къизачу кхиэло со дуьненан муьлххачу маьIIе кхоссарх, суна шу карор ду, со вина, кхийна, сан хьоме лаьмнаш! Кийрахь сан дог детталуш мел ду, бIаьргаш дуьнене мел хьуьйсу, сан дегIан меженашкахь йовхо мел лела, суна шул исбаьхьа хеташ, шу ас хуьйцур долуш мохк хир бац, сан хьомсара Кавказан лаьмнаш!» — ойланаш йора цо.

Харцо ца еш Махкана а, Халкъана а шен ницкъ маббу гIуллакх дар, ишттта, халкъан хьашташна эшахь, вала а реза болчех цхьаъ вара Зелимхан.

Буденныйс, тIамна тхо муха кечделла

хьаьжанчу суьйранна, полкан штабе дIагулбира тхан берриге а эпсарш. IЦига бухахь тхуна карийра гIашлойн Н-ски дивизин взводнин командирашна тIера оцу дивизин командир волчу полковникана тIе кхаччалц болу берриге а эпсарш.

Кест-кеста цуьнан юьхьа тIехь хийцалучу басо а, штаба чухула тем боцуш дIаса а хьаьжна кIоршаме вистхуьлуш и кхеташо цо сихха дIаелларо а тхуна хаадалийтора, стенна велахь а, цхьана хIуманна-м Буденный чIогIа оьгIазвахана хилар.

— ХIокху деношкахь тIаме хIуттур ю къаьсттина йолу Нохч-ГIалгIайн дошлойн 255-гIа полк, — аьлла, дIайиллира цо гIашлойн дивизерчуй, тхан полкан эпсарийн кхеташо. — Суна лаьа цуьнан майра эпсарш, лакхарчу командованера бакъо а йоцуш тIамера юхадевллачу аш дичу зуламах кхетар а, ишттa эхьe гIуллакх шайгара ца далийта уьш Iамар а, — элира Буденныйс, дивизин эпсаршка лаьррана дIа а хьаьжна.

— Керченски ахгIайрин цхьана участкерчу гIамехь вайн эскаран дакъош шайн оннийн ницкъаш хьокъалла мадду мостагIчунна дуьхьал берзо а ца гIуртуш, и ахгIайрей, цу тIера вайн гIаланашший эхьаза фашисташна буха а юьтуш, — дуьйцура Маршала, гIашлойн дивизин эпсаршна тIе пIелг а хьежош, — духадевлла.

ТIамца дуьхьало ян кечйиичу оборонительни сооружени чуьра, латта а охкуш даькхиичу ор чуьра, йоккха топ хьала а яьккхина, тIеман арара юханехьа бевдда богIура шайца цхьа эпсар а волуш, йоккхачу тоьпан цхьа-

на расчетан бІаьхой. Юханехьа кор ца бокхуш шаьш долчču совцал! — аьлла, буьйр а дина, ас цаьрга хьаттира: «Сел юм эцна шу стенга доьлху? Эхь ца хета шуна, адамаш?» — «МостагІашна дуьхьало ян оборонап керла рубеж лаца дохку тхо, накъост Маршал!» — бохура царалахь уггаре а эхь цахетачо.— «Ой, — элира ас, — и хІун ду? ТІо санна, дошан жарж боьлхучу тІеман шерачу арахь юха а блиндажаш, землянканаш, яккхий тоьнаш дІахьульян керла саьнгарш йохучул атта дац тІамна дика кечйина а, мостагІчух хьулам бош техника дІанисйина а йолчу шайн хьалхалерачу позиешкахь мостагІчунна дуьхьало а еш, цхьана меттехь совца?» — «Иза бакъ-м, дера, ду, амма...» — боху вукхо. — «Хьан бакъо елла шуна тІамера юхадовла?»

ІІу хаттарна цхьаммо а жоп ца ло.

— Юхадовла елла бакъо а йоцуш, тІеман арара эскарш схьадовларна бехке берш муьлш бу а хуур ду, уьш муьлххачу даржехь белахь а, царна хьакъ долу таІзар дар хьалха а хІоттор ду ас СССР-н Оборонан ГІачхьалкхан Комитетана. — Оцу гІашлойн дивизийн эпсаршкахьа ша дІавирзина лаьттачохь буй бина долчу аьрру куьйган нана-пІелг, аркъалнехьа хьалаайбина тхуна тІе а хьажош:— Іохчий, гІалгІай бовдур бац, — элира Буденныйс. — МостагІчунна букъ ца гойтуш, цуьнан герзе ша Іовжавайта реза хир ву царех хІора а. Кхана «ТІеман присяга» («дуйца чІагІо яр») тІе а эцна, кестта тІаме хІуьттур ду и башха адамаш. Цара гойтур ду мостагІчух Даймохк муха харба беза...

Буденныйс, тхоьгахьа а вирзина, доцца дий-

цира Къилбседан Кавказехь гражданский тIом болчу хенахь нохчашний, гIалгIашний, гIебартошний, хIираший, дегIастанхоший Советан Iедалехьа майра къуьйсуш шайн дика цIе якхийтина хиларан а, хIинца тхан полкана хьалха хIиттинчу сийлахьчу декхарийн а хьокъехь.

Кхеташо чекхъяьлча, тхан куьйгаш а лоцуш, Iодика еш кIеда-мерза тхох къаьстина Краснодарехь йолчу Къилбен фронтан штабе дIавахара Маршал Буденный. Подразделенешка дIасадекъадалан тхо арадевлча масех эпсар штабан уьйтIахь юха а цхьаьна нисвелира.

— Хаац, — аьлла, хабар дIадолийра старший лейтенанта Денисовс. — Оцу безамехьчу воккхачу стага тахана вайн дай-м чIогIа хестий.

— Оцу вайн хьокъехь аьллачу дешнаша вайн полкана хьалха къаьсттана сийлахь а, жоьпаллин а гIуллакхаш хIиттадо, — накъостташна тIе а воьрзуш, элира лейтенанта IШахгириев Ахьмада.

— Вешан дайн, Даймехкан сий а лардеш, хьомечу Коммунистически партис, Советски правительствос ваьшна белла тешам кхочуш а беш, цIий а, догIмаш а, эшахь вешан синош а ца кхоош, майра летар ду-кх вай Гитлеран оцу боьхачу арданген, — хIумма а забаре воцуш дIадерзийра тхан хабарш гIалгIачо лейтенанта Льянов Мухтара.

ДАХЧАДАЛАРАН ХЬАЛХАРА ДЕ

Догмайра дика кIентий,
Дарлолаш тахна!
Дистинчу хин юьхьо
ГIайрин гIум санна,
Вай бакъчу дералло
Фашисташ, тоьхна,
Кху лаьтта букъ тIера
ДIабоххург, хьаькхна!

(І. Мамакаев).

1942-чу шеран август бутт... Гуттар санна, богуш хьоьжура аьхкенан Кьилбен малх. Цу деношкахь, жимма а хьекъалца кхеттал хилларг: бIаьхо, белхало, колхозхо, жима дешархо — Советски Союзера муьлхха а, тIамна йолчу йоккхачу гIайгIано, цуьнан низаре якхийчу халонаша, Даймахкана тIекхозабеллачу Iожаллин кхерамо кхолийна вара. ТIехдаьккхина сакъералуш велавалар цхьаьнггехь а ца хезара. ТIамо цхьа лазам кхачоза доьзалш бацара вайн махкахь. Шайн а, шайн хьадалчийн а гIеман коьрта ницкъаш цхьана фронте а гулбина, фашисташ Сталинградана тIе гIерта, вайн Даймахкана хала денош дара уьш.

«Ахь хIун дина мостагIчунна тIехь толам баккхаргна?» — бохург хIораммо а жоп дала деза коьрта хаттар хилла хьалха хIоьттинера советски массо а адамна. Цундела, цу хаттарна дала бакъонан, сийлалла жоп хиларе кхача гIертар — коьрта Iалашо яра оцу денойн гIуллакхашкахь дакъалоцучу муьлхачу а советски адаман.

Август беттан 3-чу дийнахь, сарахь, тIаме даха буьйр а хилла, буса Малхбузехьа йолаелира тхан полк. Набарна кIезиг дуьйшуш, буса а, дийнахь а тIеман гIуллакхаш Iамош дIанхинера цул хьалхара де-буьйсанаш а.

Салташкахь тIамна оьшу гIирсаш массаьргахь а цхьатерра бара. Амма салтийн дойшлахь тоьллачех цхьаъ бара Зелимханан Iаьржа дин — Леча. Шен говр а, герзаш а чIогIа цIенийг, дикий лелош, тIеюху бедар хормехь латтош, баккхийчаьрца а, кегийчаьрца а кIеда-мерза, гIиллакхе вара Зелимхан. Шена рогIехь деллачу баьнках, шекарх гуттара а цIеначу кехата юкъа а хьарчадой, дакъа дуьтура цо шен цу тешамечу доттагIчунна — Лечина. Цо кисанарчу юучуьнга марзбина дин, хIораззе а Зелимхан шена юххе ма веъа, хьастабаларца, «хьуь-хьуь-хьуь-хьу!», — олий, мелларша тарса а терсий, Iаддаргla санна, ворта а саттайой, тIа а детташ, хьекъале бIаьргаш шен дега хьежош хуьлура, ткъа, хIара юххекхаьчча, кхуьнан чоьнг кисанан берте шен кIайн сет долу хаза корта хьоькхура говро.

Кирхьа даьккхина, дикачу дийнахь воьдучу беречун санна дара Зелимханан воккхавеш детталун дог: цкъа-делахь, гIо оьшуш, халонехь, кхерамехь болчу шена дукха безачу Дай-

махкана шега ма-даллу гIо дан йиш йолу зама тIеуьйзуш воьдуш ша хилар хууш; шозлагIа-делахь, цу сохьтехь дуьйна дIаболо безачу халачу тIамна полкан командиран майоран Висантов Мовладан куьйгаллица подразделенийн эпсарша шаьш дика кечдина хиларх воккхавеш. Цул совнаха, Зелимхас куралла пора, тIамехь жимма вахчавелча шен доттагIашкий, езачу йоIей, жимачу йише Яхегий, йиза а ца луш, фронтовикан маршаллица чекх а доккхуш, даггара кехаташ язда йиш хин йолу тIеман хала хан хIинца шена а тIехIуттуш хилар хаалуш Бакъду, кхиссалуш, хелхарца, испански чаболца дIалелхачу Лечас а бора Зелимханан дагна кIеззиг там.

Шена юххерениг а халла бен ца гучу таьржачу буса Верхне-Курмоярская станицера тIамна юххе, Малхбузехьа, теIара Нохч-ГIалгIайн дошлоли полк. Лекхха вистхуьлуш стаг воцчу тIеман хенан закопашца нийса а догIуш, сирлинкой, цигаьркой серло тоха йиш йоцчу бодашкахь буьйсанан тер дойуш, говрийн татанний, очакх долчу тIекхочуш юха а воьрзни «хьалхахьовсуш хилалаш», — олий, командиро лохха деп буьйрриг бен хIума дацара. Нагнаггахь тIехула чехка уьдучу вайн кеманашца, седарчий санна, порольин лампанаш лепара цIенний, сийнанний, можанний.

Набъяйна кортош дазделла хиллехь а, севцина садаIа йиш йоцуш говрашкахь бехха некъ бан дезнехь а, нохчийн, гIалгIайн бIаьхой лаккхарчу тIегIанан бIаьхаллин низам долуш, моральни дог-ойла дика йолуш, вайн машарс дахар цестинчу фашистинн гIеранна дуьхьал тIаме хIитта шаьш доьлхийла хууш, кийрахь

майра дегнаш детталуш оьхура Малхбузехьа.

4-чу августехь, Іуйранна дийъ сахьт доллуш, Малхбале сатосуш хиларан билгалонаш гойтуш серлаяла йоьллачу хенахь, полкан штабан начальника полк тІеман порядке дІаса а яржийна, подразделенийн командираш, политбелхахой шен командни пункте гулбира.

Зеделларг долчу тІемалочун маттаца доцца, амма кхетош дуьйцура майора Алхановс полкана хьалха хІиттинчу тІеман декхарех. Цо гойтура мостагІий 5 километр ден гена боцуш хилар, разведкин хаамашца садаьржжашехь, шеко йоццуш уьш тІелата болалург хилар, цуьнца дозаделла полкана а, цуьнан подразделенешна а хьалха хІиттина декхарш.

Совещани чекх а яьлла, эпсарш шайн-шайн подразделенешка дІасабекъалуш бара. Даймаина а забаре волчу лейтенанта Хасанов Іабдурешида юххерчу шен доттагІчунна Исманилов Іабдул-ВахІабана муьшка а еш, соьга элира:

— Бета тІехула тІай а туьллуш, и меран Іарч олла ма делла хьан, доттагІ, хІун дижина хьан даг чу?

Цо еш ерг со хьовзо забар юйла хуъушехь, земляникин тем а бохош, массо а велавелча, жимма дегабааме хилла, юханехьа забар яц дешнаш лехна со валале, гуттара со воьхнарг а веш, шозлагІа а элира цо:

— Шек ма вала хьо, «дружок», фрицашний, гансашний-м вай шайн хечийх буржалш хуьлуш гойтур ду хьуна!

— Шен нанан цІе ЦІахьпату ю моттуьйтур ду вай, вешан махка кхайкхаза веанчунна-м.—

эккхийтира къамелана тIера воцчу Iабдул-ВахIаба а, со хьовзорхьама.

Цара йинчу забаршна дуьхьал со жоп делла валале, берриг а эпсарш земляйки чуьра ара а бевлла, чехкка, массо а шайн-шайн подразделенешка дIаса бекъабелира. Тхайн эскадрон лаьттачу схьавогIура сой, эскадронан командир старший лейтенант Цопанов Султанийл.

«Коьрта тIехула хьаьжча тIехьарчунна а суш, варданан Iарч санна пурх сеттина, мара аьлча а, шен и сторнал йоллушехь, ма чIогIа коьртах боху-кх цо хIара сайниг!» —ойланца вогIучу соьга, цIеххьашха Султан Харитонович хаьттира:

— Набарна муха хир вара хьо, доттагI?

— Ша езачо яахьара и-м, — дукха еха ойла а ца еш, ас аьллачунах хьал ца хуучунна суна наб ца еза моьттар дара.

Тхойшиъ эскадроне дIа ма-ккхеччинехь, тхешан лахарчу даржан командираш а гулбина, царна хьалха тIеман декхарш а хIиттийна, сов чехка салташна йовха юург яр кухнин белхахошна тIе а диллина, дIасакъаьстира.

Татанаш ца даха а гIерташ, болх бан юьйлаелира массеран а саперни белаш. ХIор салги а, эпсар а шен-шен тIеман позиции кечъян волавелира. Коноводаша говраш ялх километр гена, фронтана тIехьарчу боьранашка дIаловчкъо йигира. Кухнин белхалоша, мостагIчунна цIе ца гайта даьккхинчу ора гонах, лекха хьокхий а детташ, керт а, цу тIехула тхов а бира, гонахий, тIехулий сийначу бецан стомма чкъор а деш. Коммунисташ, комсомольцаш взводашка а, отделенешка а бекъабе-

лира, царна хьалхахIиттийна сийлахь декхарш дийца.

ХIоранна а шен-шена болх дIа а белла, уьш массо а сайна гуччу, лекхачу дукъа тIе а ваьлла, сайн доккхачу вертанах хьаьрчийна охьахийра со, лога кIелхьара каскин доьхка мал а деш жимма садаIар Iалашо йолуш.

«Теоретически занятеш кху тIехь чекхъевлина тхан, хийдолчуьн бакъволу теш зама хир ю!» — аьлла, хийтира суна, со хиъначуьра салташка дIахьаьжча. Халкъехьа а хьуьйсуш, коьртехь яккхий ойланаш гIуьттура:

«Сан хьоме нохч-гIалгIайн халкъ!

Паччахьан луьрачу Iазапашна дуьхьал, вайн халкъан паргIатонехьа, кънихьегаман адамийн бодане хилла дахар серладаккхарехьа, вай цхьаннех а дозуш ца хилийтарехьа латтийначу буьрсачу къийсамехь Октябрьски революцина дуккха а тешаме бIаьхой белира ахь. Цул тIаьхьа, хьайн хиллачу ирсечу дахаран пусар деш а, цунах доккхадеш а дара хьо. Хьан ирсана а, паргIатонна а тIехула Iаьржачу Iожаллин зуламе мажар айина гитлеровски йовсарша. Цкъа а бицлур боцчу хьан сийлахьчу къонахойн Шерипов Асланбекан, цуьнан бIаьхаллин доттагIийн Ахриев ГIапуран, Мальсагов Габисан, Зязиков Идрисан, Исаев Iабдурешидан, Ушаев Маэлакан бIаьхаллин сибаташа толаме бобду некъ а хьоьхуш, дуьненан адамийн цIийнийлархойх стогаллица лата хIуьтту тахана хьан тоьллачех тоьлла кIентий!

Царех хIораннан а даг чохь кхехка, Къилбседан-Кавказехь хиллачу революционни къий-

саман истори хазйина хилла долчу хьан юьхь, хьан хастам, хьан сий, сан хьоме халкъ! Къеначу дай-нанойн Iодика пина, вежарийн, йижарийн, кегийчу берийн хазчу дашца дог эцна, юьртахошка маршалла делла, жIаьвнан, маьрсан метта тур-топ кара эцна даьхкина, фашисташна дуьхьал леташ тола я, къуьйсуш, эга тIаме хIуьтту тхо. Эхьдайначу мостагIийн гIера а, хьан тоьлла кIентий а кху миноташкахь вовшашна тIеттIа кхочуш бохку. Дахаррий, Iожаллий вовшахъхьаьрчадолчу хIокху луьрчу тIамехь хьайн кIентийн толам хилийта дечунна мал ма лолахь, сан хьоме халкъ!

Хьан ирсе кхане тахана ларъеш къизчу тIеман арахь, цIийн Iоврашлахь стогаллица хьерча дуй бинначу хьайн тешамечу кIентийн некъ дика белахь, ткъа оцу башхачу гIазотехь оьгуболчийн сий, «шайна тIебоьду халкъан некъ» баце хьул ца байта сийлалларг чарташ хIиттош, бIешерашкахь ларделахь! МостагIел тола а тоьлла, тIом чекхбаьллачул тIаьхьа цIа бирзинчийн хьокъала доллу сий-пусар делахь, сан майра нохч-гIалгIайн халкъ!»

Оцу ойланийн марахь суна набъозийна хиллера.

Малх кхетале, садаьржачу хенахь тхан полкан позицина тIелеттачу фашистски бомбардировщикаша еттачу бомбанийн лелхаро набарха ваьккхира со. Меттах ца хьовш, вертанах хьаьрчина, лаьттах дIа а ийна Iуьллура со, бIаьргашца суо чу лачкъа мегадолу ор а лоьхуш.

— МостагIчун «мессершмидташий», юнкерсаший еттачу бомбанийн, пулеметийн дорцалахь текхаш, гена лахарчу боьрара дуьйна со

Іуьллучу гу тІе а веана, майрачу тІемалочо Дохтукаев Юсупа, цхьа ког а лаьцна, басах чу тахкийра со. Цунна, со паб еш Іуьллу моьттуш хиллера ТІеман арахь хІоьттинчу оцу хьоло суна дагаданйтира баккхийчу наха дуьйцу хезна къематде. Фашистийн цхьадолу кеманаш — бомбардировщикаш стигланан лакхера пурх-Іуькар чухехкалора, пулеметаш а етташ, важадерш лаьттара хьалауьдура, черманаш санна, бомбанаш чу а кхуьйсуш. Лаьттахула дІахьаьжча гунашший, хершнашший долчу даккъаш тІехь маьІ-маьІехь, термитни снарядаш лилхина леттачу цІерийн оьланаш гора шайн дІаьвше меттанаш стигала хьала а кхийдош.

Суна гена боццуш чевнаш хилла а, байина а Іохкуш кІезиг накъостий бара. Тылерчу боьранашкахь дІаловчкъийна йолу тхан цхьайолу говраш, шайна юххехь бомбанаш лелхарна кхераелла, коноводийн карара а евлла, къаьхкина, тІеман арахула уьдуш, яьржинера. Дуккха а говраш чевнаша эгийний, еллий Іохкура. Вуьш, цІийш а ледаш, чуокуонаш охьа а хецаелла, хьийзина, иуьйраш чуожош кІел а яьхкина тІеман арахула уьдура. Амма хІор салти а, эпсар а шен позицехь тІамна кицца, герзаш а дуьйлина, Малхбузехьа а вогІавелла Іуьллура, тахана буьрса дІадуьйладелла тІеман гІуллакхаш кхарна кечлуш дІайихьначу машаречу занятешкахь селхана хиллачел башха хийцаделла доцуш санна, шек а воцуш. Іуьйранна бархІ сахьт долчу, тхан полкана гІо дан, якхийчу тоьпийн 103-гІа полк кхечира.

Тхан шина а полкана тІехула кхозура ми-

нотана э чуеттачуьра бомбанаш, пулеметаш цу совцуьйтуш, рогІ-рогІана хийцалу фашистийн ткъе итт бомбардировщик а, ткъа истребитель а. Ца соццуш цхеа сохьтехь бомбанаш йиттира цара еакІов пиъ километр бен йоцчу лаьттан оцу жимчу майданна. Гуобаькхина долу гунаш, хершнаш, саьнгарш, тІулгаш, мостагІчуьн термито латийначу дІаьвшечу цІарх догуш гора. Цу Іуьйранна сатоссучу хенахь, бамба санна кІедачу бацо хазйина машаре, тийна хилла и меттигаш, я цІаро ягийна Іаржъелла, я бомбанийн лелхаро егош, тІе-кІел етташ кІуьрана сийсаш лаьттара. Садолу хІума цу лаьттан жимчу коржама тІехь ца дисарх шаьш тешарна, мостагІчуьн дІадахана кеманаш тІеман ара юха ца даьхкира. Уьш къайладовллушехь мостагІчуьн бронетанкови а, механизированни а, гІашлойн а эскарш таттаделира тхан позицешна тІе.

Царна моттаделлера, шайн стервятникаша цхеа сохьтехь «болх бинчу» арахь герз кхосса хьуьнаре цхьа а советски салти висина хир вац. Къаьркъано бахийна уьш, ира а хІиттина богІура, маьхьарий детташ. Церан хьаьрсачу кортош тІерачу касканаш тІехь гуш фашистски свастика, Іаьржачу кучамийн ихьуьйшаш тІехь адаман коьртан туьтанан сарташ дара. ХІораммо хьалха лаьцна йолу шен автомат. бен а йоцуш, маьІ-маьІе дІаеттара.

«Хайль Гитлер!» — дара, тІамарш дІаса а кхуьйсуш, цара ирча хьоькхучу маьхьаршна юккъехь жимма къасталуш хезаш дерг.

Шайна моттаделлачуьна тІехь уьш гІалатбевллера. «Кеманаш тІера чу бомбанаш еттачу хенахь окопашна чохь дІахьулло, шаьш

долу меттигаш стервятникашна гучу а цг йохуш. аьлла дара полкехула долу буьйр. Церан гІашлой ткъе итт-шовзткъа метр юххе а кхачийтий, массара а цхьабосса тІетоха!» Ц буьйр дика кхочушдира полко. Кхузткъе ялхийтта миллиметр диаметр йолчу полковой батарейи яккхий тоьпаш, пулеметаш тІехула гІа-буц тоьхна дІа а хьулйинна, ерриг полк лаьтта бухахь дІахьулъелира бомбанаш еттачу хенахь. Амма тІеман арара кеманаш дІа а дахана, фашистийи гІашлой тхан позицешна чухахкабелча, царна тІе Іожаллин цІеран ало тьуйхира полко Дозаллашца тІегІерта и шина коган акхарой юххе кхаьчча, массо маьІІера цхьатерра герзаш девлира. Мангало шач санна, дера диллина охьабехкира фашистски бІешнаш салтий, энсаршший. Фашисташа керлкерла тІеман иицкъаш хихкира тхан полкана тІе. Амма цо, кхиам ца хуьлуьйтуш, хІораззе а хІаллакбора уьш Пхьуьйшаш хьала а диша, шина а куьйга тІам къуьйлуш, «Максим» еттара пулеметчнкаша Висантов Абу-Іалис а, Дохтукаев Юсупа а, Межидов Рамзана а, Юсупов Милкис а, Асхабов Догус а, кхечара а.

Къаьсттана куралла йора шен балхах Муртаев Зелимхана. Цунна гена воццуш хьалхахь вийна Іуьллура кхойтта фашист. Цу жимчу меттехь шайн авиацис динарг къаьхьаде ду моьттинчу фашисташна тІаьхьуо хиира, шайна хьалха, мокхазан берд хилла. Советски Эскаран нуьцкъала гІап лаьтташ хилар.

Цу тІамехь мостагІчунна дуьхьал ерриг полк къонахаллица лаьттинехь а, цхьаццаболчу бІаьхоша гайтина турпалаллин гІуллакхаш шайна тІе къаьсттана тидам бохуьйтуш дара.

Дуккха а бIешерийн тIеман исторехь дохаллур доцу закон хилла схьадогIуш ду полкан байракх цуьнан бIаьхаллин дахаран коьрта билгало, цуьнан са ларар. ТIеман арахь полкан байракх мостагIчун караяхча, эскаран дахарехь иза чIогIа эхье гIуллакх лараруа, цуьнан дерриг адамаш зен ца хуьлуш дисинехьа, полк дIасайоьхъу, ткъа цунна бехке болу эпсарш тIеман трибуналехула жьпе озабо. Иза дика хаьара полкан командирашна.

Штабан начальник капитан Алханов а, разведкехула волу цуьнан заместитель Мадзаев Мирзакул а, кхин масех белхахо а, полкан байраккхлелорхо а волуш полкан наблюдательни пунктехь Алхановс рогIера барта буьйр дира шен бIаьхаллин накъосташна: «ТIаьххьарчу салтичуьнга тIе полк хIоттахь а, байракх фашистийн буйна яхарх ларья сза!»

«Иагахь полкан тIаьххьара бIаьхо со хилахь а, — ас дуй боу, — элира байраккхлелорхочо — гIалгIайн тешамечу воIа Костоев Якъуба, — со дийна а вуьсуш, хIара байракх мостагIчуьнга ца хьешийта». Шина а куьйга лаьцна ЦIечу байраккхан гIаж шен деган аьрру агIор дерIа тIе а къуьйлуш лаьттачу Якъубан юьхь-сибат кест-кеста хийцалора, доккхачу жьпаллех дуьзна бIаьргаш полкан штабан начальнике хьаьвсинчохь лацаделлера

МостагIчун танкаш а, мотоциклаш а полкан подразделенешна юкъахецаелира, шаьш тIе писъелларг хьоший вед а веш, яккхийчу тоьпийн, пулеметийн цIаре некъ а боккхьйтуш.

Якъубана аьтту а, аьрру а агIорхьахула, хьалхаяларх къовсаелча санна, чIогIа хьаьдда

мостагIчун йоккха ши танк йоьдура. Полкан байракхана тIе Iаламат боккха кхерам хIоьттинера.

«Со веллачул тIаьхьий бен, байракх мостагIчун кара а яхана, полкана тIе эхь догIур дац», — ша-шена чIагIо еш сацийра Якъуба. Сов чехка байракх гIожа тIера схьа а яьккхина, бедаршна чухула и шен дегIах хьарчийра цо. Шина а агIорхьара тIемалой вовшашна герга ккаьчнера. Фашистийн танканаш тхан полкан хьалхарчу позицешна юххе гIертара. ТIом чIогIа чехкабелира.

— МостагIийн танкашна бронебойни снарядаш тоха! — команда дира Алхановс. Аьтту агIорхьа лаьттачу тхуна гIо дан еанчу яккхийчу тоьпийн полко а, тхан полкан лейтенанта Далгатов Мухьмад-Зафира куьйгалла дечу яккхийчу тоьпийн батарейс а цхьатерра тIетуьйхира шайн буьрса гергзаш чухьаьдда йотIучу шина танкана. Оцу буьрсачу дуьхьалонна кхин тIегIертар йоккха сонталла юй а хиъна, шин а танк юхахьаьдира. Оцу хенахь сержанташа Талаев Лом-Iелассий, Висантов Абу-Iалиссий шайн «Максимашка» а, лейтенанта Айдамиров Вахас куьйгалла дечу автоматчика ша а дера-дарц диллийтира танкашна тIаьххье юхабевдда боьлхучу фашистски гIашлошка.

— Даймехкан маршонехьа, фашистски акхарошна тIе — пли! — Шахгиреви багах доллушехь, мостагIашна тIе цхьатерра залп лора цуьнан бIаьхоша.

— ТIетоха мехкашдIалецархошна! — буьйр до лейтенанта Эскиев Шомсуддис. Дошан дарц туху мостагIийн боьхачу кортош тIе.

Майра а, жигара а лийтира фашистех Бузуртанов Ахьмада куьйгалла ден пулеметчикаш а, Льянов Мухтаран куьйгаллица минометчикаш а, Истанаев Баас куьйгалла ден ПТР-н рассчет а, Дигаевн ничархой а

Дукха миноташ йовлале полкан байраккхана тІе юха а боккха кхерам хІутту: хІинца аьрру агІорхьара тІехьаьдда йогІура «Тигр-VI» цІе йолу фашистийн йиъ танк. Байракх фашистийн кара ца яхийтархьама, кІорга яьккхинчу готтачу окопан лаьтта буха вижина дІашарвелира Якъуб. Оцу окопана никса тІе яхара танк. Окопа хьалххахь жимма соцунгІа хуьлу и. Схьахетарехь, окопа чуьра советски бІаьхой кхерабелла хьалалелхар бу, тІаккха уьш пулеметашца хІаллакбийр бу, бохург хир дара фашистски танкови экипажана дагахь. Амма окопа чохь берш, белча санна Іаьхкира кхин гучу ца бовлуш. ТІаккха танк, меллаша хьалха а текхна, окопа тІе елира. Танкисто газ елира. Моторо чІогІа гІовгІа йора. «Я хьер бохур бу ас хІара советски акхарой, я, диттан гІа санна, вед а бина, лаьттах дІаэбийр бу», — бахара фашистан даго. Окопа тІехь шозза-ккхузза дІаса а хьовзийна, танк малхбалехьа хаьххкира фрица.

Танкано йистош чу керчийна окопан бух лаьттах буьзнера. Амма фашист гена ма-веллинехь Якъуб, цуьнца хилла накъостий, хІумма а хало шаьш ца лайча санна, меллаша, латта дІаса а хилош, бухара хьалабевлла, окопа чохь охьахевшира.

— Даьдиса, ма ги хинра-кх иза вайна, — эккхийтира, вела а къежаш, Гайтукаев Жунида.

— Ги-м хинра, вуьшта вай эша м ца даде-

лира хьуна цуьнга, — дозалле элира Якъуба. — Амма чIогIа байттамал-м дин суна оцу танко!..

— ХIун байттамал хилн хьуна, Якъуб? Iожалло цкъа буьрса ка а тоьхна, кхин а ваха, хьуо дуьненахь витина дегабаам бо ахь? — хаьттира Лалаев Рамзана, бIаьргаш лаьттах а цIандеш.

— Ийоха ца еш и танк вай тIехъялийтар Iеткъа. Нагахь цуьнан гусеницашна кIел таса противотанкови гранаташ я «КС» (йогуш йолу жидкость) чохь йолу цхьа-ши шиша мукъана вайгахь хиллихьара, вай кхал-кхежиг-м йоккхур яра иза, — меллаша, амма даггара элира Якъуба. Аьтту а, аьрру а агIорхьа цхьатерра дуьйлуш массо тайна герзаш хезара. Цигахь, фашисташ майра юха а бетташ, хаддаза тIом беш яра Дзабиевс а, Тхагаповс а, Манаровс а, Далгатовс а куьйгалла ден кхийолу взводаш а, эскадронаш а, яккхийчу тоьпийн батарей а.

— МостагIчун герзан тилла йоьдучу даьндарго а лоцур ду хьан дегI-м, — забарна олура медицински санитаре Мильдзихов Михаила йохчоча Арсанов Салмана, иза дегIана сов зоьртал хиларна.

— Майрачу салтичух йоккхачу тоьпан хIоъ а къаьхка, боху, — вела а лой, жоп лора хIинечо.

И бакъ моттал майралла гайтира Мильдзиховс тIеман оцу хьалхарчу дийнахь. МостагIчунна гуш долчу лекхачу гунаш тIехь Iохку чевнаш хилларш, плащ-палатки тIе а бохкуш, дошан догIа деттачуьра, гучу тIеман арара

дIабохура цо. Михаилна цхьа а чов ца йира, амма цо дуккха а дархошна гIо дира.

Хенах ха а тоьхна, цигахь мостагIчунна дуьхьал майра лийтира оьрсийн, нохчийн, украинцийн, гIебартойн, гIалгIайн, хIирийн кIентий. Шайна хетарг хир доций хиъча, фашистийн арданга ша некъ хийцира. Котельниково-гIала юха а бевлла, Сталинграде боьдучу аьчган некъана аьтту агIорхьахула дIабахара уьш. Амма оцу агIорхьара церан танкаш, бронемашинаш, мотоциклисташ генна Малхбалехьа хьалхатаьIнера, 40-50 километр тхо шаьшна тIехьа а дуьтуш.

Садайра.

Тхан а, тхуна гIо деш хиллачу яккхийчу тоьпийн II-ски полкан а тIеман оцу позицехь кхин совца цхьа а бахьана дацара. Цул совнаха, цигахь сецца кхана мостагIчун хIазаро ваьшта Iаьвдина, тхо «гали чу дохкарна» кхерам а бара. Тхан полкан адамех эшначел ккхузза сов мостагIийн декъий а, техника а тIом хиллачу арахь а юьтуш, лакхарчу командовани приказ кхочушдеш, оцу сарахь тхо юхадовлуш полкана хьалхахь Костоев Якъубан карахь лепара, юха а цо лаккха айана хьалхахьа дIахьош йолу полкан ЦIен байракх.

Иза тхан полк тIамехь яхчаяларан хьалхара де дара.

Халанний, буьрсанний де дара и, цул хьалха «тIеман хьожа а ца кхеттачу» тхуна. Амма оцу цхьана дийно тхуна дуккха а бакъдерш гайтира, пайде хIуманаш а Iамийра.

«Хаьи тIе а тесна, лелош саперни бел ца товш ю», — бохуш, куралла и ца лелийначо, цу динахь, и буьрса тIом кхехкаш хиллачу

арахь, тоьпан цхьамзанца дехира шена тӀом беш чувижа оьрнаш. Бело санна, гӀуллакх дика ца дора тӀом беш Іуьллучохь дІаІуьттучу, лело аьтто боцчу, цхьамзано.

Къаьстана дика мах хиира тхуна цу дийнахь, хи лелочу баклашкин. ТӀеман чІогІалло а, малхо Іийжочу йовхоно а, дуккха а текхаш лела дезаро а хи алсам дезаш хуьлуьйтура. Амма тхох вовшашна тӀекхача аьтто болуш хиллачех цхьаьнггехь а хи ца хиларна, цуьнан хало тӀемачул а язъеллера тхуна. ХІоранна а бага чІогІа якъаеллера. Вистхила лиъчи а, бакъабелла баІ санна, дар а белла Іуьллу мотт багахь хала керчара.

Доцчу хина тхо холчахІиттинчу хенахь, ша лерана лелийчу белаца яьккхийчу дикачу окопара хьала а ваьлла, дукха чехка текхаш тхан окопа чу иккхийчу автоматчика Халидов Хьумида тхуна гайтира ша цергашца кІеззиг хадийна шен мотт а, цунах даьллачу цІийца тІадийча, парггІат керчаш, цо шена ден гІуллакх а.

Изза дийчу тхан хьогалла яйра, и хьехарна Халидовна даггара баркалла элира оха.

Топографически карти тІе къилба а дуьллуш, фашисташа дІа ца лаьц-лаьцначу некъашкахула, таьІанчу боьранаш чухула, мостагІчун «гали чуьра» тхо говза арадехира хьекъалечу эпсаро, капитана Алханов Хамболата. БІаьхаллин даккхий хьуьнарш гайтарна, тІаьхьуо фронтан тІеман командованис цунна майоран цІе тиллира. Майраллел совнаха тІеман хаарш лаккхара долуш а, гІах-аьлла а, оьзда а, гІиллакх долуш а эпсар вара Алханов

Тхо юхадовлучу некъашна аьтту агІор а,

аьрру агlор а гlишлойххий, раьгlнашка йоьттиичу екъачу алаххий цlераш туьйсуш, шайн позицин хьалхеш чlогlа серлаяьхнера фашисташа. Къуй санна, кхоьрура уьш вайн Iаьржачу буьйсанех а Царна шайна а хаьара, вайн халкъана шаьш баькккхиарг бекхам бина ца довллал боккха бохам хилар.

Наггахь, шабарца хаттарриг, цунна доцца луи жоппий доцург, кlаддаларна кхин хабар дийца дог ца догlура. Дуьххьарлерачу тlеман халалло кlадбинера бlаьхой. Вуьшта мостагlчо диичу тохарна дуьхьал хьакъ мадду лаьттира уьш. Цунах къаьсттана шайн дагахь баккхибебора полкан бlаьхой а, штабан начальник а, берриг кхиболу эпсарш а.

Цу буьйсанан а, тхан боларан а тийналла дохош, цхьаъ-м говрара везза охьанккхира, шпораш а екош. Цу минотехь лаьттах тоьхна цхьа хlума а йохийна, чеккка говра хьира иза. Сихха шен говр а лаьллина, юххе инсвелла и вевзира суна — Зелимхан.

— Хорбаз яа, накъост лейтенант! — соьга цхьа коржам кховдийра цо.

Цул дика совгlат кхин хир доцуш санна, воккхавеш схьа а эцна, церг туьйхира ас цу «хорбазах». Шозлагlа кхаьллинчун къурд чаьмза хиларх а, цергашца халла бен и якхалуш цахиларх а шекваьлла дlахьаьжча, охашимма юург хилаза гlабакхан бургат хилера. Чlогlа якъаелла бага хиларна, мотт тlадо хlума хилчахьана а тоуьйтуш вара тхойша. Сан накъост-м иза гlабакх хилар шена хиъча а, башха воьхна ца хьаьвзира. Кхаюо Зелимхас дийцира суна:

«Суна а, сан накъосташна а гена боцуш

цхьа жима, боьха Iам карийра тахана Iуьйрана и тIом болабаллале. Мала мегар доцуш боьха дара цу чуьра хи. МостагIчун пулеметаша чIогIа чевнаш йича суна юххера Бачагаев Жунид а, Ондуккаев Iусман а, Салманов Хьамзат а, текхаш, керчаш цу Iома тIе хи мала бахара. Цул тIаьхьа а цу тIе гIиртинчийн чевнех ихначу цIийша хиницнера Iоман бос. Герзаша Iовжийна шайн къона кийранаш цкъа хих Iабо баьхккинчохь кхалхар хилира тIемалойн Мурадови, Алиеви, Бачагаев Жунидан».

Зелимхин хабар чекхдоллушехь сайна хьалхарчу лейтенанте Хасановга хаьттира ас:

— Муха дIадаха хьан де, доттагI?

— Де-м шун массеран а санна ма дахара сан. Амма, тIом бан цхьамзанца окоп ца яккхалуш, дукха хало лай кх.

— Бехк а бац. И хьан меран Iарч чу лачкъо а дезар ду, ах аьрша ор-м! — аьлла, ас забар йича, хабар дахда кIадо йина, волавелла воггIушехь гIийлла велаваларца корта а ластош, сецира Iабдурешид.

Цу дийнахь биичу тIеман жамI дича, бакъдерг цхьаъ дара: «мессершмидташий», «юнкерсаший» пхеа сохьтехь хаддаза бомбанаш а, пулеметаш а етташ йина луьра атака полко кхчамца юхатуьйхира.

Пхи сахьт. Фашистски бомбардировщикийн атакийна кIел кхо бIе минот! Иза ала а, язда а атта ду. Цу халонан бакьонца ларам бан пхеа минотехь мукъане а «мессершмидтийн» атака лайначунна санна дика хуур дац. Амма оцу буьрсачу кхо бIе минотехь иохчийн, гIалгIайн салтех а, эпсарех а кхеравеллий, шен бIаьхаллин позиции тIера лакхарчу команди-

ран приказ доцуш юхавала дагахь тIехьа хьожушшиш цхьа а вацара. ТI хала де стогалличз полко дIадахьарна-м оха доккха дозалла дора тхешан накъостех.

ТIехиболчу тIемашкахь тхан полке эвххьаза тIом балург хиларна а, иза майра летарг хиларна а доккха закъалт дара 1942-чу шеран 4-чу августехь цIерпоштнекъан Челиков станцехь цо бина тIом. Цо къаьсттана дог-ойла оцура полкан штабан начальникан а, подразделенийн кхин болчу эпсарийн а.

Цу буса юхадуьлуш кхузткъа километр некъ а бина, лакхарчу командованин буьйр кхочушдеш, Iуьранна сатассале Верхне-Яблочни олучу юьртахь оборонан керла позици схьалецира оха, ткъа тхан подразделенийн фронт а хадош юкъабаьржинчу мостагIаша тхох дIакъастина тхан полкан командир, цхьайолчу подразделенешца кхечу новкъахула Нижне-Яблочни юьрта вухаваьллера.

Иштта чекхделира къаьсттана йолчу ТIохчIалгIайн дошлойн полкан тIамехь яхчаяларан хьалхара де.

ГІАЛМАКХОЙН АРЕНАШКАХУЛА

Тlом — тlом бу: вер, чов яр
Дац цигахь хийра,
Хьуо хьайха кхаьрдийла
Ма елахь, доттагІ,
Вайн халкъан дика кІентий
Леташ бу майра...
Летачийн гІо делахь
МостагІий отуш!

(І. Мамакаев)

ТІеман дехачу некъаша шайн хьашташка хьожже маьІ-маьІІе кхуьйсура тхан полк. ЧІогІа тІемаш беш, мостагІийн цІий а Іеноша, Лакхарчу Коьртакомандованин приказца тхо Сталинградехьа духа дуьйлучу хенахь а, цул тІаьхьа, фельдмаршал Отто фон Паулюс коьртехь хилла фашистийн сталинградски группа хІаллакьийначул тІаьхьа цу фронтан кхидолчу эскаршца цхьаьна тхан полк мостагІашна тІелата яхча а дукхах болу тІемаш гІалмакхойн гІамаран аренашкахула бан дезаш хилира тхан.

Хиш доцуш, ярташ вовшашна дукха гена йолуш, сарралц дІаэхарх малхах лачкъа Іпіда-

гIа доцуш, сахиллалц дIаэхарх мала хи доцуш, дуккха а гIамарийн шуьйра аренаш хедийра оха. Цкъа цIехьашха стоьмийн бошмашийн, лекхачу акхтаргашийн хьулийничу шина юьрта юххе кхечира тхо. Уьш хиллера дуккха а хенахь дуьйна мостагIчо дIалецна а, оборонительни сооруженешца цо вуно чIогIа чIагIйинна а йолу Малые-Дербеты а, Тундутово а цIераш йолу гIалмакхойн ярташ. Амма оцу ярташкахь бехаш дукхахберш оьрсий бара.

Тундутово а, Малые-Дербеты а тхуна схьагуш долчу хьелашца мостагIчунна ларъя аьтто болуш а, амма вайн агIорхьара тIелата хала а ярташ яра. Цу шинна малхбалехьа, нисса тхуна хьалха кхо-йиъ километр беханнийн, йиъ-нхиъ бIе метр шуьйранний хир болуш, чохь маьI-маьIехь баьлла лекха эрз а болуш, пурх Iуьллуш кIорга ишал-Iам бара. Малхбузехьай, къилбехьара-кIлбседехьай дахделла Iуьллура лекха дукъ, шена тIехь фашистийн доташ а, дзоташ а, дуккха а тIеман пицкъаш а болуш. Тхуна хьалхара ишал-Iам юккъехула боькъуш тиллина хилла тIай лардеш фашистски станкови пулеметийн ши расчет а, ткъе итт автоматчик а, виъ ччархо а вара. И хаамаш тхуна бсанера тхо оцу юьрта юххе дIакхаьчначу буса Iомана къилбехьахула гуо а боккхуш, малхбузехьарчу дукъа тIехь ха деш хилла ши фашист тата ца доккхуш, легаш Iуьйдуш, вен а вийна, Малые-Дербеты цIе йолчу юьрта чу лилхинчу старшн лейтенанташа Сапаев Билассий, Хакишев Шалауддиссий куьйгалла деш хиллачу разведчикийн отрядо.

Кегийра пхи-ялх цIа бен доцчу, Зим цIе йол-

чу гIалмакхойн юьртахь сецира тхан полкан штаб. Цкъа гинчунна йиллур йоцуш юрт яра Зим. Цита, юкъайогIуш тхан полк хиллачу Н-ски эскаран командующис яийтинчу шен радиограмми тIехь яздинера:

«Къаьсттана йолчу Нохч-ГIалгIайн дошлойн полкан командире майоре накъост Висантовга.

Разведко биичу нийсачу хаамаша гойту, фашистски командованис Малые-Дербеты, Тундутово цIераш йолчу ярташна малхбузехьа шайн эскаран баккхий нецкъаш уьйзуш хилар. Церан Iалашо — вайн эскаран тIеман хьалхара позиц йоха а йина, Сталинградехьа хьалхатаIар ю; вайн эскаро гуобина юкъадерзийначу шайн дакъошна тIе а кхаьчна, уьш гонна юкъара даха гIерта уьш. Приказ ло хьуна, Тундутовний, Малые-Дербетыний юккъера немцоша шайн эскарш сехьадаха билгалдина долу тIай, хIуъа дай а, муьлххачу нецкъаца а фашисташкара схьадаккха а, шайгахь латто а. Н некъ ларбарца шун полко Сталинград ларъярехь сийлахь декхар кхочушдо.

Эскаран командующи инарла-полковник Труфанов».

Кхузахь кхеташ ду, тхан подразделенешна хьалха хIоттийна хилларг доккхачу жобпаллин деккар хилар. Амма Даймехкан маршонан дуьхьа къуьйсучу тIамехь советски бIаьхошна атто ца лоьхура. Вайн эскаран юкъарчу хьашташна мехала меттиг яра оха тIамца схьаякха езаш ерг. Халачех, амма сийлахьчех гIуллакх дара тхан бIаьхошна оцу меттехь хьалхахIоьттинарг.

Хьалхахlиттина декхарш эпсаршiн совещанехь дийца а дийцина, тхан подразделенеш шайн-шайн тlеман позицешка дlасахьовсийра полкан командиро шен приказаца: цхьа эскадрон Присарпа олучу юьрта хьалха, ши эскадрон Тундутовний, Малые-Дербетыний хьалхарчу тlайна юххе, кхин цхьа эскадрон № 17 йолчу ялташлелочу совхозе. Де чекхделира. Тlееара екхна суьйре.

Оцу 1942-чу шеран сентябрь беттан 17-чу диннахь, сарахь тlеман позицешка хьовсийна ерриге а подразделенеш шайн-шайн меттигашкахь дика дlачlагlъелира. Муьлххачу минутехь а схьакхача тарлу бlаьхаллин приказ кхочушда массо а кийча вара. Дукха хан ялале полкан командирера распоряжени еара эпсаршка совещане кхойкхуш. Хьалхахlоттадо тlеман декхар.

— Хьалхарчу эскадроной (командир—лейтенант Эскиев), кхозлагlчу эскадроной (командир — капитан Цопанов), — тlеман приказ ло царна полкан командиро,—кхана, берхlиттагlачу сентябрехь, Iуьйккъехь, ниссa дин сахьт долуш ас командин пунктера телефонаца «Дарц» аьлла сигнал яларца, тlай лардеш болчу мостагlашна тlелатар дlадоладо.

Эскадронийн аьтту агlорхьарачу флангехь йолчу якккхийчу тобийн батарейс (командир—лейтенант Далгатов), аьрру агlорхьарачу 82-миллиметр диаметр йолчу полковой минометин батарейс (командир — Плиев)—гlашлоша мостагlчунна ден тlелатар дlадоладале ткъе итт минот хьалха, буьйса юкъал тlех ниссa кхо сахьттий ткъе итт миноттий яьлча, арт-

подготовка йо мостагIчун хьалхарчу позицеш на, а, цуьнан тылашна а тIе.

Полкан зIенан начальникана лейтенантана (хIинца нза капитан ву) Тангиевна тIедуьллу: оцу массо а подразделенешца полкан штабан телефонни зIе ца ходуьйтуш латтор. Iуьйранна пхи сахьт долуш мостагIашкара Тундутовний, Малые-Дербетыний юккъера тIаи схьадаьккхина хила деза...

Приказа тIехь билгалдехира кхийолчу подразделенеша дан деза гIуллакхаш а.

Эпсарш шайн-шайн подразделенешка дIабоьлху. Коммунисташа а, комсомольцаша а салташний, сержанташний юккъехь шуьйра дийцаре до хьалхахIоттийна долу тIеман декхар — цаьрга турпалчу хьуьнаршка а кхойкхуш. Еа а подразделенехь, цхьана а секунда на сацар доцуш, кхехкара масех сахьт даьлча шаьш деи долчу тIелатарна беи кечам. Подразделепешна тIехь деи куьйгалла лагI ца до Алхановс коьрталла дечу штабо.

— Хьай беркат яI-кх, аш бен болх!—воккхаверца эккхийтира Талаевс фронтан шина а флангера пайчара етта яккхий тоьпашний, минометашший шена ма-гинпехь. ДIадоладелира артиллеристаша деи тIелатар. МостагIний оборонительни позицешна тIехь на соцуш лелхачу яккхийчу тоьпийи, полковой миномегний хIоьъпаша жоьжахатни цIе латийнера. «ТIеман дела» (яккхий тоьпаш)—мостагIний хьаьттахь дера-дарц оьккхуьйтуш вара. Нисса ах сахьт даьлча эскадронаш а тIелата йоьлху. Дукха миноташ йовлале, цIеххьана, командни пункта тIехула цIеп ши ракета анало хIаваэхь, буьйсанан Iаьржачу бодаш-

кахь серло а яржош. Тхан бIаьхой тIай лардечу фашисташна атакица чухьолху.

Вовшашца дика зIе а латтош, массо подразделени цхьабосса майра хьалхатаьIаш диичу оцу тохаро мостагIий юхакхийсира. Вайн подразделенешна ладам болу зенаш ца хилира. Сталинграде боьдучу новкъара тIай схьа а даккхира, хадам боллуш иза шайн карахь сацо цигахь дIа а чIагIбелира вайн бIаьхой. Полкан командиран приказ оцу кепара сийлаллица кхочушдира вайнаха. Амма тхуна хьалха лаьтташ яра, шен адамаша фашистийн баланашна кIел узарш ден советски ярташ: Тундутово, Малые-Дербеты, Нижнее-Яблочное, Унд-Горячий, Хор-Гота, Громословка, кхин дуккха а. Баьккхиичу толамах тоам бина Iачохь дацара гIуллакхаш. Оцу ярташкара фашистийн балех бевдда баьхкиичу вайн советски наха тхан накъосташна дуьйцура цигахь дисиичу адамаша тхоьга шайна орцах кхойкхуш хиларан хьокъехь.

Полкан обозаш тIаьхьа а кхуьуьйтуш, хийцалуш салтий баие бигар вовшах а тухуш, герзаш а, кхиболу тIеман гIирсаш а цIанбеш, цхьана диинахь цигахь садаIа бакъо еллера тхан полк шена чуйогIучу дошлойи йоьалгIачу корпусан командование тхуна. Ну шозлагIчу суьйранна Тундутовна юххехь жигара оборона лаьцна Iаш йолчу подразделене вахара со. Цкъа а, цхьаьнн а хIуман тIехь дозаллаш доцчу Муртаев Зелимханан окопа чохь цхьаьна число тхойша.

ТIамо денна хьоьхуш а, кхочушдар лоьхуш а ма-хиллара, цуьнан окоп дика яьккхина яра,

ТаьIначуьра йолийна иза, охкуш, мостагI гунволлучу гу тIе дIаехьнера.

МостагIчунна автомат етта кечйинчу меттехь ниС а велла, прахIоьттича Зелимханна деггелц йогIура окопан кIоргалла, амма цуьнан шоралла — спортсменан санна, шуьйра белшаш йолу и майра бIаьхо чохь дIасахьовзвзал бен яцара. Окопан аьтту агIорхьарчу пенаца еха ши терхи яра: тIоьхаларчунна тIехь бархI-исс бIе хиллал «ППШ» автоматан патармаш дара, лахарчунна тIехь — иттех хир йолуш тайп-тайпана гранаташ. Цул совнаха юкъахдихкина патармех дуьзна автоматан диск а, шина а хаьн тIехь кхозуш «Ф-1» цIо йолу нуьцкъала, салташа — «киснахь лело яккхий тоьпаш» — олучех шишша гранат а яра цуьнан. Амма снйсара а, тахана а ца соцуш ихначу догIано баьккхина хатт бара Зелимханан окопа чохь. Бедарш а, дегI а чIогIа тIадийна дара. Цу дуьззинчу шина кIиранах яша ца кхиъна нилха маж а яхъеллера. Цуьнан кхузза гола тухуш яьккхинчу окопана юккъехь охьахаа йина, гIантан барамехь, бнъсаболчу терхи тIехь, кьоламца яздина, кехат Iуьллура. Автоматан Iалашонца мостагIчун агIорхьа бIаьргбетташ бIаьхаллин постехь Iуьллучу Зелимхега хаьттира ас:

— ХIара кехат цIа дахьийта-м ца яздина ахь?

Зелимхана, багах хезаш дош а ца долуьйтуш, бай-й корта таIийра.

— Хьаьнга яздина ахь хIара?

— Сайн уггар хьомечаьрга.

Зелимхас бакъо яларца ас дийнира нохчо-

чун кIанта шен даггара яздина къонахчун дешнаш.

«Хьоме вежарий Закранл, Сахьби, Мусабби! — яздинера цо. — Салам-маршаллица шуьга хIара кехат яздийриг шун ваша Зелимхан ву.

Фашисташа вай хIаллакдарний, лолле дерзорний кхераме, хала денош ду хIара вай дIакхоьхьурш. Иштта чу буьрсачу хенахь стага дина дика а, вон а эзар шерашкахь ца дицда шен истори тIе дIаяздо халкъо.

Халкъерчу халонан дакъалоцуш, цунна тIегIерта буьрса бода бухатоьттучохь шен са ца кхоош, кху тIеман аренашкахь мостагIашна дуьхьал шен ницкъ маббу жигара тIом а бина, накха пачхьалкхан совгIаташа а лепош, «Даймахкана халачу, кхерамечу деношкахь сан даг тIехь осалаллин цхьа а хьаса бацара!» — ала йиш йолуш чекхваьлларг — доккха прс долуш ву.

Амма шен сий кIезгалла, кийрахь къонахчун дог-ойла йоцуш, вайн халкъан а, ЦIечу Эскаран а ницкъах ца тешаш, мостагIчо дечу «хьехаршка» ла а доьгIна (ткъа, фашисташа и хьехарш дуккха а до шайн листовкаш тIехь!), кху тоьллачу кIенташна букъберзий-нарг, ихьагало санна, деккъа шен са дадийна халкъах къаьстинарг — «Ахь хIун дина прогрессивни адамалле фашизмана тIехь толам баккхийтархьама?» — аьлла, историс шега денолчу хаттарна дала къонахчун жоп доцуш юьхьIаьржа хир ву. Цунна букъ берзор бу цуьнан зудчо, иза мостагI лорур ву цуьнан шен вежарша, иза шен воI ву ала даго ца юьтуш, хорамехь хир ю вина, кхийна, везна, амма

хIинца цунах, лаьхьанах санна, догдаьлла яхьйолу къена нана. Ишттачу вешин йиша ю ца олуш, легашкарчу хорамо ницкъ беш бIаьргех хиш а ледаш, «Ваша воцуш йиша ю со» эр ду нанас йинчо.

Цуьнан берашна эхь хетар ду шаьш цу наьIалт хиллачу цIоканах схьадевлла ала. Лаьтто къиза Iовдур ву, оццул осала ша хьешна шен кийра веанарг.

Ишта «дуьне» а лехна, лаьтта тIехула кхин хастам боцуш лела суна дезаш хиллачу Кавказан лаьмнашна тIе ца вуссуш, Панфиловски ткъе бархI турпал санна, халкъо цкъа а ца вицвеннолчу кепара вала вужур ву со. Со летта, летар а ву вайн маьрша дахар дохийначу фашистски йовссарех сайн бIаьргаш дуьнене мел хьуьйсу, кийрахь дог мел детталу, сайн къоначу дегIехь йовхо мел ю. Граждански тIеман халчу муьрехь Моммас[1] стогаллица дIакхехьначу къонахчун некъан сий дойур дац ас.

Дахархьама лета тхо, амма мостагIчунна хьалха гора ца хIуьттуш, я цуьнан лоллехь дацо синош ца лардеш — леташ, боккхачу толамца дала реза хилла тхо. Кху сохьта со маьрша-могаш, мостагIчунна къиза етташ ву. Амма тхоьгахь массаьргахь а дерг луьра хьал ду.

Хаалла шуна, сан хьоме вежарий, нагахь кхин соьгара кехат ца кхачахь, со дийна цахилар. Мел яккхий чевнаш хилархь, йийсар

---

[1] Ишта олура Зелимхана шен дех.

хилла мостагIчун каракхочур вац со. Тхан, Сталинград ларъярхойн, шиъ бен некъ бац: мостагIчунна тIехь толам баккхар я, леташ, стогаллица далар. Кхин некъ оха леха а лехац.

Милла а вожарх тамаша бойла йоцуш хала денош ду оха дIакхоьхьурш. Кху тIам тIехь нагахь сан хIаллакьхилар дагIахь — вайн эвлара МахкатIа боьдучу новкъахь ГIалин-Дукъахь куьг аьрру агIор болчу лекхачу гу тIе сан безамна кечдина чурт догIар — весет ду сан. Цунах бIаьрг мел кхеттачунна хуур-кх сан доццачу дахарх бакъдерг...»

Кехат доьшучуьра а сецна, юьстахуо лаьттан бIаьра а хьаьжна, жимма соцунгIа а хилла, лаьррана Зелимхега хьаьжира со. Кхийтира иза суна дагадеанчух. Эхьхетта юьхьа тIера бос а хиццалуш, кхин соьга дош ца олуш, шен автоматан чапханна тIе хин-киса хьекха хIоьттира иза. Дуккхадолчу декъана мостагIчун агIорхьа хьежадахь а, наггахь ша тIе куьг хьоькхучу автомате хьажахь а, цуьнан хIилладоцу Iаьржа бIаьргаш кест-кеста соьга хьовсура, сан юьхь-сибат тергалдора: «Ма дешийгн делара-кх ас хьоьга и сайн ледара ойла язйина кехат!..» — аьлла хеташ санна. Кхин цуьнга вист на хуьлуш, кехат дIадоьшу ас. «ХIара кехат вайн йижаршна: ПихIанний, Манжаанний, Курпиний, РебаIатанний, къаьсттана Калатанний [1] хезаш ма дешалаш, — яздора цо кхидIа а. — Кху тхан дахаран, къийсаман не-

[1] Нецан цIе шиттта йоккхура Зелимхас.

къан халаллех шайна сингаттам баьлла ца Iеш, шун дегнаш а Iийжор ду цара. Курну, пайна ма-хаъара, жима а ю, къаьсттана суна хуьлучу ницкъана я ас ловчу халонашна тоха са долуш а яц... Цу тIехь сан кехат чекхдолу. КIезиг яздарна бехк ма билла, дуккха а язда мукъа вац...

Вошаллин маршаллица — шун Зелимхан».

— Коьрта долчу декъана, къонахчун мукъамехь яздина кехат ду хIара, — элира ас меллаша, — амма, валарриг, чурт догIийтарриг ахь хьехадарна, хьан ойланаш жимма юткъьеллин техьа моттало суна, ваша...

— Ойланаш-м, дера, ца юткъьеллера сан, делахь а, хIара денош вайна цхьанна а тешаме ца гарна, суна безаш а, ас лоруш а болчу сайн юьртахошна, со вин ца валийтархьама хьахаделлера сан уьш. Амма и яздина а ваьлла юха дешча, айса дика ойла йича, суна хиира, цо сайн нехан, йижарийн дегнаш дохор дуйла. Цул совнаха, ӏалаза а висна цIа верзар хилахь, и сан балхамийн дешнаш хезначара: «Ма воьхна аз дара ахь ощу кехата тIехь хазнйнарг, доттагI», — аьлла, сайна дагаданйтича, суо ледара хетарг хилар а, суна сайх эхь хетарг хилар а лерина ас. Иза а, важа а дуьстина, и кехат цIа ца дахьийта сацийна ас. Амма, то а деш, и кхечу кепе дерзо вуьтуш хIара фрицаш а бац-кх», — мостагIийн агIорхьа хьаьжира Зелимхан.

— Хьажал, хьажал, дIо-о аьтту агIорхьара текхаш богIу хьаьрсанаш! — аьлла, сан хабар а хадош, чехкка автоматан патармех дуьзна

диъ дисккий, РГД цIе йолу вархI гранаттий шена улло а хилийна, гIегIертачаьрца, царна ша дуьйцург хезаш санна, къамел долийра Зелимхана:

— Хьешана там бан гIоьртий, шайна хуьлу дуккха а цатам ловчу нохчийн, гIалгIайн халкъан кIентий бу шуна хьалха... Оха дийр ду шуна тхаьшка далуччул «хьошалла». Тхан къоман хьекъале кица ду: «Кхайкхаза деанарг – доттаза дахана», — бохуш. Шу кхайкхаза даьхкина, амма, оха доттаза дохуьйтур дац... Гитлеран хьаьрса йовссарш... Оха шуна жижиг-галнийн меттана дошан догIа кечдина, ца кхоъош, и шуна тIе а делхор ду».

Тхойшиъ тIамна кечлуш Зелимханан окопа чохь дIасахьийзачу юкъана эскадронан массо салтий а, сержант а, эпсар а, мостагIий тIегIерташ хиларх вовшашка хаамаш а бина, хила бетталучу тIамна кечбелира. Цхьана меттера кхечахьа кхелхина йоьду зингатийн туьйлиг санна, тхуна шаьш ца го а моьттуш, керчашший, текхашший, тIехьа лечкъийла полчохь—уьдушший, тхуна герга гIертара немецко-фашистски наьIалт хилла гIера. Фашисташ тIелата богIуш хиларан хьокъехь шен хеннахь телефонехула тIеман хьалхарчу позицера старши лейтенанта Денилов Хьамида командин пункте биччу хаамца, полкан командование жерла чIагIонаш яхкийтира тIамна кечлучу оцу эскадронна. Цул совнаха тIом дIабахьаран хорманаш а, цуьнан хила мега хийцамаш а, тIаккха дан дезарг а дуьйцуш приказ а кхечира.

МостагIий тхуна юххе кхаьчнера. Цхьаболу

тхан накъостий Асхьабов, Байгаев, Оздамиров, Талаев, Гайтукаев герзаш хьеда боьлча, взводнийн командираша Бетовс а, Хурумовс а, Бородина а, эскадронан командира Эскиевс а, комсорго а бIаьргийн, куьйгийн эшаршца хичаш йой совцабора, — мостагIий кхин а юххе бахкийтархьама. Массарна а хууш дара, эскадронан командиро цIен ракета кхоьссичий бен герз кхосса а, тIом боло а мегарг цахилар. Амма фашисташ дукха юххе кхачарой, уьш луккха а гарой тхан цхьаболчийн собар кхачийнера.

Цу къорачу минотан тем а бохош, цIен ракета елира. ХIаваэхь, Iаьржачу буса мохо дуьйсинчу хаьштиган санна, серло яьржира. ДогIанан морхаша кхолийнчу сарахь Нохчийчоьнан лаьмнашкахь цIеххьашха, иккхичи санна, стигал а къевкъаш, туху стелахаьштиг дагадеара суна цу секундехь, массо маьIера цхьабосса буьрса герзаш девлча. Дуьненахь мел долу метталл хIокху минотехь герз хилла иккхина дели техьа аьлла хеталора.

Эскадронан аьтту а, аьрру а агIонашкахь йолчу Исмаилови, Хасанови, Юсупови станкови пулетин рассчеташий, Виситаев Сайд-Iалин, Арсанов Салманан, Алиев Мухьмадан, Эдалханов Ширванин, Халидов Хьумидан, кхечеран отделенийн автоматчикаший дошан догIа делхийра немцошна тIе. КIуьра юккъе писъелла гIаргIулеш санна, шаьш лелориг хIун ду ца хууш, тентаг а бевлла, боьхна баьржира фашисташ. Атаке ван дагахь, царех лаьттара хьалаайавелларг, Iода кхоьссина тIулг коьртах кхетча, дитта тIера чудужу хьоза санна, нохчийн, гIалгIайн кIентийн герза-

ша деттачу бекхаман доно кипра а Iовжабой, кхин ца гIатта вужура.

— ДIаэца сан совгIат, фриц! — олура Зелимхас йоццачу очертана автомат а хьовзош.

— ХIара хьошалла дийр ду оха, советски адамаша, шуна массарна а.

— ХIара — Космодемьянская Зоин аш къиза даькхкхийчу сий бекхамна, — мохь туьйхира майрачу тIемалочо старши сержанта белгIаточо Талаев Лом-Iелас.

— ХIара — тхан нохчийн турналхочух Мазаев Маташах аш эхийтийчу цIийнна дуьхьал! — элира эшилхоточо Оздамиров Сайд-Iалис.

— ХIара — аш хоназа вовшахбаьхначу тхан лоьзалшна тIера! — мохь беттара Байгаев ШаIмас.

— Тхан йохийначу шахьаршна, ярташна тIера, аш байлахь дитийчу б рашна гIера, бехк-гуьнахь доцуш аш къиза дайийчу тхан къеначу дай-наношна тIера, аш тхан дохийначу маьршачу дахарна тIера, — бохуш, шайн автомататашка йоццийн очерташ полуьйтора Лалаев Рамзана а, Костоев Якъуба а, Дешиев Хан-Солтас а, церан накъосташа а. шайн гергаш фашисташ луьста болчухьа а хьийзош. Автоматан хийцина диск аьрру куьйга а лаьцна, тIелата боIу фашистийн беха могIа аьрру агIорхьара — аьтту агIор, тIаккха, аьтту агорхьара — аьрру агIор хьийзош автомате цестийтора, оха массара а безамца «ламанан леча» олучу майрачу бIаьхочо старший сержанта Ондуккаев Iусмана. Цунна юххехь мостагIчунна тIе Iожаллин доIа детташ бара аш-

томатчикаш Баркинхоев, Дохтукаев, Истамулов.

Тlом чlогlа чеккабаьллера. Тхох масийттанна чевнаш хиллера, масех бlаьхо вийнера. Чевнаш хиллачушна юкъахь эскадронан командир лейтенант Эскиев Мохьмад вара. Эскадронна куьйгалла дар шена тlенйцира политрука Денилов Хьамида.

Ткъа метр хиллал шаьш тхан гlеман позицина юххе кхаьчча, фашисташ, цlеххьана хьала а гlевттина, тхуна атакица чухаккабелира.

Тlеман майданна тlехула кхоьссинчу цlечу шина ракетан серло елира. Даймanна а дуьйлуш лаьттачу кхидолчу герзийн татанаша ракеташ йовлар хозуьйтуш ца хиллехь а церан серло гира тхуна массарна а. Иза тхан атакин сигнал яра.

Цхьабосса массара мостагlашна гранаташ а тоьхна, окопаш куьра хьала а лилхина, атаке хьаьлхира тхан бlаьхой.

— Вайн Сийлахь-боккхачу Даймахкехьа, вайн хьомечу Компартегахьа! — мохь а тоьхна, мостагlийн шилхадевллачу магlаршна тlехьаьдира Зелимха. Ведда воьддушехь, цо, дlаса а хьийзош, еттара автомат.

Шина а агlорхьара салтий вовшашна чуччабахара. Цамзанашций, фински арсашций, тоьпийн баххашций тlом сихбеллачу уггар халачу секундашкахь Зелимханан автоматан диски чуьра патармаш кхачийра. Важа диск юкъахара схьадаккха а, тlе дилла а хан ца йолура. Автомат шина а куьйга юткъачу юьхьера а лаьцна, чlогlа ласторна коган буьхьар а хьаьвзаш, векъна-лохачу фашистан коьр-

тах ялийтира цо. Шен карара фински цамза буьххьехь боллу иччархочун топ а малъеш охьавоьжна фриц когаш хьекха волавелира, цIога хадийна моьлкъа санна, дегI а сеттош. Цуьнан карара топ чехка схьа а яьккхина, вухавирзинчу Зелимханна гира, шена тIехьаьда вогIу верстана, черма санна стомма, фашист Полуьйтуш автомат тоьхна иза вийра Исхабов Догус. Шин гIулч вуханехьа кхоссавелла, аьтту кога тIе а таьIаш, шен кьона дегI хьалха таIийра Зелимхас, сихха хьалхатесначу аьрру кога тIе а вазлуш. Шен дегIаш дозаллица тоьпан цамза, Лалаев Рамзанна полуьйтуш автомат тоха тIекIирвеллачу, къаьрзина бIаьргаш долчу фрицан деган Iайга Iоьттина, букъах чекхбаьккхира цо, чертах санна.

Фашисташ юханехьа хьаьлхира. Амма юм эцна юханехьа боьлхуш а царна хьалха етталуш лелхара бIаьхоша Гайтукаев Джунидий, Льянов Мухтарий, Алиев Мухьмадий, Эсмурзаев Германий шовзткъе ялхийтта миллиметрови ротин минометашца етта минаш. МаьIмаьIехь лелхачу церан гаьргаша, локкхаташ санна, лелхийтора «Гитлеран керла порядок» яхьаш баьхкинарш. «Нахана даьккхинчу, ор чу ша эккха», — олуш долчу нохчийн кицано бохург хилира фрицашний, гансашний. «Туьнкалгаший» (иштта олура бIаьхоша минометех), Исаев Дешни, Истамулов Абун, Висангов Абу-Iалин станкови пулеметаший къаьсттана дика болх бира оцу тIамехь. Гхайнаш фрицашна тIаьхьа хьаьлхина бахара. Оцу майрачу тохарна кIелхьара дукха мостагIий ца бевлира са чохь. ТIеман арахь шайн салтийн, эпсарийн шортта декъий

дуьтуш, юхабевлира хIаллакьхилаза бисина фашисташ. Бевддачуьра уьш ца совцуьйтуш, тхан подразделенеша царех дIаIанйира Тундутово, Малые-Дербеты ярташ.

Цул тIаьхьа дукха бах ца луш тIом а сецира.

Тундутово а, Малые-Дербеты а ярташна юхехь тхан подразделенешна тIехь коьрта централизованни куьйгалла деш хилла штабан начальник Алханов Хамболат, яккхий чевнаш хилча а, тIамна юкъара ца велира. ТIеман арара полкан санчасте ша вуха ваккха накъостий гIоьртича, шен берриге пицкъ вовшах а тоьхна, Хамболата, чIоггIа мохь тухуш, элира: «Со — нохчо ву... Чов хиларх тIеман арахь шен накъосташна букъ берзийча эхь ду. Куьйгашка тIом балур бацахь, когаша со мостагIчух летор ву. Коьртехь хьекъал мел ду, дIалуьйш мотт мел бу ас командиран декхар охьадуьллур дац... МостагIчунна тIе суна тIаьххье хьалхатаIа!» — Алхановс оллушехь, бIаьхой, кхин а чIогIа тIетаьIира фицашна. Ши-кхо минот яьлча Хамболат писса бертал охьавожаво тоьпан даьндарг баьссачу кийрах чекх а йолуш хиллачу чевно. Поьазлагla хиллачу чевно кхетамчуьра ваьккхира майра эпсар. Тхан накъосташа санчасте бигначу чевнаш хиллачарна юкъахь бара мостагIчух майра летта бIаьхой Бекбулатов Бекмурза а, Бексолтанов Iабдурахьман а, Абубакаров Мовла а, Ондуккаев Iусман а, Истамулов Абу а.

Даймахкехьа къуьйсуш тIеман командовании приказ сийлаллица кхочушдеш, шайгара лаккхара турпалалла а гойтуш, Тундутовехьий, Малые-Дербетеххьий хиллачу тIамехь

хIаллакьхилларчарна юкъахь бара вайн халкъана цкъа а бицлур боцу накъостий: оьрсий — лейтенант Бородин, чергази — лейтенант Тхагапсов, нохчо — старши лейтенант Сапаев Била, гIалгIа — старшина Картоев Ахьмад, хIири — старши лейтенант Дзабиев Мухьмад; сержанташ, салтий: Межидов Рамзан а, Юсупов Мильки а, Касаев Шайхади а.

Санитара Мильдзиховс Тундутовхь яккхий чевнаш хилла эпсарш а, салтий а тIеман арара герз ца кхоче бохуш шен балхахь керланиг гучудаьккхира. Шуьйрачу уьи тIе дархо а вуьллий, уьнан цхьана юьххьехь даьккхинчу Iуьргах тесна шалха муш шен шина белшах дIатосура цо, кочахь гIомат а йолуш дIавожавелча санна. Ша хьалхий, чов хилла дархо тIаьхьий а волуш, текхаш, дуккха а накъостий бехира цо оцу дийнахь а тIеман арара герз ца кхочучу къайлене.

Тхан подразделенеш, мостагIчунна тIехь толам а баьккхина, фашисташа юха а вовшахтоха мегачу керлачу тIелетарна кечъелла, чIагIъелира. Амма мостагIий керлачу атаке ца баьхкира! Оцу сарахь тхоьца къамел динчу Тундутоврчу воккхачу стага Александр Петрович Михайловс ийса элира: «Iеха хьаьрчина гIелделлачу зезагехь дерриг дара тхоьгахь немцоша кхузахь даьккхинчу оцу масех кIиранах. Амма и Iеха орамашкара хадош дIа а баьккхина, паргIатдаьккхинчу зезагехь доллу хьал ду тхоьгахь хIинца, аш, тхан хьоме бераш, паргIатдаьхначул тIаьхьа». Тундутоврачуй, Малые-Дербетерачуй бахархойн баккхийберан барам бацара. Юучуьнца, молучуьнца, шайн бераш санна, тIенйцира цара тхо.

Тундутовхь а, Малые-Дербетехь а хиллачу тIамехь Нохч-ГIалгIайн дошлойн полкан бIаьхоша вийний, чевнаш нинй ши бIе сов фашист хIаллаквинера, тхох эшнарг — 17 вара.

Каде тIом бинчу цхьана Зелимхана вийнера цу тIамехь ялх фашист. Иштта «хьошалла дира» цигахь а оьрсашни, хIираший, нохчашний, гIалгIашний кхайкхаза баьккинчу нехан мехкашдIалецархошна — фашисташна.

Тундутовххьий, Малые-Дербетеххьий хиллачу тIамехь къаьсттана вовшахтохараллин харш гайтира старшн лейтенанта коммуниста Денилов Хьамида.

«Салтин са ду Хьамид», — олура цуьнан куьйгалли кIел болчу массара а.

Церан массеран а синтем, синкъерам бара Хьамид. Иза цу дийнахь а вара шен бIаьхошна юккъехь, церан дог-ойла ирахIиттош, тIамехь шегара майралла а, хьуьнарш а гойтуш.

Хьамидана дика хаьара шен карахь волчу муьлххачун дагах вуола а, цунна там бан а, дог-ойла хаарца, хьакъ доллу гIо дан а...

— Денилов тIамна вина хилла, цуьнца вала а гIур ву со, — элира старшинас Закриев Шомсуддис, шен доттагIашка Iумаров Мохьмадей, Бангаев ШаIмегий, Талаев Лом-Iелегий цкъа ша дечу къамелехь.

ТIеман хьелаша цкъацкъа аьтто бохабой юучун гIуллакх ледарадаьлча а, хи кIезиг долчу гIалмаккхойн аренашкахь хьогалло гIелвича а, луьрачу атаке даха кечлуш а, аьтто боьхна юхадовла дезийтаро дегнаш гIелдича а — массанхьа а кхуьура шен цIенчу даггарчу,

довхачу дешнашца, дас-нанас берийн санна, хIораннан а гIайгIабеш, велавелла-векхавелла, массеран а дог-ойла ирахIоттош волу коммунист Денилов Хьамид.

ТIеман халонаша, жимма къежварал совнаха, коьрта тIера месаш нилхъя а йолийнера Хьамидан. Цуьнан шуьйрачу хьажа кIелхьарчу кегийчу, амма аьрзонан санна, хьуьйсучу бIаьргийн лелар накъосташна там бан кест-кеста елалучу цуьнан юьхьца а, хазачу, оьздачу забарца а товш хуьлура. Юккъерчу дегIехь волу и, мел гена хилча а вовзуьйтора цуьнан шуьйрачу белшаша, юткъачу гIодаюкъо. Лом санна майра а, тIеман низам, партийнниг санна чIогIа лардеш а эпсар вара иза.

Салташна а, накъосташна-эпсаршна а ша везар хааро, кхин а алсамдоккхура цо ша-шен ца кхоор а, шеца болчийн гIайгIа чIогIа бар а. Салтечунна йогIу юург буьззинчу барамехь дIа ца кхачор хиъча, шена везаш волчу старшинана Магомадовна дисциплинарни таIзар лира цо. Иштта вара и гуттара а.

Цунна цкъа а дагара дIа ца долура Советски Эскаран эпсар-коммунист — иза шен куьйгаллин кIел болчийн да-нана а, ваша-йнша а хилар, церан хьашташка, дог-ойлане, лаамашка хьажа декхарийлахь хилар. Иза иштта хьоьхура вайн хьомечу Компартис. Алма-Атахь, Казахски Коммунистически партин Центральни Комитета чу йогIу партийни Лаккхара школа чекх а яьккхина, хIинца вайн республикехь советски жоьпаллин балхахь волчу цуьнан турпалхочун санна болчу шуьйрачу некха тIехь къегаш ю цо стогаллица Дай-

мохк мостагIех ларбарна Советски Правительствос хьокъалла боллу мах а хадош, цунна елла бархI награда: Советски Союзан орденаш а, медалаш а. Пачхьалкхан оцу лаккхарчу совгIаташа гойту вайн халкъан сий а, Даймехкан бозуш ца хилар а лардеш, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIам тIехь нохчийн кIант, Советски Союзан Коммунистически партин член Денилов Хьамид Решиевич фашистийн ардагех муха летта.

Хьамидах а, Советски Даймахкана, вайн хьомсарчу халкъана халачу шерашкахь и санна тешаме хилла чекхбеллачу кхиболчех а хьокъала доллу дозалла до вайн советски халкъо.

Иштта майра лийтира, Даймахкана эшначохь шайн синош дIадала а реза болу нохчгIалгIайн полкан эпсарш: Межидов Зелимха, Хакишев Шалаудди, Далгатов Мохьмад-Зафир, Исманлов Iабдул-ВахIаб, Дугаев Хьумид, Тангиев Зеламха, Эсанбаев Мумади, Манаров Мохьмад, Айдамиров Ваха, Закриев Шомсуддин.

ТIамехь алссам дараш а хилла, шен магIарехь адамаш кIезиг дисарна тхан полк Тундутово—Мало-Дербетски операци чекхъяьллачул тIаьхьа, дукха хан ялале, разведовательн шина дивизионе дIасайнйкъира. Хьалха кхин а яра ган езаш тIеман халонаш. Кхин а лакхарчу жоьпаллин дара разведчикашна хьалхалаьтта декхарш. Амма массарна а лууш дерг, ямартлонца вайна тIелетта, вайн машаре, синкъераме дахар дохийна фашисташ макхуьъу чехка хIаллакбеш лахкар дара. МостагIчунна тIехь толам а баьккхина, фашизм

хIаллак а йина, цуьнан когаш кIелахь узарш ден халкъаш пергIат а даьхний бен пергIат болуш бацара доьзалшна тIебоьду боккха некъ. Оцой бен маьршанний, пергIаттий дахар хуьлуьйтур дацара. Ц снйлахь Iалашо кхочушъярехьа болчу луьрчу тIемашкахь шайн цIий а, дахар а кхоор долуш бацара Нохч-ГIалгIайчоьнан кIентий.

ТIеттIа алсам яхчалуш, шен магIарехь керл-керла турпалхой кхуллуш, тIеман халчу некъашца шайн цIийн ларш юьтуш, тIемашца мостагIийн могIарш нилхдеш, командовани лаамца Малхбалехьа цкъачунна юхаюьйлура нохч-гIалгIайн бIаьхойн подразделенеш.

Вайн махкана а, халкъана а яккхий чевнаш еш, тIом бахбеллера. Цуьнан карзахечу некъашца тхуна гора Советски адамашкара баккхий баланаш. Фашистски йовссарша ягийна чим бинчу гIаланийн, яртийн урамаш а цоьстуш, мостагIчун дуьхьалонаш кег а еш, вайн эскарш Малхбузехьа теIара. Оцу бехачу новкъахь тхуна хезира адамаш хIаллакдархоша-гитлеровцаша арсаш хьоькхуш а, доза ллашна нийсалха автоматаш етташ а дойучу берийн, эударийн, баккхийчу неханний тхьога орцах кхойкху шийла маьхьарий.

Дуьне долийчхьана дуьйцу мел хезна адамашкара дийлла акхараллин гIуллакхаш хIумма а доцург хеталора гитлеровски шинкоган акхароша лелийначу, вайн бIаьхойн бIаьрга дайначаьрца дуьстичи.

Котельников гIалина юххехь болу ши некъ морзахболлучохь хи а детташ батийна бина ши метр лекха лаьи гу чIагIбеш, шина а

агIор ирбина дечиган хьокха тоьхнера фашисташа. Дерзана а даьккхина, цу тIе охьахаош доьгIнера цара Советски Эскаран цхьана эпсаран дакъа. Хьостамца цу докъан хьаж тIе тоьхна, Малхбалехьа йолу агIо ир а йина, «Сталинграде боьду некъ», — тIе яздина а долуш, некъ буьйцу у дара. И акхараллин гIуллакх шаьш дале хьалха, чIогIа чевнаш хилла, амма Советски Даймахкана тешаме хилла и эпсар валаза Iуьллучу хенахь, вайн халкъе а, турпалчу Советски Эскаре а шайн болчу цабезамна эсэсовцаша, цуьнан некхан шина а агIор а, букъа тIе а арсаш хьоькхуш, пхиса болчу седарчийн сурташ дехкинера. ТIаккха, шело цIийзачу цхьана Iуьйранна арахь, лай тIехь, хиш детташ, иза гIоравайтинера.

Ростовски областерчу Цымлянски районера Челбин юрт тIамца схьа а яьккхина, оцу юьрта уггар хьалха кхаьчначу тхан накъосташна карийнера фашисташа арсашца марош а, лергаш а, бIаьргаш а, цкъоцкъамаш а даьхна Iуьллу Советски бIаьхойн масийтта дакъа. И Iазап гайтинчул тIаьхьа, уьш массо а, автоматаш етташ, цаца санна, зарзвинера фашисташа.

Уманцово районин центран эвлал арахьа, чIогIа яккхий чевнаш хилла Iохкучуьра схьалахьийна шаьш дIавехьна шовзткъе вархI советски эпсарриЙ, салтий кIорга даьккхинчу ор чу а кхоьссина, тIе бензин а доьттина, царех цIе теснера фашистски акхароша. Декъийн меттана адамийн барамехь чимаш дара оцу ура» шуьйрачу цIенкъахь Iохкуш.

Цкъа хьалха чевнаш хиллачу шайн сал-

тийн ихенаш чу дотта амнулшца, дерриге а бохург санна, цIий дIа а даьккхина, тIаккха дийна воллушехь, Красинан цIарах йолчу шахти чу кхоьссина кхо эзар стаг вийнера гитлеровцаша. Царна юккъехь цхьа ши шо бен ца кхаьчна, хIуманна а бехке доцу дуккха а бераш а, кхузткъе итт — лезткъа шераш долу къенанаш а хиллера.

И гIуллакхаш гинчу советски бIаьхошна дика хаьара фашистийн коьрта Iалашо: Гитлеран «Дранг нах ост» планаца нийса а догIуш, дукхахдолу советски адамаш дайаррий, кегийхадерш эхьечу лоллехь маьттаза дацоррий, вайн хьалдолу Сийлахь-боккха Даймохк шайн хьоладайшна гуттаренна а дIабаларрий юйла. Амма иза кхочушхир йоцу, церан валенкаш санна «эрзац план» яра. Фашистийн леш а хилла ца «дехаш», бакъо къуьйсуш Iожалла тIеэца резахилла гIаьттинера Советски Союзан эшалурдоцу халкъ а, цуьнан турпала Эскар а. Фашисташа лелош йолу акхараллаш шен бIаьрга гаро вайн эскаран хIора бIаьхочун дог цаьрга болчу цабезамна дахчадора, толаме болу лаам кхин а чIагIбора, ткъа бечу тIам тIехь и йовссарш эго куьйгаш цкъа а кIад ца долуьйтора.

Корта хьере беш, ца соццуш дуьйлучу герзийн гIовгIанехь, шакаршца уьдучу шокъалийн дарцехь, мецачу берзалойх терра самолетийн угIарехь, яккхийчу тоьпийн, минометийн, мортирийн хIоьъннийн лелхаро ягочу жоьжахатийн цIергахь — Сталинградехь хиллачу, хIара дуьне долийчахьана шега нисса-ниг кхин цхьаннахьа а, цкъа а хилла боцу и инзаре боккха тIом, уггар карзахбаьллачу ха-

лачу деношкахь а, Нохч-ГІалгІайн дошлойн полкан цхьа эпсар а, салтий а дог-ойла йоьхна, вай тоьларг хиларх шек волуш я гІелвелла стаг вацара.

Церан дегнаш дахчаделлера, тІамна дуьхьал латтадалар чІагІделлера, толаме болу лаам ирбелла, алсамбаьллера, оїланаш тоеллера, массо а цхьабосса векхавелла вара.

Царех хІораннан а дагахь дара: «Тхан дайша шайн цІийх хьандина Советски Даймехкан латта тхуна хьоме ду. Бомбанаша цунна тІехь мел оьрнаш дахарх, яккхийчу тоьпийн хІоьънаша и мел дарарх, мостагІчун мортираший, минометаший и мел агарх, фашисташна луург хир дац!»

Тхан хІораннан а дагахь дерг, йийсаре валийначу фрице Отто Кундте элира Талаев Лом-Іелас:

— «Аш къиза дайиичу тхан берийн къа хуьлда шуна, фашистийн акхарой! Тхан декхар а, лаам а цхьаъ бу — шуна бекхам бар. Дийна йоллушехь шахти чу тесначу жимачу Валина аш санна, шун мецачу бІаргашна хІара дуьне лесташ а, тІекхеташ а гайтар, цо шен садолучу секундехь «бекхам»... аларца айдина жима куьг — Іожаллин стелахаьштиг дина шух хІораннан а коьрта тІе буьрсачу герзах дожор — тхан сийлахьчех хьалхара декхар ду.

Тхан синкъерам — шуна бекхам бар, тхан ирс — шу хІаллакдар ду. Дуьне а, малх а гур бац тхуна шун боьхачу тобанан салти тхешан эвхьечу лаьтта тІехь мел ву!»

Уьш дара, фельдмаршал Отто фон Паулюс коьртехь а волуш, Сталинградехь хиллачу не-

мецки эскаршна вайи турпалчу Эскаро гуобина денош. Муьлххачу мехах а уьш Советски Эскаран гонна юкъара баха гIерташ, керл-керла тIеман ницкъаш советски эскаршна тIехоьхкура гитлеровски командованис. Котельникови районехь тIамца тхан оборона йохийна чекх а бевлла, гонна юкъарчу шайи эскарна тIекхача гIертара фашисташ. Амма йохчийн, гIалгIайи, гIебартойи, казахийи, балкхарийи, гIалмакхойи эскаран дакъош майра лаьттира царна дуьхьал. Делахь а, вайи эскаршна дукха зенаш ца хилийтархьама, гитлеровски эскарш шайи тылана гена довлийтархьама, царна юханехьа тIелата дика кечам бархьама, лакхарчу командовании гайтамца тIемаш а беш, вайи эскаран дакъош цкъачунна юхадуьйлуш дара.

Денна тIаьхьа де а доьдуш йоьдучу замано тIенйзадора фашистски Германина тIехь буьрса, амма хьакъйолу, бакъонан ницса кхиэл енйолу сахьт. Шаьш лелийначу зуламечу гIуллакхийн маьIнех дика кхеташ, цу бакъйолчу суьдан жоьпаллина кIелхьара довла я и суд жимма мукъана а тIаьхьататта гIерташ, хьербевллачийн кепе бирзинера уьш. Амма царна Iожалла йоссош, церан симетта тоха герзаца айделлера вайи халкъан бекхаман куьг. И бекхаман сахьт тIаьхьататтархьама, цара лелор доцуш цхьа а зулам дацара.

Яьллачу цIарийи, лелхачу болатийи хьалха корта таIор боцуш, наьIалт хилларчу фашистски ардангана луьра, буьрса суьдахо хилла гIаьттинера дуккха а вежараллин къаьмнех лаьтташ долу Советски турпала халкъ. Иза дика хаарна, шаьш лелочу зуламаш тIехь

кхин а Iодара бевллера фашисташ. Амма хан вайна болх беш подуьра.

Фашисташа шаьш шахти чу кхуьисийла хиъначу йоккхачу стага Варвара Васильевна Ивановнас а, цуьнан кIентан кхо шо кхаьчначу поIа Валяс а «Бекхам белаш»... — аьлла, тоьхна мохь Советски Эскаран миллионашна хезира. Ваин эскар и тайпа весеташ кхочушдеш долу, «Бекхамбархойн» эскар хилла дIахIоьттира.

Фашистийн эскарийн цхьа дакъа Верхни-Яблочни юрт чIогIа шен карахь сецош дара. Масех сахьт даьлча бан безачу тIеман план хIотторхьама, хьалхалаьттачу кхерамечу тасадаларша дика кечам бархьама, цу юьртахь долу хьал ма-дарра дика хууш хила дезара. Оьшуш дара цига разведка яхийтар.

Дивизионан командира капитана Цопанов Султана а, цуьнан штабан начальника Емельяненкос а чIогIа сацийра шайна хьалха болу мостагIий мел бу, церан хIун тайпа тIеман гIирсаш бу, уьш коьрта долчу декъана мичхьа бу, мостагIчун тIеман ойла а, некъаш а, планаш а муха ю — дерриге а хаа. Цопановс шен командни пункте гулбира дивизионан берриге а эпсарш. Ша хьалха а ваьлла, уьш офицерски разведке бигира цо цхьана гу тIе. Цигара турмала чухула дIахьаьжча дика къаьсташ гора мостагIийн леларш а, обозаш а. Гу тIехь дика яьккхинчу окопа чу а гулбина, Цопановс доцца декхар хIоттийра эпсаршна хьалха:

— МостагIчух дерг ма-дарра ца хууш,

бІаьрзе ду вай. Шозза яхийтинчу разведко пайде хаам а, я дийна мотт[1] а ца беана.

Уьш ца хилча вайн йиш яц, — аьлла, къамел чекхдалийтира цо.

Муьлхачу агІор тІелетча хир бара техьа вайн керла разведотряд мостагІчунна тІекхача аьтто? Оцу хаттарна жоп кечда тІеман ара хьалха а хьоьжуш, ойланаш еш Іара тхо. Массеран а тап-аьлла Іер дохийра, цул хьалха цкъа а майраллица зевелла воцчу, амма дукха луьйш ша кІордавойтуш гІараваьллачу Мукаев ЦІокас.

— Деллахьа, накъост капитан, — элира цо. Цопановгахьа а хьаьжна, — богІур бацара техьа церан цхьа-ши мотт, тахана мукъана, вайн кара?

Мукаевна ала лиънарг: «балалур бацара техьа уьш тахана мукъане а вайга кара» хиларх ша кхетташехь, данма а забаре волчу лейтенанта Хасанов Іабдурашида, цхьа а вист хилале, хан юкъа ца юлуьйтуш, элира:

— Фрицашка «меттанаш» хилий тхан карадагІахьара шу, аьлла, дехаре бахийта баккхий нах вовшахтоьхча хІун дара техьа, накъост Мукаев?

Массо а чІогІа бийлабелира.

Цул тІаьхьа хІораммо а шена хет-хета план дІайийцира. МостагІчунна тІамца тІелета бІегІийле некъ а, цу хийолчу рогІерчу разведкин декхар а билгалдаьккхина ша ваьлча, Цопановс хаьттира:

---

[1] Дийна мотт — мостагІчух дерг хаа лаьцна йийсархо

— Шуна мила бакъахьа хета эпсарех оцу разведкина тIехь куьйгалла дан вахийта?

— Со вахча мегар дацара техьа и «мотт» бало цига? — ойла шина декъехь а йолуш, Мукаеви багах доллушехь, вела а къежна, цхьа шен амалехь корта а ластош, Исмаилов Iабдул-ВахIаба элира:

— Баа бохьуш кхехкийначу уьстагIан мотт бацийи бан безаш берг-м.

— Иза-м суна а хаьа, — уьш шех ца тешарх цуьрриг вас хилла а воцуш, элира ЦIокас.

— Хаац... нагахь и бакъхилахь, ахь балийнарг муха хир бу-м! Амма, цхьа декъаза кхиэл хилла, хьо цара лацахь, цара мотт буьгий-м хаьара суна хазашеха санна беханиг, — аьлла, кIажваххана велавелира Хасанов Iабдурашид.

Массо а гIадбахана буьйлура шаьш Iохккучохь, гIовгIа ца яккха гIерташ, батош тIе куьйгаш а дохкуш.

Цу буьйсанна текхаш, гIовгIа ца еш мостагIчун аьтту-агIорхьарчу флангана тIехьа бевлира тхан майра разведчикаш. Шена тIехь куьйгалла деш эпсарш: хIинри Мадзаев Мирзакул а, нохчо Межидов Зелимха а, гIалгIа Льянов Мухтар а волуш йолчу разведотряда юккъехь бара доккха зеделларг долуш болу разведчикаш: Талаев Лом-Iела, Гойтукаев Жунид, Висханов Iумха, Бузуртанов Ахьмад, Висаитов Абу-Iела, Индарбаев Махьмуд, Алиев Мухьмад, Эделханов Ширвани, Баркинхоев Ахьмад, Дешиев Хан-Солта, Исаев Деши, иштта кхиберш а.

Цу буса цара тIамца йинна разведка, ткъе итт

гергга фашист а вуьйш, цхьа «мотт» а бахьаш чекхъелира.

Цlехьашха, мостагlчунна дагахь доццучухула разведчикаш тlелатаро бохийна кхерабелла дlасабевддачу фрицаша, тхан разведчикашна ладам болу зен ца дина. Цу буьйсанна мостагlчун окопа чу иккхинчохь цамза lуьттуш а, тоьпан бух бетташ а, билггал шена хууш, гуш вийна вин фашист а тlехь лерина, Зелимхас байинчу нехан мехкаш дlалецархойн барам кхойттанга кхаьчнера. Шозлагlчу дийнахь сатоссуш тхан дивизионо дика вовшахтоьхна динчу тlелатаро тlамца дукха чlогlа дуьхьало а ца еш, Верхни-Яблочнера бовда дезийтира фрицийн. Гитлеровски lазапах Советски кхин цхьа юрт а паргlатъяькхира нохч-гlалгlайн бlаьхоша.

Цхьа а де-буьйса, цхьа а сахьт паргlат ца доьдуш, тlамца, хьацарца, lожаллин хьожанца йоьдура зама. Амма цо порт бакъонехьа къуьйсучу советски халкъехьа кхоьхьура.

БІАЬХОЧУН ВЕСЕТ

(Повесть)

— Накъост лейтенант, хьо шел-м ца велла? — хаьттинчу Сайд-Iалис хадийра, шийлачу окопан аьтту агIорчу йистехь, вертанах а хьаьрчина, Iуьллучу сан ойланаш.

— Шел ца велла со-м... Баркалла. Хьо лаа вуй?

— Со а ву шуна гена вощуш, аьрру агIорчу флангехь. Постехь сайн пиъ накъост а витина, цхьа тамашена сагатдаларна, текхаш хьо волчу веара со-м, окопа чухула. Вай ... итта-ткъа метр делахь кхин вовшашна гена а дац.

— XIума дац и-м... Ткъа сагатда маца кхуьу хьо? IIера сингаттаме кехат-м ца деана?

— XIаи-хIа. Амма ас цIа яздина кехат дIадахьийта аьтту ца болу масех де-м ду.

— Ши-кхо бутт хьалха Зелимхас саина, вежаршка кечдина чурттий, гIазоттий хьехош-м ца яздина ахь иза? — хаьттира ас, иза хьовзорхьама.

— Ца яздина. Дешахьа хIара, накъост лейтенант, ледара меттигаш схьа а аьр ахь.

Лерана хьарчийна кхо маьIг йолу фронтан письмо кисанара схьа а даьккхина, дIадаьстина, суна хьалха диллира Сайд-Iалис, ткъа ша, тхойшиннан окопа тIехула верта тодина ма веллинехь, вахвелла суна дуьхьал агIор велира, фонарик а латош. Гуш дара Сайд-Iали леррана и кехат дешийта а, цуьнан чулацаман хьокъехь сох дагавала а веана хилар. Цунна там бархьама, сайца волчу шина пулеметчикана постехь сема хилар тIе а диллина, цо шен тIехьийзачу йоIе яздина кехат доьшу ас, хозуьйтуш. IIо яздинера:

«Хьоме Асет! Кхузахь, яккхийчу тоьпийн хIоьъийн лелхаро къараволочохь, хьервалал чIогIа танкашийн гIуг! лаьттачохь, бомбанийл а, пулеметийл а дагна ца дезачу «мессершмидтийн», «юнкерсийн» шакарша хьайре вечохь, кхузахь, я мостагIчунна тIехь толам баккхар, я къийсамехь эвххьаза Iожаллина хьалха хIоттар сан даг чу дижийчу хенахь суна хьо дагая миноташ карийча — кхидерг ца дийцича а хууш ду-кх хьоьга болу сан безам мел боккха бу.

ТIом бечу ара, довхачу дешнашца дог хьостуш, тIехьийзачу йоIа даггара яздина цIера дайтина кехат кхачар — дуьненахь доккха ирс а, башха совгIат а хета. Ишттачу миноташкахь хийлазза а сан дог хьаьстийчу хьол хьоме хIумма а хир дац сан дуьненан дохалла цкъа а.

ХIара кехат яздинчу суна даггара чIогIа езаш йолчу хьоьга болу безам кхин а совбаларал совнаха, амма лелхачу болато егочу кху тIеман арахь шен декхар сийлаллица кхочуш-

деш, кху халачу миногехь хIара суна схьадеанчу зIенан эпсарна Арсанов Салманна а олу ас даггара баркалла.

Хууш делара хьуна, сан хьоме Асет, гергийн дийларца Iоьхуш лаьттачу кху тIеман ара кхочуучу хьан кехато сан дог-ойла мел хьостий йохйо; дерриг сан дегI кIаддаларх хьалха муха доккху, ткъа мостагIашна тIехь керла толамаш баха суна мел ницкъ ло!

Хьан кехато дерриш а дагадахкийтира: тIом болабеллачул хьалхарчу дийнахь суьйранна вайша шовдана коьртехь латтар а, «Теша мегар ду хьуна сох-м, гурралц собар дехьа...»,— со тешош, хазачу озаца ахь бахар а, хьан башха сибаташ а, гIиллакхаш а, ахь йиллинчу хене сатуьйсуш ас гатдина са а... ХIинца шолгIа гуьйре а тIехъяьлла, хIара Iа ду. Гитлер бохучу оцу шинкоган экхано йохий вайшиннан стохккахьехь тIехъяьлла гуьйре. Иштта масанийн ирсаш дохийн цу йовссаро?! Амма вайшиннан дахар цхьана доза вайн хилла барт— иза боьхна бац. Со цIа вогIур ву. Цуьнан яние а шеко яц.

Хьан кехато дерриг дагадантарал а, дерриг карладаккхарал а совнаха сан бIаьхаллин ойла чIагIйо, фашисташна тIехь толам баккха болу лаам алсамбоккху.

МостагIашна со атаке воьдуш, сан ойланашца даима хьо а хуьлу суна юххехь — дотагIчун даггарчу кхайкхамца, цу халчу миногашкахь со яхь вохуш. Тхан толамца атака чекхъяьлча, наггахь йогIучу тIеман «тийначу» миногехь а со даггара декъалвеш сан бIаьргашна хьалха хIуьтту суна цкъа а лицлур доцу хьан башха аматаш. Иштта ду гIуллакхаш.

Со цу тІехь яздина волу... кхин зама яц. Кесткеста кехат язде. Тешалахь, мостагІий эша а бина, молханан кІур а, хьацаран туьха а тІехь со цІа вогІург хиларх а, тІаккха вайн дахар ирсе хирг хиларх а.

Сан дагахь дерриг дуьйцуш сан доттагІчо Зелимхана язйина хІара стихотворени йоуьйту ас хьуна — сайн безамна. Со дага а веана, хьайн сагатделча, хІара стихотворени ешалахь. Сацамболлуш хьуна синтем хир бу тІаккха.

ИРСЕ БІАЬРХИШ

Лехкало ойланаш,
Даг чохь кІеж туьйсуш,
Богучу хьен серло
Волгица легош,
Сарахь малх санна, уьш
Соьга схьахьуьйсуш,
ДІайовш го, Хьоменг,
Хьоьга куьг кхийдош.

Латтанаш оьхуш го
Мархашна мара,
Лелхаш ша цІарцанна,
ЦІийзаш ду болат...
ЦІийн Іаьмнаш хІуьттучу
Кху тІеман ара,
Дог хьоьстуш хІуьтту хьан
Исбаьхьа гІаларт.

«Воха ма вохалахь,
Хьоменг, — олу, —
— Вай тоьлчи мел башха
Хир ду вайн дахарІ»

Іаьржа хьан бІаьргаш-м
Дахкацар кхолан,
Толаме соь кхойкхуш
Лепара малхах.

Буьйсанна некъ суна
Ахь серлабоккху,
Даьржина хилчи а
Хин чам а марзбо.
Наб йоцчу буьйсанийн
Язо дІайоккху,
Хиндолчу вайн ирсийн
Башха барз хазбо.

Лоьхкуш ю, хьоьшуш ю
Повссарийн гІера,
ТІамехь тхо хьерчаш ду,
МостагІий боруш.
Серла а девлла, тхо
Доьрзур ду цІехьа,
Халкъо, ша лардарна,
Баркаллаъ бохуш.

Ма башха лепар ду
Хьан Іаьржа бІаьргаш,
Молханан кІурэ а тІехь
Со керта кхаьчча.
ТІех йоккха срна хьан
Мелчу хин тІадмаш —
Хьолхур ду бІаьргаш чу
Хьо ела къежча...

— Кехат дика яздина, сан ваша, ахь-м... Ишта, кехат яздича хьан йижарий: Кхокхий, Замий, ЖугІираттий, къаьсттана Маржаннай,

лин ваша: Жабраиллий, Мохьмаддий дог доьхна хир бац. Амма цхьа кхачамбацар-м ду кху тIехь а.

— ХIун? — сиха хаьттира цо.

— Хьайн бIаьхаллин накъосташкара маршалла ца диллина ахь оцу кехата тIе. Хьайн йоьIан тхоьга безам бахарна-м ца кхоьру хьо? Оха суьрташ дохьуьйтур дац хьуна цунна-м.

— Ишта-м, дера, дацара и, дицделла-кх. ТIе яздийр ду ас иза, дIатасале.

Геннахь юьйлуш яккхий тоьпаш а, лелхаш бомбанаш а хезара. Калач-гIалехьа агIор стигла кхийдачу йоккхачу цIеран серло гора цу буьйсанан Iаьржачу бодашкахь. Цигахь беш тIом бара. Зама тхо долчохь, тIамехьара йолчу агIонна буьйсанан тийналла а ларъеш, сахиларехьа керчара. Командованин приказ кхочушдеш, цул тIехьа дукха миноташ йовлале окопашна чуьра хьала а девлла, мостагIашна тIелатар дIадолийра оха.

Иза дара 1942-чу шеран 29-чу ноябрехь сатоссуш. Цхьа кIира хьалха диллина ло а йидеш, Iаьнан цу ехачу буса мохо дарц хьийзийра.

Шакарца хьийзочу цо, цу буьрсачу буса шен шийла мехий Iуьттура кIаддалин, бIокъажой бакъо поцчу бIаьхойн догIмех. ЧIагарс хьийзош санна, хийцалуш, мохца хьоькхучу дарцо цкъа цхьана агIор, тIаккха вукху агIор детташ духа кхуьйсура бIаьхошна тIера чоьэш; ишта дIасаеттачохь тIе, ло санна йоккха кIац йиллинера говрийн кхесаршна а, бIаьргашна гонахарчу дехачу чоьшна а.

Дугаев Хьумидан, Байгаев Шаимин, бурош санна, хьийзина даккхий мекхаш, тIекIац а йиллина, шайна тIехь бинчу шано гIодамийн цIевнех а тардина, таьлсаш санна, охьа а охкаделла лаьттара. Хьийзочу дарцо вухашзош, ткъа марсадаьлла когашна кIел керчачу гIоргIачу лай тIехь галвуьйлуш хиларна гIулч тоссуш волавала атта дацара. КIоргачу гIамара тIехула доьлхуш санна, хала дара тхуна машино ятийна, сатта ца сетта валенкаш когахь и некъ бан.

ТIамца ярташ, гIаланаш схьа а йохуш, кхиамца тIелетачу вайн эскаршна дуьхьаллатта а ца делла, фашистийн эскарийн цхьадолу дакъош юхадевллера цу буса тхан полкана хьалхарчу масийтта юьртара. Сахилча тхо кхечира бухара фрицаш дукха хан йоцуш дIабевллачу Обильное цIе йолчу йоккхачу юьрта. Цу юьртана малхбалехьа а, малхбузехьа а яхъелла Iоххуш, амма дукха лекха а йоцуш, шера рагIнаш яра.

Обильное — луьста цIенош а долуш, оьрсийн лекхачу килса хьалха йоккха майда а йолуш юрт ю. Тхо, юьрга чу а кхаьчна, пагIатдовлале цIийзачуьра мох а сецна, стиглара мархаш дIаса а екъаелла, чIогIа шийла елахь а, амма Iуьйре екхаяла гIерташ яра.

Дукха хан ялале Малхбалехьарчу регIал тIехьара боккха, цIестан чара санна, берриге а гуш хьалаайабеллачу малхо лаьттана ладам болу йовхо ца лора.

Селхана а, снйсара а юучуьнцнй, садаIарцнй там хилаза долчу тхуна шн сахьт зама

елира разведовательни дивизионан командованис, салташна бовха кхача бао а, говрашкий, адамашкий садаIийта а. Амма цунах тхан садаIар ца хилира. Малх схьа а кхетале тхан командованис яхийтинчу тIехьарчу а, хьалхарчу а дозораша, тхо «паргIатдевлла» ихийтта минот а ялале, дуккха а барамехь мостагIий тIегIерташ хиларх лаьцна керла хаамаш беара. ТIеман орцанца, ткъех минот ялале юха а тIамна кечдала дийзира тхан.

Разведко бинчу талламо а, тхуна доккха гIо дийчу Обильненски юьртахоша дийцарехь а тхуна хиира, тIом а ца беш и юрт «юьтуш» цу шийлачу Iуьйранна сатоссуш дIабахана фашисташ — хIилла дан гIерташ хилар. Цара илан хIоттийнера и юрт шаьш тIом ца беш дIалучуха Малхбузехьарчу регIал тIехьа юха а бевлла, тIаккха цхьа дакъа — къилбседехьахула къилбседа-малхбале а гулделла, важа дакъа малхбалехьарчу лома тIехьа а соцуш, буьззина гуолацарца, тхо «гали чу» доххка, тIаккха, ваьшта Iуьйдуш тIамца тхо хIаллакда.

Говраш а, обоз а, штаб а, дивизионан командиран резерв а Обильное юьртахь а юьтуш, кхийолу тхан подразделенеш юьртана малхбалехьарчу регIахула тIелата чухецабелла богIучу мостагIашна дуьхьал яхара. Дивизионан комиссара майора Адоньевс тIедилларца, цу юьртах довлале, Даймехкан тIеман фронташкахь долчу хьелех лаьцна йоцца политинформаци йира ас подразделенина.

ГIалмакхойн АССР-н тIаьххьара юрт Обильное хилар а, кхин дIа ерш Ростовски областан ярташ хилар а, цигахь говрашна докъарца а, вайн эскаршна цигарчу адамашкара гIо хирг хилар а дуьйцуш политинформаци чекхъяьккхира ас. Дукха хан ялале, соьгахьа а хьаьжна, даггара самукъадаьллачу, иллин мукъамехь элира Сайд-Iалис:

— Вийнарг вуьсучу
ГIалмакхойн цу арахь
Мехкан сий лардер вай,
Нохч-гIалгIайн ва кIентий!
Хийла вайх воьжначо —
Герзо ша варарах —
Яхь ца луш дитина
ХIара дуьне, вежарий!

Иллин дара ногIийн а, гIалмакхойн а мехкашкахь Советан Iедал хIоттош хиллачу гражданski тIам тIехь дакъалаьцначу тхан дас олуш. Иллин дагавеанера суна хIара юьрт схьаяьккхичахьана мостагIех ГIалмакхойн латта цIандина довлу вай, ахь аьлча.

— Оцу иллин цхьадолу дешнаш вайн деношкахь политически чулацам нийса болуш дац — элира ас цуьнга.

— ХIун ду цу тIехь хIинца кхачаме доцуш дерг? — ца тешаш хаьттира цо.

— Масала, «вийнарг вуьсучу», — бохург. Вайн халкъо дерриг дуьненна хозуьйтуш чIагIонца кхайкхадо: «ЦIийна дуьхьал цIий», «верна дуьхьал вер!» Иза бакъдеш, ахь а биъна дуй тIеман присяга тIеоьцуш.

Сихха йиичу оилано кхетийра Сайд-Iали «Вийнарг вуьсучу ГIалмакхойн цу арахь» — олуш тохара иллица баьхна долчу дешнийн чулацам цу деношкахьлерачу лехамашца нийса догIуш ца хиларх. «Бакъ луьй иза, — сацийра шен дагахь Сайд-Iалис. — Вай вуьтур вац наьIалтхиллачу фашисташа ваьшха вийнарг... Цхьанна дуьхьал итт-м вуьйр ву... Ткъа иллин чулацам талур бацара техьа?» Оцу минотана дага а лаьцна, хIара байт йиишира цо суна:

— Вешан мохк, халкъан сий
Фашистех лардеш,
Дарделла хьалхахьа
ТеIар вай, кIентий!
Вайха цхьаъ вожийча,
Итт фашист кагвеш,
Бекхам беш, лоьмашха
Хьерчар вай, вежарий!

И байт ешна ша ваьлча соьга хьаьжира Сайд-Iали:

— ХIинца муха хета хьуна сан иллин дешнаш?

— ХIинца оцу дешнийн чулацам нийса бу, вуьшта цара бохург дечу гIуллакха тIехь кхочушда деза.

Шен хабар, кхин дIа ца дахдеш, сацийра Сайд-Iалис. Кхечийн хабарш а севцира юьртах довллушехь. Хьалхарчу регIа тIера текхаш, тIеман порядкехь дуьхьалбогIура фашисташ. Уьш инзаре дукха бара. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа тхуна иза билгал ма-даллара, уьш цхьа эзар а сов тIемало хиллера,

ткъа тхо-х верриге а тIом бешверг бIе ткъа беи вацара.

Амма шина а агIор тIамехь дакъалоцуш цхьа самолет а, я танк а яцара.

Юьртах арадовллушехь, тIеман порядкехь дIасадекъаделла, шийлачу лай тIехь лаьттах дIайра тхо. Чухаккабеллачу фашисташна дуьхьал дивизионан командирера Цопанов Султанера буьйр а хилла, бомбанийн лелхаран, танкийн текхаран яккхий гIовгIанаш йоцуш хилар тхуна цхьа тамашена а хеташ, карара герзаш детташ тIом дIаболийра бIаьхоша.

— Хьажалахь, накъост лейтенант, дIо вогIучуьнга! — олий, мохь тухий, сих а ца луш, хьажийна Сайд-Iалин топ йоллушехь, мостагI, сеттий, хьаьвзий, кхин ца гIатта, вужура.

— ДIо вогIучун деган Iайга кIел хьажалахь, накъост лейтенант! — Сайд-Iалин багах доллушехь кхин цхьа фашист а Iункар вахара. Сайд-Iалис етташ ерг фашисташкара схьаькхина ялх патарма буьллу немецки ичархочун топ яра, патармийн дIаьндаргаш лелхаш йолу. Шен топ ма еллинехь, мостагI гай тIе ка а тухуш, Iункар кхеташ гича Сайд-Iалина там хуьлура. Дешнаш карор дац нштачу минотехь цуьнан мел чIогIа самукъадолура, мадарра, язда.

МостагIашна чIогIа дуьхьалонаш ина ца Iаш, кест-кеста контратакица царна чу а хехкалуш, майра летара нохч-гIалгIайн дивизион.

Ца соццуш къекъа стигал санна, дуьйлура

массеран а герзаш: аьтту агIорхьарчу флангехь фашистийн дерадуьллуш яра Истамулов Абуссий, Висантов Абу-Iелассий куьйгалла ден станкови пулеметни расчеташ. Аьрру агIорхьа жигара тIом бора Исманлов Iабдул-ВахIабан пулеметни взводо. Тхуна тIехула фашистийн тIеман порядкашна, пастанаш санна, минаш елхайора майрачу миномётчикаша Бекбулатов Бекмурзас а, Бексолтанов Iабдурахьмана а, Абубакаров Мовлас а. Амма, мостагIий лаьттара шайн декъаза кортош хьалаайа ца буьтуш берш — уьш эпсарша Хакишев Шалаудднс а, Шахгиреев Ахьмада а, Айдамиров Вахас а куьйгалла деш болу пулеметчикашший, автоматчикашший, иччархой бара.

Хьаьттарна гонах човкарчий санна, IохчIалгIайн разведовательни дивизионан кхаа агIор Iоххура тхан накъостийн герзаша берина охьабехкина, морзех дуьзна лаьжгаш санна, йистина сецъелла геш тIе а яьхна, фашисташ.

Гитлеровски рейхан ирсана гIуллакх дан шаьш Малхбалехьа дуьйлалуш ишттта хастам боцуш «бийша» дагахь хилла бацара и пхьаьрцой. Амма, вайна тур даьккхина веанарг— тульро вуьйр ву. Дуккха а бIешерашкахь историна зеделла и бакъдерг ца Iамош вайн беша веанарг — ишттта, и Iаьхкинарш санна, оьгур бу.

Жим-жимма тухуш фашисташ бухатуьйхира цара. Лайно къегочу лекхачу регIан басахь, геннара хьаьжча а Iаьржа, луьста хьоьхнаш санна, маьI-маьIехь гуш дуккха а шайн салтийн, эпсарийн декъийн кIайдарташ

а юьтуш, цу регIал тIехьа бухабовла дийзира церан.

Къилбехьахула цу регIана гуо а баьккхина, кхин къар ца луш юха а Обильное йолчухьа чухьаьлхира фашисташ. ХIинца царна дуьхьало ян-м дукха хала дацара: тхан берриге а бIаьхой цаьргара хIинцца тIамца схьаяьхначу окопаш чохь чIагIбеллера.

Цхьана шовзткъа-шовзткъе пхиъ минотехь соцуниа а хилла, герзийн дийларший, тIеман гIовгIий, чевнаш хилларчийн узаршший юха а дуьйладелира. Цхьана ехачу окопа чохь вовшашна дукха гена воцуш улло нисло сой, хIинцале старший сержант хилла Сайд-Iалий.

Дукха миноташ йовлале Сайд-Iалина йоккха чов хуьлу. Охьа а таьIна, окопа чухула ведда цунна тIевахара со. Цуьнан тоьпах кхеттачу мостагIчуи тоьпан даьндарго цуьнан аьрру белшах йоккха чов йина хиллера. Ций дукха дIаэхарна ша волчул а кIайвеллера сап бIаьхаллин накъост. Чехка сайна чухулара схьаяьккхинчу кучах кисеш а кечдина, цуьнан чов хилла белш, цIий сацош, дIайихкира ас. Цунна дехьуо чIогIа якхий чевнаш хилла кхетамчуьра ваьлла Iуьллу лейтенант Авраменко кхерамазе а ваьккхина, цуьнан юкъахара кхо дисккий, автоматтий елира ас Сайд-Iалига, цо дехарна.

Фашистан гуттар карзахбевлла чухехкалора. Царна дика хаьара, [illegible]
мосуьйттазза кIезиг буйла.

Амма ша вина, кхийна [illegible] Даймохк ларбечу хIоранна а буьрса оьгIазалла совъюьйлура,

хьуьнар а, ницкъ а уьттазза алсам болуш хеталора, кIадваларрий, осалаллий — лаьттина меттиг яцара. Даго хьоьхура, мостагIел толар боцург кхин некъ ца хилар. Дарехь, вовшашца цхьаьна бина барт а боцуш, амма хIора а вуьзна вара эшна кIел вуьсучул, ши бIаьрг а биллина Iожаллина хьалхахIотта лаарх. Цундела, тхайчара, шайл борхIаззачул сов болчу мостагIашна тIехь толам баьккхира.

МостагIий тхуна тIелата чухьаьлхича, шена хIумма а ца хилча санна, автомат еттара Виситаевс, ткъа тхуна гена воццуш, аьрру агIорхьарчу окопа чохь волчу старши лейтенанта коммуниста Денилов Хьамида шена йоккха ши чов хилли а ца хайтинера накъосташна и тIом саццалц.

МостагIчун рогIера тIелатар духа ма-туьххинехь, юха а Сайд-Iалина тIе текхира со. Цунна пхийтта-ткъа метр хьалха Iожалло саттийчохь хьаьвзина Iуьллуш бархI фашист вара. Амма сан Сайд-Iали а Iуьллура граната а буйнахь бертал.

Сайд-Iали, аьтту агIор некхах мостагIчун мино йиичу шозлагIчу чевно, гIелвинера. Цуьнан Iаьржачу бIаьргашна хьалха Iожаллин бода беанера. Халчу чевнаша кийра багийичу цуьнан мотт соьцура. Амма меттахъхьечу дегIан меженаший, орцахкхойкхуш санна, къаьрззина соьга схьа а хьаьвсина, меллаша дIахьаьбначу бIаьргашний Сайд-Iалина сайга цхьаъ ала лаьа моттийтира суна.

— Воха ма вохалахь, Сайд-Iали. Ас хIинца лоьрашна тIе кхачор ву хьо, — элира ас, цуьнан лере а таьIна.

— Вухур... вухур вац... Лоьраш хьашт бац, — шабаршца бохура балдаша, хезаш багара долуш дош доцуш. Цунна тІе маскировочни халат а тойина, со иза юххерчу саьнгар чу пагІате вахьа ойла хилла хьаьвзича, Сайд-Іалис, ша меттах ца хьевар а доьхуш, элира:

«...Накъост... Диск, диск тІедиллахьа... Со бертал а верзаве... коьрта кІел... бІал... сацо... ас... ас... ас...», — аьллачохь луьйчуьра цкъачунна сецира цуьнан мотт, амма суна кхеташ дара: «Со хІинца а кІелвисанза ву, соьга кхин а тІом балур бу, сайн бІаьргаш дуьнене мел хьуьйсу» — ала иза гІертийла. Гуш дара цхьана агІор чевнийн халонна иза тиларчохь хилар, ткъа вукху агІор, мелла а дІабаланза цуьнан коьртехь бисинчу кхетамо фашисташна тІехь толам баккхар хьоьхийла. Юха а суна хезира: «ДІо вогІу ялх фашист, дІо... и лаьттах... Сан автомат»... Амма хьалха гуш адам дацара, уьш чевнийн халалла цуьнан бІаьргашна хьалха хІуьтту бІарлагІняш яра.

Цунна юххе гора а хІоьттина, лазорах а ларвеш, меллаша аркъалнехьа верзийра ас иза. Ло санна, кІайеллера юьхь. СадеІарехь хар дан велира. Синхенаш ийзош хаалора. ЦуьнгараІ хало хууш, лозучу сайн дагах аьртачу уьрсаца цастарш дохуш хеталора суна. ГІайгІано базбинчу коьрта чу цхьа къаьхьа хеттарш хІуьттура:

«Ас хІун гІо де техьа хьуна, сан тешаме дотагІ? ХІун дича байлур бара техьа хьан къонаІу дегІе беана хІара беза бала?

Дицдала гарлой техьа тхоьца ахь оьзда забарш яр, тIом толамца чекхбаьлча хиндолчу вайн машаречу, ирсечу дахаре ахь тийсина мерза са?

Оццул чIогIа хьуна дезачу хIокху маьлхан дуьненах сел хеназа хьо ваккхал къиза хир ю техьа хьан кхолламан кхиэл?»

Хьокхуш нисйича санначу цуьнан турпалчу белшашна тIехьа пхапаршна кIел дахийтинчу сайн куьйгашна тIе а вазлуш, цуьнан некхе вуьйжира со — къевллина и мара а вуллуш, цуьнан хIетахь а йовха хиллачу беснешний, бетаний барт бала. ТIеоьгучу сан довхачу бIаьрхиша беснеш ягийча санна, оцу секундехь хаъал бIаьргийн негIарш айдина, лаьрра-на соьга а хьаьжна, меллаша шозза-кхузза бай-н корта таIийра цо. БIаьргенгIарш юха а ваьшта доьлхуш лаьттара...

ТIом юха а марсабелира. ХIуъа дина а тхан жима гарнизон йохо гIертара мостагIий. Уьш кхаанхьахула тIелетира. Гонна юкъахь дисарна кхерам хIоьттинчу халчу миноташкахь Обильнера керла гIо кхечира тхуна. МостагIий юххе кхачийтина, дIаса а баьржина, тхан бIаьхоша цхьабосса тохар дира. Сайд-Iали а, кхиболу чевнаш хилларш тIехьа а буьсуш, тхо фашисташна тIе генна хьалхатаьIира. Керлачу инцкъийн станковий, куьйга лелой пулеметаш лен евлча, мостагIийн магIарш нилхдала девлира.

Дукха хан ялале тIом чекхбелира, тхан бIаьхоша мостагIий боха а беш. ТIеман арахь шайн салтийн, эпсарийн шовзткъе итт дакъа а, дуккха а тIеман гIирсаш а буьсуш, фашис-

таш юхабевлира. Гlалмакхоин районни юрт—Обильное—оьрсийн, нохчийн, гlалгlайн, хlирийн, гlебартоин майрачу бlаьхоша мостагlчуьнгара буьрсачу тlамца гуттаренна а схьаяьккхира.

Обильноехь хиллачу тlамехь къаьсттана майралла гайтира тхан бlаьхаллин накъосташа нохчаша: Исаев Дешнс, Истапаев Баас, Арсбиев Iабдул-Междий; оьрсаша: Ходыковс, Мухортовс, Бурковс; гlалгlаша: Алиев Мохьмада, Баркинхоев Ахьмада, Беков Азамата; гlебарточо Иванов Муаеда; хlираша: Хурумовс, Плаевс, Мадзаевс.

МаьI-маьIIе дозораш а хlиттийна, тlеман арара тхешан чевнаш хилла накъостий ахьагулбеш долчу тхуна валарчу вирзина карийра Сайд-Iали. Хlинца иза бертал Iуьллура. Со уллора дlаволуш цунна юххехь Iуьллуш хилла йиъ граната яцара хlинца гуш. Вуьшта, цунна гена доццуш тохара Iаьхкина мостагlийн декъийн барам дикка алсамбаьллера. Гуш дара, ас аркъалваькхинчу цо ша бертал а ваьлла, чугlертачу мостагlашна тlамца дуьхьало йина хилар.

Арсанов а, Лалаев а, Исраилов а, Баркинхоев а, Алиев а, Казбеков а, Абдурахманов а, кхиберш а шена юххехь буйла хиъча, боьлбоьллуш меллаша ши бlаьрг схьа а биллина, тlаьххьара тхан Iодика ярца, корта таIийра цо... ТIаккха цкъа дега а дина: «...Доттагlий... со, со леш воллу... леш воллу. Хlара диц ма де... диц, диц... Веше, йижаршка... доттагlашка... халкъе маршалла... Виц... виц ма ве...

Бекхам... бекх...» — бохуш, вовшахъхьекхаделира Сайд-Iалин балдаш.

Сайд-Iалин бIаьргнегIарш меллаша ваьштадахара. ГIелбелла, Iожаллин морха тесна бIаьргаш гуттарехна а дIахьаьбира. Меженаш, нислуш, севцира. Ткъа минот хьалха, цIоькъалом санна, мостагIех леттачу Сайд-Iалин майра дог детталучуьра сецира. Бамба санна кIайчу, цуьнан хазчу юьхьа тIехь ницс а делла севцира, дуткъий, хьаргIа санна, Iаьржа цIоцкъамаш: шелделла, шабарш дечуьра тийра кIайделла балдаш...

ХIинца къилбехьа а дерзийна Iуьллура цуьнан шийла дакъа. ТIаьххьара дуьненан Iодика еш бIаьргаш хьаббеш, дIатесначу куьйгийн буйнаш: «Ларделаш, доттагIий, кхуьнан сий мостагIех!» — тхоьга ала схьаэцначу лаьттах дуьззина дара.

Детталучуьра дог саццалц, шен ницкъ-маббу чIогIа Советски хьомечу халкъан сий, Даймехкан пагIатой лардира Ленински комсомолан члена Висинаев Сайд-Iалис.

Суна санна, иза вевзаш хиллачунна, хала дара цу минотехь иза кхин ца гIатта воьжна бохучух теша. Цхьа а вист ца хуьлуш, Iадийча санна, лаьттира тхо Iожаллин къиза кхиэл гуш елахь а, дагна и бакъ дан ца лууш, гIенах санна, хеташ. Амма и гIенах дацара. Иза тIеман къаьхьа бакъдерг дара.

ПаргIат бIаьргаш хьаббина, набарна вижича санна Iуьллура Сайд-Iали.

Еха хан ялале чевнаш хилларш массо лоьрийи пункте а бигна, Обильни юьртехьарачу тIамехь вийначу масийтта накъостана вежа-

раллин каш даькkхира оха. Тхайха байина накъостий, тхайцарчу баккхийчара ма-хьеххара, лийча а бина, тІе цІена бедарш а юьйхина, №014 йолчу локхалли тІе, Обильнерчу килсан майданна гена йоцчу стоьмийн беша, вежараллийн коша, дІабоьххира оха цкъа а бицлур боцу кІентий: Виситаев Сайд-Іали а, Іалиев Іумар а, Сатуев Ахьмад а, тхешан кхиболу бІаьхаллин накъостий а.

Даймахкехьа къуьйсуш турпала леташ беллачийн кошан барз айалушшехь, шатлакхана герзаш девлира. Вежараллийн коша хьалха турпалхой дагалоцуш кІеззиг хІоьттинчу митингехь къамелаш дира хІаллакьхиллачийн бІаьхаллин доттагІаша Арсанов Салманий, Гайтукаев Жунидий, Муртаев Зелимхассий. Диичу къамелийн чулацам тхох хІораннен а дог тохадолуьйтуш бара. Чуртана хІоттийнчу уьйна тІе хазачу хотІехь леррана яздина дешнаш дийшира.

«Кху кошахь Іохку советски халкъан тешаме кІентий, Даймахкехьа къуьйсуш мостагІех майра леташ шайн къона дахар дІаделла нохчийн, гІалгІайн жимчу къоман баккхий турпалхой: Виситаев Сайд-Іалис вийна кхузткъе исс фашист, Іалиев Іумара вийна кхойтта фашист, Сатуев Ахьмада вийна цхьайтта фашист...»

МостагІчо доттагІчух ваькkхинчу доттагІчун къаьхьа къурд бира ас.

Иштта ду тІамехь вийначу Виситаев Сайд-Іалех долу бакъдерг. И винчу, кхийнчу Шелан районерачу БелгІатарчу наха хьовха, дерриг вайн халкъо а сий, дозаллий дан догІуш

Даймехкан тешаме воI вара Сайд-Iали. Заманан йохалло шарбийр бац нийсонан къийсамехь воьжначун кошан барз. «Бекхам...», — аьлла, дIатийначу цуьнан весет кхочушдеш: «Аш хеназа вожийначу тхан Сайд-Iалина тIера», — олий, узура накъосташа мостагIашна Iожалла тухуш шешан герзийн легнаш. Цуьнан турпалчу вахарх а, валарх а бакъдерг тIеяздина «чурт» — йочанашка, мохе-дарце дожалур дац. Юьртхошний, нийсархошний Сайд-Iали вицвелла зама йогIур яц. Вайн хьомечу халкъо цуьнан турпала валар данманна а вахаре дерзош долу сийлаллин чурт дугIур ду вийчу, кхийийчу хьомечу нохч-гIалгIайн махкахь. ТIаккха нохчийн оцу майрачу кIентан чурта хьалхахь лепанда шена баьцарчу Кавказан исбаьхьа зезагаш — цален волчу бIаьхочун куц а, сибаташ а, турпала гIуллакхаш а дуьйцуш!

Даима а сий хуьлда вайн Даймехкан бозуш цахиларехьа, берийн ирсечу кханенехьа, шайн мерза дуьне а, къона дахар а ца кхоош, вайна юххехь, вайн белшех белшаш а гIортийна, тIеман къахьо а, хало а ловш, цу халчу хенахь бакъонехьа къуьйсуш хьалхарчу магIаршкахь хиллачийн!

Вицлур воцу тхан бIаьхаллин накъост!

Хуучу бахьанашна хIинццалц кхочушда йиш ца хиллехь а, сайн аьтто баьллачу муьрехь «Вайн халкъана ханйталаш... Виц... Виц ма велаш»... — аьлла, долу хьан весет кхочушдеш, хьан дахаран бакъдолчух лаьцна яздина ас хIара могIанаш. Ас сайгахь юьту хьох а, хьо санна хиллачу хьан а, тхан а тешамечу на-

кьостех а лаьцна кхидIа а дагалецамаш бан а, иницкъ маббу уьш дIаязба а бакъо.

Ткъа хIара, хьан башхачу дахарх кIеззиг бен ца дуьйцу жима дийцар, Советски Союзан Коммунистически партис а, цуьнан Ленински ЦК-с а ирсечу керлачу новкъа даькхинчу вайн нохч-гIалгIайн халкъана совгIатна ло ас.

Сан халкъ, хьакъволлучу вуьллур-кх ахь хIокху сан дийцаран турпалхо!

ЧОВ ХИЛЛА АНКЕТА

Коьрта тIехула, шок а локхуш, дIатилира тоьпан хIоъ. Дошлойн полкан партбюрон секретарь волу Абдурахманов Зелимхан цхьа ша-шаха охьатаьIира.

— Хьажахьа, и наьIалт хилла фрицаш,— доккха са а доккхуш, вистхилира цунна уллора цхьаъ-м, — буса а дIа ца тоь-кх!

Зелимхан кхийтира оцу вистхиллачу шен лулахочунна къамел дан лаарх. Амма цуьнца къамел деш хан яйа таро яцара Зелимханан: де чекхдалале дошлойн разведкан салтечух Талаев Iелех кхета кхна дезара цуьнан.

Амма шега вистхилла бIаьхо жоп ца луш вита а ца лаьара. Нийса-м оцу мIнотехь бIаьхочун дог-ойла ойбуш, къонахаллех дуьззина долу дош аьлча хир дара. Оцу тIе, вукхунна ша хьаьнга луьй хууш хилча-м муххале а.

Амма, ва-дела аьлла, оцу мIнотехь дIаала дош ца карийра Зелимханна. Вуьшта, цхьа жоп ца луш ца Iархьама, цо хаьттира:

— Мичхьара ву хьо?

— Воронежера.

— Иза дика ду,— аьлла, цхьа ша-шаха жоп а делла, шена дагахь тIетаIош дена эллира Зелимхана, и дешнаш дукха пайда боцуш хетарна. «ХIа, дика ду, нагахь и салти Воро-

нежера а воцуш, Мурманскера я Киевера велахьара и вон дара техьа?» — хаьттира цо шашега.

Кисанара схьаэцна фонарь а латийна, окопа чухула ша дIаваха веза агIо серла а яькхина, Талаев Iела лаха дIаволавелира иза.

Мелла а шаьш-шайх дозалла де-еш бара разведчикаш. Кхиболчу салтех юьстахо Iаш гIерташ а хуьлура уьш. Лахо, цхьана таьIначу меттехь лаьттара церан говраш. Ткъа, разведчикаш, шаьш яькхинчу цхьана жимачу тоьлли чохь дIатарбеллера. Цхьанне а ца хаьара и тоьла яккха уьш маца кхиъна.

— Сацаl Мила ву вогIург? — аьлла, цIехьана декначу озо сацийра Зелимхан. Пароль а аьлла, чекхвелира иза.

Тоьлли чохь богучу къуьданан серлонгахь хевшина Iара разведчикаш.

— МогIара бIаьхо Талаев вуй кхузахь? — хаьттира Зелимхана.

— Ву, — жоп а луш, агIорваьлла Iуьллучьра, паднара тIера вай-й чу а иккхина, нислуш Зелимханна хьалха дIахIоьттира Iела:—Марша вогIийла, накъост лейтенант!

ТIехьаьжча башха чIогIа хеташ йоцчу стоьла улло охьа а лахвелла, кIедо-о ала а гIерташ, вистхилира Зелимхан.

— ТIаккха, Iела, сацам бин ахь?

Талаевс корта таIийра.

— Бин. Вер ву со. Вуьшта... йоза-дешар ледаро хууш-м ву со, накъост лейтенант... — аьлла, цхьа эхьхетаре хьаьвзира Iела.

— Н-м пайдабоцург дара, — тешшош элира Зелимхана.—ХIокху муьрехь хьуна тIом баш, мостагIчух лата дика хаар ду коьртанiг. Ткъа

хьуна иза хууш хиларна тоьшалла до оцара.— Iелин некха тIера коч охьаозийна кхозучу шина орденан а, кхаа медалан а агIор корта тесира Зелимхана. — Ткъа, тIом чекхбаьлча, деша а гIор-кх. Иза цкъа а тIаьхьа дац. Иштта дац иза?

— Иштта ду, накъост лейтенант! — вела а къежаш, резахилира Iела.

— Ас анкета деана хьуна, — кхин дIа а вистхилира Зелимхан шен планшета чуьра стоммачу кехата тIехь зорбатоьхна бланк схьа а йоккхуш, — кхана дIадала деза хIара.

— Дика ду.

— ХIан, буьйса дика хуьлда шун, — Iодика еш, хьалагIаьттира Зелимхан. — Вуьшта, дукха хьерча ца дан гIорталахь иза — политотделера итт бен ца данйтина ваша и анкета. Бакъахьа ма дац иза хьерчийна дIадала, — аьлла, араваьлла иза буьйсанан бодашкахь къайлавелира.

Дошлойн полкан кхиболчу бIаьхошна юкъахь парторга Талаев билгалваьккхина дикка хан яра. Iела майра хилла ца Iара. Цо деш дерг дерриг а цхьа тамашена хеталуш дара, тIамехь цунна гIо деш, цуьнан аьтто боккхуш, цхьа гуш воцу накъост волуш санна.

1942-чу шера аьхка, Сталинградана фашисташ тIелатар уггар марсадаьллачу хенахь, тхан дошлойн полк, шаьшна тIехь Iаьржа жаIарш йолу гитлеровцийн танкаш Сталинградехьа гIертар сацо гIертара. Полкана хилла зенаш даккхий дара. Оцу хенахь шеца масех дошло а волуш, мостагIчун тылехула майра рейд йира Талаевс.

Котельниково-гIалина малхбузехьа йогIуш

йоккха обоз хааелира бIаьхошна. Шегахь йолчу, цхьана хенахь ша вийначу немцойн эпсарна тIера яьккхинчу Цейсан заводехь йинчу турмал чуxула дIахьаьжначу Iелега ягаръелира обозехь йогIуш йолу машинаш: уьш ялх яра. Хьалхаяьлла йогIучу машинан кабина чохь цхьа стаг — шофер — бен цахилар а гира цунна. «АхIа! ХIета, царна нийсса дуьхьал тIелата деза. Тхуна новкъарло ян кхин церан хIума ду моьттуш вац со», — аьлла, дIасахьаьжира иза.

Урх малъеш, говрана голаш а таIийна, тур баттара а эккхийтина:

— КIентий! Урра-а! — аьлла, хьалха дIанкхира Iела.

— Урра-а! Урра-а! — цунна тIаьхьатасабелира кхуьнан накъостий а.

Хила а хилира Iелина ма-моттара. Хьалхаяьлла йогIучу машинан шоферо, чухаккабелла богIучу дошлойх бIаьрг ма-кхийтти, цIеххьана тормоз а тесна, сацийра шен машина. МуцIар тIехьашхула цунна тIе а тухуш, саца динзира хаккаелла йогIучу шозлагIчуьнан а. Хиллачух фашисташ кхиале тIекхечира IелагIар. Масех минотехь бен ца хилира тасадалар. Немцойн ши эпсар дуьхьало ян гIоьртира — луьйтанахь айалуш, лаккха хьала а дахийтина, тур ластийра Iелас. Буьрка санна, лаьттахула керчина дIавахара цхьа фашист. ШозлагIниг топ тоьхна вожийра Хасаров Iабдурешеда. БархI салтий, кхо эпсаррий каравеара. Карабаьхкина фрицаш а, церан машинаш а ялош шайн нолке бухабаьхкира дошлой. Машинаш чохь карийра Антонескун эскарна лерина яхьаш хил-

ла бедарш: эткаш, чоэш а, салтийн кхидолу барзакъ а...

Полкан командира Висантов Мовлада, кхайкхина шена тIе а валийна, вела а къежна, хаьттира Iелига:

— Шаьш ворхI стаг, ткъа фашисташ вейтта вара боху-кх аш? ХIета, шух хIоранна шишша кхочу-кх уьш! — ТIаккха, ши куьг вовшахтоьхна, гIадвахана вела а велла: — ВаллахI ву хьо, Iела, оцу латарна, тIера аьлча а, сутара. Лата-м лата, немцошна кхьайга ма-етталу етта, амма барам кхаа, ва къуонаха, хIай! — забар йира цо.—Ахь массо а йийсар дина каравалавахь, тхуна хIун йисийта воллу хьо?

Цул тIаьхьа ши-кхо де даьлча, цхьа чIогIа къайлаваьлла, дIа а лечкъина воллу немцойн иччархо вен аьтто белира Iелин. Иза лоьхуш цхьа-ши чаккхарма лаьттахула текхаш ваха дийзира Iелин.

Вайн эскаран дакъоцI Котельниковера юхадевллачул тIаьхьа мостагIчо дIалаьцначу Чельбин кIотара вахара Iела цхьана буса. Немцошна набкхеттера. Цхьана цIа чу граната ш ластийра Iелас. Шайна хилларг хIун ду ца хууш, маьхьарий детташ, хьербевлча санна, дIасауьдура баланза бисина фашисташ. Цхьана неIарехула, мохь а хьоькхуш, аранкюхира эпсар. ТIекхетта иза охьа а виллина, ши куьг къевллина тIехьа дихкина, таIийна бага горгам йоьллира Талаевс. ТIаккха иза а текхош веана шайн эскадроне кхечира.

Iелин докъазаллина санна (цунна хетара иза ишта), куо валийнарг мух-мухха а эпсар воцуш, полковник, моторизованни дивизин штабан начальник хиллера. Оцу кIотарахь

буьйса йоккхуш сецна хиллера и полковник.

Дагахь хIума доцуш, цхьа бер санна, стаг вара Iела. Цкъа вайн цхьана эпсаро шега:

— Айхьа лаьцнарг полковник вуйла мукъана хаьарий хьуна? — хаьттича, хIилланах хьаса шеца боцчу Iелас: «Ой, суна муха хуур дара иза? — жоп делира. И жоп лучу цуьнан озехь цу хаттарна а, ша лаьцнарг полковник хиларна а иза резавацар хаалора. «Да хьакхиица валларг, суна хIунда нисвелла хилла полковник. И бахьанехь хIокху хан йоцчу хена хIинца кхозлагIа штабе кхойкху-кх!» — бохуш, яппарш йора цо.

Полкехь тоьлла разведчик лоруш вара Iела. Атакехь а, мостагIчун тылехь тIелеташ а бIокъажор боцу и стаг, мел кхерам хIоьттина меттиг хиларх, вухавалар хIун ду хууш вацара. Амма машаре миноташ, машаре аьлча а, тIом тийна миноташ яьхкича, тап-олий, ша цхьанне а ма гахьара бохуш санна хуьлура иза. ДегI а дара цуьнан цхьа бакъ волчу ахархочун санна. Лекхачу, жимма букар таьIно хеталучу цуьнца дика тара стомма даьIахк йолу деха пхьаьрсаш а, даккхий, белхан берчаш хIиттина куьйгаш а. ТIехьаьжча башха нуьцкъала а, сел каде а ца хетара иза. Амма ваи-м вара гIе-ехь кхо стаг вадийна хьур волуш а, летачохь аьтто болуш а.

Доцца аьлча, полкан парторган Абдурахманов Зелимханан бIаьрг буьзнера Iелех.

ТIом болабалале Зелимхан доьшуш вара, ткъа Iела — колхозехь болх беш. Леларехь полкан командирах Висантов Мовладах тарвала гIертара Зелимхан. Машаречу дахарехь хилла долу цхьацца долу хIуманаш кхIинца,

тІом болчу хенахь, эрна а, пайда боцуш а хетара цунна. «Ша салти велахь, стаг нисса дІа хила веза, и тохара тІом хилале хьалха хилла долу «штатски хІуьмалгаш шех дІа а даьхна», — ойла яра цуьнан коьртехь. И машаре зама а, ша доьшуш хилла хан а цхьа бІарлагІанаш санна бен, дага ца оьхура цунна, гена дІаяхана хан хетара цунна иза. «ТІом — тІом бу. Кхузахь адамаш вовшашца а хила деза тІемалой хила ма-беззара», — бохура цо.

Амма тІаьхьуо, дуккха а беттанаш дІадевлча, кхийтира иза адамаллий, довха дошший стагана тІамехь Іаламат чІогІа эшарх. Наггахь хьайи накъосте, бІаьхошка ахь аьлла довха, хаза, даггара дош, шина сохьтехь дийчу дехачу къамелал тоьлашха хуьлий а хинра. Хинра луьра маца, хьаьнца, муха хила веза.

Оцу дерригенах хІара кхетийра тІамо, хІара шех тарвала гІиртинчу полкан командира. Амма и дерриге а тІаьхьуо бен ца деара кхуьига.

Ткъа кхІинца, Абдурахманов Зелимханна хетарехь, дерриге а дара арифметика Іамош санна атта а, чолхе доцуш а. Иза ша дешархо вац, лейтенант, полкан парторг ву. Ткъа Талаев Іела колхозник а волуш, салти, разведчик ву. Амма тохарлера и машаран зама, адамаш доьшуш а, ялташ дуьйш а лелла зама йицъя еза. ТІом бан беза. Шега ма-баллу хІаллакбан беза оцу машаречу дахарх мохк юкъахбаьккхина фашисташ. Сталинградехь толам а баьккхина, Берлина чу, Гитлеран оцу боьхачу бена кхача деза. Ткъа и декхар кхочушдеш, Зелимханна хетарехь, коьртаниг колхозник воцуш, ткъа, разведчик, майра кІант, бакъво-

лу бIаьхо Талаев Iела а, и санна берш а бара...

Таханлераниг а лерича, шозлагIа къамел дина парторга Талаевца. Юьхьанца къамел деш луьйш верг-м цхьа Зелимхан бен вацара. Ткъа Iела «хIаъ», «хIан-хIа» алар бен кхин башха вист ца хуьлуш Iийра.

Амма парторга юьхьанца башха тидаме а ца йийцира иза. Разведчикана хьехам бан волавелира иза, кху сохьта, фашисташца къиза тIом бечу халчу муьрехь, шен кийрахь дог а, жимма кхетам а мел болу бIаьхо партин могIаршкахь хила веза, бохуш. Ткъа кхетам хилар — иза мостагIчух дика лата хаар, лаар ду.

— Язде заявлени, — элира цо. — Хьо санна берш оьшу партина, накъост Талаев...

Бакъдерг хIунда ца дуьйцу, ша и къамел дина ваьлча, Талаевс шега: «Хаац... Цкъа ойла ца йича, хьуна жоп дала хаац суна», аьлча, чIогIа цецвелира Зелимхан. «Ойла ян хIун ду кхузахь?! Коммунистийн партин членашка валарал сийлахь хIун ду? Ой, оцунах ца кхеташ ву те хIара Талаев?!» — ойла йора цо.

Цхьа кIира хьалха ша Талаев волчуьра дIавоьдуш, даг тIехь цхьа тамашена дара цуьнан, сийсазвеш, шех цхьаъ вийлича санна, дегабаам соьцура кийрахь. Цо аьттехьа а ца дуьтура Талаев Iела политически йолчу агIор — гIорасиз ву, ша Iелега динчу къамелехь, мискъалан-зарратал гIалатваьлла я ша иза ца кхеттал ледара дийцина хир ду бохург.

Оцу хенахь тIамехь болчу салташа олуш

дешнаш дара, дешнаш аьлча а, кицанаш тайппана цхьа хIума дара: «дагахь доцург дуьхьал далар» олуш. Оцу дешнашца кхетош дукха дара — разведка еш аьтто ца балар а, поваро борш йоькъуш аьтто балар а, муьлхха а тамашена кхидерг а. Дукха чолхе хиларна ца кхеташ дерг, цIера даьккина кехаташ нийса дIа ца кхачар а, цIерш нийса ца яхар а — и дерриге а дара: «Дагахь доцург дуьхьал далар».

Ткъа, лейтенант, уставо ма-хьехха ра, дахарехь зеделлачуо ма-баххара ваха гIерташ хиллехь а, Талаев волчуьра схьавогIуш цунна цIеххьана дагадеара ша «Кхетар воцчу кхаьчна-кх», аьлла...

Висантов Мовладах дагаваьлча хIун дара техьа, аьлла дагатесира цунна. Амма цуьнца къамел дан аьтто ца белира. Оцу дийнахь полк кхечахьа, керлачу метте яьккхира. Ткъа цул тIаьхьа тIемаш болабелира: тIелета а, юхадовла а дийзира. Цхьана тIамехь Зелимханна аьрру куьйгах чов йира. Чов башха йоккхий, халий-м яцара, амма оцу денош-кахь цунна уггаре а коьрта хеташ долу гIуллакхаш — атаке хьаьвдда боьлхучарна хьалха а ваьлла, царна масала гойтуш чухьада а, бIаьхошна Совинформбюрон сводкаш еша а, я, масала, союзникаша шозлагIа фронт дIа маца йоьллу бохург санна долчу хаттарна жоп дала а новкъарло йора цу чевно.

Цхьа кIира даьлча тIамна юкъараелира полк. Командованис садаIа цхьа де деллера. ХIинца и де деллачуьра Талаев Iелица долу гIуллакх чекхдаккха сацийра Абдурахманов Зелимхана.

Ткъа хIинца, Iелас· ша парте вала сацамбина аьлча, сапаргIатделира парторган. ЧIогIа реза вара иза шена а, Iелина а. Шен даг чу шеко ярна, ша-шена дагахь дов дира цо. Дуьненахь ца кхеташ хIума дан а дац! Дерриге а, хила ма деззара, кхеташ ду!..

Ша вуха вогIуш полкан командир волчу хьаьвзира Зелимхан.

— Эскадронехь хIун хьал ду? Муха бу бIаьхой, парторг? — хаьттира Мовлада, ша тIехьоьжучу карти тIера хьала а таьIаш.

— Ледара хьал дац, накъост майор! — башха ойла ца еш, хецца жоп делира Зелимхас.

— ХIун боху адамаша?

Ма-дарра аьлча, Абдурахмановна хууш дацара тIехIоьттинчу муьрехь бIаьхоша хIун боху. Амма массо а шен даггахь хила веза моьттура цунна. Цундела ша лундолу жоп, нийса ца хила йиш яц моьттуш, жимма куруо делира цо:

— Лата лууш бу бIаьхой, накъост майор!

Ша къамел деш лаьтташехь, карте хьоьжуш хилла Висаитов цIеххьана вухавирзира. Шена иза дуьххьара гуш санна хьажавелира иза Зелимхане.

— Лата лууш бу, — жимма соцунха а хилла, вистхилира майор. Амма, Зелимхана сан-на ца олуш, кхечу тайпана, чулацам кхиболуш дийкира и дешнаш. — Ас тергалво хьо, накъост Абдурахманов, ас тамаша а бо хьох: майра стаг ву хьо, къонаха ву, хьанал а, тешаме а ву хьо, амма кхузахь, — шен некхан аьрру агIор куьйган пIелгаш туьйхира полкан командира, — кхузахь, вайн Нохчийчохь

олуш ма-хиллара, хIокху шовдан чохь хи кIезиг долуш ву хьо... Маса шо ду аьан?

— Ткъа шо кхаьчна, накъост майор! — Висантови дешнийн маьIнех кхета а гIерташ, рапорт луш саина, жоп делира Зелимхана.

Парторгехьа гIулч яьккхина, тIе а веана, цуьнан белшаш тIе куьг диллира майора.

— Гой хьуна, Зелимхан, — вистхилира иза, цхьана хIуманан ойла еш саина, — сан ткъа шо кхаьчначу хенахь хIоккхул дог дара сан кийрахь, — шуьйрра куьйгаш дIасатесира Мовлада. — Валлах! доькъура ас иза тIекхаьч-кхаьчначунна дIа. Алсамха дIаса мел дийкъи, суна буха шорта а ма дуьсура... Кхийтин хьо, кIант?

— Кхийти, — жоп делира Зелимхана, Мовладана дуьхьал лен ца лууш.

— ДIавало, хIета, — юха а карти тIе вирзира Висантов. Парторг чуьра аравелира...

Ши сахьт даьлча тIеман орцанца гIаттийра полк. Ткъа кхин а цхьа сахьт даьлча, говрашкара йиссийпа йолу эскадронаш, шаьш долчухула чекхйовла гIерташ йолу мостагIчун танкаш совцо, тIом бан юьйлаелира. Оцу тIамехь, хьалха хилларш саина, чIогIа а, къиза а болчу, шозлагIа а чов йира парторгана: и чов а йира оццу аьрру пхьаьрсах. Бакъдерг аьлча, хIинца а даьIахках ца хьакхалуш, дилхах чекх а баьлла, дIабаханера хIоъ...

Делккъалц бира тIом. Ткъа садовш Сталинградана уллора вайн танкаш кхиира ор-

цах. Цара чIогIа, мостагI чекхвалалур воцуш, дIакъевлира некъ.

Дуккха а сахьташкахь бинчу тIамо кIаддинера адамаш. Оборонан шозлагIчу могIаре юхадевлла, тIамо йохийнчу юьртахь дIасанисделла а довлале, набарш кхийтира дукхахболчарна. Шозлагlчу дийнахь бен ца карийра Зелимханна разведчикаш. ХIинца а шаьш къаьсттана дIашисбеллера уьш, юьстахо лаьттачу доккхачу божли чохь.

Разведчикийн цхьадолчу хIуманех кхета хала дара. Тамаша балла дара тIамо аьттин, ягиний Iуьллучу кIокху юьртахь, царна шайна пайдехьа цхьацца йийбар карор. Уьш дIашисбеллачу божли чохь лаьттара аьчган бинъ маьнга а, стол а, цу тIе тесна клеенка а. Ткъа уггар тамашена дара стоьла тIехь лаьтташ, чоь серлаяькккхина йогуш «Молния» олу, мехкадаьтта даго лампа хилар.

— Де дика хуьлда, накъостий! — олуш, чоьхьавелира Зелимхан.

— Дикаша вогIийла! Маршалла хуьлда! — аьлла, тайп-тайпана жоьпаш делира разведчикаша маршаллина дуьхьал. Хормехь хатта ма-дезара дуьхьал хаьттина маршалла дацара иза. Зелимхана шен лагахь билгал а даьккхира иза.

Шена дуьхьал декна аьзнаш кIезиг хиларо мелла а цецваькккхира Зелимхан: верриге а виъ бIаьхо бен ца гира цунна оцу чохь, и кхийтира, важаберш мичхьа бу бохург хатта бакъахьа дацарх...

Зелимханна дуьхьал хьалагIаьттира Талаев Iела. ТIеюьйхина аьхна тужурка а, юкъахдихкина эпоарийн шуьйра доьхка а

долуш волу иза, когашIуьйра лаьттара. Оцу духарца салти гича, милла а вела ца велча Iалур вацара: тIеюьйхина аьхна тужурка, берзана когаш. Iаламат хала догIура и шиъ цхьаьна. Амма парторган церга тIера балда меттах ца делира, мелхо а хьаьжа юккъе шад хIоьттира.

— ДаьIахк-м ца лазийна, накъост лейтенант? — Зелимхин оьгIазвахар шена ца гуш санна, цуьнан вонан дакъалоцуш, хаьттира Талаевс, парторган куьйгехьа корта а тосуш.

— ХIан-хIа, — чорда жоп делира Зелимхана.

— Далла бу хастам...

Ткъа парторга ойла йора. «ХIан, хIун ду, ойла йича, цо бохург? Пайда боцург ду. Ткъа со цара дарво. ХIинца а боху «Далла бу хастам», ткъа суна Iоьттина сайх шаьлта чекхъяьккхича санна хета. Суна-х хаьий, Талаев оцу хIуьмалгех тешаш воцийла...»

Зелимхана доккха садаьккхира, тIаккха мехкадаьтта дагочу лампане а хьаьжна, цхьа воьхно а волуш, коьртара месаш шаръеш, куьг хьаькхира: «Цомгуш-х ца хиллий техьа со? Иерваш цомгуш юй техьа? Да нелца валлийла хIокху дерриге а гIуллакхийн! Мел атта ду атаке ваха, адамашца хIара къамелаш дечул!..»

— Анкетаца дерг чекхдаьккхинин ахь, накъост Талаев? — хаьттира Зелимхана.

— Гой хьуна, накъост лейтенант... ГIуллакхаш муха ду хьуна аьлча... — дийца волавелира Iела, стоьла улло охьа а лахлуш.

— Хlун? Бланк хьерчийна ахь? — юха а чорда хаттар дира парторга.

— Мич-чара, — дош озош элира разведчика. — И бен дацахьара-м хlун дара хьуна. — Зелимхан волчу агlор тlе а хилла, шен аьхначу тужурки тlе пlелг lоьттира цо. — Гой хьуна хlара lуьрг... Тоьпан хlоъ хьакхабелла кхуза. Жимма сох а хьакхабелла... Ткъа, анкетана lуьрг даьккхина...

Шен четара анкета схьа а даьккхина, даржийна иза инсдеш, шен доккха ши куьг дилира цо цуна тlе. Бланкина юкъахь тоьпан хlоьо даьккхина жимо lуьрг гора.

— Анкета талхийна-кх ахь, — бехк боккхуш хаьттира лейтенанта. — Керла бланк оьшу... Хlара политотделехь дlаоьцур дац.

— Дац техьа? — lелин доккха ши куьг тохара санна, анкета тlехь lуьллура. — Оьцур дац техьа, накъост лейтенант?

Парторга корта ластийра:

— Хlан-хlа. Цу хьокъехь инструкци ю. Собардер вай оцу гlуллакхаца, накъост Талаев. Политотделера керла бланкаш ю вайна яхкийта езаш, тlаккха дуьйцур ду вай...

— Ой, иштта муха хир ду? — хаьттира цо. Гуттара а, беран санна, екхаелла хуьлуш йолу цуьнан юьхь цкъа кхоьлира, тlаккха мочхалш а дусалуш, оьгlазе къаьрзира ши бlаьрг. Иштта оьгlазе гина вацара парторгана lела цкъа а. — Иштта хила йиш яц иза, накъост лейтенант! — цхьа буьрса элира цо. И къамел оьрсийн маттахь деш дара. Цундела леррана ладоьгlуш lара чохь волу lелин кхо накъост а. Амма, дукха оьгlазвахарна, ша муха олу а ца хууш, нохчийн маттахь

элира Iелас: — «Ма бехьа суна и бохам, Зелимха!»

Разведчикех цхьаъ, хьала а гIаьттина, аравала дагахь, неIарехьа волавелира. Ша араваьлча цо тIетоьхначу неIаро дIасаластийра стоьла тIехь лаьттачу лампин шиша. Хьалхарчунна тIаьххье, маьнги тIера хьала а гIаьттина, аратасавелира шолгIаниг а...

«Ой, хIорш ара хIунда лелха техьа?»— аьлла, хийтира лейтенантана.

Кхозлагla разведчик хьалагIаьттича, цуьнгахьа корта а берзош:

— Хьо стенга воьду, пакъост? — хаьттира цо.

— Араваха гIуллакх хилла воьду, — гIоргIа дуьхьал жоп делира бIаьхочо. — ХIун, ара ваха а мегар дац? Цу хьокъехь а инструкци ю, ала-м ца воллу хьо?

Зелимханан юьхь, оьгIазвахарна, хийцаелира. Ша волчуьра хьалаайавелла, юха охьа а хиъна, куьг ластийра цо.

— ДIаязде анкета, Iела. ДIаязде...

— Къолам бац соьгахь, — бехкала вахана хьаьвзира Талаев.

— Бацахь а язде, — мохь туьйхира Зелимхана. — Хьо къонаха ву, бакъволу къонаха! Хьо партехь хила хьакъ ву!

ДIа а еллаелла, юха а тIекхийтира божалин неI. Дукха хан йоццуш цхьа дог ца догIуш, шена дуьхьал вистхиллачу салтичун хийцаделла, синкъераме аз хезира лейтенантана.

— Къолам-м вай хIокху минотехь бина

охьабуьллур ма бара, — дийкира цуьнан аз.

Оцу минотехь стоьла тІехь цхьа бозбуанчалла лело волавелира иза. Тоьпан патармин еса чкъуьйриг а, шина пІелга схьалацца бен йоцу къоламан юьхьиг а, тен уьйриг а беана шена хьалха, стоьла тІе охьабиллира цо. Къоламан лакхарчу юьхьигах тай хьарчийна, иза хаъал стам а йина, таІийна патармичу а йоьллина:

— ХІан, хІара бу хьуна къолам, Іела, — аьлла, вела а къежаш, шен накъосте дІакховдийра цо. — Цхьаннахьа а воха йиш яц хьуна советски салтичун...

— Ийса боху! — тІетайра самукъадаьлла Зелимхан. — Хи буха а гІур дац, цІергахь догур а дац вай.

ГІадвахана велавелира Іела, велавелира цуьнан накъост салти а. Самукъадаьлла, даг тІера цхьа беза, боккха бала дІабаьлча санна, векхавелира Зелимхан ша а...

Анкета шена тІе а хилийна, цу тІехь элпаш дахка волавелира Талаев. Цо ша аьлла махиллара, йоза-дешар кІезиг хууш вара иза. ХІинца оцу анкета тІехь и элпаш дахкар мостагІчун обоз хІаллакьярал атта ца хетара цунна.

Ткъа, Зелимха, цуьнга а хьоьжуш, шен коьрте яьхкинчу сникъерамечу ойланашна вела а къежаш, хиъна Іара. Дукха хан яра иза ишттa сникъераме хилла воцу. Цхьа шашаха, некхан аьрру агІор, даг тІе, дижира куьг. Самукъадаьлла детталора иза готтачу кийрахь. Детталора бІаьхошна хьалха а ваьлла «Ӯр-ра!» — бохучу маьхьарца мостагІчунна чухьаьдда воьдуш ма деттадаллара.

ПОЛИТИНФОРМАЦИН ТКЪА МИНОТ

Хала тIемаш а беш, вайн эскарш юхадуьйлу денош дара уьш. МостагIчун толам ханний беш боцийла хаахь а, дагна Iеткъаш дара Даймехкан латта фашистийн боьхачу когаша хьоьшуш хилар. Толам тIаьххьара а вайн хир буйла хааро — советски бIаьхойн дог-ойла лика латтайора.

Хьоме латта мостагIчух лардечу тIеман кIуьрехь лIадодара бIаьхойн дахар: жимма паргIатъевллачу миноташкахь цIерачаьрга яздина кхомаьIиг йолу кехаташ новкъадохура, забаре хабарш дуьйцура, меллаша назманан мукъам бора. Цхьаволчо дуьххьара яьлла шилха, амма хенахь дIайошийла цахиларна яхъелла, маж яшаран гIайгIа бора, вукхо герзаш цIандора...

Шен рогIерчу политинформацин план хIоттийра полкан партбюрон жоьпаллин секретара старшин лейтенанта Абдурахманов Зелимхана. Разведчикийн группа йолчу йоккхачу земляник чу вахара иза. Схьагулвелира ткъех стаг. Кхиберш, тхан полк садаIа юхайоккхуш, цуьнан метта тIеман позицешка дIахIиттинчу подразделенийн куьйгалхойн буьйр кхочушдеш, мостагIчун тылехь болх бан генна рейде баханера.

Зелимхан, бlаьхошка салам а делла, коташ лаьттах боккучу стоьла юххе, планшет схьаелла хlоьттира. Политинформацина кечлуш, цо буса кlеззиг бен наб ца йира: йийшира партийни литература, Совинформбюрон селханлера сводка, немцойн тылерчу гlуллакхийн воналлина тоьшалла деш долу, вийначу гитлеровцан кисанахь карийна, цуьнан зудчо данйтина, оьрсийн матте гочдина, кехат.... Цо еша кечйира «Сын отечества» цlе йолчу Сталинградски фронтови газетан передовая а, «Правда» газета тlера Эренбург Ильян чlогlа ира статья а. Парторга деган боккхачу айамца йоьшура оцу воккхачу публициста тlамах лаьцна язъеи статьяш. Шина а газета тlера и статьяш цхьацца могlанашна кlел цlеи сизаш хьекхна, къарз а йина яра, схьахетарехь, церан маьlна дожкха долу куц дара таханлерачу политинформацина.

— Дlайолор вай вешан заняти, — элира парторга разведчикашка, цхьа буьрсуо бlарг а кхарстош.

Цунна моьттура жимма кхоьлина а, вусавелла а ца лелча лахарчу командирашний, могlарчу салташний ша ледара хьакам хетар ву. Цундела лела хир вара иза гуттара а вулавелла, дегlан меженаш а нисйон. Ша аьлларг кхочушдар къайлах дийцаре дар ца тарлуш лорура цо. Цуьнца цхьаьна, цкъа а шеи куьйгалли кlел болчарна кlоршаме тlечевхаш а вацара.

Амма тlаьххьарчу хенахь цуьнан дукха тlех вулавелла леларан низам талхош гlуллакхаш lитталора цунах Ломахь яккхий по-

чанаш хиларна дистичу Терко даош бухдоху чхернаш санна, Iитталучу гIуллакхаша жим-жимма огуш лаьттара парторган адамашца йолчу юкъаметтигийш, ишта олучу, хи доцуш хиларан, къамелехь чекхваллалц сов лерина хиларан апарш. Мелла а хийцавеллера иза Висантов Мовлада хьехар дичул тIаьхьа. Амма дуккха а шерашкахь кхоллаелла ерриге а «екъа» амал сихха, цхьана масех дийнахь дIа ца цIанло адамах. IIшттачу хьолехь дара Зелимханан амалан гIуллакхаш а. Цунна тоьшалла дора эскадронашкахь «цхьамза» аьлла кьаййлах цуьнан цIе яхаро а.

Салташа башацаре шена тиллина и цIе цкъа юьхьанца езаелира цунна. XIара ша а вара цхьамзанан башхаллаш шен а хуьлийла лууш: марсабаьллачу тIеман цIергахь оьрсийн цхьамза санна шийла, ира, шийса, дуьххьал дIа. ТIаьхьуо «цхьамза» бохучу цIаро кIез-кIезиг оьгIазлонаш гIиттайора парторган дагахь. — Къаьсттина вас хуьлура цунна оцу Iоттаречу дашах цкъа Висантовс лахарчу командирши совещанехь Суворови девза «XIоъ — Iовдал, цхьамза — дикаиг» дешнаш а далош, цхьа масех дош шена хазничахьана дуьйна. — Вуьшта цхьамза а, мурйоьлла гIаж санна, хьуьнар доцуш хуьлу, нагахь и карара салти дог шийла, бен а воцуш хилча, — дIадахдира Висантовс. Полкан командиран и дешнаш хезча, цхьаболу накъостий шех ца тешаш, кхардаран куьцехь, къайллах бийлабалар хааделира Зелимханна. Висантовс кхин дIа а чIагIдора: «Цхьамза мостагIчун некха тIе хьажийча бу

дикашиг!..» II дешнаш дагна дукха чIогIа Iаткъарна, цергаш вовшахъхьакхийра Зелимхана, барамал тIех меллачу стага санна. Дерригенах а кхийтира иза хIинца. Къамелан Iаь йовха хила еза, салташца дечу къамелашкахь жимма мерза хила бохуш, Висаитовс Iоттар йиичу тохарлерачу къамелахчул а дика кхийтира хIинца. Амма оцу минотехь хийцавала иицкъ кхачацара Зелимханан. Цунна дикка хан оьшура.

Ша-шега бохура цо: нагахь полкан командира иштта Iиттарш яхь, уьш ишйса ю. Дикачу дена доьзал санна, дукхабеза командирана бIаьхой. Цабезам болуш дац Мовлада соьга ша дуьйцурш, мелхуо а сох дохку сакхаташ дIадаха гIерта. Дерриге ган а, ледарниг шен амалера дIадаккха хаа а деза. «Чоп хиллачу анкета» тIехь IеIица совнаха дерш дийцаро гIуллакх дохочуьра делира маьIаргано. Парторган амалера кхачамбацарш ша гучудохуш полкан командира парторге хIумма а ца элира бIаьхойн дегнаш чу кхачархьама, царна даггара дукхавезийтархьама дан дезачух. II дара Зелимханна къаьсттана новкъа...

Тохара парторгана хаьара шена хьалха Iалашо хIотто а, цунна тIекхача а. ХIинца бIаьхошца къамел дан а, политинформаци дIаяхьа а дикка халахетара цунна — дерриг кIорггера ойла а еш, ша толлура: ишйса хIун ду а, ишйса доцург муьлха ду а. ГIуллакхан хорманан кIезиг гIайгIа бора цо хIинца, адамашца бечу политически балхахь долчу шен кхачамбацарех лаьцна эскаран политотделехь ца кхоъош шена дов дийчул тIаьхьа.

Коьрта тидам парторго хIинца бIаьхошна, церан дог-ойланаш айарна, царех ша а, шех уьш а тешорна, вовшийн безабалнйтарна тIехьажийнера.

— Политинформаци дIаяхьа ткъа минот хан ю вайн, — юха а дIадолийра Зелимхана шен къамел. — ЛадогIал массара а.

ЦIеххьана кехатан пондаран аз делира бIаьхошна юкъахь.

Парторг дIахьаьжира. II хIун ду? Ловзаршка бевллий-ца разведчикаш! Ма дов дан дезара-кх шуна, вуьшта..

— Мила ву иштта и самукъадоккхуш верг? — гIе-ехь оьгIазвахаре хаьттира парторга. — Со политинформаци дIахьош ву, ткъа оцу сакъераделлачу доттагIчун коьртехь пондар Iехорриг бен кхин хIума дац...

ШозлагIчу могIарера цхьа салти, кога тIехь гал а волуш, хьаланккхира. Мухортов Федор вевзира парторгана.

— Бехке ву со, накъост старший лейтенант, — сихха мукIарло дира цо. — Сан бертаза бийкира пондар. II новкъара жимма дIахило воьллера со...

— Иштта делахь-м хIума дац. — Зелимханан оьгIазвахар оцу минотехь дIаделира. — Пондар стоьла тIе биллахьа, накъост Мухортов, — тIетуьйхира парторга, корта стоьлехьа а хьовзош.

Юх-юххехь долчу дечиган маьнгешна юккъехула а ваьлла, Мухортовс пондар Зелимханна юххерчу стоьла тIе биллира.

Пондар чохь са долуш санна, дIаса а таьIна, юха а лакхабелира.

— Лакха ша боху цо, — забар йира Мухортовс, пондаре вуха а хьаьжна. ТІаккха парторге: — Накъост старшн лейтенант, бакъо лохьа суна цхьажимма и лакха? Информбюрон селханлера сводка оха ешна а хилча...

Зелимхана корта хьовзийра, оьгІазвахаран кепехь.

— Мегар дац.

«Мегар дац», аьлла воллушехь, ша-шен бехке вира цо, и кІоршаме хетта. Кхечу дешнашца жимма кІеда-мерза алалур ма дара иза. ТІаьхь-тІаьхьа алсам хаьара цунна шех «цхьамза» хІунда олуш хилла бІаьхоша. Іі халахетта, аьрру бесне егийра.

— Мегар ма дац и, доттагІий, — юха а элира цо лоххачу озехь, мерзачу Іаьнаре, шега ишгта хаза аладаларх даггара воккха а веш. — Муха мегар ду ткъа политинформацн ца еш Іен? Дика ду аш Совинформбюрон селханлера сводка ешна. Цунах массо а кхетта ца хила а ма тарло... Хьанна, хІун диснна шуна оцу сводкех ца кхеташ? — Зелимхан леррана хьаьжира бІаьхошка. — Дерриге а кхеташ дуй шуна?

— Дерриге а! — землянкин бодашкара схьа вистхилира Оздамиров Сайд-Іалн.

— Дерриге а кхеташ дара, — тІечІагІдира Мухортовс.

— Делахь, хІета, стенна тІера дІадоладо вай хІинца? — хаьттира Зелимхана, бІаьхойн дагара хаархьама. — Вешан армейски газета дешнй вай, хІета? Я газета а хІинцале дешна аш?

— ХІан-хІа, газета ца дешна, — юха а хьаланккхира Мухортов.

Планшета чуьра газета схьаэца дагахь стоьл тIе дIакхевдиш Зелимхан дIахьакхаведлачу пондаро «гIа-кън!» дира.

Иштта кхузза пондар ца бекнехь политинформаци кхечу кепара хила а мегара. Зелимхан шечунна тIера юхавер волуш вацара. Дийначу адамо санна, ша караэцар доьхуш бара пондар.

Разведчикашка хьаьжира парторг. Уьш тап-аьлла дIатинна Iара. Поккхачу тоьпан снарядан гильзанах йиччу коптилкан серлонгахь бIаьхойн юьхь-сибаташ шерра къаста ца лора. Гуонах сингаттаме хетара. ХIун лаьара салташна? Стенан ойла йора цара оцу миногехь? ХIун дарба, хIун молха доьхура техьа церан къоначу дегнаша, хаа атта дацара.

— Мичара баьлла шуна пондар? — тиина Iачу разведчикашкахьа а воьрзуш, хаьттира парторга.

— Посылки чохь байтина, — жоп делира Мухортовс. — Селхана полке яьхкиччу посылкех цхьаъ — сан цIарах хиллера. Кхечераш посылкаш кисетехкий, пазатехкий юьзна яра, ткъа суна Грознерчу белхалоша яиитиичунна чохь, бамби юкъа а хьаьрчийна, хIара шуьйра пиллагаш дерг байтина... Цкъа цуьнан аьзнашка ладуьйгIи делара ахь, накъост старши лейтенант... Дуьххьал дIа вайн Кавказан олхазарийха лекхало-кх и!

Зелимханан юьртахь цхьа а боьрша стаг вацара кехатан пондар локхуш. Зударий-м бара. Амма парторгана оцу миногехь чIогIа лиира, катоьхна пондар схьа а эцна, шен коьрта тIехула а хьийзош, иицкъ маббу и

лакха — шен говзаллех массо а цецверриг хаза эшарш яржо.

— Дика ду, хIета, — элира информатора. — Газеташ тIаьхьа доьшур вай. Ткъа хIинца...

Зелимхана, пондар схьа а эцна, цуьнан пиллигашна тIехула охьа, бен а доцуш саина, пIелгаш хьаькхира, пондар дIаса а озош. Пондаро бес-бесара аьзнаш даржийра земляники чохь.

Разведчикаш, тамаша беш, бийлабелира.

— Аз-м тIех дика ду! — элира парторга.— Дог гIаттош ду, хIумма а фронтийн лекъжигех тера а бац...

— ЦIенна бакъ ду и! — хазахетаре элира Мухортовс. — Лакха мегар дуй и, накъост старши лейтенант?

— Мегар ду, дера-кх, — вела а къежаш, жоп делира Зелимхана. — И воккхавевора толуш хийцаяла гIертачу шен амало. — Вуьшта, эшарш, салташна дуккхаезарш, вайнаш лакха еза...

Баккъалла а, хIунда ца лакхийтора пондар? Хаза йиш, дижа илли, салтийн самукъадоккхуш локху пондар — уьш а ма ду бIаьхой кхетамца-кхиорехь доккха маьIна долуш. Зелимхана дукхазза а дешна цунах лаьцна эскаран газеташна тIехь а, «Правди» тIехь а.

— Локхуна шена, — ойла йора цо, Мухортов Федоре а хоьжуш. Цо ощу миногехь кечдира, нагахь воьду-вогIуш полкан командир кху «бола» тIе ницлахь, ала дезарг. Политинформаци хьаха а ца еш, иллеш Iамош, культурни садоIуш бу салтий.

Мухортовс, парторгера пондар схьа а эцна,

цу чохь дерг хаза гlерташ санна, аьрру лере балийна, пиллигашна тlе чехкка пlелгаш хьаькхира.

—«Рейдехь суьпре» — аьлла, дикачу конферансьес санна, ша дlакхайкхийра Мухортовс.

Дуьххьар цо хазош долу аьзнаш тийна а, меллаша дуьйлуш а дара. Хьийзина, бlаьхой шена тlаьхьа а буьгуш, аьзнаш стамдеш, шордеш, айдира пондаро, аьлча а Мухортов Федора, и илли:

«Илли ала вай, доттагlий, кхана походе
Сатоссуш дадоьлхуш ма ду вай»
Сакъерадолуьйтуш ала, вайна тlаьхьара
аьнда шена
Къоьжачу бlаьхаллин капитана!

Зелимхана а массаьрца тlаьхьара элира:

«lадика хуьлда, гlала,
Тхо кхана хlорда тlе доьлху»...
Сатоссучу хенахь кораблана тlехьахула
Лепар ду девза сийна йовлакх.

Тlом дlа а дошлойн могlарехь болийнера цара, хlинца а дошлой бара уьш. Каспийский, lаьржачуй шина хlордана юккъехь шаьш баьхна хиллехь а, царех дуккахболчарна хlорд цкъа а бlаьрга ца гинера. Хlомечу гlалех а, дукхабезачу мехкарех а къаьсташ хlордаца походе боьлхучу матросех лаьцна долчу оцу башхачу илли тlехь муьлххачу бlаьхочуна а карадора безамца шен дагах кхеташ долу дешнаш...

«lадика хуьлда, гlала», боху илли олуш

Зелимханна ойланехь мотталора кхин цкъа а ша Грозный-гIалех къаьсташ ву...

Сан къоналлин а, дукхаеза а гIала, хьан тIехуленан агIо исбаьхьа яцахь а, хьох къаьстина, хьуна генаваьлча — хьан уггаре а гаттий урамаш, хьан дукха лекха доцу эгIаза дитташ, хьан паркаш, газонаш, — хьан лаьттан хIора цинц а, тIулг а — дуьненахь мел долчел хазахета-кх; хьан юьхь-сибат чIогIа бIаьрг хьостуш ду, хьо уллехь хетало дагна... Амма хIинца хьо генахь ю. Кхузара, Сталинградски фронтера дIа, вайна юккъехь бIеннаш чаккхармаш йохку. БIеннаш хилла а ца Iан мега. Эзарнаш хила а ма тарло! Хьан кIентий хьуна тIе богIу некъ мостагIчух наргIатъяькхинчу Киевний, Минскаий, Варшаваний, горхIиттийначу Кенигсберганий, Берлинний юккъехулий бен бац... Беха а, хала а бу хьуна тIебогIу некъ, хьоме Грозный!

Илли чекхделира. Мухортовс пондар юха а дIасаозийра, кIайчу подарчашна тIе дай-й пIелгаш а теIош. ХIинца землянки чохь хезаш ерг генна Кънлбседерчу Мурманскера кънлберчу Iаьржачу хIорда тIе кхаччалц йолчу советско-германски фронтехь массо а тIемалочунна сацелла, церан догхьосту «Землянка» йиш яра.

«Землянка»... ХIинца и йиш, хIетахь санна, дог-ойла айеш, дуьненан хазаллин а, цуьнца йолчу марзонан а ойла еш, кхетош ца локху.

ХIетахь, тIом болчу шерашкахь, и йиш шен хIора дашах маьIна доккхуш, хIоранга кIоргга ойла йойтуш, массеран а дагах кхеташ яра. ЧIогIа дукхаезара и тIамерчу бIаьхошна. Ца-

ра денна ловш йолчу халонех, церан турпалчу гIуллакхех, сатийсамех дуьйцура цо:

«Готтачу пеша чохь лепа цIе,
Хетало хаьштнгаш, сийсаш ду,
Хьан куьцах, бIаьргех, хьо йоьхуш тIе,
Земляшки чохь лоькхуш пондар бу.

БIаьхой тергалбира Зелимхана. Церан хIораннан юьхьа тIера бос жим-жимма хийцалуш хийцабеллера. Дегайовхонех, сатийсамех дуьзнера церан бIаьргаш, балдаш, дегнаш. Оцу эшаран мукъамо ойланашка вигначу, майралла гIараваьллачу разведчикан Арсанов Салманан юьхь-сибат жимчу беран куьце даханера... БIаьхой, тидам кIаргбеш, лаьттан бIаьра хьуьйсура, цхьаболчийн бIаьргаш тIунделлера, ойланаш юткъаеллера.

«Москвана юххерчу лайн аренашкахь
Хьох лаьцна суна шабарш дира кондарша
Лаьар-кха хьуна цкъа хезийла,
Сагатдеш дека сан лийна аз»

Зелимхан зуда ялоза вара. Ма-дарра аьлча, дуьххьарлерачу безамо дог муха Iовжадо хиъна а вацара. Школехь, уьтталгIачу классехь доьшуш волуш, цхьа тамашена ойланаш, сатийсамаш гIуьттура цуьнгахь — кхунна шена а ца хаьара церан хьоста. Амма хIинца цо аллане а эр дацара и безам бара. II — безаме цхьа кIеззиг марзвала вуолавалар дара — лорура цо. ХIетахь дукхаезначу йоьIан юьхь-сибат цунна хIинцале, дерриг бохург санна, дииделлера. Мел дагалецарх хьалха ца хIуттура, шеца доьшуш хиллачу оцу йоьIан бIаьргаш муьлхачу басахь дара.

Амма дуьненахь безам хиларх а, и оьшуш хиларх а тешара. Пушкина а, Лермонтовс а бийцарехь, стигала кхаччал лекха а, хIорд санна боккха а бара и безам; Iаьржачу буса Хоттанин стиглахь уьду седарчин санна хаза а, Iожалле эшалур боцуш нуьцкъала а, мазал мерза а бара.

Нагахь и иштта ца хилча, тIеман халонаша гIелдина салтийн бIаьргаш хIинца доьлуш серладевлла мичара хир дара?

«ХIинца хьо генахь ю... сов генахь,
Вайна юккъехь ю лайн аренаш...
Хьо йолчу кхача а атта дац,
Iожалла йиъ гIулч бен гена яц. »

Зелимхана, шена бен ца хезаш, юха а элира оцу иллин цхьа могIа: «Iожалла йиъ гIулч бен гена яц».

Уьш дешнаш хилла ца Iара, тIеман дахарехь кхеран гIуллакх дан а дара иштта: оцу земляник чохь болчу бIаьхойх хIоранан а, арахь фашисташна дуьхьал тIом беш волчу хIоранан а дахар Iожаллина йиъ гIулч бен дацара гена...

Зелимханан бIаьргаш чу хиш хIиттира. Уьш накъостех лачкъо гIерташ лаьттан бIаьра вахара иза. ТIаккха охьалахвелла, шен пхьаьрсаш тIе корта а биллина, цхьана минотехь юьхь дIалачкъийра.

ХIан-хIа, ша-шех къахетар, йиъ гIулч бен гена йоцчу Iожаллех кхерар дацар шийла дог долуш ву аьлла цIе яханчу парторган бIаьргаш тIунбинарг. ТIам тIехь баьккхинчу беа баттахь Зелимханна шозза чIогIа чев-

наш йиера — ша-шен кхоош ваца ра и, хехкалучу мостагIийн шокъалех ца кхоьрура. Адаман кийрахь, адаман ойланехь дерг хIаллакдалур дац — тIамо дог мел шагдарх, цо мел дукха халонаш кхийдаярх. Iожаллин къизалло мел гатварх, цуьнан буьрсачу кхиэлах вуола мел чIогIа гIертарх, — Зелимханан кийрахь лоьман дог хиллехь а, чов хиллачу экханан санна дера амал йолуш хиллехь а, цуьнан кийра къинхетамах а, йохьах а буьзна бара. «Адамалле эпсар, гIиллакх-оьздангаллий йолу адам», — ишшта олура цунах накъосташа а.

ХIаллак ца даделлера халонашка бIаьхойн кийрахь дерг. Зелимхана тергалделира «Iожалла йиъ гIулч бен гена яц» бохучу дешнаша цхьана минотана мел хийцадалийтира гулбеллачу бIаьхойн яххьаш тIехь беснаш. ХIаъ, цхьана минотана. ХIунда аьлча, оцу минотехь, дукха хенахь дуьйна тIечIаьгIна лаьттина деган неI дIа а еллаелла, цу чуьра ерриг гIайгIа а, берриг сингаттам а ара а хецна, деган и неI юха тIечIагIъелча санна, яхьаш екхаелира бIаьхойн.

«ХIа, товар ду хьуна, — ша-шена сацийра Зелимхана. — Ахь ишшта цIом олло оьшуш хIумма а дац...»

Ткъа илли декара салташка толам вайн хирг хиларх дегнаш тешоре кхойкхуш, шаьшна уггаре а дукхабезачушца кестта цхьаьнакхетаре болчу церан сатийсамца:

Сан пондар, дIалахка гIайгIанаш.
Лаккхало, тIедоьхуш тхуна ирс.
Йох а еш, тхан шийла земляника,
Богу хьан безаман бовха гIирс...

«Дерриге а дика хир ду», — кIужал шина а куьйга юхахьоккуш, разведчикашка а хьожуш, элира Зелимхана:

— Адамаш халонашна дуьхьал латталур долуш ду вайн. Церан дог-ойланаш дика а, бIаьхаллин хаарш лаккхара а ду. Керла арахецначу тIеман герзашца а вайна дика кхачойо — масех де хьалха керла автоматаш кхаьчна...

Дог доккхадедеш, чIогIа сакъераделла волчу Зелимханан багах мохь тоьхна девлира хIара дешнаш: — ХIаллак хир ву Гитлер! ХIаллак хир ю фашизм!

Вийначу фашистски эпсаран кисанахь карийна кехат бIаьхошна ца деша дагадеара цунна. Оцу кехата тIехь Берлинерачу цхьана Гретас далхадора шаьшкара вон хьал: сурсаташ ца тоарна, туьканашкахь царна лаьтта очарташ саевлла. Баккхийчу текъамашца ханйтора Минск гIалина юххерчу хьуьнхахь советски партизанаша шен цхьаъ бен воцу ваша Курт вийна хилар.

Политинформаци ян кечлуш снйсара сарахь Зелимхана къаьсттана боккха тидам тIебахийтира оцу кехатана, билгалъехира салташца ша ден долчу къамелехь цунах пайдаэцаран кепаш. Амма хIинца евзуш йоцчу Гретас шен декъазчу дуьненан хьокъехь майрачуьнга ден арз бIаьхошна тахана дийцар оьшуш ца лерира Зелимхана. Цо лорура, шаьшна хазахета иллеш баьхна бIаьхойн таелла дог-ойланаш аьрзнийн кехато мелла а хьошур йолуш.

— Ii аьлча ца хуьлу делан наьIалг хилахьара Гретина а, цуьнан боьхачу зуьретана

а! — чIогIа вистхуьлуш элира Зелимхана. — Цунах лаьцна-м тIаккхахула дийца а кхуьур вара. БIаьхошна там хир бу, ас масех дош сайгара аьлча...

«Землянка» иллин тIаьххьара аз дIахуьйдира землянкин дукъачу хIавао. Парторга Федоре элира:

— ХIинца «Каховка» илли алий вай?

— «Каховкий!» — массо а тIетайра Зелимханна. Мухортовс пондарца дIалекхира. ТIаьхьара далийра вукхара:

«Каховка, Каховка! Сан хьоме мажар тон!
Хаккало, бовха хIоъ, хьо!
Иркутск я Варшава, Орел я Каховка —
Бехкачу пекъан дакъош.»

Илли массара а олура. Олура хьалха шахтер хиллачу Брагин Афанасис — шин метр хиллал лекха а, нуьцкъала а волчу. Баьхьанелла даккхийчу цуьнан куьйгаша схьалаьцна ПТР берийн чIижаргIа санна бен ца хетара. Зелимханна дукха хан йоцуш бен ца хиънера, Афанасин зудий, жима кIанттий фашисташа дIалаьцначу меттехь дисина хилар. Дийна мукъана буй уьш хаац-кх?

«Брагине хоттур ма дара ас царех дерг, цуьнан зудчун цIе мукъана сайна хаахьара», — ойла йора Зелимхана, тидамца шен бIаьхаллин накъосте а хьоьжуш.

Илли олура Талаев Iелас а — хIинца полкан парторган цуьнца чIогIа гергарло тасаделлера. Муьлххачу бахьанца а вовшашна гаро, вовшахкхетаро цу шинна боккха синкъерам бахьара. Иштта чу миногехь и шиъ гинчунна моттадала тарлора, цу шиннан цхьа

йоккха къайле ю, кхин цхьанне хаа а ца хууш. Амма цхьа а къайле яцара, дуьххьал дIа вовшийн везавеллера.

Талаевга а хьаьжна ойла йича, Зелимханна гIе-ехь вас хуьлура, дукха хан йоццуш тIахаьлла, майра разведчик хиларрий бен Iелин кхидолу гIиллакхаш шена девзина дацарна. Ткъа хIинца парторгана хьалха де-дийне мел дели дIаеллалора Iелин башха амалш: адам дукхадезаш, цунна гIоьнна кхача данма а кийча, кура воцуш, къинхетаме, оьзда стаг хилар. Шен накъостана баьлла бохам хазчу дашца, дечу гIуллакхца байба гIуртура, дикачу балхах — и шена хилча санна догцIена воккхаве и. ТIам гIехь вара ша аьлла, дицца дора цо вийчу юьртахь, колхозехь ша бухабитийчу юьртахойн гIуллакхаш, церан халонаш. Хеталора цунна, ша гIайгIа алссам бича, кхузара, фронтера дIа а, юьртахошна гIо хуьлуш санна, церан халонаш ша яйеш санна. Ткъа, халонашца-м тIамо массарна а кхачо ма йиннерий! Iелас кест-кеста хезаш ша-шега хоттура: «Мила ву хаац, хIинца сан метта тхан колхозан председатель?» Ойлане волура: «Нагахь хьалха кладовщик хилла СаьIид председатель хаьржинехь, юьртахойн гIуллакх вон хир ду, хIунда аьлча, цунна дуьххьал дIа Iаббалц мала къаьркъа хилчахьана ур-аттала шен доьзалан токхенан а бала ца кхачарна. Эрна бага еттанний бен, кхин хьуьнар а, хьекъал а дац цуьнан. ТIаккха колхозхошна ницкъ хир бу...»

Доьзална дика да а вара Iела. Ша цIа дохьуьйтучу массо а кехата тIехь цIийнене шех хIуъа хилахь а... берашка ницкъ маббу

дешнйтар, юучуьнца, юхучуьнца цаьрга хало ца хьегнйтар доьхура цо. «МостагIчунна тIехь толам а баьккхина, тIамо бохийна бахам юхаметтахIотточу хенахь лаккхара хаарш долу адамаш оьшур ду, ткъа уьш кхио дуккха а шераш деза...» — яздора цо.

Зелимханна Iела хьалха дукхавезаран бахьана цхьаъ бен дацара — майралла, тIом бан дика хаар. Вуьшта, мичара яьллера Iелина и майралла, тIеман гIуллакхаш дика хаар — Зелимхана хIинццалц цуьнан ойла а ца йиннера.

Ткъа хIинца цунна хиънера, Iелас хьалха ЦIечу Эскарехь кхаа шарахь кадрови гIуллакх дина хилар, доьзал даггара дукхабезаш, цуьнан боккха гIайгIабеш да и хилар, деш долу гIуллакх нийса, дуьхьало йоцуш, бехказлонаш ца лоьхуш деш волу бIаьхо и хилар. Къаьсттана дукхавезара цунна Iела тешам болуш а, кхералур воцуш а бIаьхо-разведчик и хилар гучудаьллачул тIаьхьа.

Илли, хIорда тIехь тулгIе санна, аьзнаш а хуьйцуш, дIасадаьржира:

«Атакаш къекъара, хIоьънаш а цIийзара,
Пулемет кхехкара тем боцуш.
Чоа а дуьйхина йоIстаг а йоьдура,
Погучу Каховкех чекхъюьйлуш.»

Корта, агIор баьккхина, пондарна тIе а лахбеш, аьзнашка юххера ладоьгIуш ша лоькхучу эшарна тIаьхьара мукъам бора Федора. Чурт-ТогIерачу оцу гIалгIазакхечунна нохчийн мотт а, гIиллакхаш а, Iадаташ а, муьлхахачу нохчочунна санна, шера хаьара. Синкъераме а, хаза къамел долуш а, ира дош ала

хууш а волу Федор жимачуьнца жима а, вокхачуьнца воккха а вара. Ӏ массарна а дукхавезара. Талаевс а лорура Федор шен дукхабезачу доттагӀех цхьаъ.

«ДагадогӀий, доттагӀий, шуна ван тӀом бар,
Мел луьра дара, тов, и лайна дарцаш,
ХӀетахь вай буьрсачу дахкарх чекхдовлар
Таламо шен бӀаьргаш гайтар а вайна.»

Зелимхана, юьхьа тӀехь серлаволуш, хьала а айвелла, куьг ластийра. Муха йогӀур яцара ткъа оцу минотехь дага Язу, цуьнан сирла, хаза, Іаьржа бӀаьргаш. Школехь ша доьшуш дуьйна езаеллера цунна иза. Ткъа тӀаме вогӀуш цо дош деллера Зелимханна, толамца хӀара цӀа варе хьежа. Цундела ца долура цхьа а де цунна са ца гатдеш, цуьнан куц-сибато кхуьнан дагна там ца беш...

«Мичхьахь, хӀун деш ю техьа и хӀинца? — ша-шега хаттар дира парторго. — ТӀамехь ничхо я санитарка хила а тарло иза. Майра а, яхь йолуш а яра иза. Школехь «Ворошиловски стрелок» значекана дешархоша зачеташ дӀалуш, Язус массарачул хьалха яьккхира и значек.

Стигалхула мархаша санна, цхьатерра болар деш, салтийн дегнашкахула чекхдуьйлура иллин дешнаш.

«Богучу малхехь а, бӀаьрзечу буса а
КӀезиг ца дезна вайн тӀеман дукъ лан»..

Иллин заьнаш а къардеш, Федора чӀогӀа тӀаьхьара элира хӀара дешнаш:

«ХӀаллакбе фашисташ, тхан бронепоезд,
ТӀетаӀош тохалахь цунна хьайн цӀе!..»

«Вуьззина кънаха а, хьекъале бIаьхо а ву-кх хьо! — ойла йора Зелимхана, Мухортовгахьа а хьоьжуш. — Ма шен меттехь далий-кх цо и дешнаш: «ХIаллакбе фашисташ!»

Разведчикаша массара хазахеташ шозлагIа а тIаьхьара элира и могIанаш:

«ХIаллакбе фашисташ, тхан бронепосзд,
ТIеташ тохалахь цунна хьаьи цIе!»

Зелимхан шен пхьаьрсах доллучу сахьте хьаьжира. Политинформаци дIаяхьа билгалйина ткъа минот чекхъяьллера. ХIинца жимма Даймехкан тIамах а, дуьнанаюкъарчу хьолах а лаьцна салташца къамел дан лира цунна! Амма, хIун ала деза, — кара ца догIура. Карор а дуи техьа хIинцца баьхначу илле шачул бIаьхойи дог ирахIоттодолу, церачел салтийи дегнех кхетадолу ира, довха дешнаш?

— Вайи политинформаци чекхъели, — гIийлачу озанца дIахьедира бIаьхошка Зелимхана. — ПаргIат хила мегар ду шуна! — Гуобаькккхина бIаьргтуьйхира цо: — Кест-кеста вовшахкхеташ хилча бакъахьа дара вай... Хаалаш, дика илли нуьцкъала герз ду шуна.

Хабар чекх а ца доккхуш, разведчикашкахьа вирзина Iадика яран кепехь корта а таIош, землянкин неIарехьа волавелира Зелимхан.

«Дашо адамаш ду-кх хIокху полкехь дерш! — ойла йора Зелимхана ша новкъа дIавоьддушехь. — Машаречу дахаре болчу хьежамашкахь — берриге а тайп-тайпана бу, ткъа, мостагIчуьнга, фашизме болчу цабезамехь — массо а цхьаъ ву! Царна ца хууш хила

тарло Берлинехь кхаллар духкучу туьканаша хьалха яккхий очарташ хIуьттуш хилар а, цхьана Гретин ваша советски партизанаша, экханахчул башха къа ца хеташ, вер а. Амма царна хаьара Даймахке болчу шешан безаман барам, доьзалшка болчу безаман йовхо. Царна, советски бIаьхошна, дика хаьа шешан колхозийн гIуллакхех даккхийде а, вовшашка болу тешам чIагIба а. Ткъа, салтичуна цул оьшуш хIумма а дац!

Землянки чохь баьхна иллеш бахьанехь шена бIаьхой кхин а юххера бовзаран а, уьш шена безабалар алсамдаларан а хьокъехь ойла еш воьдура Зелимхан полкан штабехьа. ДIакхаьчча стоьла юххе охьа а хиъна, полкан бIаьхошца бан билгалбинчу политически белхан плана тIехь «политинформаци» бохучу могIанна йоккха билгало йира цо, и яр билгалдоккхуш. ХIаъ, политинформаци йина аьлла! II хIумма а харц дацара. Цунах хIинца мискъалан зарратал шек Зелимхан ша а вацара. Наггахь а тоам беш вацара парторг ша бечу балхах, амма оцу политинформацин мах цо боккха хадийра.

—«ВаллахI, Висантов ша а реза ма хир вара таханалерачу политинформацина, — экхийтира цо шен кехаташ планшетки чу а дохкуш. — Тахана оцу землянки чу ша кхаьчнехьара довха дош ала а магара цо сан балхах...»

АТАНЕ ВАХХАЛЕ

Сийлахь-Боккхачу Даймехкан тIамехь лелийнарш дуьйцуш Iара тхо. ХIораммо а шеншен дагах доьлла, дац ца луш дерш дуьйцура. ТIамехь хиллачу хIоранна а лаьа шен бIаьхаллин дахарехь хилла дика а, вон а, олуш ма-хиллара, мерзанг а, чаьмзанг а дийца. ТIамах а, накъостех а дуьйцуш дерш нэделлера.

— Стенах боллура атакин кхнам? — чIогIачу озаца хоьттура Хьамзата. Оццу хаттарна ша жоп а лора: — Уггаре а хьалха яккхийчу тоьпаша мостагIчун позицеш ягорах.

— Ткъа кхидIа?

Цхьаммо чIагIдора: «Атакин толам мостагIчунна тохар цIеххьана дарх боллу!.. Вукхуо тешадора: «Разведко бина хаам нийса хилча, толаман мукъ шен буйнахь хаало»,— ткъа кхозлагIчо дуьйцура: «Атакехь хьовха, муьлххачу тIелатарехь а толам баккхарна уггаре а хьалха оьшу мостагIчунна тIелатар дендолу некъаш, церан хила тарлу хийцамаш хьалххе дуьйна девзина, кIорггера Iамийна, хууш хила дезар».

Амма оцу къийсадаларшкахь дакъалаца

сих ца луш Iаш верг цхьа Ширвани бен вацара.

— Хьуна хетарг муха ду, доттагI? — ца вешаш санна, хаьттира цуьнга тхох цхьаммо.

— Суна хетарггий? — Эдельхановс шина а куьйга тайора шен доьхкаро хьалагулйина баьццара коч. TIаккха тхуна массарна а гира, цуьнан аьрру агIорчу некха тIехь коч охьаозийна масех медаль а, некхан аьтту агIорхьарчу кисанна тIехула йоллу ЦIечу Седанан орден а.

— TIам тIехь массо а хIуманал салташна оьшуш ерг кино ю, — элира цо, дог тешна а волуш.

Оцунах ца бешаш, берриг накъостий бийлабелира.

— Забарш йитахьа, Ширвани! — элира Iабдурешеда.

— Ас забарш ца йо, — цуьрриг меллаша а доцуш элира цо. — Айса бохург даталаьцна доцийла шуна ханйтархьама, сайн фронтан дахарехь хилла цхьа бакъдерг дуьйцур ду ас шуна. Иза дара 1943-чу шеран кхозлагIчу августехь. Валлалц дицлур дац суна и де, хIунда? — тIаьхьуо хуур ду шуна. Оцу хенахь Нохч-ГIалгIайн дошлойн полках дIакъаьстина вара со. Хилла яккхий чевнаш госпиталехь йирзинчул тIаьхьа кхечу полке хьажийра со. Донбассехь тIом бира ас. Ткъа хIинца дуьйцург Iотталучу муьрехь со Белгород-гIалина юххехь чIогIа баккхий тIемаш бечу эскарийн могIаршкахь вара. Оцу гIалина къилбседехьай, къилбехьай, малхбалехьай вайн эскаран дакъошиī, цхьаьнакхетараллашиī дийнахь а,

буса а сацар доцуш, [illegible] бора мостагIчуна луьра тохарш деш. Мшотехь сацар доцуш, лергашна хезара [illegible] яккхийчу тоьпийн йийларш. Вайн бIаьхоша йохийначуй, яхийначуй фашистски [illegible] танкаш дуьйлучу IаьржачуIом гIалина уллохь бара. Тхо тIе[illegible]чу юьхьехь доцуш, цкъачуна шалIачу [illegible]Iан тIаьхьалонехь лаьттара. Амма тхешан «тийна дахар» дукха дахлур яцийла хилира. XIоранна а хаьара, ша бокхачу [illegible]цIера хьалха латтар.

Кхо[illegible] августехь, сарахь, тхан полке кино [illegible]ара. Шаьш мел кIадделла хиллехь а, тIаьхьарчу шина кIиранах адамаша дукха окопаш а, саьнгарш а, земляникаш а яьхнера, тIеман керл-керла позицеш кечъеш. Амма киносурташка хьовса дахар боккхачу лаамца тIенйцира цара. КIадваларна сайн когаш тIехь ца латталуш хиллехь а, суна а лиира кино ваха. Шуьйрачу арарчу цхьана готтачу боьрахь охьахевшира тхо. Дехьий-сехьий доьгIначу бIогIамех тухуш мокха гата лецира тIехула. Кинон аппаратан серий танкан моторан электросистемах а тесна, дIадолийра кино гайтар. «Цо ларбо Даймохк» яра фильман цIе. ТIамах дуьйцура цо. Гойтуш дерш, дерриге а бохург санна, тхан бIаьргашна гинарш, лергашна хезнарш, тхо тешаш долчу гIуллакхех — цхьаболчийн Iожаллех, вукхеран лийрбацарх лаьцна дара. Амма и дерриге а кинохь къеггина дика гайтора. Цуьнга хьоьжуш сан дог, оьгIазъоьхуш, чIогIа детталора. Сайн накъосташка хьаьжира со —

герзаш а карахь, леррана хьуьйсуш бара уьш. Уггар ирчанг доладелира экрана тIехь — фашисташа маьттаза бохура вайн зударий, етташ ницкъ бора къеначарна, дойура бераш... Суна юххехь Iара шуьйра юьхь-сибат долу цхьа бIаьхо. Схьахетарехь, я гIалмакхо, я якут вара иза. Эсэсовцаш советски зударий хьийзо боьллачу минотехь, хьала а иккхина, царна тIе автомат етта йолийра цо... и дагадеъчи, хIинца а дог дарло сан. Оцу минотехь фашисташна чIогIа дарделлера тхо, цундела оцу бIаьхочо диичунна бехкбуьллуш цхьа а ца велира. Амма, старшинас цкъачунъ на дIанйцира цуьнгара автомат.

Киносурташ гайтар чекхдаьлча бIаьхошна хьалха доцца къамел дира тхан замполита. Халахета суна цуьнан цIе сайна йицъялар. Къамел салтичун дагах кхоьтуьйтуш шера стаг вара иза. Цо элира: «Гой шуна, доттагIий, хIун Iазап латтадо Гитлера а, цуьнан сий доцчу эскаро а вайн халкъехь? Цунна кхин садетта тарлуш дац. Сталинградана юххехь букъ бойна вай фашистски экханан. Дерадуьллу вай церан Курски дуганехь а. Ткъа хIинца тIеман командованис вайн подразделенина хьалхахIоттийна декхар — мостагIчуьнгара Белгород схьаяккхарехь жигара дакъалацар ду!..»

Замполитан къамел цу тIехь сецира. Дукха дийца хан а яцара.

Оцу буса тхо мостагIчунна тIетаьIира. ШолгIачу дийнахь эскаран кхечу дакъошца цхьаьна оха Белгород схьаяккхира фашисташкара.

— Чов хилла экха саша, дар а делла, тхешан синош ца кхоош, майра лийтира тхо мостагIчух. Хаац кхечеран дагахь хIун дара-м, вуьшта атакин оцу кхерамечу минуташкахь сан бIаьргашна хьалхахIуьттуш дерш-м хьалхарчу буса кинохь гина фашисташа кънза хьийзина — оза, гIелделла, кIадделла, амма къурд аьлла кIел ца совцудолу советски адамаш дара. Суна хетара, цара сайга орцах кхойкхуш: «ГIо дехьа, ваша, дахахьа тхо хIокху Iазапах хьалха, Ширвани», — бохуш.

ХьалагIаьттина, стоьла гонаха вола а велла, Ширваних хIинца кхечу озаца элира:

— Ас ца къуьйсу шуьца: атакехь толам баккхарна яккхийчу тоьпаша мостагIчун тIеман порядкаш йохор а, разведка яр а, тIеман аре дика йовзар а — уьш дерриге а оьшуш хилар. И дерриге а Белгородний, Курсканий юххехь зе а делира. Вуьшта фашисташ а бацара бийшина Iоххуш-м. Цара саьнгарш йохура, танкашна дуьхьалонаш хIиттайора, пулеметаш етта меттигаш кечйора. Дерриге а лараме эцнера. Лараме эцаза цхьаъ дитинера: тхуна киносурташкахь гайтина шаьш лело акхаралла. Ткъа иза, цхьадолчех, уггаре а коьртаниг ма дарий-ца!..

«ВАЙ НХОЪ ДАРА»

— Белгород вай схьаяьккхинчул тІаьхьа,— бохуш, дуьйцу Эдельханов Ширванис,— Харьковхь тІом бош вара со. Цигахь цхьа бохам хиллера суна кІелхиъна Іеш. Тхан рота яра гІали юккъерчу почтамта уллохь. Дагадогlу суна, ах дохийичу цхьана цІенойи сонехь лаьттара со, цигара кхин а тІелеташ хьалха таІа саина некъ тергалбеш. Дехьарчу цІеношка кхача цхьа ткъех метр яра. Цкъа араведда, цига дІакхача ойла йолуш вара со.

Делахь а, олуш ма-хиллара, ленаш тоьхначу говран а шершаш хуьлу ког. Оцу цІийнан сонера со дІаэккхарца ниелуш, суна уллехь мина иккхира. Охьавуьйжира со. Цхьаъа хІума суна гуш а, хезаш а дацара. Оцу минотехь, иккхинчу дІаьидарго сан когана чов а йира...

Фронтехь еш цхьа забар яра тхан: «Мина эккхарца вала яздина верг, даьидаргах кхера оьшуш дац». Ткъа суна фрицаша Іожаллин цхьабосса ши кад малийра!

Госпиталехь кхетамчу веара со. Халла бІаьргаш схьабиллира ас. Цхьа кІайн бІарлагІа хІуьттура дуьхьал. Ткъа и хІун ю ца хаьара. БІаьргашна дуьхьал марха хІуьттура. Эххар а и кІайниг хІун ю хиира суна: лоьрийи кІайи халат тІехь медицински йиша

яра суна уллохь лаьтташъерг. Боккхачу къинхетаме хьоьжура и соьга. Дикка суна уллохь а лаьттина дIаяхара иза. Ас юха а бIаьргаш хьаббира. Вуно гIийла вара со хIетахь.

Шолгlачу дийнахь юха еара иза. Суна хIумма а ца хеза аьлла хетаделла таро яра цунна. Цо цхьаьнга-м элира: «Ма къа ду-кх кхуьнан... шена хилларг ца хаьа-кх мискан-на хIинца а!». Хьаьвзина, тIекIелбелира сан кинра. Когаш, куьйгаш соьга меттах ца дахалора. Беза тIулг санна Iуьллу корта гIайбн тIехь дIаса ца карчалора.

Гоьжана чуьра салларийн полла санна, кисеш юккъе хьарчийна вара со.

«ХIара хIун ду техьа суна хилларг? Когаш, куьйгаш дац техьа сан?» — деара дага. Ишгачу дахарал Iожалла гIоле хетара.

Кхин цхьа-шн де даьлча, изза йиша еара юха а сан маьнги юххе. Ас цуьнга гIийла хаьттира: «Йиша, хьоменнг, цIенна бакъдерг схьаалахьа соьга: хIун ду суна хилларг? Ког, куьг хIума дIаяькханий сан?» Цо корта ластийра: «ХIан-хIа».

Ас юха а сайниг хоьттура: «Харцдерг ма дийца суна, дела дуьхьа. Ас дехар до хьоьга: бакъдолчух кхиавехьа со».

Пог охьахиира суна улло: «Цlенчу дашор бакъ ма луьй со: хьан когаш а, куьйгаш а шайн меттехь ма ду. Амма яккхий чевнаш хилла хьуна. И бакъ ду...

Йиша харц луьйш ца хиллера. Госпиталехь иттех де даьллачу хена, корта дIаса а карчалуш, куьйгаш меттах а хьалуш, гIоли хилира суна. Халла сайн когашка а хьаьжавелира. Меттахь бара уьш!

Ойла дикка чIагIьелира.

Цхьана дийнахь пах этIочу кабинета чу вехьира со. Схьагарехь мелла а кхоьллино воккха стаг — лор вара соьга хьаьжнарг, медицински гIуллакхийн подполковник вара моьттуш ву со иза. ЧIогIа реза воцуш, корта а лестош, хьаьжира и сан коге.

«Жима стаг, — элира цо соьга, — мино хьох чорда цаца бина. Мино йиччу чевнех-м ца вогура со. Уьш-м хьо йиччу нанна ца карорриг дIагега хьовсур дара пай. Эккхачу дагьдарго когана йина чов хила мега ерзо халлиг. Пагахь хьуна вала ца лаахь, коr дIабаккхийта беза ахь!»

ЭтIош болу нах охьабохкучу стоьла тIехь Iуьллучуьра сайн пицкъ маббу хьала а айбавелла, элира ас: «Леш валлахь, со валийтахьа. Амма коr дIахадабойла на лаьа суна».

Подполковника, доккха са а даьккхина, цIехьана вистхуьлуш, хаьттира соьга: «Римах лаьцна дуьйцуш хезний хьуна, жима къоьнаха?»

— Хезна суна, — жоп делира ас. — Шерра дага-м ца догIу...

— Делахь хIета, ас карладоккхур ду хьуна иза, — элира цо. — Оцу итальянски Римехь вехаш хиллачу цхьана лоьро, ша дарбанаш лелош волчу дархочунна тIе а веана, аьлла хиллера: «Вай кхоъ ду: хьой, сой, цамгарний... Пагахь цхьабарт хилахь, вайшинна цамгар эшалур ю». Хьан фамили Эдельханов ю аьлла хета суна, жима стаг? Вайшиннан а цхьабарт хила беза, хIара хьан чевнаш эшорхьама».

Ас корта таIийра, реза хиларе. ШайтIанна

берта паха а реза хирполуш пара со, ког сайна тIехь буьсург!

Цамгарна дуьхьал къинсам лагго цуьна аьса гIо дийр ду подполковнике ас аьллачу хенахь, ас цуьна харцдерг дийцира. Сан дог-ойла оцу къинсамана кечъелла яцара. Сайн ницкъах тешаш вацара со. Цхьа-ши кIира даьлча, соьга а ца хоьттуш, ког дIабаккха операционни стоьла тIе вуьллур ву со, боху ойла дIа ца йолура сан коьртера.

Ткъа дагахь ас сацам бира: цхьа ког боцуш кху госпиталера арабалахь, оццу дийнахь сайн Iожалла лаха...

Корта а оллийна, гIайгIане велакъежира.

— XIун дийр дара ткъа? — элира цо. — Сан да а, цуьнан ялх ваша а 1918-чу шарахь большевикаша вовшахтоьхначу партизански отряде хIиттира массарел хьалха. Деникинан бандица бечу тIамехь хIаллакьхилира да. Цуьнца сан денвежарий — Бичак а, Хаги а. Суна дага а ца вогIу да. Амма цуьнан амат суна даима дагахь лаьтта, и палаза волуш саннa. Хетарехь, и суна сел вин ца валар, нанас цунах лаьцна, цуьнан дикаллех, адамаллех лаьцна дуьйцуш хиларна хир дара. Иза вуьззина къонаха хилла... Нанас дуьйцура: «Со къанлуш ю, амма хьан воккха хила а, ваха а деза. Хьайн да саннa, тIахъаьлла а, доьналла долуш а хилалахь. Хаалахь, хьан дел тIех дика бере кху Iалхан-Юьртахь вацара хьуна!..»

И дерриге а дагаоьхура суна суо госпиталехь Iуьллуш. Уьш дага а оьхуш, хIокху сайн боьхначу аьттонна цергаш хьекхайора

ас. Цхьана кога тIерачу сох хуьлу бере тIаккха...

Иштта хила тарлучу кхиэло со кхеравора. Оцу тайпанара госпиталера ара ца волуш, суо цу чуьра ара шийла эцийта сецнера ойла.

Тхан госпиталь цхьана школа чохь яра. Корехь лаьтташ бара сан маьнга. Мегарг дIаса а ца хьовзалуш, аркъал Iуьллу со, стигларчу мархашкий бен стенга хьоьжур вара.

Шайн хорманашкахь тайп-тайпанара хиица а луш, стиглана есаллашкахула малхбузехьара малхбалехьай, юханехьий хеккалуш хуьлура Iаьржачу мархийн бода. Суна фашистийн танканех тарлора уьш. Де шолгIачу декъе дирзинчу хенахь юса а елла, моггIара, малхбалехьара малхбузехьа хьаьлхира цу мархийн ийса къепалш. Эххар а вовшахъхьаьрчира уьш, царна юккъехь стиглана къекъаш, стелахаьштигаш детташ луьра къийсам гIуьттура. Цигахь кхолладелла охьаоьху догIа, тIамехь Iано цIий тарделира суна...

Оцу ойланаша хьеревинчу ас, нохчийн маттахь цхьаъ дуьйцуш, гIоддах мохь бетташ хиллера, цхьацца адамашка а кхойкхуш. Сайца тIамехь хиллачаьрга луьйш хилла хир ву-кх со.

Эццахь суна улло охьахиънера цхьа медицински йиша. ХIинца а дагайогIу суна, сайн нанас йинчу йиший цIе йицлуш бен йиц а лур яц. Варя хиллера иза. Синтеме, меттавалош долу молханаш а мийлийна, кхетаме веъча, соьга цхьацца хеттарш дира цо.

Шех дийцира, сох хиттира...

Дуьххьал дIа шена хаа лаарна хоьттуш ца хиллера цо соьга Нохчийчоьй, адамаш,

вайнехан гIиллакхех, вайн лекхачу лаьмнех лаьцний... ХIинца хаьа суна, — сан ойланаш дахаран буха тIехь хуьлийла лууш хиллера иза... Цо суна дуьйцуш хилларш дара дахар дезаш, стеган кхачалур доцчу хьуьнарех, ницкъех тешарх дуьзна. Госпиталехь сайн ницкъех Варел кIезгаха тешара со...

Цхьаъ а хIума бен-башха ца хеташ яра ойла. Ткъа, Варяс кхетамца суна гIо деш хиллера, оцу ойланех со кIелхьара воккхуш.

Цхьана дийнахь со стигалхула дIайоьлхучу мархашка хьоьжуш Iуьллучу хенахь, ас ен ойланаш стенах лаьцна ю хаьттира цо соьга.

— ТIамах лаьцна ю-кх, — жоп делира ас.

— ТIамах лаьцна ю, тов, — аьлла, чIогIа цецъелира иза.

Со цунна дийца волавелира: «ДIахьажал, гой хьуна и малхбузехьара схьахецаелла йогIу, Iаьржа марха? Иза, дIадаккха хIума доцуш, фашистийн «пантерах» тера ю».

— Суна гарехь-м и дуьххьал дIа цхьа элан хола боцург хIумма а ма яц, — элира Варяс.

— ХIан, дика ду, хуьлуьйтур вай и элан хола, — бохуш, къуьйсура ас. — Ткъа и хьуьлла дуьхьалъевлла лаьттарш — уьш танканашна дуьхьал йинна чIагIонаш ма ю.

Варяс корта лестабора:

— Яние а яц! Уьш-м дежаш догIу жа ду.

Иштта къамелаш, къийсамаш кест-кеста хуьлура тхойшиннан. Я Варяс дечу къамелашна хиллехь а, я бакъдолуш стигларчу мархаша шайн хорманаш хьуйцуш хиллехь а, стигаларчу мархашкахь тIеттIа алсам машаречу дахаран сурташ хIуьттура суна.

Сайн юьртах, цIийнах, нийсархойх лаьцна

хьалха а ойланаш хуьлура сан коьртехь. Амма кхечу кепара яра уьш хIетахь. Со фронтехь волчу хенахь суний, сан цIенний юккъехь бух боцу Iин хеталора. Винчу юьртахь яькккхина беран хан сов кIезиг а, аьрга а хеталора.

Ткъа хIинца цIа суна улло гIоьртиннера. Цхьацца йолчу хенахь оцу цIенца доьзна долу сурташ — лаьмнаш, бердаш, шера арешаш. Нохчийчоьнан исбаьхьа Iалам гойту сурташ туьйсура суна дуьхьал ерриге а стигалахь. Суна уьш, дахар ша а санна, лепаш, сирла дуьхьалтийсина ца Iеш, оцу суртийн хийцамашкахь айса а дакъалоцуш санна хеталора... Iуьйренца, бецан тхи дожале етт дIалаьллина воьдура со... Лаьмнашкахь санна, дакхийра, мела догIа догIура, когашIуьйра берашца со водий лела: «Къоршкъали хIара ю, догIа лохьа, дела», — бохуш, маьхьарий детташ, гIараш вовшах а детташ.

Ма-дарра дIа ала деза, хьалха наггахь бен ойланаш яр ца хуьлура сан. Бакъду, цомгуш волчу, гIийлачу стагана ша вийачу, кхиъначу, хьомечу юьртах, махках лаьцна мерза ойланаш яр чIогIа дарбане хиллера...

Кхин шиъ кIира даьлча со юха а нах этIочу кабинета чу вадийра. Тохар хьалха соьца и башха къамелаш дина подполковник-лор вара схьавогIуш. Леррина хьаьжира иза сан коге. Мелла а ойлане велира. Цуьнан бIаьргаш чохь синкъераме суйнаш хааделира суна.

«ХIун дийр ду ткъа, накъост Эдельханов, ахь пурба луш ца хилча, цкъачунна дIа ца боккхуш буьтур вай хьан ког», — элира цо.

Ткъа цуьнан къамелан аз, хьалхалерачу кепара чIогIа доцуш, дуоделла дара...

Ткъа, со синтем байна хьаьвзира. «Накъост подполковник! — вистхилира со цуьнга. — ХIара сан ког суна тIехь бисарх хьуна бохаме хIума-м хирг хир дац?» Лор велавелира:

— Бохаме хIумма а хир дац. Кестта ваи хьан когана юьззина ремонт йийр ю. Цу тIе, хьан ког вуно тешаме а болу куц дуьйлу хIинца. Цу кого хьо Берлине кхачо герга ду. Гой хьуна, ваишиъ — хьой, сой цхьаьна вара. Цундела цамгар эшна йогIу!

— Ваи кхоъ дара, — элира ас.

— КхозлагIинг мила вара ткъа? — хаьттира подполковника.

— Иза медицински йиша Варя яра.

Лор бакълуьйш хиллера. Чов ерза а йирзина, со госпиталера кестта аравелира... ТIаме вахара. Берлине дIа-м ца кхечира со, бакъдерг аьлча. Варшавехь юха а чIогIа чов хилира...

ША ТАЙПАНА ГІУЛЛАНХ

— ХІун дийцича бакъахьа дара техьа шуна! — аьлла, шен хьажтІе куьг хьаькхира Эдельханов Ширванис. — Тхешан разведовательни группан шена хьалха хІоттийна хилла долу декхар кхочушдан аьтто муха ца белира дуьйцур ду ас шуна. Гуттара а, хиллачу аьттонех лаьцна дийцина ма вер ваций-ткъа!

Белоруссехь дара иза. Разведчикийн ротан командира, говза а, зеделларш долуш а волчу разведчика, старший лейтенанта Зерновс вовшахкъаьсташ воцчу кхаа доттагІчуьнга: соьгий, Зеленский Колей, хІиричуьнга Джатиев Георгиий дІакхайкхира. Цо элира: «Немцошна тІаьхьа даха кечам бе. Цкъа-делахь, йийсар вало веза; шолгІа-делахь, Михайловский кІотарахь фрицаш мел бу хаа деза». Зерновс тхоьга кхин хІумма а ца элира. Мадарра ала деза, совнаха хабаршна тІера ваиара иза.

Суьйранна хан яьллачу хенахь новкъа девлира тхо. Буьйса цхьа тамашена хаза еара. Цу тайпана буьйсанаш Белоруссехь дуккха а хуьлу аьхка.

Немцоша герзаш кхуьисура. Амма цара и герзаш кхийсар тхуна шаьш семадуйла хаийта гІертар хеталора суна. Наггахь ракета йо-

луш а хезара. Можачу цIестан басахь лепачу оцу ракето хьан коьртана тIехула кIеззигчу юкъана стигал гIийлла серлайоккхура.

Ала деза, оцу тайпана ракеташ кхийсаро а, цIеран даьндаргаш йолу тоьпашший, пулеметашший еттаро а, дукха хьолахь тхаьш даха деза меттигаш тхуна билгалйохуш хилар.

Тхуна хууш дара, аьтту агIорхьара а, аьрру агIорхьара а ракеташ кхуьйсуш волчу немецки шина салтечунна юккъехь уьшалш йолуш меттиг хилар. Оцу уьшалшкахула немцошна тIаьхьа оьхура разведчикаш.

— Хала гIуллакх ду и — разведка яр! — доккха садаькхира Ширванис. — Фронтехь массарна гира халонаш, гIашлошна а, артиллеристашна а, летчикашна а. Амма и халонан кад массарачул дукха мелларш разведчикаш бара. МостагIчуьнца хьо дуьхь-дуьхьал хIоттар — цхьа гIуллакх ду. Ткъа, хьо мостагIийн гIерашна юккъехь хилар — иза кхин ду. Я масала, схьалоцур вай танкисташ. Уьш шайн пицкъ а кхочуш уьшалш йолчухула гIур бац. Ткъа разведчикашна — танкисташна шарбеллачу новкъахула бахар кхераме ду. Цундела уьш уьшалшкахула баха лууш хуьлу... Иза-м ас питтта дашна дIадуьйцу. Ас сайн фронтови говзалла кхечунах хуьйцур яцара и мел хала елахь а...

Ас ма-аллара, буьйсанна дIадуьйладелира тхо. Коля Зеленский хьалха вара. Цунна тIаьхьа — со. ТIаккха вогIуш Джатиев Георгий вара.

Уьшалш хIинца а геннахь яра. Эххар а дIакхечира тхо. Уьшалшкахула дIа а ихира. Эткийн бертигашкахула хи чу лелхара, гIода-

юкъал лаккаболучу Iам чухула, куьйгашца а, когашца а тийсалуш дIаэха дийзира тхан. Оцу уьшалшкахула гор а, бертал а текхаш дIаэхар аттачех гIуллакх дацара. Амма тхан кхин дан хIума дацара...

Кхаа сохьтехь сов иштта дIанхначул тIаьхьа тхо екъачу метте девлира. Тхаьш севцца меттиг муьлхачу агIорхьа ю билгалдаьккхира къилбанца. Коля Зеленский цул хьалха а кхаьчнера хIинца тхуна оьшуш йолчу кIотара. Цундела хир дара цунна хьемаза некъ карор. Хьуьна йисттехь а севцца, тебба Iоккура тхо. Iуьйранна садаьржинчул тIаьхьа тхо долчуьра дIа, куьг аьрру агIорхьа, тхуна цхьа бIе метр бен генахь доцуш, оцу кIотаран йистера цIенош дара. Льтту агIор — аре яра, юккъехула йоьдуш цхьа тогIий а йолуш.

Оцу кIотара чу гIертар кхераме дара. Юьртара цхьаъ араваллалц собар а дина, цу юьртахь дерг-доцург цкъа цуьнга хоттур ду вай, аьлла, барт бинера оха. Тхуна хетарехь, иштта и ийса а дара: цкъа хьалха юьртарчу стаге цу юьртахь дерг-доцург хатта дезара. Шина-кхаа сохьтехь Iийра тхо юьртара цхьаъ араваларе хьуьйсуш. Дийина кIотар елла дIаяьлча санна хеталора, цигахь дийна адам дан а дуй техьа, аьлла.

ГIаьхьуо цIехьана цхьаъ гучувелира. Вехча санна, лесташ вогIура иза урамехула охьа. Вехна ву техьа, аьлла хетаделира тхуна.

Эдельханов корта хьала а айбина, накъосташка хьаьжира.

— Зударий боьлхуш цаьрга хьежа хала ду. Амма божаршкара бала ган, уьш гIайгIане

хиларх тешин, и ланиий кхин а деза ду... Ц схьавогIу стаг улло кхаьчча, тхо леррана дика хьаьвсира цуьнга. Иза воккха стаг вара. Цуьнан кIайелла маж цхьа тамашена аьрру агIорхьа йирзина яра. Можан ишхо чоьш чIогIа кегаделлера. Хебаршка ихна юьхь тIеда, бIаьргех ихначу хе тIадийна яра. Масех гIулч яьккхина, сецира иза. Куьг ирах а дахийтина, цхьанна-м чIогIа кхерам туьйсуш, буй лестабора цуо.

Ц хIун ду ца хаьара тхуна. Мила ву техьа оцу воккхачу стагана бохам бинарг? ХIун ду техьа цунна хилларг? Амма цунна фашисташа билггал цхьа цатам бар-м хаалора.

Воккха стаг тхуна уллохула дIавоьдуш вара. Кховдийча куьг а кхочур дара. Амма оха и саца ца вира. Цуьнгара гIайгIа схьаэца, цунна и яйя ишкь бацара.

Ткъа иштта и гIайгIанехь волуш цуьнга хеттарш дан ца лаьара тхуна.

КогашIуьйра дIавахара воккха стаг оцу тогIи чу кхаччалц. Цигахь, оцу тогIи чу ша дIакхоччушехь, гор а воьжна, мохь хьекха волавелира иза. Дуьйцург къаьсташ дош а доцуш, цхьа яиарш а еш, тийжара. Тхаьш долччохь, Iадийча санна, Iара тхо оцу воккхачу стаге хьуьйсуш, хилларг хIун ду а ца хууш...

Ши сахьт хан дIаелира. Ши минот бен ца яьлла хила а тарлора – тхуна чIогIа дукха хан хетара. Эххар и воккха стаг, халла ира а хIоьттина, леста а лесташ, кIотарехьа дIавахара. Ц къайлаваьллачул тIаьхьа Зеленский Коляс, лохха пистхуьлуш, элира тхоьга: суна тIаьххье схьадуьйла! Шозза девдда тхо оцу то-

гIи чу дIакхечира. Ваи дезачунна ма гойла цигахь тхуна дайнарг...

Эдельханови къамел сецира. Цуьнан хьаж тIе шад хIоьттира. БIаьргаш горгделира. Иза, топ хьажош воллуш санна, хеталора юьхьа тIе хьаьжча.

— Дукха бохаме гIуллакхаш гинера суна тIамехь. Iожаллин марахь суо а кIезиг ца ваьллинера. Амма хIетахь оцу йоккхуш цIе йоцуш хиллачу белорусски тогIи чохь дайначу сурто санна сан дог Iовжош меттиг цул хьалха а, я тIаьхьа а ца еара суна... Цигахь, оцу тогIи чохь вийна Iуьллуш ши кIант вара. Шийтта-кхойтта шераш хир долуш. Ший а хьаьрса вара. ТIехь тиша кучамаш, хечеш яра, шеддаш деш ваьштанйзийна. Церан къинна воьлхур волуш азделла дара бераш.

Церан юьхь-сибаташка хьаьжча, уьш дийна болуш санна хеталора. Цу шиннех цхьаъ бIаьрташ биллина вара. Оцу бIаьргаш чохь гуш дацара уьш боьхна хилар. Цхьа мухха а Iотта-баккхам баран кепара гIайгIане хилар дара царна чохь суна хетаделларг... Оцу берашна хьалха, уьш хIаллакьхиларан бехк сайн хеталора дагна. Амма, со стенна бехке ву-м ца карадора.

— Дуьло, — аьлла, тхоьга вист а хилла, вухаволавелира Зеленский.

— ХIинцца, — аьлла, соьгахьа схьавирзира Георгий Джатиев. — Ширвани, схьалохьа и хьайн коьртара пилотка...

И цунна стенна оьшу ца хаьттира ас. Къамел юкъа ца далош, коьртара схьаяьккхина, дIаелира ас пилотка. Когашна тIе охьа а лахвелла, цхьана кIентан коьрта сан пилотка тил-

лира цо. Тlаккха охьаяьккхина шен пилотка вукху кlентан коьрта тиллира.

Зеленскийн чlениг, кlеззиг егош, тохаелира, цхьа дош ала дага а деана, ца олуш, къурд бира цо.

Кlело йина тхаьш Iийначу метте тхо юхадаьхкира. Кхузахь дагатесира суна, оцу берийн коьрта техкначу пилоткаша тхо гучудаха сахьт дац-кх аьлла. Иззa дагатесна хила там бара Зеленскийна а тхо оцу тогIи чохь долуш, Георгийс берийн коьрта пилоткаш тохкучу хенахь и вистхила воьлча. Амма хlетахь цо и дагатесна дош схьа ца элира...

Разведчик хиларе терра, суна хетара Георгийс диларг лардаладезаре диллича гlалат хилар. Амма, адамаллин ойла йича, ас и бехказа вуьтура. Иза къинхетаме хилар дара. Хетарехь, Зеленскийн дагахь а изза дара...

Георгийс диларг ийса дара. Салтечуьнга бен хадалур боцчу кепара мах хадийра цо оцу берийн доьналлин. Ткъа уьш доьналлица хlаллакьхилла хилар шеко йоцуш дара. Оцу берийн декъашна юххера дlавоьдуш хилла воккха стаг, фашисташна сардамаш а доьхуш, воьлхура. Ткъа тхуна делхар дицделлера. Тхан дегнаша лоьхург даьндаргаца сардам боллар дара.

Кхин кlеззиг хан яьллачул тlаьхьа новкъа схьадогIучу адамийн когийн тата хезира тхуна. Тхо тебба Iеш дара.

— Хьовсийша, — аьлла, меллаша вистхилира Коля, — фрицаш бу-кх уьш...

Оцу юьрта чуьра немецкий ши автоматчик аравелира. Цу шиммо хьалхаваьккхина ва-

лош пхийтта шо хир долуш жима кIант вара, корта а оллийна, халла ког боккхуш, вогIуш. Цо тогIи чохь Iаьхкинчу декъашна тIехь хилларш санна, тиша коч яра оцу кIантана тIехь ерг а. Коьртахь куй бацара, когаш берзина бара...

Оила а ца еш, гIуллакх деш хан а йогIу адамана. Цхьа минот хьалха, писса цхьа минот хьалха тхаьш йоккху хIора гIулч юстуш, чIогIа ларлора тхо. Шина шарахь бинчу тIамо ларлуш хила Iамийнера. Ткъа хIинца и кIант хьалха а ваьккхина вогIу немцойн ши салти гича, тхан ларлуш хилар мича даха ца хууш дайра. Кхин вовшех дагадовлар доцуш, дан дезачуша кечделира тхо...

КIант аьтту агIор а волуш, фашисташ аьрру агIор писбеллачу минотехь, кулла тIехьара хьала а къедда. Коляс мохь туьйхира:

— Охьавижа, кIант, охьа!

Асий, Георгийсий конвоирашна автоматаш туьйхира. КIантаца цхьаьнний охьавуьйжира и шиъ. Хетарехь, тхан автоматаша эгийра мостагIий.

— Схьавада, кIант, ккуза, — мохь туьйхира Коляс. Ша Iуьллучуьра хьала а иккхина, гонаха бIаьрг а тоьхна, меттах на хьовш Iуьллучу конвоирийн догIмашка а хьаьжна, схьаведира кIант гIоддах.

ХьалхахIоттийна декхар кхочушдаза а долуш, тхешанаш болчу юхада сацийра. Сихо ян езара. Михайловски кIотарахь герзаш довларо, хетарехь, фашисташ цецбаьхна хир бара. Тхуна тIаьхьа орца-м ца делира: оха тоьхна автоматаш шайн конвоираша оцу кIантана тоьхна хетаделла хила мегара царна. Амма

оцу гIовгIано орца гIатторна кхерам хIуьттура. Акхаройн багара ваькккхина кIант кIелхьараваккха лаар дара тхан дагахь.

КIеззигчу ханна тхо садаIа севцинчу юккъехь Коляс кIанте цIе хIун ю хаьттира.

— Павлик ю, — элира цо.

— Хьуна тоьпаш тоха хIунда бохкура фрицаш? — хаьттира Коляс.

Павлика, корта хьала а айбина, дийца долийра:

— Тхо кхоь вара: Витька Парфенов, Саша Козлов, сой. Оха партизански отряд вовшахтоьхнера «Къона жиргIанча». Шуна хууш хир ду «Тхан къона жиргIанча хIаллакьхилла, амма цуьнан гIуллакх лийр дац», боху илли. Витькина чIогIа дукхадезара иза. Отряд вовшахтоьхначу оцу сохьта болх бан дуьйладелира тхо. Фашистийн бензина чу гIум йоьхкира. Немцойн дама чуьрчу складах цIе тесира. Ши де хьалха оха листовкаш яздира фашистех теша а ма тешийла, царна хьалха гуор а ма хIуьттийла, аьлла. Иттех листовка дIатуьйхира оха адамашна гундолчу меттигашка. Немецки комендатурана юххехь лецира тхо кхоь фашисташа. Нагахь тIулга тIехь ког шершина, охьа ца воьжнехь, со лоцур вацара цара. Со мел чехка воду ца хаьа шуна!..»

Цул тIаьхьа кIант чIогIа гIайгIане хилира: «Витькиний, Сашкиний тоьпаш тоьхна...»

Буьйсанна фронтехула сехьадевлира тхо. И кIант разведчикашца тоьлли чохь а витина, тхо кхоь разведчикийн отрядан командир волчу вахара.

Ма-дарра дийца деза, оцу акхаройн багара даьккхина и бер схьадалийнехь а, тхаьш ко-

мандирап приказ кхочушдина цахиларна, бехкала дахана, цо тхайх бехк баккхарна кхоьрура.

Разведчикийн командира боккхачу тидамца ладуьйгIира тхоьга, къамелана юкъа ца вулуш.

ЦIеххьана цкъа-м хаьттира цо:

— КIентан цIе хIун ю хинрий шуна?

— Павлик, — элира Зеленскийс.

Зернови серладевлла хилла бIаьргаш юха а кхоьлира. ХIетахь дагадеара тхуна: немцоша дIалецначу меттигех цхьанахьа зуда а, Алеша цIе йолуш кIант а висина шен бохуш, цо цкъа тхаьшна дийцар.

— Билггал Павлик юй техьа цуьнан цIе? — сихвелла хаьттира командира.

— Цо схьа-м юьйцу ншттa, — аьлла, корта охьа а бохуьйтуш, жоп делира Коляс.

— ХIун дийр ду ткъа, дан хIума дац, накъостий разведчикаш, — элира командира.— Шуьгахь хилла хьал ма-дарра дика кхетадо ас. Шун метте хиллехь, хетарехь, ас а изза дийриг хир дара. Ша тайпана гIуллакх ду хIара. Амма тховса юха а талла даха дезар ду шун.

Командирана хьалха закъ-аьлла дуладелла дIа а хIиттина, оха цхьабосса жоп делира:

— ГIур ду-кх тIаккха!

Ширванис, жимма соцунха а хилла, кхин дIа а дийцира:

— Коля Зеленский Кенигсберг йоккхуш вийра. Джатиев Георгий — Берлинехь. Ткъа, тхан командир хилла Зернов дийна ву. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа гина тхойшиннe.

Амма Павлик мичахь ву ца хаьа суна... Массарел чIогIа и ган луур дара суна...

ДУЬХЬАЛО ЙОЦУ ЖЕЛИЛ

Громославка цIе а йолуш цхьа юрт ю Волгоградски областехь. Iаьржа, хьена латта ду цигахь. Хьийкъина ялташ кхиадо цигарчу колхозаша. Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом хилале хьалха а дехара цигахь адамаш токхе, ткъа хIинца — кхин а дикаха ду Допан станицашкахь дахар.

Амма оцу юьртан цIарца дуозаделла дагалеца дуккха а хIуманаш ду Волга-хин йистошкахь фашисташна дуьхьал леттачу бIаьхойн. Адамийн дукха цIий Iенош, баккхий тIемаш хилира Громославкехь 1942-чу шарахь. Майра, шаьш-шайн ца кхоош лийтира цигахь тхан полкера тIемалой а.

Дукха хан йоццуш оцу юьртахь долчу пежараллин кошан коьрте хаза кечдина чурт доьгIна юьртахоша. Оцу кошан кийрахь кхечаьрца Iохкуш иттаннаш вайнехан салтий а, эпсарш а бу. II чурт хаздо цхи маьIиг йолчу вайн советски хьомечу седано. II седа дуккха а миллионаш хилла дIасабаьржина бIаьхойн шлотканашна тIехь. Балл санна, лепаш хилла и тIом беш хиллачу Советски Эскаран хIора бIаьхочун фуражкина я куйна тIехь а.

Оцу кошахь кхечу турпалхошца Iуьллуш Солтамурадов Желил а ву...

Цуьнан цIе ю чурта тIе схкинчарна юккъехь лепаш. Хууш ма дуй, оцу кепара йоза чуьрта тIе даккхийтар Желилан лаамца дина ца хилар. Эхь-бехке, оьзда гIиллакх, дечу гIуллакхана данма а тIера волу и — шен цIе якхийта гIерташ, ша лелориг кхайкхо лууш хилла вацара цкъа а.

Шех лаьцна хестамаш бар чIогIа ца дезара цунна. Данма могIара хила лууш волу и, хIинца хIаллакьхиллачийн списки тIехь а вара могIара тIемало. МогIарчийн даржехь висина и абде-абдаллац.

Ма-дарра теллича и могIара бIаьхо вацара. Бакъду, тIам тIехь гоьволу цхьа ша тайпа доккха хьуьнар гайтинарг, наггахь бен ца далуш дерг кест-кеста а, майра а дийриг. «Мотт» карабалорхьама мостагIчун тыле вахана майралла гайтинарг, тIейогIучу мостагIчун танкана, мокхазан берд санна, дуьхьалваьлла, и гранаташца эккхийтинарг я, тIеман арахь деттачу герзийн шокъалешна хIилланца га а тосий, мостагIчун пулеметчикаш хьоше, тур детташ, церан гIера йохайой толамца юхавогIу майра, доьналла долу дошло сиха вевза. И тайпа тIемалой фронтехь а, тылехь а, композиторша иллешца, поэташа стихашца хестабо. Царех лаьцна дийца стаг а, цунна шортта ладогIархой а карабора. Иштта дина турпалаллин гIуллакхаш дукха хьолехь халкъана хааза ца дуьсура.

Амма Желил «мотт» бало ихначаьрца ца хилла. Цхьаъ ша дуьхьал а хIоьттина фашистски танкана тIе тIом бойла а цуьнан ца писделлера. ТIеман арахь, говрахь а волуш, мостагIчунна тIе атакс а ца вахана и цкъа а.

Амма тахана, дIаяхаччу замане, хьуна гIиччу, хьо теш хиллачу сийлахьчу гIуллакхашка сих а ца луш, кIорггера ойла а еш, хьажа хьан йиш йолчу хенахь теллича, Солтамурадов Желилан амалехь вайна карайо вуьззина къонах хиллачу стеган дахаран башха агIонаш, могIара ца лоруш, и мелла а лакхарчу даржехь болчех ларавоьзуьйту гIуллакхаш.

ЦIхьана масех дашца муха алалур дара техьа оцу бIаьхочун коьрта амал гойтуш дерг? Схьахетарехь, нийса хир дара цунах: дуьхьало йоцу Желил, аьлча. ХIаъ! Командованис шена тIедиллинчу гIуллакхана, дича шен накъосташна-тIемалошна пайдехь хиндолчу гIуллакхана, доцца аьлча, мостагIчунна тIехь толам баккхархьама дан оьшучу гIуллакхана мискъалан зарратал дуьхьало йоцуш хилла Желил! «Дуьхьало йоцу Желил» аьлла шен бIаьхаллин накъосташа тиллина цIе цунна йисина гуттаренна! Цо мел дечу тIехь гучудолура и цIе цунна IаламаТ йогIуш хилар. Дуьхьало йоцуш и хилар гучудолура тIеман тасадаларшкахь а, салтийн дахарехь а цо лелийначу оьздачу гIиллакхашкахь а, доттагIаллина чIогIа муьтIахь и хилархь а...

ЦIохч-гIалгIайн къаьстана йолчу дошлойн полкан бIаьхойх дукхах болчийн йоцу башхаллаш яра цуьнан цхьадолчу гIуллакхашкахь. Цуьнан хенах дерг дац тидаме оьцуш дерг: ханна воккха хиларна стаг лоруш хилар, машаран дахарехь цуьнан маьIна чIогIа лелош делахь а — къаьсттана вайнахалахь — эс карап дахарехь коьртачех дац. Желилин ткъе нтт шарал сов хиларрий, ткъа цуьнан бIаь-

халлин доттагIийн дукхах болчийн хенаш ткъа шарал лахара хиларрий — коьртачу тидаме оьцуш дацара. Хенаш тайп-тайпана елахь а, уьш берриге а Даймехкан салтий бара, цара массар кхочушдешдерг цхьа декхар дара — мостагIчунна тIехь толам баккхарца советски халкъан дозушдацар Iалашдар. Вуьшта, тхох дукхахберш тIаме богIуш цхьа а говзалла йоцуш бара, наггахь волчунний бен яцара кхузахь, тIеман дахарехь, оьшуш йолу говзалла. Ткъа, тхан Желилан и тайпа говзалла тIом бола а балале дуьйна йолуш яра.

ТIаьхьуо хинра тхуна, Желил ша вичу Шелан районерчу БелгIатойн эвларчу шен нийсаройл дуккха а хьалха шоферийн курсе Грозный-гIала деша вахана хилар. Иза хиллера ткъе итталгIа шераш юккъе даханчу хенахь. Дийшира цо оцу курсашкахь дуьззинчу шарахь. ХIумма а аттачех гIуллакх дацара, оьрсийн мотт ледара хууш волчу, дикка хене ваьллачу стагана шоферан Iилма Iамор, ткъа, автомобилийн хьокъехь дуьйцу книжкаш оьрсийн маттахь зорбатоьхна ма ярий ерриге а. ХIетте а, Желилас чекхъяьккхира шоферийн курс, тIехьа диснра цунна Iаламат дахделла дешаран шо. Воккхавевора и хIинца шоферан жима книжка шен кисанахь хиларо а, дин санна, эвхьаза шена хIинца машина лело хууш хиларо а.

Ца дийцичи а хууш ма дуй, Нохч-ГIалгIайчоьнан ламанхошна дошло хиларал, беречун хьуьнарш карадерзорал сийлахь хетта хIуманаш дукха ца хилар. Амма кхузахь, тIам тIехь, моторана тIехь урхалла деш верг дошлочул оьшуш ца хилар а дара девзина чекхдаьл-

ла. ГІуллакхан мах ниіса хадийча муьлххачу дошлочочул дукха пайда бохьура хІинца шофера Солтамурадов Желилас.

Шен ойланехь Желил тхох, дошлойх, хьоьгура. Бакъду, цо и цхьаьнгге а хьахийна меттиг яцара, вуьшта цуьнан дагахь дерг дуьхьал дІа ишгта хиларна тоьшалла деш цуьнан ши бІаьрг хеталора. ТІах-аьллачу говрахь вогІучу беречуьнга хьежа ца кІордадора оцу шина бІаьргана.

Дагна безарг, кхуьнан салаьттарг муьлхха дин белахь а, вуьшта, моторан баранкина урхалла деш, шен гІуллакх тІех дика а, цІена а кхочушдора Желилас. Полкана цо латтадора сурсаташ а, тІамна оьшу герз а, гІирсаш а. Цхьа хьашт ца хилча, машина эрна ца хоьхкура. ГІуллакхо я хьоло лоьхуш хилча — тІеташайой хоккура, оьшучохь — меллаша а йохуьйтора. Машине зулам ца дантора цо, и массарна а хууш дара. Автоколоннан кхечу шоферийн машинаш кест-кеста тоеш хуьлура, ткъа Желилинг гуттара а балхана кийча яра. Схьахетарехь, цундела хуьлуш хила а тарлора и мостагІчун герзийн алуна кІел шен накъостел дукхаха...

Алуна кІел... И деза дош хазахета аьлла дац. Оцу хенахь тІеман арахьчул а кхераме хуьлура тІамна юххерчу тылехь. Юьххьехь долчу тхан-м чуловчкъа саьнгарш а яра, Желил тІеман арахула лелаш дийнахь а, буса а мостагІашна ган тарлуш вара. МостагІийн самолеташ хуьлура машинаца волчу Желилина тІаьхьауьдуш, хІаваан локхаллера Іункар чу а хехкалуш. Куьйрано котамна санна, мо-

ханаш йора цара майрачу шоферна а, цуьнан машинна а...

Командованин буьйр кхочушдеш цхьанахьа ваханчуьра Желил схьакхаьчча, цуьнан машине хьаьжча, цецвуьйлура хьо — кузов, цаца санна аьгнера мостагIчун хIоьъначаша, кабина Iуьргаш дийлла яра, радиатор—оьхуш. «II лела муха лела техьа?» — хаттар хIуттура муьлххачуьнан а.

Амма машина болх беш яра. Хета тарлуш дара: шоферан лаам кхочушба гIерташ лелий техьа иза...

Дууш дерг дакъийна жижиг дара тхан, лелхачу бомбанашна юккъехула, дуьйлучу герзашлахула шен дахарна хIора минотехь болу кхерам а ца лоьруш, Желилас фронтан тылера схьакхачийна долу.

Ткъа, турпалхой беш цIераш кхечеран йохура...

Кест-кеста автомобилан баранки юххера хьалагIоттий, топ кара а лоций, бIаьхошца атаке воьдуш хиллехь а, амма шена хастам лоьхуш вацара Желил. Атаке воьдуш а цо дора дуьххьал дIа цхьа даза ца долуш дерг: кхиберш хьалхахьа текхахь, «ура» бохуш, мохь беттара, нагахь и кхечара бетташ хазахь, фрицашна лаг уьйзура, нагахь и тIом беш накъостий гахь...

II кхузахь а вара дечу гIуллакхана дуьхьало ца еш, вайн хьоме Желил.

1942-чу шеран 18-чу октябрехь Желиле полкан штабе кхайкхира. Штабан начальника майора Алханове керла бIаьхаллин декхар хIоттийра цунна хьалха: сурсаташ схьада

йоьдучу автомашинийн колоннана коьрталла дар.

Масех минот ялале, Желил коьртехь а волуш, автоколонна новкъаелира. Желилина тІаьхьа ялх грузовик. ХІорш Верхне-Яблочное юьртах бовллушехь, кхеран автоколоннана тІелетира фашистийн бомбардировщикаш. МостагІ Іехорхьама, шен машина цкъа ницкъ маббу сихйой лоллура Желилас, тІаккха гуттара меллаша йохуьйтора. ТІаьхьа йогІучу машинаша а дора кхуо дин-динарг...

Стигла хьала латтий, кІурриЙ оьхуьйтуш, геннахь къорра лелхаш хезара мостагІчуи бомбанаш. Кест-кеста шакаршца коьрта тІехула лелхара фашистийн пулемето схьалоьхку шокъалеш. Лергана а, бІаьргана а ца дезалора церан цІийзарш.

Дуккха а тІеттачу бомбанех цхьаъ Желилин машинна тІе юьйжира...

Полкан масех бІаьхо — Оздамиров Сайд-Іалий, Истамулов Абуй, Истапаев Ваий, Межидов Рамзанний—гена боццуш нисбелира. ТІекІелйиттанний, йохийна кхаьжгаш яьхний лаьттачу оцу машинна хІорш бевдда тІе бахара. Желил уьш тІекхачале дІаваьлла хиллера. Бомбанан гаьргаша кхаанхьара йохийнера цуьнан коьртан туьта...

Оцу дийнахь, сарахь, Солтамурадов Желил дІавоьллира оха. Шешан махкахо тІаьххьарчу новкъавоккхуш, цуьнан Іадикаеш хилачу бІаьхой яххьаш оьгІазлоно кхохкийна яра. Цхьаммо а къамел ца дира доттагІа лаьтте кховдош. Массеран кортош гІайгІанна охкаделлера. Нагахь Желилех муьлххачуо а цхьамма турпалхо аьллихьара, цунах тамаша

беш хир бара уьш берриге а. Хlун динера цо турпалаллин? Тlехдаьлла хlума а ца дина, аьлла хетара тхуна хlетахь. Амма дан-м динера... Мостагlчун дошан алуна кlелхула кхаа баттахь сов хихкарий цо шен болатан дин? Набаран суй ца беш, дуккха а де-буьйсанаш девллерий? Атаке нхирий? Балхамаш ца беш. тlеман халонашна дуьхьал латтаверий? Бlаьхаллин муьлххачу гlуллакхана кийчча лаьттарий? Il саннарш вайи мел дукха бу!


Цхьаммо-м гlийллачу узамца хlара дешнаш хазийра тхуна:

— Iадика хуьлда хьан, бlаьхаллин накъост! Iадика хуьлда, хьоме Желил!

Дуккха а зенаш, эшамаш лайра оха оцу деношкахь. Хlора денна Iожаллин бlаьра хьуьйсучу тхуна хиъна а ца хиллера тlам тlехь могlарчу бlаьхочун бакъболу мах.

Чевнаш йирзина йогlу. Тlекхаьчна, корта хьовзош кхнамаш ца баьхнехь а, мостагlашна дуьхьал тlом майра барна деллачу пачхьалкхан даккхийчу совгlаташа ша ца хьстанехь а, амма Даймехкан сий лардеш халкъана хьаяха шен къонахчун декхар дуьззина а, цlена а, бехкбоккхийла йоцуш а кхочушдина массо бlаьхо вай дагалаца веза зама.

Цкъа а бовр боцчу халкъан безамехь абдеабдаллац вехалда хьо, тlеман аренашкахула автомобиль майра хихкина, тlамехь денна Iинталуш хиллачу халчу гlуллакхийн турналхо, нохчийн халкъан сийлахь воl Солтамурадов Желил!



ФРИЦАША ЮСУПАН МЕНХАШ
МУХА ДЕШИРА

Дукха хан йоццуш суна шен сурт данйтинера Юсупа. Пхийтта шарал а тIех зама тхойша вовшашна ганза яьллехь а, сурт ма-гиннехь девзира суна. Къан ца луш долу юьхь-сибаташ число наггахь, шаьшна тIехь коьртаниг — бIаьргаш, балдаш, чIепиг — шераш дIаэхарх хийца ца луш дуьсуш.

Вуьшта, Юсупан юьхь-сибатехь цхьа ша тайпа амат ду, кхечарех къаьсташ. Даккхий, шуьйра, бурош санна, хьийзина Iаьржа мекхаш...

Ткъе пхиъ шо хьалха, тхо вайнехан дошлойн полкан бIаьхой долчу хепахь, дуьххьара Iаьржа бос тесира Дохтукаевн тIехуларчу балдина. Мекх!.. Ма лерина леладора-кх цо уьш хIетахь! Даима кисанахь лелош чобоккху морзах хуьлура цуьнан, къуоначу мекхийн юьстах баьлла чо орамаца бухбоккхуш. Шен кIажошкара дато кIур биллина шпораш санна, мекхаш а къегаш хилийтархьама, репейин даьттанан метта, тоьпан даьтта хьокхура цо царна. Дуьххьал дIа ламазаш-м ца дора цо оцу шен мекхашна тIера, кхин мел дерг дерриге а дора!..

Ӏ1 бахьанехь оха, забарш еш, хьийзавора Юсуп:

– Буденныйца мекхаш къовсадалийта дагахь-м вац хьо, кӀант?

Юсуп волчохь кхин цхьа забар а йора: «Къуонахчун берриге а ницкъ мекхашкахь бу! Хьан эр дара и нийса дац? Хатта мекхаш долчуьига. Хуур ду шуна».

Ӏ1 Ӏиттарш ярца оха дуьйцург цуьнан лекха делахь а, амма эгӀаза дегӀ дара: дегӀан эгӀазалле хьаьжжина кӀезиг бара цуьнгахь ницкъ а. Шен хазаллех а дозалла дойла яцара цуьнан, цундела, и хууш, кӀеззиг эхь хеташ а вара Юсуп. Амма накъостий шех кхардараш кепехь мел бийларх, царна тӀе цхьа а тайна тидам ца бохуьйтора цо. ОьгӀазлонаш йоцуш а, дог-ойла дика йолуш а цхьа тамашена адам дара Юсуп. Ӏ1 собарха вохо ницкъ кхочуш цхьа а вацара.

Шешан эзарнаш шерийн исторехь нохчаша хестабо доьналла долу, балхахь а, тӀамехь а тӀах-аьлла болу къонахий. Лечкъор дац ас— Юсупан тӀех собаре амал — тхо моссо а цецвоккхуш яра.

Къуонаха—къуонаха хила веза массанхьа а, доллучунна тӀехь а! Ӏштта хетара тхуна массарна а хӀетахь! Масала, Юсуп жимма мукъана а оьгӀазвахана хӀунда ца хьаьвзира, шена йогӀучул совнаха юург яла повара шена чӀогӀа дуьхьало йича? ТӀам тӀехь наггахь бен ца йогӀучу паргӀатчу пхеа миногехь шен накъосташа хелхарш деш боккхучу болана генна юьстах хӀунда лаьтта и? ХӀара дегӀана эгӀаза ву бохуш я кхуьнан мекхаш дуьйцуш накъосташа ечу Ӏовдалчу забаршна, хьакъ

йолу дуьхьало ца еш, кхуо собар хIунда дора? Баккъалла а волчу къуонахчуьнга садеттало хIуманаш дуй уьш?!

Бакъду, тIом ледара бо аьлла, Юсупана Iоттар йойла дацара цхьаннен а. Шен накъостий атаке мостагIчунна тIелата боьлхуш, Юсуп цкъа а ца Iара окопашна чохь. Оцалчу куоIано санна, тIом шен накъостийн куьйгашца ца бора цо, тIамехь мостагIчуьнца тасадаларш хилча, шен доттагIчун букъа тIехьа ца лечкъара. МостагIчо кест-кеста а, чIогIа а бомбанаш еттара тхуна тIе. Оцу деношкахь фашистски авиаци яра стиглахь олалла деш. Амма шен накъостий хьуллушший бен окопачу ца вулура иза. ТIелата доьлхуш мостагIчун герзаш девлча, секундана а накъостел хьалха лаьтта охьа ца вужура.

Вуьшта, Юсупа дина гоьдевлла турпалаллин гIуллакхаш дацара. Дуккха а тIемалой оцу я вукху гIуллакха тIехь хIинцале мелла а гIарбевллера. Цхьаммо такхийна «мотт» балийнера, вукхо фашистийн «тигр» цIе йолу танк ягийнера. Бакъ а долуш, ша сиха ца хиларна, цхьа Юсуп висинера хIинццалц тIемалочун ирсан цIе яхаран дакъа кхачаза.

Доцца аьлча, полкехь Юсуп нохIлаза стаг лорура. КхидIа а ншта лорур вара иза, цунах цхьа ша тайпанара гIуллакх ца Iоттаделлехьара.

Юсупан мекхаш дукъделира. Тхан полк Абганерово олучу юьрта юххе тIеман позице хьажийначу деношкахь, разведчикаша олуш ма-хиллара, уьш дика тергаллуш дара. Фашистски моторизированни дивизеш цигахь вайн дакъойн фронтах чекхъевлла хиллера.

Дошлоша, гІаш а бевлла, ницкъаш цхьабосса боцчу тІеман масех турпалаллин дийнахь мостагІийн бронированин тІелатар духа муха диттира дийца вайна дуккха а зама оьшур яра. Со и дийца гІертар вац.

Цунах лаьцна — мацца а, тІаккхахула дуьйцур ду ас.

Ткъа хІинца суна чекхдаккха лаьа Юсупана хилла сайна гинарг.

Цкъа шен могІарехь гІуллакх деш Юсуп хилла эскадрон, мостагІчунна тІелата хьалхатеІаш йоьдучу хенахь, шерачу арахь лаьттах йоьлла, тапп-аьлла дІатийра. Хьалхахь, дукха гена йоццуш Іуьллуш локхалла яра. Цигара схьаеттара мостагІчо станкови пулемет. Церан юьйлучу пулеметийн, тоьпийн дІаьидаргаш дукха нийса етталора. Цу тІе ца совцуш етталучу цара корта айа, куьг меттах хьада ца дуьтура тхо.

Хан суьйренехьа лестинера. Эскадронан командирана кестта садовр ду моьттура, тІаккха немцошна вайнаш гар а вон хир ду. Нагахь и ншта нисделча, ойла йора цо, и локхалла фронтехь тІе тІом беш, схьайоккхур яра я флангашкахула пулеметашна тІаьхьадовла ницкъ кхочур бара. Оцу кепара йолу эскадронан командиран ойла къобалйора дуккха а бІаьхоша.

ЦІеххьана, хьаланккхина, ира а хІуттуш, цхьа акха мохь хьаькхира Юсупа:

— Сан мекхаш!..

Дагахь а доцуш и мохь хезча, бІаьхой, цец а бевлла, бисира.

Ткъа, Юсуп оцу минотехь локхаллехьа дІа-

хьаьдира, хьерваьлча санна, цхьа гIам-гIим а багахь. Къаьсташ дерг хIара дара:

— НаьIалт хуьлда шуна! Фашисташ! Саьрмикийн бIо!

И дешнаш ша олуш, кест-кеста тIетухура: «Сан мекхаш!..»

Лаккхенгара схьаетта пулемет, цкъачунна аьлча санна, сецира. ТIаьхьуо, юха а хьербевлча санна, пулемет етта йолийра цара. Амма хIинца цара шешан Iалашоне лоьхуьйтург цхьа Юсуп бен вацара. И дика гуш хиллера мостагIашна.

— Хьалхата Iалаш, кIентий! Же, хьалхата-Iалаш! — мохь беттара эскадронан командира, ша локхаллехьа а теIаш. — Фашисташна — Iожалла!

— Ур-ра-а! — иттаннаша аьзнаша къарайолийра аре. — Ур-ра-а!..

Дуьненахь дукха ду Iаламаташ, амма тIам тIехь уьш денна а хуьлура. Таханлерачу дийнахь ган язделла Iаламат, хьаьнц-хьаьнца а ца нислуш, ткъа цхьана Юсупца нисдала язделла хилла: локхаллина тIекхечира и, дика ведда!

Эскадронан бIаьхой мостагIчун пулеметни бенна юххе кхаьчча, тIеман, берриге а бохург санна, гIирсаш чекхбевллера. Гранаташ вовшех а йихкина, уьш мостагIашна кхуьйсура Юсупа, цо кхоъ фашист оцу минотехь Iункаръэккхийтира, цул тIаьхьа дукха хан ялале иккхинчу кхуьнан гранатийн конжаро аьтта дIатейира фашистийн станкови пулемет.

Хьала а айвелла, бете куьг а лаьцна, фашисташна маьттазчу дешнашца тIечехара Юсуп:

— Лаьхьарчий! Жаргlанашца хуьлда шун коше дерзар!

— И хlун кьамел ду ахь дийриг? Хьо хьер волуш-м ца воллу? Командиран буьйр а хилале хьо хlунда хьаьдира локхаллина тlе?— тlевирзира цунна эскадронан командир лейтенант Ваха Айдамиров. Дукха миноташ йовлале мостагlчун бомбанан гериг кхетта пхьарс баькхира оцу майрачу эпсаран.

— Со муха хьодур вацара царна чу? Оцу боьхачу жlаьлеша сайн дlадаьхна мекхаш-м хьаха дуьтур дацара ас... — оьгlазе элира Юсупа.

Цо куьг дегlаца охьахецча гира тхуна: хила а ца хилча санна, дlадаьхнера дуькъа, тоьпан даьтта хьоькхуш къегийна хилла Юсупан башха мекхаш! Мостагlчун тоьпан дlаьндарго, цуьнан тlехулара балда марца а морцуш, мера кlелхьара мекхийн «чотка», хьаькхина, дlаяькхинера. Юсупан бат а, чlенги кlелхьара лаг а цlеша дуьзна дара.

— Маж дlа хьан еши хьан? — вела а воьлуш, хьаттира Халидов Хьумнда, хаза забарш еш а, ира дош олуш а эскадронехь гlараваьлла волчу.

— Саба хьаькхина а доццушехь, фрицашка-м дика хьакхаелла хьан мера кlело, — кlажъоьхуш воьлура Истамулов Абу.

Эскадрон гlаш яьлча, Халидов Хьумид данма а аьтту агlорхьа хlоттавора дlа. Цуьнан буйнаш, варзапаш санна, дара даккхий. Кхечу хьелашкахь хиллехьара Юсупа а ца бан там бара дегабаам. Амма мекхаш, балда а лоцуш, дlадахаро чlогlа собар

дайпера цуьпан. Оцу минотехь, шен автомат хьала а айпна, Хьумидана чухьаьдира иза.

— Сацаел и хьайн баг! Со-м куршло вай... Нагахь хьо кхин шарлахь, ас цаца бийр бу хьох!

Шен майраллин, тІах-аьлла хиларан хьокъехь полкехь гІараваьлла бІаьхо волчу Хьумидан, жимма собаре хилла, вухавала дийзира. ХІинца а кхеравелла ца дира цо собар. И кхийтира Юсуп баккъалла а цатамбаьлла хиларх.

— Ахь хІун до? Хьо хІун дан гІерта, Юсуп? ХІун ду хьо Куршлара, со Теркапистера хиларх?.. — элира цо. — Со-м забар еш вара хьоьца... Ткъа, хьо...

Керла мекхаш кеста ца девлира Юсупна. Ткъесна шо бен хан йоцчу хенахь цкъа дилхаца дІадаьхна, морцуш бух даьхна мекхаш юха атта ца довлура. Амма Юсупа тІом бора фашисташна дуьхьал, тохара, и мекхаш долчу хенахьчул майрий, дерий!

Юсупа суна данйтинчу сурта тІехь гуш хІинца а ду бурош санна хьийзина, хьаргІа санна Іаьржа, тоьпан даьтта хьаькхчи санна, къегаш долу мекхаш! Амма царна хьаькхнарг тоьпан даьтта доцийла хаьара тхуна, вуьшта мекхаш чІогІа къегаш дара. И гуш дара сурта тІехь а. Стага даккхий хиллалц мекхаш дитина, цо уьш, тІемалочо герз санна, деза лелийча, хьанна хІун воинг хуьлу! Суна хетарехь, цхьанна а, хІумма а ца хуьлу я хир а дац. Мелхуо а, цунна нисса дуьхьал, вайн Къилбседа-Кавказехь пштта олу-ш ма дуй: «Мекхаш — къуонахчун куц ду!»

ЧЕВНАШ ЙИРЗИНА ЙОГIУ

Хилларшший, гинаршший, лайнаршший дуьйцуш хевшина Iара доттагIий. Цара массара а жигара дакъалаьцнера Сийлахь-Бокхачу Даймехкан тIам тIехь. Кхета хала дац — цара хIинца дуьйцурш а тIамехь шаьш лелийнарш, шаьшна гинарш, лайнарш хиларх.

— Цхьаболчу наха, — ладоьгIурш тешош дуьйцура Баркентаев Ахьмада — тIеман шерийн гIуллакхаш турмалан хIума гена яьккхина гойтучу агIорхула хьоьжуш санна къестадо: цара шешан тидам тIебохуьйту цхьана даккхийчу гIуллакхашна, диццдо цхьаццаболчийн, хетарехь кегийра делахь а, амма турпала гIуллакхаш. Новкъа хета муьлхха а доккха гIуллакх дуккха а долчу кегийчу гIуллакхех лаьтташ хилар цара диццдар. Селхана хIумма а кхечарех къаьсташ ца хилла бIаьхой тахана, царна шаьшна а ца хаалуш, турпалхой хуьлий дIахIуьттура хIетахь.

ХIинца аш дагалоьцу: «Со Курски дугехь хилла», «Со Сталинградехь вахчийна», «Будапештехь тхо алссам дохдира мостагIчо»,— бохуш. Дерриге а бакъ ду: вайна цкъа а диццлур дац советски халкъо фашизм йохош Даймохкан тIам тIехь дина сийлахь-доккха гIул-

лакх, йнцлур яц оцу шерашкахь лайна халонаш.

Нагахь юкьарчу дешнех юха а ваьлла, кIорггера ойла йича, шен гIуллакх дика хууш волчу радисто схьалоцу радион тулгIе санна, хьан хьекъало дагадоххуьйту хьуна гина, ахь я хьан доттагIчо дина дуккха а даккхийра гIуллакхаш. Уьш шаьш схьа а лаьцна, царех хIоранга шег-шега лаьррана хьаьжча, уьш даккхий гIуллакхаш ца хета, цецваллал тамашена-м хеттане а хеталац. Амма, уьш дерриге а цхьаьнатоьхчи, хьан бIаьргашна хьалха хIутту вайн халкъо мостагIчунна тIехь толам боккхуш диичу турпалаллин гIуллакхан бIешерашкахь шен нур довр доцу серло.

ТIеман баккхийчу хьаькамашка дийцийта эскарийн гIуллакхийн стратегически башхалленех лаьцна, историкашка гучуяхийта Москваний, Сталинграданий, Ленинграданий, Харьковний, Севастопольний, Киевний, Брестаний юххехь хиллачу баккхийчу тIемийн хIиццалц йовзаза йолу агIонаш.

Вайна, могIарчу тIемалошна, дика ца хаьа оцу тIемийн стратегически башхаллаш. И кIоргаллеш хаац вайна. Амма къаьсттана схьаэцначу цхьана стеган, ваьшна юххехь хиллачу могIарчу бIаьхочун турпалаллех дерг вайначул дика цхьанне а ца хаьа... Нагахь вай массара а ваьшна хуурш, гинарш, динарш, лайнарш тIеман баккхийчу хьаькамашка а, историкашка а дIадийцахь, тIаккха мелла а буьззина гур бу вайн халкъо мостагIчунна тIехь баьккхина толам, ийса хадор бу цуьнан мах.

Байтгамал яI, яздархо хIунда хир вацара соI ТIаккха со тIом бинчу бIаьхойн дахарехь хилларш схьалахьо, ницкъ ма-кхоччу алсам уьш дIаязда гIуртур вара, цхьа а хIума ца дицдолуьйтуш тIемалойн доттагIаллех, церан Iалашонех, лайначу халонех, йиначу забарех, толамаш бахарехь хиллачу церан баккхий-берех, турпала эгначех.

Ма-дарра аьлча, хIинцций бен ца хиъна суна сайн бIаьхаллин накъосташа диначу гIуллакхийн сийлалла кIоргера йовза. Цхьа хан дIа а яьлла, хилларш, динарш вовшашна дуста а дуьстина хьаьжча, шера гуш хилла эшийначу халонийн барам, баькхначу толаман баккъалла, гайтинчу хьуьнарийн сийлалла.

Машаран дахаре, мостагIчуна тIехь толам а баькхина цIадорзаре болчу сатийсамца дIадоьдура тIамехь советски тIемалойн хIора де. Кхечу гIуллакхийн ойланаш ян хан а ца тоьура. Мел чIогIа сатуьйсура-кх бIаьхоша бомбанашш, яккхийчу тоьпийн хIоьъначш ирча аьгна гуш долу латта, толам а баькхина, мостагIех дIацIандинчул тIаьхьа аьллачу бIаьстенан эзагаша хьулдина гаре!

Шинкога лела акхарой дара фашисташ. Церан лаам — адамашна ницкъашбар, уьш лолле дерзор, царна талор дар, тIаьххьара а уьш къинхетамза хIаллакдар бара. Ойла ен-ша: вайн салташа тIеман арахь йохийначу мостагIчун танки чохь кегийчу берийн чухула юху бедарш карийра-кх суна! Къонахийн гIуллакх ду и?! Мичхьа ю цигахь эскаран оьздангалла, адаман куралла, ура-аттала адамалла а?!

Вайн Iалашонаш кхечу тайпана хаза, сирла, оьзда, лекха яра.

Меца берзалой санна, Iалашонах духа ца довлуш, цIоькъа лоьмаш санна, майра хиллехь а, Даймахкана оцу халачу хенахь ваьш цхьана минотана а акхаройх тарделла ца гайтира ваи дуьненна. Европан пачхьалкхийн дозанел дехьа а къуй хилла ца довлуш, халкъаш фашизман Iазапах паргIатдахархой хилла девлира вай.

Ас дуккхазза дийцина шуна тхаьш бинчу тIемех, лелийначех, лайначу халопех лаьцна. Цундела дийцаза дисинарш хIинца мелла а жимлуш дохку.

Амма цхьа тамашена хIума ду сан дийцаза. Н сох а, я суна бевзинчу доттагIех лаьцна а лац. Н, суна ца вевзачу, хIиццалц схьа карозачу стагах лаьцна ду. Шуна ма-хаьара, тIам тIехь Iитталу гIуллакхаш дукха хьолахь я сингаттаме, я синкъераме хуьлура, ткъа хIинца ас шуна дуьйцудерг оцу агIонел совнаха, шен къайле йолуш а дара.

Оцу гIуллакхан дIадоладалар Сталинградехь хилира. Шийлачу дарцаша кIуркIаме хьийзош деара Iа. ГIали чу кхаьчна мостагIчун группа масех де хьалха вайн эскарша йохийна дIаяьккхинера, ткъа, фашистийн 6-чу эскаран командующи фельдмаршал фон Паулюс шен штабаца йийсаре валийнера.

Хууш ма-дарра, Сталинградехь уггаре а якхийчарех цхьаъ йолчу Универмаган подвала чохь схьалаьцнера иза. Оцу деношкахь дукха адам гIоьртира оцу подвала чу: хIуъа

дийцинчи а, хIорашше а шен бIаьрга гаи лаьара майрачу фельдмаршала ЦIечу Эскарна хьалха куьйгаш ирхдахийтина меттиг, цуьнан метта-мот хиллачу тоьли чу хьажа.

Суна а лиира изза. Кхин беберса хIума дацара фельдмаршалан подвала чохь а — аьчган-бетонан тIуьнан пенаш, лаьттахь Iохку пистолетийн патармийн яьсса чкъоьргаш, чухула дIай-схьай кхийсина топографически картанаш, шен салтий Iехо ца кхиъначу Гитлеран аьчган жIарех юьзна йиъ яьшка, йохийна диван, тIекIелдиттина гIенташ — доцца аьлча, дерриге а «Iинццалц тхуна гинарг дара. Подвала чуьра араволуш сан бIаьргкхийтира автогено шен аьчган тIергаца хийлазза «тегначу», ткъа хIинца дIаяьстина лаьттачу масех сейфах. Схьахетарехь, фельдмаршалан «хьал» а, кехаташ а хир дара цара хIинццалц лардинарш. Оцу сейфашна тIеххула цIечу сурикца яздинчу хIокху дешнийн гома могIа бара: «Теллина. Минаш яц... МогIара салти Юсупов СаьIндбек».

Бодане подвал а, якхий чевнаш йина сейфаш а, царна тIехула миийн хьокъехь бина йозанан хаам а, фельдмаршалан бахаман гIирсаш а бицбала тарлора, лагахь гIуллакхаш кхечу кепара дIадахана хиллехьара. Амма... уьш тамашена Iиттаделира, цара дицдала ца дитира Универмаган лаьтта бухахь тхуна дайнарг.

Масех бутт дIабелира. Харьков-гIала схьаяькхира советски эскарша мостагIашкара. Цара шозлагIа дIалецира гIала, амма хайн бIаьхоша юха а схьаяькхира. Кхин фашистийн кара ца яхара Харьков.

Тхан полко Харьков-гIалин коьрта урамаш дехира мостагIчуьнгара схьа. Со коьрта почтамт схьайоккхуш йолчу подразделенин могIарехь вара. Доккха дара и цIа. Цуьнан хIусамаш, кабинеташ, отделаш ягарйинна ца валлал дукха яра. ХIумма а атта дацара фашистех и доккха цIа дIацIанда.

Почта схьаяьккхинчул тIаьхьа оха дакъалецира электрозавод схьайоккхуш бинчу тIамехь. МаьркIажан бода къовлалуш полкан штабе ваха дийзира сан. ГIали юккъе нисвелира. Почта хIинца муха ю хьажа дагахь чувахара со. Цецваьккхира почтан багажни цIа чу воьдучу наьIарна юххе пена тIе яздина гинчу дешнаша. ЦIечу сурикан йоза дакъа а далаза дара: «Теллина. Минаш яц... Жимахволу сержант Юсупов СаьIидбек».

Дагаеара Сталинградера подвал. Цигахь гинна йоза дара хIара а. Тамашена хетара дерриге а!

Харьков схьаяьккхинчул тIаьхьа Курски луганехьа низаре боккха тIом хилира. Кхечу дакъошца цхьаьна тхан полк Белгород-гIалинна тIелеташ яра. Фрицаша чIогIа дуьхьало йора и гIала тхоьга охьаяккхаелча шаьш массо а оццу дийнахь хIаллакьхуьлу моьттуш санна. ХIетте а карйира оха цара ен дуьхьало, вухаволучу мостагIчунна тIаьххьа гIалинна чулилхира тхан подразделенеш.

Эскаран кхидолу дакъош хьалхахьа теIара, ткъа тхан полкана садаIа бакъо елира цхьана денний-буьйсанний. Цхьаболу тIемалой увольнительнешца гIали юкъахула дIасабаьржира. Жим-жимма гучубуьйлура гIалин бахархой: цхьаберш куьйга уэучу варданашца шешан

сал-пал тIегулъеш бара, ваажаберш тIамо йохийна хIусамаш дIалоьIуш, кхозлагIнаш — тIамо хIаллакбинарш дIабохка кешнашка оьхуш гора.

Тхан помкомвзвод дика кIант вара. Карабулакски станицера вара Степан. Цул тIаьхьа Варшава-тIали юххехь хиллачу тIамехь хIаллакьхилира иза. Белгородан урамехула тхо дIадоьлхуш, соьгахьа а вирзина, цо элира: «Туристаш санна, дуьйладелла ма лела вай. Жимма гIо дей вай бахам юхаметтахIотто хIокху вешан вежаршна».

Гена йоцуш кхузза тIекIелйина школа яра. Бомбано йохийнера иза. Оха сацийра командованин пурбанца оцу дийнахь школа тоеш Белгородцашна гIо дан.

ТIе доьлху тхо школана. Парадни неIарна цIечу суринца тIеяздина го: «Теллина. Минаш яц... Воккхахволу сержант Юсупов СаьIидбек».

II дешнаш доьшуш школан неIаргехь дикка лаьттира со, Iадийча санна. II йозанаш а деш, тIамца малхбузехьа воьдучу бIаьхочун хьокъехь дуккха а олланаш гIуьттура коьртехь. Тепсанчу Степане, школан неIарге цIелг а хьажош, боху ас:

— Хьажахьа суна тIаьхьара дIаволуш нац-кх и сан махкахо!

Степана хоьтту:

— Ахь мила вуьйцу?

— II Юсупов! Сталинградехь а цо яздинера, Харьковхь а изза автор вара, ткъа, Белгородехь юха а сан махкахочо бо хаам!

— II пон-х даций ткъа? — хоьтту Степана.

Ас жоп ло:

— Вон-м, дера, дацара и, вуьшта чIогIа тамашена ду-кх: фронтехь эзарнаш сапераш бу, цундела вайи эскаршна некъ паргIат боккхуш тахана Сидоров, кхана Петров, лама цхьа Расулов хила тарлуш дара, ткъа тIехьарчу малхо хIоттийна хьан дегIан ИндагIа санна, вайна хьалхавьлла леларг цхьа Юсупов ву-кх...

Цул тIаьхьа мостагIех паргIатъяькккхинчу хIора гIалахь а, заводехь а ас боккхачу тидамца лохура сайн махкахочун цIе. ХIинца, хIуьттареннa санна, цуьнан фамили ца хаалора цхьаннахьа а, ткъа, ПетровгIар, СидоровгIар, МихайловгIар шорта буьйлура. Хаалора суна хьалха йоккхуш ца хезна фамилеш а: Убейкобыло, Птица, Непейпиво, Непорожний, Бардаков, Дураков, Петух, Двосчников, Мохнибородa, кхиерш а. Ткъа сан Юсупов, хи чу гIаж тоьхча ихьидаш санна, тIапп ца олуш дIавайи. Фронтехь ишттa олуш дара: «Сапер цкъай бен гIалат ца волу». ХIета, сан махкахочо сапераи дуьххьарий, тIаьххьарий гIалат-х ца далийтин техьа?

Амма Юсупов хIаллакьхилла боxург дагаданйта ца лаьара. Дийна хир ву иза! Оццул якккхий халонаш а ловш, Сталинградера Украине кхаччалц схьавеана иза, Iожалле ишттa атта лацалур вац.

Оха Киев схьаякккхира, дехьадевлира пачхьалкхан дозанна а. Польша мостагIчух паргIатйоккхуш, малхбузехьа теIара тхо.

Цхьа жима юрт фашистех цIанйнра тхан полко. Хьуьнан хьакхарчий иччархоша санна, советски тIемалоша лаьхкира гитлеровцаш

оцу юьртара. Бех а, тиш а йинера цара и вайи вежарийи юрт. Вуьшта, пза дацара суна билгалдаккха лиъларг.

Оцу юьртахь хиллачу тасадаларшкахь суна чевнаш йира. Бакъду, яккхий-м яцара уьш. Сайи накъосташна тІе суо дІавахийтар ас мел чІогІа дехнехь а — полкан санслужбан начальника, медицински гІуллакхан подполковника Островскийс — со санчастехь сецавора. Туолуш болчу дархойи команде дІаязвира со — цхьана кІиранна. Эхі-хІай, ма сингаттаме дара-кх цигахь! Цхьа цигаьркий, накъосташка забаршца етта багий бен кхин таиша синкъерам бацара санчастехь.

Кертал дехьара цхьа чІогІа мохь туьйхира соьга оцу шозлагІчу дийнахь Степана:

— Ахьмад, тхуна хьан Юсупов СаьІидбек карийна!

Оцу минотехь кертал дехьа кхоссавелира со — дархой кел ара ца бовлуьйтора госпиталан хьаькамаша, уьш шайи-шайи подразделенешка дІабовдарна кхоьруш.

Степан волчухьа хьаьдира со. ТІевоьллушехь цуьнга хотту:

— Мичхьа ву? Ша муха ву хІара, ваи мукъана?

Степан велавелира.

— Хьалхалерраниг ву-кх хІинца а... Цуна хІумма а ца хуьлу болх беш.

ХІинца со кхийтира: сан доттагІашна карийнарг ша Юсупов воцуш, саперо бина рогІера нозанан хаам хир бара. Цуьнан йоза карийна а хетара Іаламат дика. Делахь хІета, хІинца а гІалат валаза, шен халчу новкъа хьалхахьа вогІуш ву-кх сан махкахо.

ХIинца а тIеман кIуррий, цIей дIаязачу бешахула чекхдовлу тхо. ТIекхочу католикийн килсана. Совцу.

— Дешахьа и, — элира соьга Степана килса тIе пIелг а хьажош.

Цкъа хьалха ас неIаре бIаьргтуьйхира. ХIумма а ца гира. ТIаккха неIарна тIеххула пенах го йоза: «Чу дуьйла, мэл хир бу шуна»...

Уьшъм католикийн жайни тIера дешнаш ма ду! Цаьрца хIун догIур ду СаьIндбекан?

— Стенга хьоьжу хьо? — сан куьг шегахьа дIа а озош, хоьтту Степана. — ХIокху атIор хьажахьа...

Католикийн жайни тIера охьаязднийчу дешнашна ужимма аьрру атIоруо, пена тIехь цIечу сурикца яздина ду: «Теллина. Минаш яц... Старшина Юсупов СаьIндбек».

— Гой хьуна? — вела а воьлуш, хоьтту Степана. — ХIинцале старшина хилла вайн махкахочух. Хьо хьожуш хилалахь — тIом чекхбалале цунах лаккхарчу чинан эпсар хуьлуш!..

СаьIндбека яздийчунна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш лаьттара со, ткъа, кийрахь, даг гIехь цхьа ша тайпа воккхаве йовхо лаьттара, шелвеллачу меттехь довхачу хих юьзна грелка тIейилличи санна. Сакъераделлера сан. Дозалла дора ас сайн махкахочух. Воккхавевора цуьнан къар ца луш хиларо. Даьдниса хьан, лоьман кIеза Юсупов, ма майра некъ бо ахь вайн Iожаллина фрицаша лаьттах йихкина минаш дIайохуш. Тоьпан дIаьндарго хьо ца лоцу! Бомбане хьо ца каглю! Хьоьга лахалур йоцучу тайпана мина Гитлера ца йина, я

йийр а яц! Жинашца тайна хир ву хьо билг-
гал! Вуьшта алмазашца тайна велахь а, хьо
вуьззина къонаха-м ву, сан хьоме СаьИндбек!

Килсан пена тIехь СаьИндбека яздинчунна тIера бIаьрг дIа ца баккхало соьга, цуьнга хьоьжуш, суна ойланехь хетало суо и дешнаш яздинчуьнца къамел деш, цуьнца сакъоьруш, цуьнга хеттарш деш лаьтташ санна, — сайн халкъан кIантах хьокъалле дозалла а деш...

— Кхузахь суна церан, керстанийн мозгIар гира, — аьлла, сан ойланаш юкъакъехира Степана. — Къамел дира оха шимма вовшашца. Хаьий хьуна, шаьш кIохку лоьртахь болуш фашисташа хIун лелийна? Дахка кIегарахаъал маьрша меттиг ца юьтуш, кхераи хIокху килса чу а, гонаха а, уьйтIа а минаш йоьхкина хилла-кх фюрер велла бисарша. Ткъа, хьан СаьИндбека уьш ерриге а цхьаъа а лаьттах ца юьтуш, схьаьяхна, юьзначуьра яса а еш. Оцу мозгIара соьга элира, СаьИндбекан могашаллина тIера Iожаллех и ларвар деле доьхуш ламазаш дийр ду шаьш.

— Иза-м стенна оьшура, — элира ас, ойла ма-йиннехь, оцу минотехь вела а луш: — ма тамашена ду-кх гIуллакхаш — керстано бусалбанна гIера ламазаш деш!.. Ма-дарра аьлча-м фашистски акхарошна дуьхьал летачийн массеран а цхьа дин ма дуй — бакъо тоьларг хиларх, харцо оьшург хиларх тешар.

Варшава-гIалина юххехь хиллачу тIемашкахь тхан полкана дуккха а зенаш хилира: кхеттачу йоккхачу тоьпан хIоьан герниго хIаллакхира Степан, ткъа суна яккхий чевнаш хилира!

Тlом чекхбаьлча тхешан берриге а доттагlий дагабаьххира суна, хlораннех дерг хаа лаьара...

Хlетахь дуьйна 25 шо сов даьлла. Оцу къизачу тlамо вайна йинна чевнаш йирзина йогlу. Лечкъа хlунда до и, цкъацкъа суна-сайна а хетало тlом бина шераш харцахьа агlорхьара чу хьаьжча турмало гойту бакъдерш санна генара... Амма ас ойланехь айса-сайга дехарш до: диц ма делахь, Ахьмад, и турпала, хала шераш! Сий делахь оцу халчу хенахь хьайна юххехь хиллачу тешамечу кlентийн!

Хlан-хlа, вайна, тlам тlехь хиллачарна, мегар дац, ваьш лайна халонаш, хьегна балонаш, баьхна толамаш бицба! Маггане а мегар дац оцу буьрсачу хенан къинза кхоллам шеца бекъна, шен белшех белшаш а гlортийна, мостагlчух летта доттагlий бицбан!

И вайн хастам а, куралла а, дозалла а ду. Нагахь вай и халонаш ца лайнихьара, вай оцу lазапел тола а ца лараделлехьара, тlаккха таханалера сирла, хаза, ирсе дахар хир дацара!..

Суна кест-кеста дагавогlу Юсупов Саьидбек. Ойла йо цунах лаьцна. Муха хилла техьа и? Муха ваьхна техьа тlеман шерашкахь кхидlа а? Хlинца хlун деш ву техьа и майра кlант?

И лаха гlоьртина со дуккхазза а. Дуьххьал дlа католикийн килсан пена тlехь яздина хилла «чудуьйла, мэл хир бу шуна», дешнаш дага а лаьцна, гlоддах дийлархьама карийна а, каро лиъера суна изза. Ма дика хир дара-кх делах тешаш берш цу деношкахь католикийн оцу килса чу баьххинехьара!

Делан ницкъ ца кхаьчнера, ша кхоьллина адамаш дайа, килсехь мишаш йохка фашисташна новкъарло ян. Ткъа, могIара стаг, сан махкахо и ницкъ болуш хиллера...

Грозный-гIалахь дуккха а бу Юсуповгlар, ткъа ерригечу Нохч-ГIалгIайчохь уьш бIеннаш хир бу. Муха карор ву царна юкъахь ас лоьху майра фронтовик Юсупов СаьIидбек?

Масех шо хьалха газета тIехь ас дийшира советски сапераша алжирски лаьтта бухара дуккха а мишаш схьаяьхна, бохуш. Юсупов хиллий техьа оцу саперашца? Нагахь и цигахь хиллехь, мел лахара а полковникан чIогIа хилла хир ву иза! Алжиран гIамаран арахь лаьттахь баьгначу дечиган бIогIамна тIехь а хила ма тарло: «Теллина. Мишаш яц... Полковник Юсупов СаьIидбек», — тIе яздина дечиган табличка.

Ахьмад цкъачунна соцунха хилира. Соьгахьа а фирзина, кхин а дIадехьира цо шен къамел:

— Стохка дуккха а областашкахула чекхвуьйлуш командировкехь хилира со. Волгоградехь а, Харьковхь а хилира. Белгороде а, Киеве а кхечира. Ца евзаргг хуьлуш тоелла, хазъелла дIахIиттина вайн ярташ, гIаланаш. Нохчийн, яржийн, ингийн Сталинградски универмаг хиллачохь хIинца керла, лекха, сирла доьазза тIекIелдина цIа — Волгоградски коьрта универмаг лаьтта. Харьковхь главпочтан цIенош шен массо а лулахойл исбаьхьа ду! Белгородера школа а тойина, керла йолуш санна, бIаьрг хьостуш ю. Бакъду, хIинца цунна юххехь доьазза тIекIелйина, массеран бIаьрг лоцуш, керла школа гIаьттин-

на. Доцца аьлча, цхьаннахьа а тIеман лар ца гира суна, мел лерина ас тергалъярх. Со цунах чIогIа воккха а ве. Делахь хIета, тIамо йина чевнаш йирзина йогIу.

Ахьмада кIорггера садоьIура.

— Амма цхьа хIума ду суна чIогIа новкъа хеташ: оцу сирлачу, хазчу цIенойн пенаш тIехь адамийн тIаьхьенашка дешийта хIунда ца дитина техьа дозаллина яздина доцу, амма вайн хьекъалера цкъа а дIадовр доцу дешнаш: «Теллина. Минаш яц... МогIара салти Юсупов СаьIидбек»?

ТРОФЕЙНИ ХУДАР

— Гуттара а ца хуьлура тIам тIехь шен рожжехь хIума йойла, — ойлане а вахана, дIадолийра шен къамел Ахьмада. — Лукха хьолехь Iуьйранна йиъча, сарахь яа езарг буьйсанан юкъал а тIаьхьенга йоьдуш меттиг хуьлура. Цундела, цкъа а биц ца ло супа, цхьана Iуьйранна фашисташна хилла тешнабехк. ГIуллакх иштта хилира, — вела а къежаш, сакъерадаларе дуьйцура Шахгиреве. — Шуна ма-хаъара, вайн халкъо Сийлахьбоккха Даймехкан тIом бечу шерашкахь румынски эскарийн коьртехь маршал вара, цуьнан цIе яра Антонеску. Оцу маршалца цхьа забарна доцу гIуллакх инсделира. Ма-дарра аьлча, Антонескуца доцуш, ткъа цуьнан эскаран цхьана поварца деара и со дийца воллург. Поварца хилла ца Iаш, цуьнан хударца а цхьаьна. Шен-шен рогIехь дуьйцур ду ас шуна. — Шен шина голий тIе куьйгаш а тухуш, охьахиира Ахьмад.

Сил лераний, тIах-аьллий и хьийзаш оха тамаша бора и шена хазделларш далхо лааро цIийвина, юьхьа тIера цуьнан вагарх.

— Иза дара 1942-чу шарахь, гурахь. Нохч-ГIалгIайн къаьсттана йолу 255-гIа дошлойн

полк мостагIчуьнца тIом беш яра Сталинградана малхбузехьа. МостагIий, шешан пицкъ дукха алсам хиларна, цкъачунна толаме тIелеташ бара. Вай юхадуьйлу, къаьхьа денош дара уьш. Церан ойла йича дагадогIу гIараваьллачу фронтовой поэта Симонов Константина шен доттагIчуьнга Алексей Сурковга яздина стихотворенин могIанаш.

«ДагадогIий хьуна, Алеша, Смоленщинан некъаш...»

Кечаман Iалашонца, цхьанца бахьанашна юхадийлахь а, юьхь яггош эхь хетара тхуна мостагIчун карайоьлхучу меттигашкахь дуьсучу советски адамех, къахетара фашисташа кънза хьийзо долчу берех, дог лозура шешан паргIатчу Iожаллех бала ца буьтуш, дошан дорцехь холчахIуьттуболчу зударех, кIеначу нахах.

Амма тIом—тIом бу. Цигахь цIий Iена, цIий Iаночохь баларш а хуьлу. Вуьшта вайн лаьттан цхьа а вобрашка йорах ца кхочура фашистски йовссарийн кара. Церан когаш кIел догура латта, царна тIерал гатдинера дуьне. Марах дохура шадерш.

...Со разведчик вара, — гIе-ехь шен тIеман корматаллех дозалла дан лаар хаалуш дуьйцура Шахгиреев. — Ткъа, разведчикаш полкан штабан начальникан разведкехула волчу гIоьнчин куьйгалли кIел бара, кхачанс долу церан хьашт полкан яккхийчу тоьпийн батарейхь дузура.

Оцу батарейн поварца чIогIа гергарло дара сан. Ерриге тхешан къайленаш юьйцура оха. Вовшех ца тешош цхьаъа хIума дацара. Дуьйцура тIеман халонех а, вайна толам бахьа-

болчу цуьнан чаккхенах а. Синтем боцуш дуьйцура цIерачу доьзалех, къеначу дай-нанойх, церан дохийначу нрсечу дахарх, хила тарлучу бохамех, дагахьбалламех... — Оцу повараи цIе Ваца яра, фамили — Дахаев. Байттамал яI, — юьхьа тIехь кхола а кхулуш, хьалагIаьттина, жимчу цIийнан готтачу чухула дIаса а волалуш, дIадахдира Ахьмада шен къамел, — байттамал яI, и доттагI муьлхачу юьртара вара ца хаьа суна. Цундела, ца хаьа суна, тхаьш вовшех къаьстинчул тIаьхьа цунах хилларг. Дийна мукъана а фуй хьавха?! Ма башха хаьар-кха цунна шен гIуллакх лело! ТIех дика хаьара украински борщ яи а, хено витича узбекийн плов кего а.

Диц ца ло Вацас цкъа тхуна кечдина даар.

Цlера доьзалш а, гергарнаш, тIехьийза мехкарий а хьехош тхо Iаш цхьамма — Iабдул-ВахIаб вара моьтту суна иза — цIеххьана эккхийтира:

— Дависа, жижиг-галнаш, шун... мел сиха валлахь а цкъа шу ласто. ПогIур-м ю шуна, кIентий, и зама...

ТIера Iаь а гIуьттуш, юххехь жижиг-галнаш лаьтташ санна, земляникин цхьана маьIIе а вогIавелла ойлане Iачу бIаьхьаллин накъоста и дешнаш хазийча, вист ца хуьлуш, Вацас шен дагахь чIагIо йира, герггарчу деношкахь Iабдул-ВахIаб шен къоман даарх Iабо.

— Суо дуьнен тIе ваьлчахьана ас дукха дийна жижиг-галнаш, — кхидIа а дуьйцура Ахьмада, — амма Iабдул-ВахIабан багах и дешнаш девллачу шозлагIчу дийнахь Волгахин берда йистехь Вацас тхуна кечдинарг

санна, даго тIеоьцуш, чомехь-м диъна дац ас уьш цкъа а. Жижиг-м полкан складехь дара, мичхьа карийнера цунна саьрамсеккхий, ахьаррий — валлахIи, хууш ма вац со. ХIетахь дуьйна ткъе пхиъ шо хан яьлла. Амма айса жижиг-галнаш мосазза дуу, Вацас тхаьшна Волгоградски лаьтта тIехь кечдинарш дагадогIу, я хIинца дуург, хIетахьлераниг санна, чомехь а ца хета.

Ма-дарра дийцича, юург чомехь кечъярна везна ца Iара тхуна Ваца дукха. Цуьнан забарша, мерзачу хабарша, оьздачу гIиллакхаша алсамбоккхура цуьнга болу безам. Жимачунна а, воккхачунна а шен-шена там хиболчу кепара къамел дало а, забарш каро а хаьара цунна.

Ша тIехь дIаьндарг санна, хьийзаш волура Ваца хелха, садаIа тIамера юхадаьхна бIаьхоша цхьанакхетта боккхучу болехь. Лерг хьостуш бара цуьнан назманан мукъам а. Мел дукха делийра тхо Гитлерний, Геринганий, Муссолинийний цо даьхначу кицанаший, Iиттаршъечу иллеший...

Цкъа полкан штабан начальник майор Алханов а, эскадронан политрук Манаров а волчу веара Ваца, цхьа ша тайпа дехар дохьуш. — «Наггахь эшча бал боккхуш хелхавала хьовха, вуьшта кхача кечбеш кухни юххе хьийза а цIена коч-хеча оьшура суна, — элира цо шен хьаькамашка. — Духарца кхачоечу отделан начальнике дехар дахьара аш, хIокху тишачех хуьйцуш суна цIена бедарш лахьара алий».

Алхановний, Манаровний шайна а гора поваран бедар хелхаран болехь ца тар. Хамбо-

рина поварца жимма забар кхосса лирра. Иза а вара чIогIа самукъане стаг. Вацни васте а хьаьжна, штабан начальника баккъалла а санна элира: «Кхача дика кечбо ахь. Вуьшта, хIокху жалчу хенахь ахь кхайна хьалхахIоттийнарг — кIезиг декхар ду. Борщ кхехкийна ца Iаш, фашистех тасавала а веза хьо, доттагI!.. Цкъа мукъа повараи чоьлпа дIа а хеций, автомат лаца буйна, хьуна богIу фашисташ ша-шаха лешм бацI? ТIаккха гуттар дика таш мега хьан хотIехь цIена бедарI» Иза а аьлла, Алханов дIавахара. ХIетахь дуьйна разведчикашка: «Вигийша со разведке!» — дехарш дора Вацас. Оха дуьхьало йора: «Разведкехь повар ца оьшу».

Дукха хан ялале тусаделира тхуна Вацас чIогIа дегабаам бина хилар. Иза лууш дацара. ХIинца фашистски пачхьалкхийн куьйгалхошна йина ца Iаш, и Iиттарш тхуна а йора цо. Дала ларвойла оцу деношкахь цуьнга законехь погIучу порцел совнаха чорпа йотта аларх!

Цкъа командованис тхуна хьалха декхар хIоттийра: мостагIчун тыле а кхаьчна, цигарчу тIеман пицкъех дерг хаа. Разведка ян дезарг йоккха йоцу шин юрт яра: Тундутово, Малые-Дербеты. Иштта гIуллакхаш дан Iемина дара тхо. ХIумма а кхераме ца хетара тхаьшна хьалхахIоттийна керла декхар а. Ма-дарра аьлча, и могIара декхар лорура оха. Эццахь дагавеара Ваца, цуьнан дехарш. Схьахетарехь, и вига мегар долуш разведка яра хьалха лаьттарг. Вигчи хIун дара техьа и разведке?

Оцу миноташкахь гена йоцIучу кхозлагIчу

эскадронан тIеман позицехь полкан командир Висантов хаавелира тхуна. Санна башха бакъахьа доцуш хеттехь а, со цуьнга вистхилира: «Накъост майор, повар Ваца ву-кх ша разведке ваийтар лууш. Чоьлпица тIом бан кIордийна шена, нагахь и хаахь цIерачарна а товр дац, жимма автоматаца болх бан лаьа шена, бохуш».

Жимма соцунгIа а хилла, Мовлада элира: «Со цунна дуьхьал вац. Вига ткъа... Амма ша дIавахале батарейна кхача кечбе ала цуьнга!..»

Полкан командир дIавахара. Тхо тхешан землянки чу даьххира. ТIаккха Ваца волчу дахара. Дерриг дIадийцира оха. II чIогIа воккхавера. «Суьйренна юург кийча ю. Iуьйранна кхоллучунна схьакхуьур ву. Со кийча ву-кх новкъа вала!» — дозалле схьахьедира Вацас.

Разведке даха, Вацина ма-хеттара, дийнахь доцуш, буьйсана юккъехь девлира тхо новкъа. Поварца тхо вин вара. МостагIчун позицел дехьа тхаьш хаа ца долуьйтуш девлира тхо. Амма парталочу поваран коч яьттIера, мостагIийн саьнгаршна генна хьалха тийсинчу дIаьвшечу серех а тасаелла.

Шина юьрта юккъерчу лохачу хьуьна юккъехь дIахьулделира тхо. Ваца сихвеллера: «Мичхьахула гучубевр бу фашисташ? Кеста дуьйлалон вай гIуллакх дан?» — бохуш.

Вижи Iилла, хьала а ца ийалуш, ас аьлча, цо юха а хоьттура: «Вай кхузахь лаьттах а летта Iахха-м ца даьххина? Мичхьа бу фашисташ?»

Хала садеттара пакъосташа бийла ца бала

гIерташ. Ас Вацега элира: «Дуьхьало а ца еш вайи карабахка фашисташ сихбелла-м ца моьтту хьуна? Собаре хила! Бага дукха а ма етта. Вайн гIуллакх дохор ду ахь, тIаккха хьайна дан догIург хаа.. »

Ваца дIатийра. Сатоссуш доллура XIинца геннара некъаш а, шунаш а хаалора бIаьргашна. Ваца юха а яппарш ян волало: «Бежехь белла етт санна, кхузахь, тIекIел а ваьлла, кхин Iилла йиш яц сан-м. Iуьйранна яа батарейна хIума яи а деза сан. Нагахь бIаьхой шен хеннахь юург йоцуш бисахь, полкан командира суна бIоба йоуьйтур ю».

Тхо хIинца цунна оьгIазъоьхура. Даггара дохкодевллера тхаьшца Ваца валийна а...

Кхин ах сахьт делира. Гуобаькккина серлаелира. Вацас юха а, жимма ийза а луш, соьга хотту: «Ахьмад, маса сахьт даьлла вайна?»

— «Варх сахьттиг пхийтта миноттиг яьлла!» — оьгIазе жоп ло ас.

Ха хаьрцина соьгахьа а воьрзуш: «Валлах1, пхийтта минот хьалха батарейна бовха кхача бала дезаш ма вара со! Маца гIовтту техьа вай кхузара?»

TIаккха ас кIоршаме элира: «Нагахь ахь бага ца сацаяхь, валлах1 бакъ ма ду, оха когаш а, куьйгаш а диххина, таIийна бага цхьа хIума хьуна юллург хилар».

Сан багах и дешнаш довллушехь, ворданан чкъургийн тата хезира тхуна. TIаьхь-тIаьхьа алсамдолура ворданан чкъургийн хазар. Цlехьана гена йоццуш гучуелира походни кухни. Турмала хьожу со, — кухни тIехь хиъна Iаш ву румынски хорма тIехь йолу салти. Ткъа, Вацас дукха хазахетарна, ша Iаччохь кхисса-

валаран кеп хIиттайора. Цо бахара: «Ас хIинцца цIе тухур ю цуьнан дегIахI» II автомат хьеян волу. Ас, човха а вой, сацаво. Румынски повар юххе кхочуш воллура. Ас боху Ваце: «Фриц, дийна а волуш, каравало веза вай! Кухни юххе ма кхаьччинехь, ас бIаьца йийр ю хьоьга, тIе хьадалахь цунна. Герз ца долуьйтуш, бага дIа а къевлина, куьйгаш дехка деза цуьнан...»

Улло кхечира, верстина шуьйра белшаш йолу, стомма румын. Цуьнан батт, хилаза йолу хьажа-гIабакх санна, кIай-буьйда хаалора. Шеран маттахь гIийлачу мукъамехь йир а бохуш вогIура иза. Юха а хьаьжина, ас хаам бира Вацега а, вукху накъосташка а. Іаьвдинчуьра хецаелла пружина санна, ша лаьттачуьра мостагIчуьнан кухни тIе кхоссавелира Ваца. Тхо тIекхиале кухни тIера схьаэцна, даш санна беза, аьчган чами тоьхна бIангIар а ваькхкхина, румынна, лаг Іаьвдина, хорам беш воллура Ваца. Фашистан куьйгаш дехка долийра оха. Оцу минотехь Дахаев шен коллеган яй чохь ерг хIун ю хьоьжура.

— Ахь хIун лоьху? — хотту ас Ваце. Цо жоп ло: «Яй, цIе санна, бовха бу. Кху чохь ерг муха кечйина, хIун ю хаа гIерта-кх со».

Кухнин тIехулара негIар хьала а айдина, бака чу хьаьжира Ваца.

— ХIун ю чохь? — хаьттира Іабдурешида.

Вела а воьлуш, жоп делира повара-разведчика:

— Мекхан худар ду. Тахана со а вара сайн

батарейна и кечда дезаш. Суна гIоьнна вогIуш хилла хIара «доттагI».

ТIаккха ас хотту:

— ХIара кухни вайга дIаяхьалур ю моьттуш-м вац хьо?

— Моьттуш а воцуш, билггал дIахьур йолуш-м ву! — даггара тешна а волуш, схьахьелира Вацас.—Нагахь батарейна IуьйранНа яа хIума ца хилахь, Мовлада чан туьйсуьйтур ма ю соьга!

Дахаевс ишттa хьалхахIоттийначу гIуллакхо шаьш холчахIиттор ханнта гIерташ Ахьмада лерина дуьйцура:

— ХIинца Вацас коьрта гIайгIа бийриг повараи сий лардар дара, — дуьйцу Ахьмада.— Пийсархочуьнца накъосташна трофейни худар а дан лиира цунна. Вацина луург дийцира ас. Походни кухни мостагIийн тIеман позицешкахула вайчарна тIекхачор атта гIуллакх дацахь а, оха сацийра хударан кухни дIаяхьа гIорта.

Тешиг шу, чекх-м, дера, девлира тхо мостагIчун линех. Тхан позицешна тIекхоччушехь Вацас боху: «Йийсархо аш вига штабе. Ас сайи батарей, лоьро хIара теллинчул тIаьхьа, трофейни хударх Iабор ю». Цо кухни шешан батарей йолчухьа дIалаьллира.

Оха дIавелира йийсархо полкан командованега. Тхаьш лелийнарг а, динарг а дIадийцира. Висантов а, Алханов а, Хасанов а чIогIа сакъераделла, юха а ца берзалуш буьйлура, хеставора керла разведчик-повар.

— Поваро повар валийна-кх йийсаре! — кIаж а оьхуш, воьлура Эльмурзаев.

— Румынцаш худар схьа а даьккхина би-

тина-кх аш, — тамхилла, штаба чухула дІасалелара майор Висантов.

Цул тІаьхьа тхаьшна оцу шина юьртахь хаабеллачу гІирсех а, мостагІчун эскаран нийкъех а лаьцна хаам бира оха. Штабан начальника дерриге а дІаязъдира. Цул тІаьхьа вуханехьа а вирзина, Мовладе вистхилира Алханов: «Хьуна муха хета, накъост майор, яла йогІий могІарчу бІаьхочунна Дахаев Вацина керла бедарш?

— Шеко йоццуш, — элира Висантове. — Бедарш хьовха, пачхьалкхан совгІат а догІу цунна...

Цул тІаьхьа масех де даьлча цхьана боьрахь могІа нисбеш дІахІиттинчу салташна хьалхахь полкан командира Дахаев Вацин некха тІе «За боевые заслуги» медаль оьллира. Бакъду, СССР-н Лакхарчу Советан Президиуман цІарах и медаль Вацина яларан хьокъехь долу эскаран командованин приказ политрука Хакишевс дІадешча, Хасанов Іабдурешида шен рогІера дош кхоьссира: «Худар схьадаккхарна, аьллехь, кхин а нийса хир дара»...

Трофейин худар даа аьтто хилира сан а. Советски худархочуьнга ца кхочура цуьнан чам, аьттехьа а! Антонескун худархойн эскарна юкъахь лехча а карор вацара тхан Вацига нисва повар а, бІаьхо а!

НХИН ХІУН СОВГІАТ ОЬШУ?

Ткъа шо гергга хан хир яра сой, Абу-Іалий вовшашна ганза. Тхойша, Нохч-ПалагІайн къаьсттана йолчу 255-чу дошлойн полкан комсомольски бюрон жоьпаллин секретарь старший лейтенант хилла сой, лаьмнийн районерчу нохчийн майрачу нехан векал, станковн пулеметин расчетан командир, старший сержант хилла Абу-Іалий. Сталинградана тІедоьлху некъаш фашистех лардеш Донской ГІалгІазакхийн Нижне-Чирски станица а, гІалмакхойн маккара Обильное цІе йолу районан центр а, ткъа ншта Тундутово, Малые-Дербеты ярташ а ларъеш бинчу тІемашкахь цхьаьна хилла.

Ма-гинчех, и ншта хуьлуш а ма-хиллара, вовшашна маранккхира. ТІаккха охьа а хиъна, леррана вовшашка хьежа велира, сурт доккхуш санна. Хеталора, самах ду техьа хІара, я гІенаха ду техьа. ТІеман къаза шераш лайна ткъех шо даьлча хІун хийцамаш хилла техьа кхуьнан юьхь-сибатехь? Абу-Іалин кІезиг бен хийцавалаза хийтира суна: хІетахьлера цІен бос бара юьхьа тІехь богуш, хІетахь санна, синкъераме хьоьжура хІилла доцу Іаьржа бІаьргаш, кхин а шагделла пицкъболу даккхий куьйгаш, турпалхочун санна,

шуьйра накха, белшаш... Амма тIетиллинчу бухаройн холхазан чолачу куйно дIахьулдаза дисинчу гиччоша гойтура сан доттагIчун корта чIогIа къежбелла хилар.

Вовшашка ца Iебаш хьежаррин бен кхин къамел ца далош, вехха Iийра тхойша, хIунда аьлча, оцу цхьаьнакхетаро ойланашкахь ткъа шо хьалха тхойшинна гуш хиллачийн, хезначийн, лайначийн чалхаш листаре кхойкхура. Ткъа дагаоьху и чалх йоккха ма ярий: мостагIчунна тIамца дина тIелетарш, аьтто боьхначу деношкахь цкъачунна хилла духадийларш, мостагIчун танкаша тхаьшна дина тохарш, майрачу дошлоша фашистийн тылехула бина майра талламаш, тхан бIаьргашна хьалхахь къонахаллица леташ хIаллакьхилла доттагIиний, бIешнаш, эзарнаш сакъерадолуьйту— цхьадерш, дагна Iеткъамаш бен — вуьш. ТIам тIехь хIора сохьтехь, хIора минотехь хуьлуш дара уьш дерриге а. Даккхий а, цкъа а дицлур доцу а гIуллакхаш... Цара буьрса духатуьйхира карахь йолчу заманах лаьцна тхан Вовшашка хила тарлу кхидолу хеттарш, хаа лууш дерш.

Абу-Iалис цIеххьана йохийра тиналла:

— ХIинца а вела догдогIу, цкъа вайн повара Вацас, худар чохь долчу кухница, румынски повар йийсаре валор дагадеачи!

— Синкъераме хIума дан а дара иза! — жоп делира ас. — Мичахь, хIун лелош ву техьа Ваца хIинца?

— Хаац, — юьхьа тIехь диккха кхоьлана а волуш, жоп делира Абу-Iалис.

— Кхин цхьа хIума а дагадогIий хьуна? — хаьттира ас сайн бIаьхаллин доттагIчуьга.

— ХІун дара и? — цецваьлла схьавирзира яза.

— Разведчикийн группера Самойлов Иван жимма садаІа цкъа агІор ваьлча, наб а кхетта, сама ца волуш, шина дийнахь-бусий вижина Іиллар... Вай лар а еш, цо нина еха наб... ХІетахь цуьнан куьйган синпха охьа а лаьцна, вайи полкан адамийн коьртачу лоьро Островскийс: «Ванах, вала-х ца веллий техьа хІара?» — алар дага ца доІу хьуна?

— ХІаъ, дера, доІу.. Я дац а лур ма дац цкъа а, — элира Абу-Іалис, жимма велакъажаран кеп а хІоттош.

— Ши шо хьалха суна гира Самойлов. «Набаран цамгийла дІаяьллий хьан деІаш, къена салти?» — аьлла, охьаттира ас цуьнга. Дукхха а хабарш дийцира охашимма оцу дийнахь, Іаббалц... Шела районерчу БелгІатарчу Солтамурадов Желилаций, Виситаев Сайд-Іалиций, Веданан районерчу Талаев Лом-Іелиций, Оздамиров Сайд-Іелиций забарш еш къамелаш дан-м яц йиш... — ойлане вахара со.

Абу-Іалин юьхь-сибат кхоьлира, дохк-мархашна кІел дисича санна. Схьахетарехь, оцу минотехь цунна а деара дерриг дага.

Халахетарш дечу дагалецамаша дегнаш дохийна тхойша юха а цхьана ханна дІатийра.

ТІаьххьара а меттахъхьайра тхойша, юха а дІадолийра къамелаш.

— Ва Абу-Іали, — хаьттира ас, цуьнан некха тІерачу медалийн колодкашка а хьожуш. — Со вицвелла ваьнахь, хьан ЦІечу Седанан орден а хила езаш ма ю. Нийса бохий ас?

— ЦІечу Седанан орден? — ойла ярца, цецваьлла хаьттира Абу-Іалис. Цунах дерг

билггал хаа луучу кепара хийцаелира цуьнан юьхь. — Стенах тарделла хьуна сан ЦIечу Седанан орден хила езар?

Со сайна датадогIург дIаднийца хIоьттира. 1942-чу шеран гурахь (билггал и сентябрь я октябрь — муьлха бутт бара дага ца догIу сына) тхан полк, Садовое цIе йолчу йоккхачу юьрта юххехь, тIеман арахь, дIанисъелла яра. Полкан бIаьхошлахь сакъералуш йоккхавеш цхьа а вацара. Фашисташ, шеран берриг ницкъаш вовшах а тоьхна, тхан тIеман позицешна тIе хьалхатеIа денош дара уьш. МостагIий совцо а, цул тIаьхьа уьш бухатоха а гIерташ бинчу низаре халачу тIемашкахь тхан полкана доккха зен хиллера: «хIаллакьхилларш а, алссам чевнаш хилларш а бара.

Оцу деношкахь Абу-Iалис шегара майралла гайтира. Шеца волчу масех тIемалочуьнца цхьаьна мостагIчун тыле а вахана, дагахь доцчу кепара румынски фашистийн обоз а йохийна, тхан полке цо киралело йиъ машина а, масех йийсархо а валийра.

Бакъду цул тIаьхьа-м тхан бIаьхойн дикка алсамха толамаш а хилира, вуьшта тхан аьтто боьхна хиллачу цу деношкахь Абу-Iалин разведгруппо мостагIчунна тIехь бакъкхина и толам — дукха мехала кетара. Цо тхо массо а воккхавевора. Ницкъ алсам болу мостагI а тхаьшка вохалур вуйла тхуна хаттаран закъалт санна лорура оха и гIуллакх!

Полкехь дукха дуьйцура пулеметчикан Висаргов Абу-Iалин майрачу гIуллакхех лаьцна. Забар ма яц и — мостагIчун йиъ машина а, масех йийсархо а, тIеман цIара юккъехула чекх а воккхуш, каравалор!

Амма доллучул а оха тамаша беш дерг — Абу-Iалин жимачу группо фашистийн эпсар шен масех салтица йийсаре валор дара.

Оцу жимачу толамо чIогIа дог-ойланаш иркара хIиттийнера тхан.

Пулеметин расчетан командир а, эшначу минотехь разведчикийн группан куьйгалхо а волу Висаргоп полкан командира пачхьалкхан лаккхара совгIат далийта хьалхатеттира. Суна сайн бIаьрга гира ЦIечу Седанан орденца совгIат дан билгалбаьхначийн списки тIехь Абу-Iалин фамили а, тIемалочун дарж а. Тарлуш а дац со цунна вицвелла хила.

— Далла хастам бу-кх, командованис со муьлхачу совгIатца билгалваккха сацийна хилла мукъана а хиъна, — элира Абу-Iалис, ас сайн хабар саца ма-диннехь. — ХIинццалц и билггал хиъна дацара суна.

— И бохург хIун ду? — ца кхеташ хаьттира ас.

— И бохурггий? — Жимма соцунгIа хилира иза. — И, дера, ду, ншттта гIуллакх хилира бохург. — Абу-Iалис куьг дахийтира шен аьтту агIорчу кисана, тIаккха вукху кисана... Цхьаъа-м лаха гIертара. — Хьо, тохара а санна, цигаьрка ца узуш хир ву-кх?

— Узуш вац. ХIинццалц схьа-м дика сатохалуш воллу со цунна, — жоп делира ас. — Дийцахьа, хIун хилира хIетахь оцу хьан орденах?

Абу-Iалина цигаьркаш ца карийра. Амма, чIогIа цигаьрка узучу муьлххачо а санна, шен кечин шиг а киса харцахьа даьккхира цо, кисанийн эвнешна юккъера томкин хIур схьабегийна, цигаьрка ян хIоьттира и газетан

цхьана тишачу кийсигах. ТІаккхий беш сапаргІат ца делира цуьнан.

— ХІинца вайшиннан кьамел дІагІур ду,— шен даккхийчу, амма чехка лелачу, пІелгашца стомма цигаьрка а ловзош, элира Абу-Іалис: «ХІара цигаьрка бахьанехь ма хилира цу сан орденца хилла истори а. Байттамал томка яІ-кх! Цкъа нана, тІаккха ступнана хуьлу-кх хьох! ХІетахь, эзар исс бІе шовзткъе шолгІачу шеран гурахь, Садовое олучу юьрта оха румынски фашистийн машинашний, йийсархой балийча, бакъ а долуш, со пачхьалкхан совгІат далийта хьалхатеттира. ДагадогІу суна, полкан штабе а кхайкхина, цигахь сайга приказан копи схьаялар. Полкан штабан начальника майора Алханов Хамборас кхетийра со доллучух а. «Нагахь хІинца вай жимма а пергІат делахьара, — элира цо. — хІара гІуллакх хьакъ мадду чекхдоккхур дара вай, хьан некха тІе орден дІа а юллуш. И дийр дара вай дезчу дийнан кепехь: полкан берриг салтий дІа а хІиттийна, царна хьалхха, йоккхачу сийлаллица. Амма вайн хІинца Сталинградаца цхьа а тайпа зІе яц, муьлххачу минотехь а вай тІам тІе хьовсо тарлуш ду, цундела орденца дерг жимма тІаьхьа тоттур ду вай. Хьуна орденца совгІат даран хьокъехь долчу приказан хІара копи ю хьуна цкъачунна...»

Шен цигаьркин чим дІа а кхоьссина, къамел кхин а дІадахдира цо:

— И кехатан цуьрг, схьаэцна, хьарчийна кисана а йиллина, кІажойх шпораш йохкучу когийн буьхьигашна тІехь, тата доккхуш, хьовза а хьаьвзина, землянкн чуьра аравелира со... Амма хатта дага ца деара, муьлхачу орденца

дина суна и совгIат. Штабан начальника «орденца» элира, вуьшта муьлхучу орденца — билгал ца даькккира. Соьга схьаделлачу кехата тIе хьаьжча а хуур дара и хаа-м, вуьшта хIетахь со оьрсийн мотт-йоза Iаламат ледара хууш вара. Со кехата тIе хьажарх цхьа а тайпа пайда бацара. Вуьшта, айса са стенна гатдо, аьлла хетара хIетахь, орден схьаелчахьана хьажа ккуьур-кх цуьнга... Дагахь и сацам а бина, дIавахара со тIеман новкъа...

Абу-Iали чехкка агIор хьаьжира. БIаьргийн негIарш, дIахьабдича санна, дикка тIеттIа а дахкийтина, хIуъа делахь а, геннара цхьаъ-м дагалоьцура цо.

— Хьуна дика дагадогIуш хила мега мел сиха хьал дара вайгахь оцу деношкахь Садовое олучу юьрта юххехь... Со тхайн землянкина тIе а ккачале, сов сиха дIаболабелира тIом. Эвла йистте схьахIиттинера фашистийн танкаш! Ас муха бира и тIом — бакъ а долуш дага ца догIу суна. Амма, цхьаъ-м дика дагадогIу, фай фашистски танканийн атакаш ккузза юхатохар. Тоъал йоккханиг суна шиъ чов йира оцу боьхачу хIуманийн карахь стешха дийллачу герзаша. Буьйса юкъал тIехъяьлча, фашисташ тIамца генна юха а баьхна, тхо, тхаьшна хетарехь, чехка а догIуш, юхадогIуш, со цхьана дикачу окопа чу нисло. II нехан окоп яра. Къамкъарг чIогIа гIарIъеллера, тIулг санна, базбелла бакъабеллера хIоранна багахь мотт. Мотт леба хьовха и багахь карчо а ницкъ бацара. Буточу ша тIехь шогачу тIулган экъанаш а хоьхкуш, гIулгех ловзуш санна хеталора суна тхаьш. Чевнаш яра сан

чIогIа лазаевлла, суна суо валарна а кхоьруш. Коьртачех лорура ас цигаьрка лахар. КIур баккха чIогIа лаарна, бага кхевсинера сан. Ас тIаккха сайн накъосташка хоьттура (Цхьаберш суна дика бевзуш бара, цаьрца сан дуккхаззе а цхьаьнакхетараллаш а нисделла): «Махорка яц техьа хьоьгахь?» Суна томка делира. «Кехат карор дарий техьа хьоьгахь?» — «Кехатца дерг ледара ду. Къеи ду. Къеи ду кехат...» ТIаккха ас сайн массо кисана куьйгаш оьхуьйту: цхьана маьIIехь газетан цуьрг мукъа карор яцара техьа!.. ЦIехьхьана кехат хааделира куьйгана сан кучан хьалхарчу кисанахь. Дуткъа кIайн кехат дара и, деакIов тоьхна хода а дина цигаьрка ян чIогIа тамохь а долуш. ЭхI-хI, ма аьтто хилира-кх сан! Сов чехка цигаьрка хьарчийра, чуузуш кIур баьккхира, амма, цIехьхьана цхьа хIума дагадаро со чIогIа вагийра: цигаьрка еш ас хьарчийнарг-м цхьа мух-мухха а долу кехат доцуш, ткъа, штабан начальника суна орденан метта делла кехат ма хиллера.

Жимма ойла еш а Iийна, Абу-Iали цIехьхьана велакъежира, тохара цкъа ша лайнарг юха лаи дезаш а волуш, ткъа цунна дан дезарг лаха деза киртиг тIехIоьттича санна.

— ТIаккха? — сайн доттагI они а веш, хаьттира ас. — КхиндIа хIун хилира? Муха чекхделира хьан орденца дерг?

— Чекхъяллалц дIауьйзира ас и цигаьрка!.. Ца Iевелира со хIетахь цигаьрка ца оьзча, кхетий хьо... Бага кхевсинера, кIур баккха чIогIа лаарна.

Цул тIаьхьа дикка хан елира сан оцу орделлах дерг цхьалхадаккха йиш ца хуьлуш. Цу

тIе, совгIатан гIайгIа бан башха мукъа денош а ца даьхкира. Сталинградера тIеман гIуллакхаш чекхдевлча, генна Малхбузехьа дуьйладала дийзира. Со кхечу полке кхоьссира тIеман кхиэло. Донбасс схьаяькхира. Вежараллин Венгрехь а, Югославехь а хилира, ца гуш хIума а ца диснра...

— Ондда дов дан дезара хьуна, дан бакъо а хилла! — элира ас, цуо схьа ца эцначу орденан ойла а йина. — Амма и дерриг хIинца а дайна дац. СовгIат схьакаро тарлуш ду. Лаха деза! Оборонан министерствон архиве яз ца дина ахь цунах лаьцна?

— ХIан-хIа — дах а деш, тIетаIинна элира Абу-Iалис. — Кехаташ язда тIера вац со цкъа а. Цу тIе, сан тоъал пачхьалкхан совгIаташ а хилча... — Стоьла тIе пхьаьрсан гола а хIоттийна, шен куьйган пIелгаш тIехь дагарда хIоьттира и. — Со дийнависиний? Доьзал а, цIа а дуй сан? ТIекхуьуш шиъ кIант вуй? Вайн лаьтта тIехь адамаш машаре дехий? Кхин суна хIун совгIат оьшу?! — Абу-Iали цкъачунна къамел дечуьра соцунгIа хилира.— Диканиг кхин цхьаъ а ду хьуна — ма-оьшшу шорта кIур баккха хIума а ду хIинца. — И велавелира. — Хьо ца тешахь, ваха а гIой, таллал ахь и вайн муьлххачу а туьканахь...

ВИЦЛУР ВОЦУ ТУРПАЛ-ІЕЛА

Адамана дуьне цкъа бен луш дац. Иза массарна а хаьа. Амма массарна а ца хаьа цкъа бен луш доцчу хІокху дуьненахь сан къоначу доттагІчунна Турпал-Іелина санна ваха .

ХІан-хІа, цо гІаланаш ца йора, я книжкаш а ца язйора. И вацара чолхе машинаш кхоллархо а, я тодеш Іалам карадерзорхо а. И гІуллакхаш дан дарехь ца кхиира иза: цуьнан ерриге а берхІийтта шо бен хан яцара. Гуттаренна а берхІийттара ваьлла висира иза. ХІунда аьлча, цуьнан кхолламо дуьненахь даха цунна оцул бен ца деллера шераш. Важадерш тІамо дІадайира. Ма-дарра аьлча, уьш цо ша дІаделира, дІаделира адаман шел сийлахь а, оьзда а кхин хир доцчу доккхачу гІуллакхана...

...ІЮькъа дохк таьІначу ноябрьски шийлачу буьйсанна сатоссучу хенахь, вертанах а хьаьрчина, бухахь ша хьаькхначу саьнгарна чохь, мостагІийн агІонгахьа а оирзина, бертал Іуьллура со. Наб ца йогІура — жимма ІийчаМостагІчунна тІелатар дан дезачу сахьташкахь командирана наб ца кхетийта дуккха а бахьанаш хІуьтту. Ткъа, со Сталингр. д ларъечу эскарийн дакъошкахь цхьана подразделенин ко-

маьдир вара. Мостагlчунна тоха кечам бар дlахьош дара.

— Дукха кlад-м ца велла хьо, накъост гвардин лейтенант? — цlеххьана къона аз хезира суна.

Сайн белшашна тlера верта жимма дlаса а тесна, юханехьа хьаьжира со. Вlаьрга тутту пlелг а гур боцуш бодаш бара, амма Турпал lелин юьхь-сибат ган суна серло ца оьшура. Олуш ма-хиллара, суна дагахь хаьара цуьнан сноат: сан отаьргашна хьалхахь кхиъна ма дара иза.

Доттаг1 гуттара а хазахета, олуш ду. Ишт-та хоьтуьйту доттаг1аллой, безамой. Церан шайн, деган сирла бlаьргаш ду. Амма Турпал-lела-м муьлххачу бlаьргашна а хазлур волуш, безамехь жимстаг вара: чlурум санна ниисса, товш, лекха дегl, оьзда, юткъа гlодаюкъ шуьйра, пуьцкъала белшаш, художнико дилли-на сурт санна, цlен бос богу горга юьхь-сибат, lаьржа дуткъа-дехий цкъоцкъамаш, шишанаш санна лепа кlарул-lаьржа бlаьргаш... Лаа дацара цунах бlаьрг кхетча муьлххачу йоьlан а юьхьа тlера бос, и везалон, хийца-луш хилар. Амма эрна дара цуьнга уьш хьий-сар: Турпал-lелина хаа а ца лора церан хьи-сарш. Суна хьвара, цунна уьш тергал цадала-ран бахьана. Схьахетарехь, хlинца а хьахор ду цо данна а шен дагахь лаьттачун, шен уггаре а чlогlа сахьийзочун, шена массо хlуманал коьрта хетачун хьокъехь.

Селхана почтальона подразделене почта еара. Ас тидам бира, полевой почтан номер а тlехь кхоккха маьlиг йолу конверташ ирс дол-чарна дlадоькъуш волчу старшинас шен цlе

йоккхийла лерана хьийжира Турпал-Iела. Амма цуьнан цIе ца яьккира. Лаьттина, кIоргга ойланашка а ваьлла, даьссачу куьйгашца дIавахара иза.

...Дукха кIад-м ца велла хьо, накъост гвардин лейтенант?

Ма-дарра аьлча, чIагаре оьхуш, шакарца саьнгарна чу хьийзачу дарцо шелвина со гIехь хебина Iара, вертанна юкъахь. Амма сайн кIадваларна мукъарло ца дира ас.

— XIан-xIa, кIад ца велла со м. Вуьшта, хьо садоIуш хIунда ваш?

— Наб кхетац, — доцца жоп делира цо, суна юххе агIор а волуш.

— Наб-м мичара кхетара, ойланаша корта хьере беш лаьтта сан-м...

— XIун ойланаш ю хьан коьрте хьийзаш? — гIийллачу озехь хаьттира ас. — TIаме хIотта кечлучу салтичо шен ойланаш гоьзанах дIатийса еза. Ойланаш ян хан яц. Тоьлашха дерг — Iаббалц наб яр ду, садаIа деза. Адаман дегI болатан дац, ткъа тIеман халонаша болатан герзийн а доьзуьйту доггIучул шен рожехь садаIа.

Ас аьллачунна жоп даларан меттана кIоргга садаькхира цо. Къахийтира суна Турпал-Iелех. Цуьнан дагара хууш, ас хаьттира:

— XIун ойланаш ю хьо хьийзораш, доттагI?

И хаттар шега дойла лууш вара Турпал-Iела, цунна деллачу жоьпо цIарах богу шен кийра пархIатбаккхаре сатуьйсуш.

— XIинца а кехат ца деана хьоьга?

— Ца деана...

— Новкъахь дайна хила а тарлой н-м, — элира ас, цунна легашка хорам бина шад

малбан дагахь. — Тlом ма бий хlара! Я цхьанахьа сецош хила а тарло. Цlеххьана цхьана дийнахь дийнна цхьа сал кехаташ схьадахьар ду хьуна. Тохара деанарш санна, дагадогlий хьуна?

— Хlан-хlа, — сацамболлуш юхатуьйхира цо ас аьлларг. — Кехатийн сал соьга кхочур яц... Цхьа а кехат кхочур дац...

— Иза-м хабар дацара! — элира ас, суо оьгlазвахана а моттуьйтуш. — Яха дика йоl хетало. Шен дешан да хир ю иза. Хlун бахьана ду хьан цуьнан дашах ца теша?

— Цуьнан дашах ца теша? — хорам хилча санна, делира цуьнан кинрара аз. Агlорваьлла Iуьллучуьра аьтту куьг чlенги кlел а хlоттош, корта хьалаайира Турпал-Iелас. — Яхех, сайх санна, теша со. Н санна йоl дуьненахь кхин яц...

Кхидlа цо хlун олу техьа бохуш, леррана ладоьгlуш Iара со.

Цкъа соцунгlа а хилла, тlаккха хаьттира цо:

— Хьуна вевзий цуьнан деваша Салман?

— Дера, вевза.

— Цунах дозуш ду-кх дерриг а...

Ас цхьана минотехь ойла йира. Салман, мадарра аьлча, ван а ваха харцахьарчу, хьекъала кlеззиг тlаьхьа бисинчу нахах: оьгlазе, цхьаьнцца а тlекаре йоцуш, къиза... Къаьстана ахча дукха дезара цунна. Яха хазалла цlе яххана йоlстаг яра. Хlинцца вуьрхlитта шо кхаьчнера оьзда гlиллакхаш долчу оцу безамехьчу йоьlан. Турпал-Iела а вара комаьрша а, хьанал а, онда а жимстаг.

Цул совнаха, ша къобалдина дан юьхьар-

лаьцна гIуллакх кхочушдечохь эшча шен са а дIалур долуш майрий, верриг ша оцу гIуллакхана дIалушшин вара иза. Амма Салманан кхетамехь Турпал-Iелин гIиллакхаш мехала дацара. Вуьшта, Турпал-Iела, совдегар санна, хьал долуш велахьара я доккхачу даржехь хьаькам иза велахьара, тIаккха, хIинца санна, кхера ца оьшура сан къона доттагI.

Турпал-Iелас юха а доккха садаькхачар... вист ца хуьлуш со Iер тIех дахдаларх кхийтира со.

— Баккъалла а аьлча, ваншинна билггал хууш хIумма а дац, — элира ас Турпал-Iелига, белшаш а саттош. — Ишта а доллушехь, ахь гIуллакх харцахьа хIунда туьдуI? Суна, Салман санна, Яха а евза дукха дика. Иза хьекъал долуш а, шен кхолламан да хила хьуьнаре а стаг ю. Ца везачуьнга, бежана санна, бертаза и маре дIаяла атта хир дац. Хьо цIа варе хьоьжур ю ша аьлла, цо хьуна дош а делла, шен дош кхочушда цуьнгахь къонахалла хирг хиларх со тешаш а ву.

Нагахь адаман аьзнаш сирла я Iаьржа ду бохуш басаршца дуста йиш хилча, тIаккха Турпал-Iелин озехь лепаш, аьхка догIа деанчул тIаьхьа стигла хIуттучу делаIодан санна, дерриг а исбаьхьа басарш гур дара.

— Билггал ду, и со цIа кхачаре хьоьжург хилар,—элира цо, шен дагара куралла лечкъа а ца еш. — Амма девашас къайллах шена ца везачу стаге нуьцкъала маре лахь, Яхина Iаламат хала хир ду и лан...

Меллаша корта а таIош, со соцунгIа хилира.

— Иза бакъ ду. Вуьшта, кхузахь хьуна а ма дац атта. Хlетте а, Даймахко хьайна хьалхахlоттийна сила доккха, жоьпаллин гlуллакх деш хьо а лелалой!

— Кхечу кепара хила тарлуш а дац. Со боьршастаг ву. Цу тlе салти а ву, — чlагlдинна элира цо.

— Ткъа иза — салтичун пускал хиндолу йоlстаг ю-кх, — тешош элира ас. — Я хlумма а кlезиг а дац иза вуккул.

— Соьга маре ян цо суна дош деллийла суний, цунний бен кхин адамна ца хаьара, — ойлане ваххана, гlийлачу озехь хазийра цо суна. — Со тlом беш долчу эскаре схьавогlучу хьалхарчу дийнахь, сарахь, тхан юьртан юкъарчу шовданан коьртехь тхойша лаьтташ, бlаьргех оьхучу хищца делира суна цо и доккха дош... Ша йиц ца ялийта, шен дешан да ша хирг хиларх со тешо. Яхас суна кара делла ду хlара... — эхь хетарна, соьга башха схьа а ца хьожуш, шен аьрру куьйган пlелгах доллу дашо мухlар цкъа схьадоккхуш, юха дlадуллуш, ойланашка велира Турпалlела.

Цхьа хан яллалц вовшашка вист ца хуьлуш lийра тхойша. Малхбалехьа стигал серлайолуш лаьттара. Геннара схьахезира яккхийчу тоьпийн, миномегийн лелха хlоьъначш, юьйлу пулеметаш. Тхойшинна аьрру агlорхьа ах километр бен гена боцчу lомана дехьа юрт гора. Фашисташа цигахь дагочу цlеношна тlехула генна стигала хьалакхийдара йогучу цlеран можа мотт. Цигахь хаалора ваий яккхийчу тоьпийн лелхачу хlоьъначш нрхъоьхуьйту латта а, цlарца буьйлу lаьржа кlур а. Тхан

саьнгаршна тIехула хьоькхучу шийлачу бекъачу махо ло бух дохуш дIакхоьхьура... Сахуьлуш шело кхин а тIеIаьткъира.

— Сийсара ас стенан ойланаш йира хаьий хьуна? — меллаша схьа а воьрзуш, хаьттира Турпал-Iелас.

Яхин хьокъехь йина хир ю-кх...

— ХIаъ. Цунах а, кхидолчех а...

Салтийн мокхачу чоьин тIемаш голашна тIе а озийна, суна юххе охьахиира иза.

— Ойланаш йира, мостагIчунна тIехь толам а баьккхина, вай диичу махка дирзича дахар кхин а хаз муха дан дезарх, дIаяхаичу пачхьан заманах бухадисиичу Iаьржачу Iадатех халкъ цIандархьама дан дезачун... Амма иза дар дуьххьал дIа вайна тIехь ду, вайн чкъурана тIехь, накъост гвардин лейтенант! Вай и дийр а ду! — йоккхачу митингехь лозунгаш кхайккош санна, тIетаIийна элира цо и дешнаш.

Карара цхьа хIума дIакхуссуш санна, аьтту куьг чIогIа тIехьа а лестош, юха а чIагIдора цо:

— Дуьненахь ирсе даха новкъарло еш дерг, харцонаш, моттаргIанаш лелориг хIаллакдина дIадоккхур ду! Вай массо а керлачу кепара дехар ду! Тоьар ду ширачу Iадаташа вайн дай-наной Iазапехь бахкор.

Цхьана минотехь тийна-таьIна а Iийна, юха а долийра цо:

— Шен пицкъ маббу уггаре а тоьлашха дерг, къинхьегаман адамна дика болх хинболу гIуллакх дан деза стага...

Шеххьашха цкъа хабар саца а дина, тIакха гIийла велакъежира Турпал-Iела.

— Хlунда дуьйцу ас хьуна уьш дерриге а? Хьуна-хьайна а дика ма хаьий уьш... Дуьххьал дlа кхузахь кхетта со адамаш дерриге а ирс долуш хила дезарх. Суо цlа вахча, нагахь водахь, — аьлла, шийлла вела а луш, тодира цо ша аьлларг, — сайн ницкъ кхочург дерриге а дийр ду сайна гонахарчу массо а дикачу адамашна тамбархьама, церан дахар ирседархьама...

Тхан къамел чекх ца делира, нза хадийра кхаьчначу командованин приказо. Турпал-lела, сан саьнгара чуьра чехкка хьала а айвелла, букур а таьlна, ведда шен накъосташна тlе дlавахара.

Мох хьоькхура юьхьа дуьхьал, дегlан ерзанчу меженашна мехий lуьттуш санна а хоьтуьйтуш!

Тlелатар дlадолийра оха Датаза долу кlеда ло, пlелгана гоьжа санна, когарчу валенкашна тlелетара, волаваларна чlогlа новкъарло а еш. Когахь сетташ йоцчу салтийн валенкашца оцу лайлахула вахар, гlамарна тlехула воьдуш санна, хала дара. Салтийн куйнаш а, мекхаш а (тхан подразделенехь дуккха а бара, бурош санна, хьийзина даккхий мекхаш долу бlаьхой) кlац йиллина, до дилличи санна, кlайделла гора.

Тхан подразделенел хьалха мостагlчунна тlелеташ долчу тlеман кхечу дакъоша фашисташ юхатоьхнера. Тхо оцу дакъошна тlаьххье дlаоьхуш дара. Садаьржинера, амма тхо хlинца а мостагlчунна тlе ца кхаьчнера...

Делкъахан хуьллуш тхан подразделенн лекха доцчу даккъашна юккъехь lуьллучу

Челбин цIе йолчу цхьана йоккхачу юьрта кхечира. Цигахь фашисташ ца карийра тхуна. Шина сохьтехь садаIа бакъо луш приказ кхечира тхоьга командованера. Цуьнан сийна санна, мокхачу дохк-мархашна тIехьара йовхо ца луш гучубелира, гIум хьокхуш цIандина йоьза тас санна, къега можа малх. Сакъераделла салтий юьртахула баьржира. КIур айбелира подразделенин аренан кухнина тIехула.

ТIелатийна кхечу пачхьалкхан этикетка йолу консервин банка а яхьаш, ведда со волчу веара Турпал-Iела.

— ХIара хьуна еа ас, накъост гвардин лейтенант, — вела а луш, элира сакъераделла волчу Турпал-Iелас. — Цхьана цIа чохь карийра суна...

Амма американски консерваш яа таро ца хилира тхойшиннан. СадаIа пагIатдоплалс, юха а мостагIчуна дуьхьал тIелата приказ кхечира.

Разведко хаам беанера, хьалхарчу дукъа тIехьа дуккха а фашисташ гулбаларан хьокъехь. Тхан подразделенин гуолаца гIертара уьш.

Юьртах девлира тхо, чIогIа къамелаш а ца деш. Лайла охьадийшира, дIалевчкъира мостагI гучуваллалц...

—БогIуш бу, богIуш бу гитлеровцаш, — лаьржира салтий могIаршкахула.

Луьра тIом хилира цигахь. Хьаьттарна гонах човкарчий санна, кхаа а агIорхьара тхуна тIегIертара уьш. Мел лахара а кхузза тхол дукха бара фашисташ, хIетте а уьш юхатуьйхира тхан подразделенис. Пулеметийн, ав-

томатийн, тоьпийн йийларехь вовшашка олу дош хаза хала дара. ХIетте а, соьга къастаделира, дагахь а доцуш оцу минотехь суна юххе нисвеллачу Турпал-Iелас, моттадаларехь, сакъералуш а волуш, мохь тоьхна аьлла дешнаш:

— Хьажалахь дIо-о вогIучуьнга! Гой хьуна?

Цо Iалашо лецира. Топ елира, амма цуьнан тата эзарнаш кхечу татанашлахь, хи чу тесна тIулг санна, ца къаьсташ дайра. Амма суна гира, кхаъ баккха вогIуш санна, тхуна дуьхьал сов чехка ведда вогIу фашист, берталвужуш.

— ХIинца оцу вогIучуьнга хьажалахь... ДIаэца сан совгIат, кхайкхаза деана гитлеровски жIаьла!

Юха а цхьаъ Iункар хорша чу керчира.

Топ нийса тухуш вара сан доттагI. Цуьнан ничкарахочун тоьпана, Iалашо ца лоцуш, эрна байна хIоъ ца хаьара.

ТIом сихбелча вовшахкъаста дийзира тхойшиннан. Фашистийн атакаш юха а етташ, меллаша, амма сацамболлуш мостагIашна тIе хьалхатеIара тхан бIаьхой, цара оцу Iуьйранна тIом ца болош йитиначу церан саьнгаршкахьа. Тхан могIарш хаъал нилхделлора. Амма бисинарш майра летара. ЦIехьхьана аьтту агIорхьарачу флангехьара схьахезира дог ирахIоттош оьрсийн ура-а! Тхуна · Деникнов Хьамидан куьйгалличца догIу гIо хиллера иза.

Дукха хан ялале со тIекхечира воьжна Iуьллучу Турпал-Iелина. ЦIий дукха дIаэхарна юьхьа тIера бос байнера цуьнан. И Iуьллура гуонахарчу кIайчу лай тIехь цIийша яккхий

хьоькхнаш а йина. Хьалаайавала вуьйлира иза. Гlуллакх ца хилира. Цуьнан аьрру куьг цхьа вон хьаьрчина цунна шена кlел доллура.

— Чов йина хьуна, Турпал-Iела? — хаьттира ас, тlе а вирзина

— ХIумма а дацара иза-м, — халла са а доIуш, элира цо. — ХIинцца хьалаайалур ву со...

Амма иза хьала ца гlаттавелира. Цхьана гуна тlехьа юьстах а ваькккхина, сайна хуучу кепара, кисенца чов дlайихкира ас, цуьнан белша тlера оьху цIий сацорхьама

— Кхузахь Iиллалахь, — элира ас цуьнга дехаре. — Ас медйина Лиишка йоуьйту хьуна дуьззина лоьраллин гlо дан.

Сан дикачу балхе сатуьйсуш санна, цхьа къаьрззина гIийла схьахьаьжира дархо.

— Граната... — халла делира цуьнан багах. — Цхьаъ лой а...

Ас сайн граната елира цуьнга. Юххехь велла Iуьллучу кхечу салтичун юкъахара схьаяьккхина, кхин шиъ а елира.

ТIамехь хенан яхаран тидам бан хала ду: тIамна тийсалуш хан дуккха а яьлла хетало, ткъа тасадаларш чекх а девлла, сохьта тlе хьаьжча — дIаяьлла хан миноташкахь бен йоцуш карайо.

Мостагlчун рогlера атака тхаьш юхатоьхначул тIаьхьа, текхаш пахара со Турпал-Iела айса охьавиллина витанчу. Цигахь ца кароро чlогlа цецваькккхира.

Суна и карийра гуна диккха дехьа. ХIинца аркъал Iуьллура, меттах а ца хьовш, вистхила ницкъ а боцуш. Вийна моттаделира суна.

Гор а хIоьттина, цуьнан бете таьIира со. Цlехьана цуьнан бlаьрнегlарш меллаша хьа-

лаайалуш хааделира. Беллабелира бIаьргаш. Амма церан хьийсар тамашена лацаделла, шийла дара, суна ца гург шайна гуш хетадолуйтуш. Оцу сохьта кхетамчу веара Турпал-Iела. Суо цунна повзар хааделира суна.

— Похьах ма вохалахь, Турпал-Iела, — элира ас цуьнга, тхешан къамел тIаьххьара хиларх цуьрриг шек а воцуш. Аьрру агIор некха тIе хиллачу йоккхачу чевно шеко хила меттиг ца битинера. Схьахетарехь, дагана юххе кхеттера эккхаш йолу даьндарг. — Толур ву хьуна хьо...

— Со... воьхна вац, — халла бен ца хезаш, делира цуьнан багах. — Со лийтира оцу... жIаьлех... — элира цо, цхьана агIор цкъоцкъамаш а айдеш.

Шекваьлла со цо шен цкъоцкъамийн эшарца гойтучу агIорхьа хьаьжира. Ткъех метр генахь гIуьллуш дара фашистийн масех дакъа. Гранаташца дика болх бина хиллера Турпал-Iелас.

Маскировочни халат цуьнан юьхьа тIе таса вуьйлира со, амма цунна корта ласторца хамталла йира цо.

— Ца оьшу... Коьрта кIел йиллахьа... корта хьала а айбий... уьш гуш хилийта...

ТIаккха бIаьргаш дIакъовладелира, балдаша, цхьаъ-м ала гIерташ, шабарш дора. Масийттазза цо Яхин цIе йоккхуш хезира суна, тIаккха автоматан дискех цхьаъ ала гIертара. СадаIар тIаьхь-тIаьхьа тийсалуш, хар деш дара. Балдаш кIайлуш, мархаллуш доххура.

Сан дог Iийжара цунна оцу халчу минотехь дан доцчу гIоьнна. Сан бIаьргашна гуш бIенаш, эзарнаш адамаш хIаллакьхилла, амма

Турпал-Iелина еана Iожаллин чIа ша тайпа къиза, хала хетаза. Сан лерехь оцу минотехь а хезаш санна хетара, а отташ дерриге а цIе долуш хилавеза, бохуш цо оцу Iуьйранна а тоссуш ма-Iдина жеIнаш.

Сайгуш, цхьаберш хIиллакбинчу ножа-берш гIоьхна рена баьчий, гитлеровцашна дерг чекхделира. Тхеман тIеман Iьалхаря позиций ларйа гIирол а хIоттийна. Iаллакьхилла-чу лаьхостиш лакьий схьаIаттай дахара тхо тIом кийчу аравоха, дийна писинчара, царна дан дисина оцу, ша цIеначь бен доцу, иллакх — уьш вожараллин кошаIабохкар хIоттийна. Иза оха, бIаьрсачу тIиллаллехь церан гIийла шотлакхана цхьабосса гергара а тIехьа, кхочушдина — лаьттечIелира советан гIаймехкан сийлахрдеш хIаллакьхала нохчийн, оьрсийн, гIалгIайн, хIинцIийн майра Iенаш.

Уьш дIакха а хIиттина и вожараллин кешнашца. Аттачу новкъосталла ца хIоттира ваI толлуш дийше.

Тоьа, Яхис яздина кехат фикъате кхечира. Со баьхьа луьш хилла. Турпал-Iелига: тIаман некъашкахь галлашала кехат, да лоьхуш дукха а фронташкахь Iекхаьлла хIаллера. Амма схьа лаьхха хIоттира.

Дешархойн цIечх герачу хотIехь дерана хаза яздина. Дукхе а хIоттош, бохуш ма-къахь дукха лелорна хIоттийна, кхо-Iин волу и кехат Турпал-Iелин безамна. Ах-хадастаза на Iевеначу со. Яхис шIеннгатара яздина могIа-наш дIахIоттас. Турпал-Iелин безамна хьал-ха ас хIо дIахIиллахь лорура Яхех дерг хаа.

Мел ирс долуш лорур вара цо ша, нагахь цуьнан шен и могIанаш деша йиш йолуш хилча: «...хьол дукха везаш кIант сан вай а вац я хир а вац. Со хьо цIа варе хьожжур ю...

Толамца вогIийла хьо, сан хьоме Турпал-Iела...»

Амма Турпал-Iела и могIанаш деша ца кхиира... Даймахкехьа фашисташна дуьхьал турпал леташ хIаллакьхилира Турпал-Iела. Эрна тиллина ца хиллера виничу нанас цунна и цIе...

БРЕСТСКИ,ГІАП ЛАРЪЯРХО

Вай дийчу лаьтта тІе
Некъ баккха унна,
Гитлера болийна
Вайца тІом тахна.
Болатан Цісн Эскар
ТІетаьІна цунна. —
Дерриге дІалур вай
Даймехкан тІамна!

(І. Мамакаев)

Де-дийне мел дели, шо-шаре мел дели жим-жимма гена йолуш ю советски халкъой, цуьнан турпалчу Эскарой нехан мехкашдІалецархошна-гитлеровцашна тІехь Снйлахь-боккха толам баьккхина хан. Амма замано шен чабол мел чехка кхехьарх, советски халкъана цкъа а бицлур бац шен ирс а, сий а, Даймехкан бозуш цахилар а лардеш, эхьдайначу фашистски гІеранах леташ шайн къуона дахар дІаделла башха кІентий.

Советски махкарчу массо а вежараллин халкъашца цхьаьна Снйлахь-боккхачу Даймехкан тІамехь жигара дакъалаьцна нохчгІалгІайн халкъо а. Вайн хІор доьзалехь цкъа а йиц ца луш ехар ю Даймохк ларбеш турпалалла гайтинчу башхачу кІентийн Нурадилов

Ханпашин, Магомед-Мирзоев Хаважин, Мазаев Маташан, Заболотный Иванан, Виситаев Сайд-Iалин, Талаев Лом-Iелин цIераш. Дайм охк мостагIех бозуш цахиларрий, халкъан сий лардаррий адамийн дегнашкахь мел кхехка вайн прогрессивин халкъаша оцу майрачу кIентийн деш долу сий лагIлур дац цкъа а. Цунна тоьшалла до вайн денойн бакъдолчара: яздархоша оцу турпалхойх лаьцна лийр йоцу произведенеш язйо, церан цIераш техкина заводашна, колхозашна, яртийн, гIаланийн урамашна. ТIеман кънзчу кхиэло хIаллакбина, физически уьш вайна юкъара дIабаьхнехь а, вайх хIоранна дахарехь некъ буьйцу седа хилла беха уьш.

ТIам тIехь турпала хьуьнар а, йоккха къуонахалла а гайтина, хIинца вайн халкъан машаречу балха тIехь, тIамехь санна, даккхий хьуьнарш гойтуш дуккха а бIаьнаш нах бу. Нштачех бу накъостий Висаитов Мовлад, Висаитов Сакка, Абаднев Японец, Куразов Хьамид, Межидов Дуки, Денилов Хьамид, Индербнев Мохьмад, Крутов Иван, Исманлов Iабдул-ВахIаб, Махмудов Элана къа, Закриев Шамсуддин, Дугаев Хьумид, Баркинхоев Ахьмад, дуккха а кхиберш. Вайн халкъо доккха сий а, пусар а до оцу шен тоьллачу кIентийн.

Амма цуьнца ала деза кхин цхьаъ а. Шайх лаьцна литературан произведенеш тIехь йохуш цIераш а йоцуш, я раднохула лоькхуш эшарш а йоцуш, амма Даймохк ларбеш фашистех цIоькъа лоьмаш санна, майра леташ хIаллакьхилла нохч-гIалгIайн дуккха а бIаьхой бу. Дагна бохам ца хуьлуш ала а ца ло, хIинц-

цалц схьа оцу тоьллачу кIентийн бIаьхаллин некъаш, турпалаллин гIуллакхаш кIезиг хастор, къаьсттана чIогIа — церан цхьаболчинн цIераш халкъана евзуш цахилар. Иза чIогIа ойшуш ду вайнехан историна, хIунда аьлча, хууш ма-дарра, советски пачхьалкхан мостагIчо Бериас а, паьIалт хиллачу цуьнан боьхачу тобано а — «нохч-гIалгIайн халкъо Даймехкан тIамехь дакъа а ца лецира, иза Советски Iедалла ямарт а хилира» – бохуш даьккхина харц эладита ехкачу хенахь халкъашлахь даржинна хиларна. Историна мехала долчу, ваннаха Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь жигара дакъалацар даржо уггар хьалха декхарийлахь оу яздархо, журналисташ, историн, литературан, меттан, экономикан Iилманца таллам бараи нохч-гIалгIайн институтан белхахо. Вешан къоман истори бакъдолчаьрца гIелозархьама, цуьнан агIонашна тIехь хьаха ца веш хьакъволу цхьа а бIаьхо ца висинтархьама, Даймехкан тIеман оцу халачу хенахь вайн халкъо бина турпала некъ вешан тIаьхьенна гуш висинтархьама, шадерг дан деза, вешан пицкъаш а, хаарш а, хьуьнарш а ца кхоош.

Хууш ду Брестски тIеман гIан ларъечохь дуккха а ваннах хилла хилар. Ленинград а, Москва а ларъечохь кхин а дукха хилла. Амма уьш берриш карор, царех дерг кIорггера галлар – хIинца а тоаме дац. Вайн халкъана бовза беза, Советски Союзерачу кхидолчу халкъашна шайнаш санна, вайн мехкан сий лардеш хIаллакьхилла шен тешаме кIентий, церан цIераш хаа еза вайн къуоначу тIаьхьенна.

Оцу тIехь тидам тIе ца бохуьйтуш дита мегар дац цхьа а бакъдерг.

Суна лаьа нохч-гIалгIайн халкъана хIинццалц схьа вевзина воцчу, амма Даймехкан сий лардеш хIаллакьхиллачу цуьнан башхачу цхьана кIантах лаьцна сайна хиънарг дийца.

Москох доьшуш айса йоккхучу хенах буьзйина пайдаэцархьама СССР-н паччахьалкхан В. И. Ленинан цIарахчу публичин библиотекехь а, СССР-н оборонан Министерствон Подольск гIаларчу тIеман архивехь а — вайн халкъан исторех лаьцна а, Снйлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалаьцначу вайнехан бIаьхаллин дакъойн, подразделенийн тIемалонх лаьцна а долчу документашна тIехь дикка белхаш бина ас. 1961-чу шеран январь баттахь Подольскерчу архивехь болх беш дIадахара сан цхьа де. Суна хьалхарчу стоьла тIехь болх беш яра юккъерачу дегIахь жима зуда. Сарахь библиотека дIакъовлуш тхо деррин арадевлира. ХIора а шен-шен новкъа вирзира. Чехкка вокзале веана, электричка тIехь Москох ван билет а эцна, перрона тIе ваьлча, суна юххе шиъ хIусъелира оцу дийнахь сарралц библиотекехь архивин документашна тIехь болх бина жима зуда.

— Юха а цхьаьнакхийтин-кх вай, — аьлла, соьга а хьожуш, жимма елаяларе юьхьа тIехь екха а луш, электричкин вагона чу яхара иза.

— Цхьаьнгй дIадаха вайна сингаттаме хир дац, хIинца вовшашна девзаш, гергара хилла адамаш санна ма дуй вай, — аьлла, зудчунна жоп а луш, цунна тIаьххье со а велира чоьхьа.

Цул тIаьхьа тхан хиллачу къамелашкахь

со нохчийн журналист вуйла хиъча, сан некъахочо, ша а йовзийтина, чIогIа бехк баьккхира сох.

— Брестски тIеман гIопан Музейн йоккхахайолу Iилманан белхахо ю со, — дIадолийра шен къамел Татьяна Михайловнас. Дуьненан массо а маьIехула чекхдаьлла Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь Брестски гIап ларъеш советски турпалчу гарнизоно гайтинчу майраллин хьокъехь бакъдерг. Раскопкаш ешш, лаьтта бухара хьаладохучу документаша гойту турпала эгначу оцу башхачу адамашца: оьрсашцнй, украинцашцнй, гуьржашцнй, казахашцнй, гIезалошцнй цхьаьна мостагIчух майра леташ шортта нохчий, гIалгIай хIаллакьхилла хилар. Массо а къоман векалш хилла тхан Музейхь, — дуьйцура кхин дIа а Ходиевас, — амма Нохч-ГIалгIайчуьра цхьа а журналист ца веана. Кхузахь кхеташ ду Брестски тIеман гIап ларъеш хIаллакьхиллачу бIаьхоно дахарх дерг зер, оцу турпалчу историн Iилтанца таллам бар шен дахаран коьрта Iалашо лоруш йолчу Iилманан белхахочунна вайн журналисташ, яздархой, интеллигенцин кхиболу векалш оцу гIуллакхе тIаламазалле хьинсар хаъал новкъа хетар.

Ша дуьйцучо со карзахваккхар хааделира Татьяна Михайловнина. Сан дехарна жоп луш, цо дийцира:

«Вайн Даймаххана фашисташ ямартлонца тIелеттачу 1941-чу шеран июнь беттан 22-чу дийнахь Iуьйранна иисса 4 сахьаттий 15 минотгий яьлча, дуьххьарлера бIеннаш авиабомбанаш, минаш, якккхийчу тоьпийн хIоьънаш Брест гIалин тIеман гIопана туьйхира фашис-

Iаша ТIеман оцу дуьххьарлерачу миноташкахь Брест гIап ларъярхоша дIадолийра мостагIашца турпала къийсам латтор. Брестана гонахара вайн эскарш дикка юхадаьхнера мостагIаша, амма Брест ларъярхой къийса, тола, я, бакъонехьа къуьйсуш хIаллакьхила шайн бIаьхаллин позицешкахь севццера. КIиранднйнахь, 22-чу июнан Iуьйранна 9 сахьт долуш, фашисташа буьззина гуолаьцнера Брест-гIалин тIеман гIопана. Фашисташна моьттура и гIап а, цуьнан гарнизон а шаьш цхьана дийнахь-бусий хьаьшна, ягийна, лаьттах нэйина дIайоккхур ю. Амма советски турпала бIаьхой инсса баттахь лийтира гитлеровцех. Ца соццуш шина дийнахь-бусий мостагIчун кеманаший, яккхийчу тоьпаший, мортираший бIаьрг белла ца вуьтуш тIе тIом бечу хенахь царна йоккхачу майраллица дуьхьало йира 23 бIаьхочух лаьтташ йолчу жимчу отрядо. Коммунисташа советски эпсарша И. Г. Зимний, П. П. Селезневсснй, старшинас И. Ф. Рахний шена тIехь куьйгалла деш хилла и отряд мостагIчунна йийсар хилла кара ца йоьдуш, турпала леташ, Даймахкана хьалха шен сийлахь декхар дуьззина кхочушдеш хIаллакьхилира.

«Граф Берг» цIе йолчу чIагIонехь ншгта турпалалле хIаллакьхиллачу кхечу 26 бIаьхочун цIераш хIинца а хууш яц. Кобрински чIагIонехь Iаламат майра леттачу турпалхошна тIехь куьйгалла деш хиллачу гIезалочунна майорана П. М. Гавриловна Советски Союзан Турпалхочун цIе тиллина. Иза хIинца Краснодарехь вехаш а, болх беш а ву.

1941-чу шарахь июнь беттан 30-чу дийнахь фашистски яккхийчу отрядаша генеральни

штурм ишра советски бIаьхоша тIаьххьарчу чIагIонна. Брест гIалин тIеман гIопан оборонан штаб оцу дийнахь юьйжира Амма оцу гIопан лаьтта бухарчу подвалаш чохь а, доташкахь а, дзоташкахь а хьулделлачу советски адамаша 1941-чу шеран июль беттан 20-чу дийне кхаччалц тIемаш бина. БIаьхой лахбеллера. Баа кхача а, мала хи а дацара... Сов жимлуш хилла тIеман гIирсаш а. Амма ечура дуьхьало ца сацош, мостагIчуьнан кара ца боьлхуш тIаьххьарчу салтичунна тIе хIотталц леташ хIаллакьхилла советски салтий. Царна юккъехь иохчий, гIалгIай а хилла...» — бохуш, дуьйцура суна Ходцевас.

КIорггерачу ойланашца лаьттан бIаьра яхана Iачу цуьнга хьаьжча цIехххьана цхьа йоккха куралла хIоьттира сан даг чу: «Сан хьоме иохч-гIалгIайн халкъ! Брест-тIеман гIап ишарe йоккхачу турпалаллица ларйинчу майрачу гарнизонехь хьан тешаме кIентий а хилла! Хьакъ мадду дозалла делахь, цкъа а ца дужу долу чурт хIоттаделахь оцу хьайи башхачу кIентийн сирлачу безамна!»

— Ишттачу адамех дерг тидаме ца эццал хьал долуш ю техьа шун халкъан истори? — ойланаш ечура юкъах а йолуш, деган Iаткъамца хаьттира соьга Татьяна Михайловнас юха а.

— Халкъан пархIатонехьа латтийначу турпалчу кIийсамах юьззина ю тхан жимчу халкъан йоккха истори, — элира ас цуьнга дозалле.—Советски Союзан Сийлахь-боккхачу тIеман истори юкъахь дашо агIонаш яйина Брестски тIеман гIап ларйинчу бIаьхошца тхайн

къоман векалш хиллийла хиъча — цунах ян куралла йоцуш дац тхо. Вуьшта...

— Бехказа дуьтийла яц шу оцу ледарлонах-м, — элира цо, суна ала дагадеанарг хиъча санна. — Ишта даккхийчу бакъдолчаьрца тIеюза аша шайн къоман истори.

Москох а кхаьчна, тхо дIасакъаьсташ, ас Ходцевага дийхира Бресте дIаяхча, Музейхь, архиван документашлахь нохчой, гIалгIай хьахош долчех сайга яздар.

Кехатца хаам бан цо йиллина хан тIехъяьлча, ас кехат дахьийтира Татьяна Михайловне, цуо дан тIелаьцначух. ТIаьххьара а, 1961-чу шеран январь беттан 18-чу дийнахь ас шега чIогIа сатийсина кехат кхечира соьга. Ходцевас яздора:

«...Дукха хан йоцуш Брест гIалин тIеман гIопан цхьа чIагIо лаьттина меттиг аьхкина, музейн белхалошна лаьтта бухахь карийра цIаро ах сов дагийначу кехатийн дийнна цхьа цIов. Кехатийн ягазчу йистошна тIехь яздина хилларг, заманан йохаллехь лаьтта кIел матардоьлла а, маждолла а хиларна, бIаьрге къасталуш дацара. Дархочун чов санна, лардеш, цхьана хенахь мехала документаш хилла и Iаьржа чимаш кег ца деш лерина схьа а лахьийна, Iилманца-таллам баран РСФСР-н МВД-н институтан оцу балха тIехь даккхий зеделларг долчу криминалисташна накъосташна В. Д. Зуевий, А. И. Красавинний тIе Москох даьхьира Советски Эскаран Центральни Музейн Iилманан-экспозиционни отделан начальника подполковника накъ Красновс. Криминалисташна хьалха хIоттийна декхар аттачех дацара: шайн берриг ницкъ а, хаарш а,

зеделларг а вовшахтоьхна, дерриге а бохург санна, даьгна чим хилла турпалхойн документашна тIехь яздина хилларш меттахIиттор.

Вуьшта иза муха далур ду? Я далур а дуй техьа? Оцу кхардоьллачу чимийн багара яхалур юй техьа Даймахкехьа къуьйсуш фашистийн ардангах майра леташ хIаллакьхиллачу советски турпалхойн цIераш? Москох, лаккхахь вай цIе яьккхинчу институтехь, оцу халчу гIуллакхана талламаш бар светфильтран аппаратан гIоьнца сурташ а дохуш, даьгначу кехатийн чимаш тIехь цхьанна тIаьхьа важа а хIоттош элпаш, терахьаш юхаметтахIитто долийра Iилманан белхалоша Виктор Дмитриевич Зуевс, Александр Ильич Красавиний. Ата а белла охьа Iанарна кхерам хиларна куьг дIаIоттан а аьрха долчу оцу экамчу чимашна тIехь цкъа цхьана хенахь яздина хилларг юхаметтахIоттош светофильтран буьззина пицкъ ца кхаьчча, Iилманан оцу къар ца лучу белхалоша гIоьнна орцах ехира инфракрасни зIаьнарш кхуллуш йолу аппаратураш. Жим-жимма хIиттош, чимашлахь Iохку йозанаш юхаметтахIиттийра. Кийра богий дIаболу мостагIчух майра леташ хIаллакьхиллачу турпалхошна шайн дахаран тIаьххьарчу миноташкахь дагахьдаьхкинарш дешча...

ХIан-хIа, кхерабаларан зирх ца хилла турпалхойн дегнашца! Коммунистически партис кхиийна советски адамаш шаьш хиларе терра, шайн дегнаш детталуш мел ду, бIаьргаш дуьнене мел хуьйсу, догIмашкахь йовхо мел ю мостагIех майра лета, нагахь эцаза ца ялахь, Iожалла стогаллица тIеэца кийчачу

оцу турпалхойн дагахь мехкан паргIатой, халкъан прс, гитлеровцашка шайн цIераш, кехаташ ца хьешийтар хилла. МостагIийн ницкъо шаьш гатте хьовзийча, цара дагийна шайн партийний, комсомольский билеташ, красноармейски книжкаш; партийний, комсомольский собранийн протоколаш, членски взносийн ведомосташ Ткъа муьлхачу хьолехь долуш кхаьчнера и «документаш» криминалистийн Зуевний, Красавинанний кара! Цхьадолчарна тIехь — комсомольски билетан номер бен ца йисна ягаза, фамилеш, цIераш гуш яц, вукхарна тIехь — комсомольски я партийни билетийн номерш ах бен ца къаьста, ткъа кхозлагIчунна тIехь — хIаллакьхиллачун фамилий, цIей, ден цIей язйинна хиллачохь масех элп бен вовшахтаса хIума дац. Амма тIемэн цIаро дагийначу кехатийн оцу чимашна тIехь яздина хилларш меттахIитто криминалистикан институтан Iилманан белхалошна гIо дира физикан, химин, биологин, кхин долчуй советски Iилманийн уггар керлачу кхиамаша. Цу документашлахь карийна Брест гIап ларъеш фашистски гIеранех турпала леташ «хIаллакьхиллачу комсомольцах — шун лаьттахочух хIара поза:

«Учетни карточка № 5781495.
Фамилия — Эдильханов.
ЦIе — Даша.
Ден цIе — язйинна яц.
Вина шо — 1920.
Къам — нохчо.
Схьаваьлла — къечу ахархойх.
Беш болу болх — гIаролхо (вахтер).

Поза-дешар хаар — йоза-дешар кIезиг хууш ву.

Комсомолан членашка эцна — 1939 шеран июнехь.

Юьхьанцара организаци — Вахтерски охрана (тIадамаш тоьхначохь хилла дош метта ца хIоттаделла).

Карточка хIоттийна — ... обекски РК ВЛКСМ . . . . . Нигушски АССР.

Куьг таIийна — Эдильханов (ишшта къаьсташ).

Карточка хIоттийна — ... 1939 шеран июнехь».

Накъосталлин маршаллица Т. Ходиева».

Яздина хилларг ца къастаделла дехкинчу оцу тIадамийн метта хила деза дешнаш каруо хала дац:

..«обекски РК ВЛКСМ» бохург — Малгобекски РК ВЛКСМ», — ду, ткъа — Нигушски АССР» дешнашна хьалхарчу тIадамийн метта «Чечено» дош хилла.

Миччахьа делахь а, вайн республикехь цхьанхьа дехаш хир ду турналхочун да-нана а, йиша-ваша а. Цхьана хенахь «Шуи кIант тIепаза вайна», — аьлла, тIеман командование-гара деанчу кехатан къаьхьачу дешнаша церан ойланашкахь хIиттийна хилла хир ду хийла шеконан хеттарш. Амма оцу хеттаршна бакъонца жоп делла Брест гIаларчу тIеман гIопан лаьтта бухахь хIаллакьхиллачу турпалхочун комсомольски учетни карточкин таьржачу чимо. Ткъа оцу чиме а хьаьжна, дика ойла йиччa, вайна хаа хала дац — цуьнан да Ленински комсомолан член, похчийн халкъан тешаме воI Эдильханов Даша Советски Даймохк бозуш ца

хиларехьа, вайн хьомсарчу халкъан сийлалле-хьа турпала къуьйсуш Брест тIеман гIап ларъ-еш хIаллакьхилла хилар. Цо бакъо ло вай-на, советски халкъана бицлур боцчу оьздачу кIентийн спискина кхин цхьаъ тIекхетта хилар чIагIда.

Сийлахьчу Даймахкана а, советски халкъа-на а тешамечу кIентех буьзпна бу вайн мохк. Ирс долуш, пагIат деха вай хIинца. Амма вайн ирсехьа къуьйсуш, къонахаллица хIал-лакьхиллачийн цIераш вайн хьомечу халкъан истори тIе дашочу элпашца, цкъа а дIа ца новрриг, дIаязйина хила еза. Вайн дегнаша а, нэхьуо а, гиллакхуо а лоьху иза.

Пусть скажет это
твой любовь

БЕНАРА ИВАН

— Тайп-тайпана дара тхан разведгруппера адамаш, — дIадолийра Истапаев Баас шен къамел. — Къомаллица а, амалшца а, шешан догIмашкарчу ницкъашца а. Хьекъална тхолахь уггаре ира а, дечу гIуллакха тIехь каде а, лаккхара культура йолуш а стаг вара Рамзан. Нохчо вара и. ТIом дIаболабалале цхьана институтехь математика хьоьхуш хиллера иза. Стеннах лаьцна а дан къамел хуьлура цуьнан. Ораторан дикачу говзаллица, историко санна, дуьйцура цо генна хьалха дIаяханчу заманашкахь хиллачу гIуллаккхех, массеран тидам шена тIе а берзош. Дуьйцура Александр Македонскех лаьцна, Тамерланан походех, Невский Александра немцойн рыцарш хIаллакбарх, Петр I-чо оьрсийн пачхьалкхе айарх. ЧIогIа шовкъе дуьйцура оьрсийн хьалхарчу революцех а, Октябрьски революцин толаман маьIнех а. Ткъа хIинцалерачу халкъаюкъарчу хьолах-м цунна ца хууш хIума дацара, массо а махкахь долу политически а, экономически а хьелаш дика хаьара: хIора пачхьалкхехь шен цхьацца векал волуш санна. Вуьшта, полкан гIуллакхаш талла кест-кеста оьхучу хьакамаша Рамзане ца хоттура Тамерлана бинчу тIемех, я Боливехь болчу пачхьалкхан дIахIот-

тамах лаьцна. Гуттара а бохург санна, цара голлура: цIена юй техьа салтийн эткаш, чухула тегна кIайчу кисин кач буй техьа логехь, коьртарчу куйна тIехь седа нийса лаьттий, герзаш цIена дуй, юург чомехь кечйой... Оцу хьаькамашна цундела гучу ца йолура хабарна тIера воцчу Лалаеви хаарийн кIорге. Амма полк дIахIоттийча цуьнан аьтту агIор хIуттуш верг-м вара оцу минотехь шена тIе хьаькамийн тидам боьдуш Иза гIеххьа бIаьрзечунна а гур волуш вара!

Адамаш дерриге а цхьатера ца кхуллу Iаламо. Шена кIордорна кхоьру хир ду и цхьатерра адамаш дан. Шен таронаш, шен пицкъаш таллархьама санна, цо цкъацкъа кхечарех тера доцу адамаш кхуллу. Иштта цхьаннех а тера боцуш кхоьллинчех вара ламанан Пожин-Юьртан районера, со гIалат ца ваьллехь, Бенара схьаваьлла Магомадов Ваха, гуттара а полкан аьтту агIорчу фланге хIуттуш хилла волу.

Ойланехь цуьнан сурт хIотто хьовсийша шаьш а: оцу могIарчу салтечун локхалла нисса шин метр яра, пхьаьрсаш итт шо кхаьчначу ножан санна, оцдий, нуьцкъала... Цуьнан некхан ваз — цхьаьний чу тесна кхо уьстагI кхехко мега долу, дIаяханчу заманахь вайн лендайша лелийнчу цIестачу яйи бухах тера дара.

Полкехь шин хIума дара массара а тамаша беш: чIогIа йиттинчу бомбанаша моторан нисса ах коьчалш йохийна дIаяьхнашехь, гIуллакх ден киралело машенний, Гулливер санна, лекха салти Магомадов Вахий.

Полке керла салтий балийча, цаьрга уггар

хьалха къайллах хеттарш дора: «Мотор а йоцуш болх беш автомобил гиний шуна? Ткъа хударх юьззина аренан кухни, чемхалг санна, атта хьалаайеш стаг? Ца гина? ХIинца вайн полкехь-м гур ду шуна дуккха а тамашена хIуманаш!»

Хьалхарниг-м жимма тIедетташ дуьйцура цара: нисса ах йохийна елахь а, полуторкин-м мотор яра. Амма Вахас шин бIе килограмм гергга еза кухни хьалаойбу бохург цIена бакъ дара!

Керла балийначу салташа сиха йийцйора тIамо зарзIина автомобиль, ткъа Вахех чIогIа цецбуьйлура — цуьнан шуьйрачу белшех, ондачу некхах, нуьцкъалчу пхьаьрсех. Полке баьхкина масех де даьлча а, и вийцар беш хIума ца хуьлура керлачу салтийн.

Вахин амал, ма-дарра аьлча, тIеман стегачух тера йоцуш, чIогIа кIеда-мерза, накъосташа ма-аллара, машаречу стеган амал яра. Цкъа а оьгIаз ца воьдура, дар-дацар хилларчохь барамал тIехваьлла сихалла яцара цуьнца. Болар меллаша дара. Хабарна сутара нацара. Цуьнан тийна-таьIна хилар полкан кхечу подразделенешкахь а дуьйцура. ТIекIел пхи дош дара цуьнан хабаран барам. Пхи дош — уггаре а деха хабар дара цуьнан. Цул тIех валар совнаха лорура.

Масала, шега цхьаъ дуьйцуш накъост нисвелча, оьгIаз ца воьдуш, ладугIура цо пхеа минотехь, итт минотехь, тIаккха цIеххьана хоттура:

— ХIун элира ахь?

Нагахь Вахига уггаре а атта хаттар дича, цунна жоп лоьхуш вехха Iара и. Шеца къамел

дечунна тlехула а хьоьжуш, бlаьрган негlарш хабадой, ойла а йой — я хаттаран хорманехь я дийцинчунна тlетаран битамехь — шена бакъахьа хеттачу кепара жоьпана дош олура цо:

— Хlаъ.

Хlун дийр ду тlаккха — хабарна ишtта тlера воцуш вара-кх иза!..

Оцу Магомадов Вахица цхьа синкъераме гlуллакх иноделира вайн эскарша Сталинградехь фашисташ гуолальцна «гали чу» боьхкинчу муьрехь. Хlетахь оха тамаша беш хlума дара Вахина кхин цlе тиллар. Н муха, хlун цlе яра хаьий шуна? Нван яра-кх!..

Шаьшна лаахь теша, ца лаахь ма теша — дуьххьал дlа и цхьа гlуллакх тlеинделлачу меттехь велира Ваха кьамелехь шен барамал тlех — цасоццуш тlекlел дейтта дош делира хlетахь цуьнан багах!..

Ишtта хилира и. Эзар иссе бlе шовзткъе кхоалгlачу шеран юьххьехь полкан разведчикийн группа мостагlчун тыле яхара. Мостагlчун «мотт» оьшура командованнна. Оцу группана юкъахь пхиъ разведчик вара: немцойн мотт дика хуу Лалаев Рамзанний, майра разведчик-гlалгlа Баркинхоев Ахьмаддий, Слепцовски станицера гlалгlазакхи Корсаков Моисей, Вахий, сой.

Хlайт-аьлла хиларехь хlумма а хьалхе яьккхина вацара Ваха. Амма разведке вахийтора и баккхий а беш: чанехь санна, бара цуьнгахь ницкъ, цо кlеззиг дицдалийтора шен дукха партал хилар.

Гуттара а санна, группа разведке яха новкъаелира буса. Шаьш дехьиачу бlаьхал-

лин гIуллакхан аьгто баларе хьуьйсуш, оцу тIемалоша сахиллалц чIогIа къахьийгира, яртийн, кIотарийн йистошкахь мецачу барзо ижуна санна, цхьа корта хьаьвзина тентиквальла фриц муьлххачу а цхьана уьйтIара кетIа эккхаре сатуьйсуш.

ХIан-хIа, дерриге а гIуллакхаш ца хуьлу, хьуна ма-лаьара, кхочуш. Фрицаш ара а ца буьйлуш, йовхачу хIусамашна чулеттера, шелехь латта цхьа патрулашший, хехой битина.

ХIун дан дезара? Тхан группан куьйгалхочо Лалаев Рамзана кхин дан хIума а ца хилла, мостагIчуьнца дарехь тIом боло сацийра, тасадаларш сихделлачу минотехь боьхна кинболчу фрицашна юкъара «мотт» лацархьама.

Оцу тIамехь тхешан разведгруппо гайтина хьуьнарш ас дуьйцур дац. Оцу тасадалархдинца а башха цул хьалха разведчикаша ца дина я дан ницкъ ца кхаьчна хIума дац. Иза хьеха а ца дан мегар дара, нагахь цу тIамехь дакъалоцуш Магомадов Ваха ца хиллихьара. Амма, и цигахь дан ма дара, оларна сихлуш доцу тхан цIоькъа лом! Оно дерриг хуьйций кхечу кепе дерзадой дIахIоттадора.

Фрицашна казарма йиччу школан корашкахула чу гранаташ лаьххира тхан разведчикаша. Хьан хIун до хаалур доцуш, шина а агIоно вовшашна герзашца ечу кхийсарийн йоккха гIовгIа гIаьттира школана гуонах. Кхерабелла, маьхьарин хьоькхучу фашисташа ерриг юрт самаяьккхира.

— Партизанен!!! Партизанен!!! — гайш этIча санна, маьхьарин хьоькхура гитлеровски кIиллоша.

МостагIий боьхна хьийзаш хиларх пайда а

оьцуш. Вахий, Моисей, школан керта а иккхина, хьаьвззина, тхов тIе тоьхна фашистийн байракх йолчу комендатуре кхечира.

Уггар хьалха Вахас тхов тIера байракх схьа а яьккхина, саттийна цуьнан гIаж, сирпикал башха ца хеташ, кагйира. ТIаккха фашистийн байракх эгIийна вовшахъяьккхира. Цул тIаьхьа цхьа секунд яьлча, Iаламо шена белла берриге а пицкъ вовшахтоьхна, болх бан волавелира иза: кхуо цкъа тоьхна мийра тоьира комендатуран йоккха неI кегъелла дIаяла; хьалхарчу цIа чохь Вахий бIаьрг кхийтира фашисташа юьртарчу советски адамашна пицкъаш бен приказаш шена тIехь яздечу машинкех — лаьттах тоьхна, дамар-дарц яьккхира; шолгIачу цIа чохь лаьтта болатан сейф, катоьхна схьа а эцна, гаьнгали санна, корах араластийра...

КхоалгIачу чохь дIалевчкьинера фашисташ. Цхьаммо топ ялийтира, Вахина тIе а ерзийна, амма ца кхийтира кхунна. Вукхо дIатеттира Ваха, амма, мокхазан бердал башха, хIара меттах ца хьавелира.

Амма, чухула, варзапаш санна, даккхий, деза буйнаш лестош каде хьийзара партал Ваха. II буйнаш совцо гIоьртинарг цу минотехь вужура...

Ваха тIаьххьара мостагI уппада воккхуш воллуш чуккхира Моисей:

— Ма велахь иза!

Шен карара ах велла фашист охьа а тесна, кIорггера са а доIуш, сецира иза. ГIуллакхаш мел сиха хиллехь а, жимма чохь а сецна, Вахега масех дош алаза ара ца велира Моисей:

— ВархI са даькхи ахь! ЭхI, ма пицкъ

боллу, кунак, хьан дегIехь! Кхаанна догIу дакъа ахь цхьаммо дIалеци!

Гуттара а санна, вист ца хуьлуш латтара Ваха.

Кхетамчуьраваьлла цIенкъахь Iуьллу фашист схьаэцна, вон лелла жима бер санна, тIома кIел а воьллина, неIарехьа волавелира Ваха.

ЮхадогIуш, юьртал арахь шаьш цхьаьнакхетча, Моисейн букъа тIе куьг а тоьхна, ондачу озаца хаьттира Магомадовс:

— ХIун элира ахь?

Белш белшах а тоьхна, кхойтта шарахь нохчашца цхьаьна ваьхнера Моисей. Вахас дийчу хаттарх кхийтира и, амма жоп луш хабар ца долийра.

—ХIумма а ца элира ас-м, — цIенчу нохчийн маттахь вистхилира иза.

ТIаккха шен рогIехь Вахин белша тIе куьг а тухуш, дIадахдира:

— ХIумма а дац, кунак. Дерриге а дика догIу. Вуьшта, вайн хьешан мотт сацарна-м кхоьру со, — лаьттахь Iуьллучу немцочуьнга хьаьжира.

Фриц тIаьххьара а кхетамчу веара. Гал а вуьйлуш, когаш тIе прахIоьттира. Бос байнера цуьнан юьхьа тIера, шарахь малхехь Iиллийчу кехата тIера санна. Амма шен боьхачу ойланах цIан ца лора фашистан кийра. Советски салтечуьнга болу цабезам хьул ца белира. Шен къамкъаргехь долу хьал хиъна даьлча, Вахига а хьаьжна, хар а деш, шина дашца вистхилира и фриц:

— Руссише швейн!

ПаргIат цуьнга хьоьжуш Iара Ваха, амма

немцойн мотт хаьаие а ца хаарна, цо аьллачух ца кхийтира. Цхьа а меже меттах ца яькхира Вахас, юьхьа тIера бос хийца ца белира.

— ХIун боху цо, накъост замполит, — оьгIазе воцуш, хаьттира Вахас Лаласвга. Ткъа цо, пайда боцу хIума деш, дIадерзийра иза.

— Дийцахьа баккъалла а! — чIогIа тIевирзира и Рамзанна.

— Хьо оьрсийн хьакха ю боху цо, — фрицан дешнаш гочдаза ца велира разведчикийн куьйгалхо.

— Хьакха? — хаьттира Вахас, юьхьа тIехь кIай а луш.

Кхин хьем ца хуьлуьйтуш, разведчикаш юкъалелха кхиале, катоьхна ши куьг лаьцна, дукха буьрса шена тIе а озийна, хIаваэ хьалаайвира цо фашист.

Эццахь, оьгIазвахханчохь, бохийра цо шен къамелан барам, хьалхенгахь ца аьлла дейтта дош а аьлла цхьаьнгй!

— Со хьакха ю?! — чов хилла лом санна, Iехара и, шен куьйгийн ницкъаца фриц хIаваэхь, бехчалг санна, хьекха а веш. — Хьо ю кх хьакха! Хьан да ю хьакха! Хьап вархIа а да валла хьакхица!

Разведчикаша цхьабосса маьхьарий туьйхира:

— Хьер ма вала, Ваха. Ма дукъделахь цуьнан са, фуьйр ахь иза!

— Са дисанний техьа цуьнан боьхачу чорха чохь? — эккхийтира Моисейс, вас хиллачу ойланехь.

— Легаш Iаьвдина, хорам а бина, ас оцу ахка кхуссур ду и жIаьла! — мохь беттара со-

бар кхачийначу Вахас, юххехь болчу берла тІе пІелг а хьежош.

— Кхосса, — спитеме элира Лалаевс. — Вуьшта, полкан штабан начальнике вай «мотт» ца балоран бахьана айхьа дуьйцур-кх ахь...

Ваха жимма вухавелира. Фашистан мотт сецнера. ХІума хезаш а, я хезначух кхеташ а бацара цуьнан декъаза корта.

Полке дІакхочуш, хІумма а синкхегамехь вацара фашист. Корта болх беш бацара. Вахас, оьгІазвахана, цуьнан пхьаьрсаш Іуьйдучу хенахь кхеравелла еххачу хаина Іадийнера иза. Дерриге а дегІа тІехь сийна хьоькхнаш а, массанхьа а, хаалуш, куьйгийн пІелгийн ларш а яра. Полкан саниструкторе кхайкха дийзира. Дийнначу сохьтехь къахьийгира цо фашист жимма доьналле вало гІерташ. Кхетамчу валийра...

Схьакхечира талмаж. Немцочуьнга а хьаьжна, бІаьргаш дикка ваьшта а далийна, цабезаме элира цо:

— Ах велча санна ма ву хІара, верриг малвелла...

Кестта дІадолийра и левар. Бакъду, хьалхара дешнаш талмажа ца олуш, йийсархочо элира. Хар дечу озаца стака хий, сигареттий йийхира цо. ТІаккха йийцира шен цІе Отто Хюбель, схьаваьлла меттиг Мюнхен хилар.

Фриц къамеле валарх тоам хиллачу талмажан гІеххьа самукъаделира. Цо цІенчу кехатан лист шена юххе озийра. Хаъал чу садеъна фриц, кІеззиг векхавелира, пуьцкъаш.

— Германски эскаран дукхаллин барамах а, уьш мичхьа лаьтта дуьйцуш а сан багах

лош хезар дац шуна! — кьастош а, сацамболлуш а схьахьедира цо, ша парадехь волуш санна хецца... — Иза — ямарт хилар ду. Со ямартхо вац сайн фюреран! Кхетий шу, оьрсийн эпсарш?..

— Хİа-а!.. Иштта деца гİуллакх? — кхерам тасаран озаца элира талмажа.

Йийсархо цİехххьана хьалаикккхира гİантара. Корта белшах чу а озош, чİогİа кхеравеллачуха уллохь лаьттачу нара тİе охьалахвелира иза.

Талмаж жимма цецвелира. Фриц оцу кепара сиха хийцаваларан бахьана ца гира цунна.

— Ахь хİун до? — сихвелла, оьрсийн маттахь хаьттира талмажа.

— Иван-элефант! — мохьтуьйхира фашиста, корта корехьа а хьовзош. Иван-элефант!.. Элефант... Элефант! — дİадахдира цо.

Талмаж юхавирзира, корехула дİахьаьжча, уьйтİахь цунна гира İаламат лекха стаг. Иİ Ваха Магомадов вара.

— Хİа-а! Цунах бохуш хилларг ахь пийл! — сакъераделла велавелира талмаж.

— Цуьнан шен цİе ма ю — Ваха. Кхетий хьо — Ваха?

— Иван-элефант! Иван-элефант! — юха ца воьрзуш, хьерваьлча санна, чİогİа мохь хьоькхура йийсархочо. Цу юккъехула шен пхьаьрсаш тİера сийна аьрцнаш оьхьура цо талмаже.

Халла сацийра луьйчуьра фриц. Цул тİаьхьа йийсархо левар дика дахара дİа. Хаьттинчунна нисса жоп дала ца лууш, фриц букъ хьийзо ваьлча я тİеман дуй къарба йиш яц

шен цо аьлча, талмажо меллаша пIелг хьажабора корехьа: «Вахе схьакхойкхур ву, хьо сетта волахь!»

Оццу дийнахь тыле дIавигийтира фриц. Дистина куьг, лардеш, хьала а лаьцна конвоирна хьалха вогIура иза. Разведчикийн земляники юххехула воккхуш, дIахьаьжначу цунна гира, хIуманна а саготта воцу Ваха. Юьхь хийцаелира гитлеровцан, даг тIе кхерам хIуьттуьхир бара.

— ТIаккха, фриц, вищ-м лур вац хьуна тхан турпалхо, — воьлуш, хоьттура цуьнга Корсаков Моисейс.

— Дас ист кайне менш! Дас ист элефант!— бахара фашиста. Цу тIе, Вахегахьа а хьаьжна, юха элира: — Иван-элефант!

Разведчикаш синкъераме бийлабелира.

Кхийтира уьш фашиста Вахина Иван аьлла цIе тилларх. И массарна а хазахийтира. ХIетахь дуьйна Магомадови Иван аьлла цIе яхара. Тамашена дара Иван аьлла шега цхьаъ кхайкхича, Вахас цунах тоам хиларца жоп далар а. Бенойн Вахех иштта хилира Иван. И цунна дуьхьал а вац...

ЛАЬМНАШНА ДЕХЬА... ЛАЬМНАШ

(Новкъахь хилла ойланаш)

Хьайи болх, хьайн говзалла хьо мел дукха езаш хиларх, цхьа хан яьлча оцу балхах вола а вулий, вайи наха олуш ма-хиллара, цаваьллачу денна и болх беш меттигаш а йогIу. Иштта хилира иза цкъа соьца а.

Амма цхьа бутт хьалха со волчу веара Москвахь вехаш волу сан цхьа доттагI. Цкъа а хилла вацара иза вайи республикехь, амма цунах лаьцна дукха хезнера, деша а дешнера ша, бохура цо. Цунна чIогIа лиира ас ша вайи лаьмнашка вуьгийла.

— Шун Iалам ган лаьа суна. Ас гаре сатесна дийцарийна дуьйцу шун и лаьмнаш, хиш, хьаннаш...

— Ткъа адамаш? — хаьттира ас, — уьш ма ду тхан уггар коьртанниш, уггар тхан республика хазъеш дерш?

— Дукха чуьра ма валахьа, — велавелира сан хьашка. — Дерриш цхьана дийнахь галур дац. И ахь бохург тIаккхахула дер вайша.

— Дика ду хIета, — реза ца хилча волурий со.

Оха сацийра кхоалгIачу дийнахь лома даха.

Сахуьллуш новкъа девлира тхо, оцу бил-

галдинчу дийнахь. Гlалин урамашкахь хlинца а гуш дацара адамаш. Урамашкара фонараш йогуш яра; екхалуш лаьттачу стиглахь и фонараш цхьа можа томмагlнаш хеталора.

Эххар а гlалех араелира тхан машина. Хlинци-хlинций шаьш хелхаран гонна юкъахдоху моьтту адамаш санна лаьттара, некъан шина а агlор дийгlина дитташ. Царна дехьа шуьйра аренаш lохкура.

Оцу lуьйренан миноташкахь сан хьоме Нохчийчоь йист йоцуш хеталора. Цуьнга хьоьжучуьнна моьттур дара ша, цхьана юькъачу, готтачу чуьра ара а ваьлла, сапаргlатечу, цlенчу хlаваах юьзначу паргlатоне кхаьчна. Ишттта хетало хир ду, генна лакха хlаваэ а яьлла, лаьтта чу хьоьжучу аьрзуна а.

Тхо кхоъ вара — шоферрий, Москвара доттаггlий, сой. Иван цlе хаарриЙ бен, кхин суна гина а, хьалхенгахь вевзина а вацара машина лелориг.

Ша кхьалхахьоьжучу некъан бен, кхин цхьана а хlуманан тидам беш вуй техьа аьлла хеталора руль лаьцна вогlург.

Амма москвич-м вара цхьа а хlума кlоргга тидам бинии бен тlех ца тилийта дагахь, шадерг ган гlерташ, корта дlасахьийзош, лаьмнашкарчу цlенчу хlаваах кийра lабош, садоьlуш.

Ножин-Юьрта доьлхуш дара тхо. Цига дахана ца lеш, Бена а кхача дезара. Цигахула дlаваха сайна дага хlунда деанера хууш вац со. Бакъду, Бенахь а, Ножин-Юьртахь а, Мескитахь а дика доттагlий бара сан...

Итт шо хьалха цигахь районан газетан редакторан болх бира ас. Амма хlетахь дуьйна

кхин цигахь хилла вацара со. Селхана, кху новкъа вала айса кечам бечу хена хIара цхьана гIуллакхана командировке вахар санна лорура ас: Нохчийчоьнан ламанийн Iаламан исбаьхьалла гайта шена аьлла Москвера веанчу хьешан дехар кхочушдан дезара!

Лукха хьолахь иштта хуьлуш ду иза, цхьана декхарийна цхьа гIуллакх кхочушдан воьдуш хуьлу хьо лаьмнашкахула хьала. Ткъа, гIалех араваьлчхьана дуьйна дIо аренашкарчу, ламанийн дежийлашкарчу цIенчу хIаваах садеIа волало. ТIаккха, хьайн бIаьргашна гуш мел доцург дицда вулу.

Ткъа, бIаьргаша схьалоьцурш тIеттIа алсамдуьйлу. Машинан чехка идаро ойланна новкъарлонаш ца йо уллохула юханехьа уьдурш тергалда. Можа бос туьйсу аре, кIайн коч тIехь некъаца ша лаьтта кIант, киралело машинаш...

Берриг некъ лаьцна догIучу жана тIекхочу тхо. Машинан сигнал уьстагIаша тергал а ца йо. Ткъа, Iаламат боккха дума болу цхьа ка, дерриг жа юьстах даьлча а, новкъара дIа ца болуш, дуьхьал бирзинера.

Гарехь, машинна а некъ ца бала дагахь луьхьалбирзинера иза, цуьрриг ша цунна ларор бац аьлла а ца хеташ.

Цул тIаьхьа зIуга еара тхуна машина чу. ОьгIазе екаш, коран бIаьргех летара иза, Iехоран дуьненна гечдан ца лууш, сирлачу, амма ша чекх ца ялалун... ангалех тийса а луш.

— Карорий техьа хьуна араяла меттиг?—

аьлла, ахзабаре, ахбаккъалле элира москвича зIугане.

Ас чIогIа тамаша бира: оцу хенахь оха шиммо а цхьа ойла еш хиллера!

ЗIуга, эххар а арайолийла а карийна, дIаяхара...

Цул тIаьхьа цхьа минот йолуш шоферца къамел тасаделира москвичан. Цо дуьххьал дIа Иван йохура цуьнан цIе. Экономист хилча а, литератор хилча а москвича деш доллу къамел дора цо машинех лаьцна.

Гуьмсе кхаччале асфальта тIера дIахьевзина тхан газик аренан новкъа елира. Уггар дуьхьалболчу новкъахула Ножин-Юьрта даха сацам бира оха. ДогIанаш эхаза хийла хан яра, машинан чкъургашна кIелхьара гIуьттуш ченан кIур бара. Малх, тIеттIа бохлуш, тIеIеткъара.

Москвичана цIеххьана лерга поттарчий хIиттира. Цуьнца хIинцале уьйр лаьцна волу шофер хьешана цхьацца хьехарш дан волавелира:

— Вуолаза волу дела ду иза иштта... Кхузахь хIордал мелла а лекха ю... Мел хир моьтту хьуна?

— И алалур дац соьга, — къера хилира москвич.

— БархI бIе метр лекха ю кхузахь! — чIагIдеш элира Ивана.

Лахахь, шерачу аренашкахьчул цIена, аьхна дара кхузахь хIаваъ. Альпийски бацо а, диттийн патарша а цIандина и, шурн тIера чопа санна, сирла, дай дара.

Некъ меллаша лома хьала оьхура, баьрз-

нашний, бердийн кIомсаршний гадохуш, ногъ-
етташ тIех а буьйлуш. Тхо ламанца лакха-
дуьйлуш хилар башха догIмашна новкъарло
еш дацара. Ас цуьнан тидам бийр бацара, сан
накъосто кест-кеста лергаш тIе куьйгаш дох-
куш ца хиллихьара.

Цхьана дукъана гена доццуш IIвана
цIохххьана, тормаз а тесна, машина са-
цийра.

— ХIун до вай? — меттавеара со.

— Хьовсийша мел хаза ду и комарийн дитт!
Дуьххьал дIа дийна долуш санна! — аьлла,
вистхилира машина лелориг, сан хаттарна
жоп а ца луш.

HeI йиллина, машинара охьа а воьссина, ко-
марийн лоха дитт долчухьа волавелира иза.
Ткъа, якккхийчу мерзачу комарша даздина ге-
наш, охка а делла, кхозура.

Тхойша а шоферна тIаьхьавахара. Комарш
багахь ешара, дукха мерзалла.

— Варени чомехь хуьлу шуна комарех, —
элира IIвана, мелла а дозалла а деш.

Сан мехкан гIиллакхаш суначул а дика хаьа
шена бохург дара цу къамелан маьIна.

IIуьнца мелла а къамеле вала лиъначу ас
элира:

— Варени а вон хирг хир яц, амма чагIар
кхин а дика хуьлу кхарех.

II тайна схьавирзира IIван.

— Ахь боху варени йо тхан зудчо. Лаахь,
хийца мегар ду вайша: ахь суна чагIар, ас
хьуна варени а луш.

Машинан тIам шегахь болуш вистхуьлуш
а воцу иза хIинца цIенна хийцавеллера. Цуь-

нан юьхь-сибат сирла дара, юьхь аьхна Іаьхкина хебарш лахделлера.

Москвич а векхавеллера дикка.

— ХІара тайпа хІаваъ Москвехь, Горькийн цІарахчу урамехь делахьара! — элира цо, велакъежаш тхоьга а хьоьжуш.

Сан доттагІчун аматехь хІуъа делахь а цхьа керланиг гучудаьллера. Комарш а юуш, хабар дуьйцуш, цо дагалоьцура, жимачу хенахь шаьш, бераш, Днепропетровскехь цхьана варша комарш яа муха оьхура...

И истори цо чекхъяьккхира яханчу жималлин дагахьбаллам, оамукъе воккхаверрий эделлачу дешнашца:

— Цхьана ирзехула довла дийзира. Ткъа цигахь лаьтташ цигонийн табор яра. Бераша цхьана кІайчу жІаьлина хичаш йира. Цо, тхуна чу а хьаьдда, со лецира...

Стенна дагадеара суна иза?.. ХІокху сохьта сан коьртехь хьийзаш ерг цІена бераллин ойла ю: со цигонийн таборе хІунда кхечира? Цигахь массо а хІума Іаьржа ма дара: божарийн мажош а, бІаьргаш а, церан чтарш а, гопраш а, зударий а... И жІаьла мичара даьллера хьовха цига сел кІайн?

Комарш йиъначул тІаьхьа тхешан газика тІе хевшира тхо. БІе метр дІадаханчул тІаьхьа лукъа тІе кхечира. Гонна бухахь, бочабІарийн даккхийчу дитташлахь схьакъедара мало йоцчу нохчийн зударийн куьйгаша сирла латто ножинъюьртахойн цІенош.

— ХІара нохчийн Швейцари ю! — элира сан доттагІчо, тхо тІекхаьчча.

Бакъ а долуш, откриткашна тІехь а, фотосурташна тІехь а суна гина хиллачу Швейца-

рех тера хеталуш яра п меттигаш. Суна хетарехь, накъостан дешнаш мелла а хийца мегар дара. Швейцарски пейзажехь дукхахдерг Іаламан сурт-сибат кхолуш дара. Ткъа кхузахь иза кІезиг бен дацара.

ГІа-буц доцуш ерзинаевллачу йистошкахь жагІа а болуш, чхерашна юккъехула, чехкалла чопа етташ, ламанан ахк ду Яман-су. Борзан, цхьа харцахьа яьккхича санна, ирча басе а яра. Вуно хаза кварцеви пха а, мокха боьха гІум а яра. Цкъа юьхьанца яй-й ирхо бен йоцуш, ткъа дІанехьа мел вели тІеттІа лакхаюьйлуш стигалан Іаьрчешка кхийда лаьмнаш, кІезиг хеталучу дежийлийн сийналла товш йогІу хьаннийн, хотийн бэла-баьццаралпица. ДІа мел хьийжи тІеттІа алсам хьан дагна дукха дезарриЙ бен, хьуна цкъа а хьежа кІордор доцуш Іаламан хаза сурташ дара гуобаькккина дуьхьал лаьтташ.

Хазалла а бес-бесара хуьлу. Швейцарехь иза — церан шайн ю, ткъа Нохчийчохь ерг — вайн вешан ю...

ХІинца тхо цхьана дукъах чудуьссуш дара.

Хьалхалера шен ойла кхидІа а йийца волавелира Москвера хьаша:

— ХІан-хІа, хІара хІаваъ Горькийн ураме дІахьойла яц. Амма Горькийн урам кхуза схьабан таро елахьарий, цу Яман-суца кораш а долуш, хьуьлларчу ломахь вехаш Іийр вара со, — аьлла, дуьхьал болчу цхьана орцехьа куьг хьажийра москвича...

ХІинца Ивана наггахь машинан тІам мал а бора.

— Горькийн урам ша болччохь бита беза, ткъа тхан Нохчийчоьнан цІенан хІаваъ а

кхузахь дитаза дер дац. Амма, со ца кхеташ цхьаъ ду-кх: кхузахь, хlокху башха хазчу меттехь цхьа масех санатори хlунда ца юьллу техьа. Сан десара, шоллагlа Кисловодск хир ма яра хlара!

Машинан чкъургаша Iинах тlех йовлуш гlовгlа йира...

Бакъдерг ала деза, Ножин-Юьрта дlакхаьча, тхайна и яйча, хьаша цига валорах хаъал дохковаьлла вара со. Ittt шара чохь кхузахь хlумма а хинцадалаза ду моттаделира суна: иза хотташа дуьзна гаттий урамаш, ойла йоцуш йина церан планировка... Хlуъа а цхьа бахьана а хlоттийна, районни центрехь хьо ца луш, тхаьш Бена я Меската дlадаха лууш вара со. Цундела со редакци чу а ца вахара.

Амма москвичана Ножин-Юрт дукхаезаелира. Нагахь со мелла а суо кхузахь да хеташ а, цхьацца долчу кхачамбацаршна сайна тlехь жоьпалла хеташ оьгlазваха тарлуш а хилдехь, ткъа сан накъост-москвич хьаша вара, уггара хьалха кхузахь долу дерриг дикаиг гуш а, оцу дикачийн мах хадош а волу. Цlехьана хьаьжча суна ца гинера цунна дайнарг. Суна гарехь, тергалда ца оьшуш хетачух а сакъераделла, воккхавош вара иза

Накъостаца айса Ножин-Юьртахь даькхиччу сахьтехь мелла а хlума айса Iамийна хиларна къера хила кхоьруш вац со.

Промышленни товараш а, кхачанан сурсаташ а долчу туьканашкахула хlуьттуш лела лууш вац со, сайн цхьа гlуллакх ца хилча. Ткъа москвич уггар хьалха туькана вахара. Цкъа хьалха — промышленни товараш дух-

кучу вахара. Реза хилла хазахетарца юх-юха а йоккхура цо оцу туьканан цIе — «Спутник».

Туьканан гIопастанаш тIехь тайп-тайпана товараш дара. Московски цIийнинаношна сил чIогIа езаш, цара лоьхуш йолчу вентиляторшкий, тамашеначу пешашкий, электрически кепара кофе охьуш йолчу хьерашкий, магнитофонашкий, транзисторшкий, телевизоршкий хьоьжуш лелара со оцу туьканахула. Механ зала чохь дIахIиттийна лаьтташ бедаршъюьтту машинаш а, пианинаш а дара.

Ккузахь ас мукIарло дира, нагахь итт шарахь Ножин-Юьртан урамаш кIезиг хийцаделлехь а, материальин дахаран кхечу дакъошкахь церан баккхий кхинамаш хилла хиларна. «Спутник» тука юьзначу электрокульттоваршна юьртан культурах дукха хIуманаш дуьйцура.

Москвичана муьшка Iоьттира ас:

— Итт шо хьалха ас, ккузахь, меттигерчу газетехь болх бечу хенахь, чIогIа доккха хIума хеташ, газетан хьалхарчу агIонна тIехь луьйцура оха: «ХХ-чу партсъездан цIарахчу колхозо телевизор эцна!». «Хьуьнан белхахо Гасуев IбрахIим культурно вехаш ву, цо дукха хан йоццуш радиоприемник эцна!» — бохуш. Ткъа тахана дIахьажал, гIаларчел стенах къаьсташ ду ножинъюьртахойн бахархойн хьашташ?

Сайна муха ду а ца хууш, москвичан самукъадаьлла хиларан декъавеара со. Ма-дарра аьлча, оцу сайн накъостана билгалдевллачех со а вара куралла еш.

«Делахь хIета, — бохура сан даго, — хIора

ламанхо кхузахь кофе муьйлуш ваш, хlоранна кофе охьу хьер а ца оьшу. Магнитофоне цадашаре а, тамаша беш а хьуьйсуш адамаш ду: и хlун ю ян мукъане а, бахамехь уьш стенна оьшу? Амма хено шениг толадо. Кху ламанан кlоргехь lеш долу адамаш гушлаьтташехь хиллалуш ду. Делахь хlета, исс ломал тlехьохуш кхуза сьна и пылесосаш оьшуш бер[illegible] пайдаоьцург бевлла. Делахь хlета, ламанхо гlажахь а ца хилча ца йовлу бедаршъюь[illegible] машинаш, транзисторш а, пианинаш а».

Кхачанан сурсатийн туьканахь болгарски конфеташ чохь гlутакхаш карийра. Оцу гlутакха тlехь даьккхина хlордан а, адамаш луьйчучу меттиган а сурт дара. Хьалхалерачу кхетамехь уггаре а тlаьхьайисина хиллачу маьlнтехь а тlехь хаалуш ю Советски Союзаний, Болгариний юккъера керлачу кепара экономически доттагlаллин юкъаметтигаш.

Кхачанан сурсатийн туьканна дуьхьалъерзийна юхкуш туька ю. Цигахь книгаш юхкуш лаьттара кlайн косинка коьртахь йолу йоl. Гlопастанашна тlехь а, цlенкъахь а lохкура тайп-тайпанара дуккха а книжкаш.

Йоlана оцу сохьта хинра тхо дехьа-сехьара даьккина хилар. Тхоьга маршалла а хаьттина, цул тlаьхьа и арз дан йолаелира, шен туька чохь йолу цlенош готта хиларна, дика книжкаш шайна кlезиг кхачарна.

— Хьовсал шу, яийтина «Божественни комеди» ерриге а ши экземпляр, ткъа, и хоьттуш ткъех стаг ву...

Тlехьа цхьа шур-шур хезна, вухахьаьжира

со. Іаьржа бІаьргаш долу итт-шийтта шераш хила тамехь ши кІант вара, гІопасти улло а хІоьттина, кьамелаш деш лаьтташ. Аьса уьш тергал а ца бен сурт а хІоттош, ладуьйгІира ас цара дуьйцучуьнга.

— Ит дІо-о лаьтта книжка, еша йолийча, чекх ца яккхаелла йитира ас... — элира цхьаммо.

— ХІунда? Вон яра?

— Сингаттаме яра. Олхазарехкий, бумбарехкий лаьцна дуьйцуш...

— Ткъа дІо-о лаьтта, топ карахь салтечун сурт тІехь дерг гой хьуна? Хетарехь, и тІамах лаьцна ю. Дика ца хир техьа...

Бераша нохчийн мотт буьйцура. Тхойша туькана чуьра араваьлча церан хилла къамел дийцира ас хьешана.

— Иза цхьа маьІна долуш гІуллакх ду, — элира москвича. — ТІамна дуьхьал къийсам латточу вайна цу тІамах лаьцна йолу книгаш еша хІунда лаьа? Ткъа олхазарехкий, бумбарехкий лаьцна, ас-м хІумма а ца ешна ..

«Ас а-м ца ешна, — дагатесира суна. Ткъа тІаьхьа, олхазарех, бумбарех лаьцна Пришвиний — кхин хьан яздина?»

Гартин райкоман цІеношна улло дІавахара тхойша. Иван, тхойшинга хьоьжуш, шен машина юххехь лаьтташ вара.

— ГІой вай, — элира цо доттагІчуьнга, вела а къежаш.

Некъан хьалхарчу декъехь ойланашка ваьллачу ас цхьана а хІуманан тидам ца бира. Тайп-тайпанара — кегий а, яккхий а ойланаш яра коьрте хьийзаш. Масала, цара хоьттура, ла-

машийн бердашкахь Iечу нехан берашна олхазареххий, бумбареххий йолу книгаш хIунда ца еза? Дика язйина книга сел хала хIунда ккочу ккуза? Ккузахь, Ножин-Юьртахь, ца карайо Пушкинан, Лермонтови я Гюгон произведенеш.

— Хьо мархал хIунда белла? — хаьттира соьга накъосто.

Ойланаш ечуьра юкъахвелира со. Иза санна, керлачу некъан тидам бан волавелира со а: шу тIехь лаьтташ башха безамехь, хьаргIа санна, Iаьржа хаза говр яра. Генна лаха тогIи чохь — томка дакъош ргIу. Стенна хIоттийна а ца хууш, аренан цхьана майданахь лаьтташ деккъа ков дара. Юкъ-юккъехь гуш мазлагIаш дара, нийса могIанаш нисдеш лаьтташ. Цаьрга хьаьжча, суна дагаеара, фронтехь хиллачу яккхийчу тоьпийн хIоьъийн яьшканаш...

— Алахьа, доттагI, оцу зезагийн цIераш хIун ю? — хаьттира сан хьешо, — хIокху можачераш?

Зезагаш массанхьа а эзарнаш, эзарнаш дара, лукха тайпанара беснаш а долуш. БIаьргаш нур дойуш къегарш а дара, халла бен ца кьаьста беснаш а дара. Лаьмнашкарчу стигалбасахьчу Iуьйренан хIаваахкий, маьлхан заьнареххий, спрлачу шаххий хьаккхийна дича санна, чIогIа экам зезагаш а дара. Ткъа цIераш хIун ю церан?

— Граммафончикаш олу оха царех, — элира ас.

Цавашаре хьаьжира и соьга. Иза чIогIа Iоттаре хетаделира суна.

Вайна вешан мохк дика ца бевза, аьлла хе-

таделира суна. Адамийн керлачу юкъаметтигаша, керлачу кепара долчу дахаро къинхьегаман форманаш оромашкара дуьйна хийцалуш хиларо вайн лаьттан хазалла, цуьнан исбаьхьалла вайга йицъяйта ца йогIу! Нохч-ГIалгIайчохь санатореш а, садаIаран цIенош а кIезиг ду.

Карачайхь а, ХIирийчохь а, ГIебартахь а санна, хаза меттигаш яц вайн республикан районашкахь? Цигахь, бакъду, дика кхетийна, Iаламе адаман могашаллин дуьхьа гIуллакхаш дайта дезарх... Ткъа вай? Вайна Серноводский, Армхий хьехо лаьа, дарбане хиш долуш а, исбаьхьа а вайн республикера бIенаш меттигаш туристашний, дуьххьала дIа садоIучарний схьайиллина яцар диц а деш. II декаш дерг муьлха олхазар ду? II басахь лепаш дерг хIун зезаг ду? Оцу хаза гIад долчу диттан цIе хIун ю? — бохучу бакхийчийн а, кегийчийн а хеттаршна жоьпаш вайга халла бен ца далало... Кхузахь сан сайн бехкан дакъа а хила тарлуш ду. Дукха яздинин ткъа ас Нохчийчоьнан историех лаьцна? Цуьнан башха хазчу Iаламах лаьцна?

Сайх велавала догхилира сан. Эхь дара иза — граммофончикаш алар. Жима волуш ас-айса тиллинера и цIе зезагана. Ткъа хIинца бакъдина йоху иза.

Бена-юьрта боьду некъ лекха доцчу дукъан басахула болу. Юьртана тIе кхоччуш лекха дукъ дара. ХIинца шен инцкъ гайта дийзира тхан газикан. Мотор екара, хьераяьлча санна. Чкъургаш чIогIа тийсалуш керчара. Шофер вара, шен вулаваларо машинна дIаяха гIо деш санна рулана тIе теIаш.

Геннара гира тхуна нефтяни вышканаш.

Москвичан къамел доладелира:

— Стенна делахь а, цара супа гуттара а дагаоьхуьйту инженеран Гаринан гиперболлоидаш. Дагайогlий хьуна?

— Хlаъ. Амма суна уьш гича дагайогlу тхешан дайша йина бlаьхаллин бlаьвнаш...

— Цу тайпанара башнеш суна ца гина.

— Делахь хlета, хьуна ган езарш ерриге а ца яйна, — элира ас. — Хьуна хаьа, мел хала къахьега дезаш хилла чертежаш а йоцуш, дукха хьолахь раствор а йоцуш, ткъе пхиъ метр лекха, сел нийса, чlогlа бlов ян? Бlаьвнаш чухулара хьалаюттуш хилла. Цу бlаьвнашна чохь бохамах доьзалш ларлуш а, тlемаш беш а хилла. Даьхни а, ялта а царна чохь lалашдеш меттигаш хилла.

Мотт хаахьара дийца дукха хlуманаш lаlийна, маьl-маьlнехь лаьттачу цу бlаьвнаша тоьшалла до, вайнаха шайн паргlато ларъеш дукха бlешерашкахь хийла цlийlенош турпалаллин къийсина хиларна. Къеначу бlаьвнашна уллохь кху сахьта вай нефть доккхуш вышканаш хlитторехь а цхьа ша тайпа куц хlоттош билгало ю. И куьцехь йолу вышканаш тlамна доцуш, машарна гlуллакхаш деш лаьтта.

Нефтяни вышканаша чlогlа куц тодо тахана вайн лаьмнийн. Долчунна тlе хаздо и. Вайн латта шен сибатехь товш хилла ца lа. Иза комаьрша а, хьал долуш а ду. Адамашна цуьнгара пайдаэца а хаьа. Нефть, стоьмаш, ялта, кхидерг.

Москвич лерана хьоьжура соьга. Вела а къежна, вистхилира иза:

— И тамаше ду, — элира цо.

—Ницса а ду, — элира Ивана.

Бенарчу колхозан правленехь севцира тхо. Иелара тIехула дIатоьхна кехат дара: «Сарахь дуьйла. Жа кхечу дежийлашка дIадуьгу оха». Цу буха куьг яздинарг, итт шо хьалха суна вевзаш хилла, могIара колхозхо вара. ХIинца берриге а бахамашна тIехь куьйгалла деш верг и вуй техьа?

Кхин а дIадаха сацам бира оха — Беной-Ведана.

Зен-зулам доцуш, букарчу басах чу а дисснна, Ясси-хин йистехь севцира тхо. Шийлачу хица куьйгаш а дашийна, йохъелла юьхь йилархьама, со машинара охьавоьссира.

Нохчийн ламанийн ахканех цхьаъ ду Ясса. Цхьаболчара и Ясса, монголаш бахкале Русица герггара зIе а йолуш кхузахь даьхначу халкъан цIе ю, боху. Кхиболчара иза гIумкийн маттахь «Ак-су» («кIайн хи») бохучу тIера сха ду, боху. Цу хих гIумкаша «Ак-су» а ца олуш, «Яхсай» оллушехь.

Амма, мухха делахь а, буьрсаллехь а, амалийн халаллехь а ша саннарг кхин доцуш хи ду иза. СадеIар а, чехкаллин болар а цхьа ша тайпа ду цуьнан.

ЦIокъ-болато эчиг санна, хьан ойла тIейзало Ясса-хин чехка идаро. Даьржано догIучу оцу хи чохь хаъал саз латта а, гIум а хуьлу.

БIаьстана юьххьехь чIогIа дести догIу Ясоахи. Тхуна гена доццуш ахе юьстах дIатоьхна йоккха чалх ю, орамашца нийзош бухдаьхна

даккхий дитташ, аннаш, генаш, коьллаш... юккъехь.

Оцу хих дехьавала аьтто бацара. Ивана билгалдаьккхира ккхузахь хи вуно кIорга хилар.

— Моторана тIе хи ккочур ду, — элира цо.

— Духадерзий вай? — хаьттира ас.

Хе хьоьжучуьра а ца волуш, корта ластийра москвича:

— ХIан-хIа, собар дер вай, — Iер вай ккхузахь жимма. Ламанан хи гинчу хенахь цхьа тамашена хуьлу сан ойла... КIоргий ойланаш-м ца кколлало. Ма-дарра аьлча, коьртехь цхьа ойла яц а яц. Корматаллин ойланаш яц а ца лууш санна. Ккхузахь дуьххьал дIа хьуо могIар стаг хета хьуна, башха цивилизованни а воцуш. Ткъа цунна и хи — ша дахар ду...

— И аттачу даккхар ду аьлла хеталой ткъа хьуна? — хаьттира ас цуьнга.

— Аттачу даккхаррий? — махь туьйхира москвича. — Иза вуно диканиг ду-кх ткъа! Цхьацца йолчу хенахь аттаниг — иза дикаха хуьлу. Вай массо а хIума чолхе дан гIерташ хуьлу, эзарнаш декхаршна вешан ойланаш дIаса а йоькъий. Ткъа коьртачу гIуллакхана церан дакъа а ца ккочуш хуьлу цхьацца йолчу хенахь. Къега гIертаро дерриге а дIаккхоллу. Вай-ваьш а Iаламан цхьа дакъа хилар лицда ца деза! Ткъа хIара Ясси-хи — дерриге а йоккхачу чехкаллица догIура. Хин дехьа йистехь хезаш моторан гIовгIа яра. БIарийн дитташна юккъехула схьа трактор гучуелира. Ивана, гIо доьхуш, цуьнга куьг ластийра. Лаьттахула лелар дицделла кIордахо санна,

хатI доцуш хьала-охьа а теIаш, хи чу йоьлла и трактор тхуна гIоьнна йогIура.

Кабина чохь Iара ханна башха жима а воцуш нохчо, хьакхарша юьзна коч тIехь, цIахь йина кIайчу тIергIан пес коьртахь.

— Ассалам Iалайкум! — аьлла, салам делира ас. Тракториста салам дIаэцар цуьнан балдаш меттахъхьерах хиира суна. Хин, трактора гIовгIано кхидолу аьзнаш дайанера.

Къамела юкъа веара Иван:

— ЛадогIал, доттагI, делан дуьхьа, даха тхо оцу хил дехьа!

Тракториста, шен кабини чу а хьаьжна, муш схьабаьккхира.

— Аьчкан муш бац хьан? — хаьттира Ивана.

Тракористехь аьчкан муш ца хиллера.

— Кху кIомалан муьшах хIун хуьлу хьовсур вай, хIета, — элира Ивана.

ОьгIазе гIовгIа а яьккхина, трактор хи чу йоьссира. МуцIар чу яьлча, хи мала деанчу доккхачу экханах таръелира суна иза.

Оцу сохьта Яссин чопаш хьаьвзира цунна гонах. Тхойша хин йистехь лаьтташ вара, машинна тIе детталучу хине а хьоьжуш.

Юккъе кхаьчначу хена муш хедира. Машина лаьттичохь а йинита, трактор юьстахъелира. Халла иеI схьа а йиллина, Иван машинан капота тIе велира.

Машина чохь хи дуй? — мохь туьйхира ас.

— Тоьъарг ду! — жоп делира Ивана. Когаш Iуьйра, гоьлел лакха дохуш хечин когаш хьа-

ла а карчийна, чешски майкица Iеш вара Иван.

Тракторист, ша схьавеанчу новккъа, бIарийн хьуьна юккъехула дIа къайлаваьлла дукха хан ялале, аьчкан муш а бахьаш, юхавсара.

Трактороо тазик дехьа яьккхира. Ивана, воккхавеш, тхоьга хаам бира, хи мотора чу кхаьчна ца хилар а, дIадаха тхан таро хилар а билгалдеш.

Кузахь дIадоладелира оха лелийначу тамашеначу, дицлур доцчу гIуллакхийн шолгIа дакъа: трактористан цхьана агIорхьара зIе дIаелира. Иван цунна гIо дан волавелира. ХIинца суна хаьара иза Слепцовски станицера хилар а, берахь дуьйна Нохч-ГIалгIайчохь кхиъна хилар а. Суна цуьнан везаваларан патриотизм йолуш хиларна хилла ца Iеш, винчу махках лаьцна сел чIогIа сакъералуш, воккхавеш цо хабар дуьйцуш хиларна а дара. Со тешна вара: и оьзда а, догцIена а, гIуллакхана кийча а стаг хиларх. Ламанхочун гIиллакхаш дохкура цунах — эшначохь накъостана гIо дан кийча вара Иван.

Бакъдерг аьлча, со а, москвич а сихха Бенойн-Ведана дIакхачарх хьаьгнера. Малх хьетIа баьллера. Тхан цIехьа дерза а дезара. Ткъа, Иванна кху сохьта уггар мехалниг — накъостана гIо дар хетара.

Трактористе Иванан гIоьнца дIатесира тIераяьлла зIе.

— ДIагIуо вай хIинца? — хаьттира ас.

Тракторист къаьсттана довхачу маршаллица куьг лецира Иванан.

Бенаний, Бенойн-Веданний юккъехь кIорга,

доккха ахк ду. Тхан юха а дукъа тІе довла дийзира. Ламанах хьала мел вели баьццара хьаннаш, кхин ораматаш алсамдовлу. Лаьмнаш цхьа ша тайпа куралле лаьтта, дезчу денна кечделча санна, баьццара, хаза духаделла.

Гуобаькккхина гонах маьлхан хІуш дийна. Ши метр лекха лаьтта уьш.

БочабІараш дукха хуьлуш гІараяьлла ю и меттиг. Уьш кхузахь акха тайпанара кхуьуш ду эльхьамачащцин, стещцин...

Колхозхоша, гонахара коьллаш дІа а йохий, бочабІараш акха долчуьра «культурни» кепе дерзадо. Иштта ду кхузахь бошмаш кхиаяр...

Беноин-Ведана лаьмнийн дега юккъехь Іуьллуш ю. Амма цхьана хенахь поэтически хилла и дешнаш хІинца дІадовш ду. И Беноин-Ведана лаьттачу меттиган хазалла ма-ярра йийцархьама хІинца керла, хаза дешнаш оьшу.

Ткъа мичара каро деза уьш?

Сан лекха лаьмнаш! Шух лаьцна дийца лаьа сона. ХІокху дийцарна оьшу мокхаз санна чІогІа, буьхьиган пух санна хьовха, безамехь дешнаш сайна кароре сатуьйсу ас. Ткъа муха лохур ду и тайпа дешнаш!

Вайнехан олуш ду цІарей, хиней хьежарх кІад ца ло. Шега хьежарх кІорда ца ден кхин Іаламат ду вайн республикан лаьтта тІехь — аьрцнаш, раьгІнаш.

Итум-Кхаьллара хьалаваьлча, лаьмнаш куьйса ду. Ткъа кхузахь юькъачу хьаннех доьттина ду уьш. Оцу ниттачу башхалло вайн хьоме мохк дукха сибаташ долуш хилар гойту.

ЦІехьана евзаш яц и сибатийн дуккхалла.

Лаьррана тидам беш хьажа веза цхьаъа а башхалла, цхьаъа а бос тIех ца туьлуьйтуш. ТIаккха схьаеллалур ю хьуна ерриг исбахьалла.

Ламанан аматашкахь го хьуна даккхийнаш а, кегийнаш а. Хьан ойланехь сегаш хилларг хьалха схьахIутту. Ткъа хьуна хьалха дIахIоьттинарг, ойланашкахь кхин а чIагIлой, данмаллина хьоьца дуьсу. Суна хетарехь, царна юккъехь къаьсттана доза хир а ма дацара.

ХIара лам, масала, мамонтах тера бу. Эзарнаш шерашкахь кIадделла, садаIа дижина цхьа доккха Iаламат хетало иза. Цуьнан агIонаш хьаьрсачу тIоргIалахь дохку: гуьйре йоьлла. Ламанан басешкара эзарнаш дечигаш, коьллаш мархалъяларе яхана. Ткъа цул дехьарчу ламане хьаьжча, я стаг а, я экха а ца тосу дага. ХIокху вай дехачу дуьнен чохь цунах тера кхечу хIуманан сурт каро хала ду.

ХIетте а, куьйсачу, хебаршка ихначу цуьнан сибате хьоьжуш, хIоьттина лаьтта хьо, стенна делахь а, абаденах лаьцна, хIокху лаьтта тIехь йолчу хьайн меттигах ойланашка кIаргвелла...

Лаьмнаш—адамашна дага ца йогIучу геналлера дуьйна схьа лаьтташ ду. Заманаша дуьне хуьйцу. Ткъа лаьмнийн сибат хIора сахьтехь, хIора минотехь хийцалуш ду. Хьовсал шу, марханийн леларо, малхана боккхучу хIора гуоно лаьмнийн сибаташ керлачу сурте дерзадо. ХIинцца дукха хан йоцуш набарна тевжина Iуьллучу цхьана доккхачу экханах тера хилла лам, шен бухь дахкаро хьулбича цхьана

а хIуманах тера боцуш хуьлий дIахIутту, ткъа хIинц-хIинца цхьана а хIуманах тера боцуш хилла лам малх гIушлакхе баьлча набарна тевжина Iуьллучу цхьана Iаламатах тарлой дIахIутту...

Лаьмнаш хийцалой дIахIуьтту. Ткъа царех кхетта а, уьш дезаделла а верг, уьш санна, хийцавелла дIахIотталойла ю, цу даккхийчу лаьмнийн хазалла, исбаьхьалла шен сина, хьогамна, ойланашна схьайоьллуш...

Цхьана берда йисте хIиттина лаьттара тхо. Гонна лахара хеза, циггахь голатухучу Ясеан гIопгIа. Цхьа а висг ца хуьлу тхох...

Ас ойла йора ламанан Нохчийчохь олалла деш дерг сийнан, баьццаран ши бос бен бац-кх бохучун. Амма уьш цхьа къаьсттана ша тайпа беснаш ду. Тамаша ма белаш, царна юккъехь йоккха башхалла яц. Уьш цхьана могIара хIиттина салтий санна ду: наггахь сийнашиг аьтту агIор хилахь, баьццарниг — аьрру агIор хуьлу. Ткъа царна юккъехь — стиглан басахь а, таьIана сийна а, шекъанан басахь а хуьлу.

Ивана куьг хьалаайбира, боданечу хьаннашна тIехула стиган басахь хIаваъ хьийзина метниг гойтуш:

— Иштачохь ю Лоьман-Корта цIе йолу юрт. Дерриге а ткъе итт ков-керт бен дац цигахь.

— Ткъа кхидIа? — хаьттира москвича.

— Хевсурети, — элира Ивана.

— Ткъа цул дехьа? — юха а хаьттира москвича.

— Цигахь Гуьржийн мохк бу! — элира вукхо.

Гуьржех боьду некъ бевзира суна. Делахь хIета, Iаламо шен башха хазалла тхуна сел комаьрша йоьтучу кхарел хаза меттигаш юй техьа? Цигахь, Лоьман-Коьртахь кхин а хаза кхир ду Iалам. Ткъа Хевсуретехь?

— Кхузара дIа Гуьржех кхача кхаа ломах довла деза, — элира Иваша.

— Лаьмнашна дехьахь — лаьмнаш, — элира москвича, меллаша, и дешнаш мокъаза а далош. — Дерриг дахарехь ишттa делахьара!

Цо бохург хинра суна: шен вахарехь стеган хIораззе а керла-керлачу ирхонех вуьйлуш дIаэха деза! Ишттa дIаоьхушверг ирс долуш хир ву!

Грозный-гIала юхадирзира тхо буьйсанна хийла хан яьлча. ЧIогIа кIадвелла воллушехь, наб ца кхеташ веха кирчира со меттахь. Хьомечу Нохчийчоьнан Iаламан хазаллой, лаьмнийн даккъийн, бердийн, аххийн, ховхачу бецийн, шовданийн, хазчу зезагийн, керлачу некъийн чам схьабетталуш саннa хеталуш йолчу эвхьечу ойланаша вахийна Iуьллура со, капашца мийларх хих чул башха, Iебар воцу цIена, дайн, дегIана аьхна хIаваъ кийра а уьйзуш...

ХIай машааллахI, ма хаза, ма тайна ду шу, Нохчийчоьнан лаьмнаш! Ма куралла йо ас шу сайн, суо шун хиларх!

БАЛХАХЬ А ТIАМЕХЬ САННА

Жима волуш дуьйна вара Дуки, цхьаммо а шех бехк ца боккхург, лорий гIуллакх деш. Къеначу шен денний, наннин ков-кертахь дечу гIуллакхаш тIехь цо чIогIа гIо дарна лулахошлахь а, нийсархошлахь а дикачу цIарла ваханера иза.

— Ден-денан, шен доьзалан сий ца деш волчу, царна жимахалла ца деш волчу воIа, шен юьртахойн, къоман сий ойур дац, иза я махкана юьхькIам бац, — олура Дукис дот-тагIчуьнга Совкун Харитоне, Грознерчу № 10 йолчу юккъерчу школехь ша доьшуш волчу хенахь. — Ткъа и тайпа стаг хуьлучул, ца хилар гIоле ю, кхин кхетар и вацахь. «Хиндолу хьоза бенахь дека» я «доллушехь долу кIохцал ира», — олуш ду тхан нохчийн хьекъале кицанаш.

Шен 16 шо кхочуш, 1936-чу шарахь комсомольски могIаре эцар доьхучу заявлени тIехь Дукис яздинера: «...Эшначохь сайн дерриг а дахар советски халкъан ирсан дуьхьа дIалур ду ас, Ленински комсомолан членан сий лардеш»... Уьш хорманан дуьхьа доцуш, ткъа Дукис даггара яздина, чIагIояран дешнаш дара.

ГIайгIа-бала боцчу советски кегийрхойн могIарехь доьшуш, бIаьстенан зезагаша санна

сина тамбечу, дог доккхадедечу башхачу хиндолчун ойланашкахь планаш хIиттош дIаоьхура Дукис юккъерчу школехь доьшучу хенан шераш.

Школехь, занятийх мукъачу хенахь, шаьш хийлазза дIакхехьначу берийн ловзаршкахь боккхачу лаамца дакъалоцура Дукис Къаьстана хазахетара цунна «цIенашший, кIайнашший» цIе йолу берийн тIеман ловзарш. Гуттара хIара командир хуьлуш хиллачу «цIечара» толам боккхуш дIадоьрзура уьш. Сарахь цIа веъча шен нене, хIумма а иза кIезиг гIуллакх а ца хеташ, баккъалла а волчу командиран даггахь олура цо:

— Нана, тахана а тхо, «цIенаш», туьйлира!..

Къайле яц, кIентан толамех нана а йоккхаеш хуьлура. Берийн ловзарехь делахь а, шен толаме оццул хазахетаре нана хьаьжча, Дукин хьекъалехь кхин а яккхий ойланаш гIуьттура.

«Нагахь со ЦIечу Эскарехь баккъалла а командир хилча, нагахь баккъалла а болчу мостагIех лата а дезна, царна тIехь ас толам баьккхича — ма дозалла дийр дара сан нанас»... бохуш, генна дIаоуьгура Дуки шен ойланаша. — «Нагахь санна кънзчу Iожалло собардахь, ЦIечу Эскаран могIаршка а хIуттур ву, сайн берриг ницкъаш тIетаIийна, командир а хир ву сох».

Иштта доьшуший, ловзуший, воккхавеший, сатуьйсуший, шен дахаран оьзда планаш хIиттошший дIаихира Дукин ирсечу бераллин денош. Амма вайн дахаран и башха мур къиза бохийра тIамо.

КIайчу финнаша болийначу тIамо кхерам

туьисура Октябрьски революци а, Советски Iедал а шена чохь кхолладеллачу вайн хьомечу Ленинградана. Вайн халкъан тоьллачех тоьлла кIентий, Советски Даймехкан сий, цуьнан бозуш цахиларрий ларда советско-фински тIаме оьхура.

— Сайн Даймехкан, хьомечу халкъан сий кхечаьрга а лардойтуш цIахь Iелур вац со, — бохура Грозни-гIалин Октябрьски райвоенкомате ша яздинчу заявлени тIехь, оцу хенахь 9-чу классехь доьшуш хиллачу Межидов Дукис. — Сан меттиг цигахь, фронтехь, ю. Ас доьху, суо тIом беш долчу ЦIечу Эскаре вахийтар.

Октябрьски райвоенкомато 1939-чу шеран декабрь баттахь кхочушдира жимчу стеган дехар. Амма шен лаамехь тIаме воьду Дуки фронте дIакхачале советско-фински тIамехь машар хилира. Советски эскарехь гIуллакх дан сецначу цо 1940-чу шарахь чекхъяьккхира танкови училище. Баккхийчу кхиамашца и чекхъяьккхинчул тIаьхьа эскарехь кхидIа а гIуллакх дан Советски Даймехкан Малхбузерчу дозане хьажаво иза.

Машаре бехачу вайн Сийлахь-боккхачу Даймахкана фашистски йовссарш ямартлонца тIелеттачу 1941-чу шеран 22 июнехь Iуьйранна ялх сахьт долуш генна Малхбузен фронтехь Дуки командир волчу танкови ротина хьалха дуьххьара тIеман декхар хIоттадо. И тIеман операци бIаьхаллин лаккхарчу хаарашца кечъяр а, иза къонахаллица дIаяхьар а бакъ деш цу хьалхарчу дахчадаларан жамIа дара: фашистийн йоккха десант хIаллакйира нохчийн халкъан тешаме кIант

шен коьртехь волчу танкови рото, фашисташкара схьаяьккхира танкашна дуьхьал тІом бен йиъ йоккха топ, ялхийтта пулемет, йийсардина каравалийра мостагІийн ши эпсар а, салтийн йоккха тоба а. Дукина дагахьбаллам болуш дІа ца дахара цул тІаьхьара ши де а. Амма тІом болабелла доьазлагІчу дийнахь вайн эскарийн хьалхарчу позицешна фашистски шовзткъа стервятнико бомбанаш етташ йоккхачу тоьпан хІоьан гериг кхетта гІогІ а кагдеш, Дукина чІогІа чов йира. ЦІий дукха дІаэхарний, чевнан холаллин кхетамчуьра ваьлла Дуки, фронтана генарчу Малхбалехь, Томск-гІаларчу госпиталехь веара кхетам чу. Госпиталан лоьраша дийцира, Дукин чов и тІаме юха кеста вохуьйтур воцуш чІогІа хилар. Бакъду, лоьралла дар массо заманна а лаккхарчу тидамца дІадахьарна, кхо бутт кхачале тавелира Дуки. ТІаккха иза яккхийчу тоьпийн Томски училище дешна вохуьйту. Кхузахь тІетаьІина тІеман гІуллакхан керла говзаллаш Іамийначул тІаьхьа, младший лейтенантан цІе тиллина Дуки, танкашна дуьхьал тІом бечу яккхийчу тоьпийн подразделенин командир а хІоттавой, тІаме дІавохуьйту. Цигахь, яккхийчу тоьпийн полкана юкъа а воьдуш, тІаме хІутту иза.

— Аш дера чов йинчу тхан Даймахкана тІера! — аьлла, фашисташка мохь а тоьхна, 76 миллиметрови яккхийчу тоьпийн буьрса тІом хьабира Дукис мостагІашна тІе. МаьІмаьІехь шайн салтийн, эпсарийн декъий, дуккха а тІеман гІирсаш а буьтуш, фашисташ юхабевлира. Майрачу эпсарна Межидов Дукина, и том толамца чекхбаккхарна, дуьххьара

пачхьалкхан совгIат ло — «За отвагу» медаль.

МостагIчуьнца бечу луьрчу тIамца, Iеночу цIинца, Даймахкана тIехь кхозучу кхерамца дIаоьхура денош. Шен пицкъаш вовшахтоьхна ца Iеш, шен цIуьхIарийи эскаршца толаме чекхбаккха гIертара Гитлеррий, цуьнан наьIалт хилла гIеррий Советски Союзаца болу тIом. Амма вайи халкъ, шен хьуьнарх дуьне цец а доккхуш, турпалалле летара цхьаьнакхеттачу мостагIех. Цу Сийлахь-боккхачу тIам тIехь стогаллица шайгара турпалаллин хьуьнарш гойтучу Мазаев Маташах, Заболотный Иванах, Нурадилов Ханпашех, Идрисов Абухьаьжех, Межудов Дукех, Висантов Мовладах, Денилов Хьамидах, Махмудов Эланакъех, Висантов Сакках, Куразов Хьамидах, иштта кхин бIеннаш, эзарнаш болчу шен кIентех бакъонца дозалла дора Нохч-ГIалгIайчоьнан халкьаша.

1942-чу шарахь аьхка мостагIийн атакашна дуьхьал атака ешш, Украинерчу Шепитовка гIали чу лилхира Советски эскаран дакъош. ХIаллакьхиларна хьалхалаьттачу шайн подразделенешна гIоьнна фашисташа, шайна юкъахь «тигр-VI» цIе йолу низаре поккха пиъ а йолуш, 12 танк яхитира. Вайи танкисташа майра туьйхира мостагIчунна. Делахь а, шаьш вайчарел кхузза алсам хиларна, мостагIаша советски эскархойн подразделенеш юхаетта йолийра. ТIом марсабаьллачу минотехь яккхийчу тоьпийн взводан командирана младший лейтенантана Шерецна чов хуьлу. КхидIа ца балуш, иза тIамера юкъахволу... Чевнаш хуьлий охьаоьгу наводчик Давыдов а, подносчик Смирнов а, кхиберш а. Вайи подразделе-

нешна чIогIа оьшуш хилла, кхсран йоккхачу тоьпан йийлар соцу. Цу халчу хьолах лаьцна телефонехула Тимиргалиевс шега хаам ма биьнехь, батареин командир Межидов Дуки еттачуьра сецначу йоккхачу тоьпана тIе хьаьдира. Цуьнан куьйгаллица, брон кагъен хIоьъ наш детташ, юха а чехка болх бан йолаелира йоккха топ. Йоккхачу тоьпана хIоьъначу тIекхоьхьуш волчу ефрейтора Скибас мохь туьйхира: «ДIахьажахьа, накъост лейтенант, дIо вайна тIе йогIучу «тигре!» Бакъ а долуш, цхьаъ ах бIе метр бен гена яцара «тигр—VI». Цу секундехь Iалашо а хийцина, шен куьйга масех хIоъ хоьцу Дукис мостагIчунна дуьхьал, «тиграх» Iаьржан, можан кIур гIаьттира. Ши ах йина моьлкъа санна, кхузза-доьазза тохаелла, пурх а йирзина, гIар-тата яйра «тигран».

Керл-керла ницкъаш тIе лихкира мостагIчо советски йоккха йоцчу тIемап горизонна, амма вайн турпалхоша церан кхнам ца хилийтира. ТIом уггар чехкабаьллачу минотехь советски подразделенеш контратака еш мостагIчунна чухьаьлхира. МаьI-маьIIехь йогуш шийтта танк а, Iохкуш фашистийн ши бIе сов дакъа а, дуккха а тIеман гIирсаш а буьтуш, бовда дийзира гитлеровцийн. ТIом, жим-жимма лагIлуш лагI а белла, дукха хан ялале сецира. Керлачу позице шен подразделени хьалхахьа юьгуш Дукина гира шаьш бинчу тIеман жамIаш.

«Ца Iийн-кх шу, фашисташ, ншта хастамаза тхан лаьтта дийшаза», — бохуш, ойла еш вогIучу цунна тIаьхьа а кхиъна, къевллина Дукин куьг лецира кхеран лулахь тIом беш

хиллачу танкови батальонан командира подполковника Алексеевс. «Баркалла хьуна, тхан нохчийн ваша! Кху батальонан бIаьхоша гуттар а дагахь латтор ду ахьий, хьан накъоста-ша-турпалхоший дина вежараллин гIо», — бохура Алексеевс.

Цу тIамехь гайтинчу стогаллина, СССР Лаккхарчу Советан Президиумо шен Указца ЦIечу Седанан орден елира Межидовна.

Де-дийне мел дели тIеман хаарш, хьуьнарш сов дуьйлура Дукин. МостагIчунна тIехь сихха толам баккха лаарх дуьзна дара цуьнан лоьмачух майра дог. Кхин а шозза пехех чевнаш хуьлу цунна, шоззе а талой, полке схьавогIу и тIом бан. Майра эпсар старший лейтенант Межидов Дукн хIинца танкашна дуьхьал тIом бечу яккхийчу тоьпийн къаьсттанчу дивизионан командир хIоттаво.

Иза майрачу бIаьхойн дакъа дара. Цуьнан могIарехь кхечийн хенах ха а тоьхна, тIом беш нохчий, гIалгIай, жIайхой, казахаш, гIезалой, даргинцаш бара.

1943-чу шарахь Витебск-гIали юххехь чIогIа тIемаш хилира. Немецко-фашистски механизированни отряд Межидов командир волчу дивизионна чухьаьдира. Йоккхачу тоьпан наводчика нохчочо Магомадов Мовладис фашистийн шин танк а йохийра, царна тIаьхьадогIу тIашлойн эскар хIаллак а дира, кегийра аталучу хIоьъншца йоккха топ стташ. Майрачу сержантана Магомадов Мовладина оцу тIамехь стогалла гайтарна Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман ШолгIачу даржан орден елира Советски правительство, командованис старшинан цIе а тиллира. Цу тIамехь гIалгIа-

чо Темирбаев Асхьаба а гантира майралла. Дуккха а бІаьхошна орденаш а, медалаш а елира, ткъа, дивизионан командирна Межидов Дукина лакхарчу командованис капитанан цІе тиллира.

Фашистски йоккхачу танкана тІехьа а лечкъаш, вайн эскаршна тІом беш, чухахкабелира цхьа взвод хиллал немецки гІашлой. Вайн турпалхоша танк йохийра, ткъа цу чуьра араиккхина экипажжий, тІаьхьахІиттина богІу гІашлой, куьйга еттачу пулеметаца юхатуьйхира Темирбаевс. Цуьнан пулемет еттаелларчохь тІом чекхбаьлча Іуьллуш фашистийн бархІ дакъа дара.

Юха а коьртах йоккха чов а хуьлий, Вологодски госпитале кхочу Дуки. Дукха хан ялале, чов таелча, Дуки Прибалтийски шолгІачу фронте кхуссу тІеман кхиэло. Каунас-гІала мостагІчуьнгара схьаиоккхуш хиллачу чІогІачу тІемашкахь 1943-чу шарахь гайтинчу стогаллина Советски правительствос Сийлахьбоккхачу Даймехкан тІеман Хьалхарчу даржан орденца наградит во Межидов. Юха а куьйган аьтту ах чІогІа йохош йоккха чов хуьлу Дукина. Юха а то ло, юха а тІам тІе...

Госпиталера фронте юхавсъча цо куьйгалла дечу турпалхоша 1944-чу шеран кІезигчу хенахь фашистски ейтта танк йохорна тІеман лакхарчу командованис кхузткъе пхийтта туьма ахчанца совгІат дира Дукина. Кхералур воцчу советски эпсара, нохчийн халкъан тешамечу кІанта капитана Межидов Дукис яккхийчу тоьпийн Н-ски полкан командиран болх бо 1945-чу шарахь. Дейтта дийнахь-буси сацар, садаІар доцуш буьрса тІемаш бира цу

полко Малхбален Пруссин коьрта шахьар, немецки фашизман боьха бен хилла Кенигсберг-гІала схьайоккхуш.

Юха а (ялхазлагІа) аьрру куыйгах а, аьтту корах а чевнаш хуьлу Дукина!

Малхбалерчу цхьана йоккхачу гІаларчу госпиталехь хинра Дукина Кенигсберг схьайоккхуш Советски Эскаро биичу халачу тІемашкахь майралла гайтарна шена Советски правительствос БІаьхаллин цІечу байракхан орден ялар. Бакьду, цу чевнех тавалале тІом чекхбаларна, кхин фронте ваха ца дийзира Дукин, Берлинерчу Гитлеран бешна, Іаьржачу рейхстагана тІе Советски Союзан ЦІен байракх тухучу бІаьхойн могІарехь хила цунна мел чІогІа лиъехь а.

ТІом чекхбаьллачул тІаьхьа тІеман Беломорски округехь якхийчу тоьпийн училищехь къоначу курсанташна, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІамехь шена зеделларг Іамош хьехархочун болх бо Дукис.

Гитлеровски Германина а, империалистически Японина а тІехь толам баьккхинчул тІаьхьа, 1946-чу шарахь, бен Советски Эскаран запасе ца вахара капитан Межидов.

Советски турналчу эскаран магІаршкахь гІуллакх дина а ваьлла, цІа вогІучу гвардин капитанан Межидов Дукин накха къегабора правительственни совгІаташа: «1941—1945-чу шерашкахь хилларчу Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІамехь Германина тІехь толам баккхарна», «За отвагу» медалаший, ЦІечу седанан, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тІеман Хьалхарчу даржан, БІаьхаллин ЦІечу байракхан орденаший.

Цул совнаха Дукин документашна юкъахь Советски Союзан Горзашца кечбинчу Ницкъийн Коьртакомандующин баркаллин пхи грамота а ю.

Машаречу хенахь а дахарна генахь ца лаьтта Дуки. ТІам тІехь санна, шен меттиг карайо цунна кхузахь а. 1947-чу шарера 1954-гІа шо кхаччалц промыслови артелан председателан, районан культуран ЦІийнан директоран белхаш бо. 1949-чу шарахь Казахстанехь СССР-н Лакхарчу Советан Президиуман цІарах военкомато «Советски Эскаран XXX шо» цІе йолу юбилейни медаль ло Межидовна.

1954-1957-чуй шерашкахь Коммунистически партин кхайкхамца вайн советски халкъо байн а, Іаьххина а латтанаш карадерзош шен дерриг хьуьнар а, вовшахтохараллин хаарш а дІало Дукис дерриг халкъаюкъарчу гІуллакхана. ТІамехь санна, шен дегІ, хьуьнар ца кхоош а, лаккхарчу дикаллица а бо цо Аксенгерски совхозан рабкоопан правленин председателан а, тІаьхьуо цу совхозан директоран заместителан а белхаш. Цигахь а Советски правительствос «Байн латтанаш карадерзорна» — медаль ло Межидовна.

1957-чу шарахь Казахстанера, шен дай баьхначу Нохчийчу юхавеара Дуки.

«Вовшахкъаьстина ткъаесна шо даьллачул тІаьхьа — кхин а хазъелла, кхин а таелла, дагна безаме хета суна вайн хьоме Республика. Кхуьнан а, вайн берриг Даймехкан а машаре дахар Іалашдархьама, вайн халкъ кхин а ирсе хилийтархьама, Нохч-ГІалгІайн АССР Къилбседа-Кавказерчу автономин республикашлахь хьалхарчийн могІарехь хилийтархьа-

ма сайн берриг пицкъ тIебахийттина, болх бийр бу ас», — хийлазза хазадо Дукис шен къамелехь.

Ялхазза якккхий чевнаш хиллехь а, царачул хало гайтина шозза контузп йинехь а, къизчу тIамой, цуьнан халчу тIаьхьенаший дегIера дуккха а гIора дIадаьккхинехь а, кънихьегаман турпалаллех вуьззина ву хIинца вайн республикехь пачхьалкхан махлелоран болх беш волу халкъан тешаме кIант, Советски Эскаран запасан капитан Дуки Межидович Межидов. Оцу балхахь лаккхара гайтамаш бахарна кху тIаьххьарчу бархI шарахь цунна а, цо куьйгалла дечу коллективана а хасторан пхийтта грамотца совгIаташ дина. Турпалчу къинхьегаман лаамах дог-ойла юьззина ву Дуки тахана а.

Ирс а, сий а ду шен доьзалехь иштта тешаме кIентий болчу халкъан. Иштачех цхьаъ ду хьо а, сан хьоме Нохч-ГIалгIайн халкъ!

ЧУЛАЦАМ

Хlара книжка ешархошка 5
Шен бlаьргашна гипарг 7
Лаьмнаша тоьшалла до цунна . . . 12
Пенине маршалла 20
Турпалчу некъан юьхь 41
Дахчадаларан хьалхара де 64
Гlалмаккхийн аренашкахула 83
Бlаьхочун песет 113
Ирсе баьрхиш 117
Чов хилла анкета 134
Политинформацин ткъа минот . . . 150
Атаке ваххале 170
«Вай кхоъ дара» 175
Ша тайпана гlуллакх 183
Дуьхьало йоцу Желнл 192
Фрицаша Юсупан мекхаш муха дешира . 200
Чевнаш йирзина йогlу 207
Трофейни худар 221
Кхин хlун совгlат оьшу? 231
Вицлур воцу Турпал-Iела 240
Брестски гlап ларъярхо 254
Бенара Иван 266
Лаьмнашна дехьа... лаьмнаш 277
Балхахь а тlамехь санна 299

Зайндин Абдулхалимович Муталибов

РАНЫ ЗАРУБЦОВЫВАЮТСЯ

(на чеченском языке)

Редактор М. Мусаев
Худож. редактор Ю. Шевченко
Художник В. П. Глушков
Техн. редактор Х. Д. Юпаев
Корректор А. Д. Дадуев

Сдано в набор 12.XI 1970 г.
Подписано к печати 12.III 1970 г.
Формат 70x90 1/32. Бумага № 2
Тираж 2000. Объем 9,75 (11,4) п. л. Уч.-изд. 10,7 л.

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по печати при Совете Министров
Чечено-Ингушской АССР.
Грозный, 21, улица Ленина, 14

Заказ № 183
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по печати при Совете Министров
Чечено-Ингушской АССР.
Грозный, ул. Интернациональная, 12/33
Цена 44 коп.

